ESPWA POU AYITI

Yon pwogram leson an Kreyòl ki santre sou Kris pou timoun a risk

ESPWA POU AYITI

Ekip Devlopman Hands and Feet Project

Yon pwogram leson en
Kreyòl pou timoun a risk

Ekip Devlopman Hands and Feet Project

Mark Stuart
Direktè Egzekitif

Amber Pierre
Tradiktris Kreyòl

Ekip Devlopman David C Cook

Cris Doornbos
Prezidan, Direktè Jeneral

Gary Hopwood
Direktè Jeneral Global

Marlene LeFever
Vis-Prezidan Pedagojik

Kerry Krycho
Pwomotris Prensipal

David C Cook
transforming lives together

David C Cook
Global Mission
4050 Lee Vance View
Colorado Springs, CO 80918 U.S.A.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org.

©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Printed in the U.S.A.

All Scripture quotations, unless otherwise noted, are taken from THE HOLY BIBLE, NEW INTERNATIONAL VERSION®, NIV® Copyright © 1973, 1978, 1984, 2011 by Biblica, Inc.® Used by permission. All rights reserved worldwide.

Scripture taken from the Holy Bible, NEW INTERNATIONAL READER'S VERSION®. Copyright © 1996, 1998 Biblica. All rights reserved throughout the world. Used by permission of Biblica.

Scripture quotations marked The Message are taken from *THE MESSAGE*. Copyright© by Eugene H. Peterson 1993, 1994, 1995, 1996, 2000, 200l, 2002. Used by permission of NavPress Publishing Group.

Scripture quotations marked NLT arc taken from the *Holy Bible, New Living Translation,* copyright© 1996. Used by permission of Tyndale House Publishers, Inc., Wheaton, Illinois 60189. All rights reserved.

Liv sa dedye a tout timoun, emplwaye ak tout moun ki kolabore avèk nou nan travay sa n ap fè nan Hands and Feet Project.

Nou tout nou montre ki jan kò Kris la demontre e resevwa amou pandan plis ke 10 an. Se priyè nou ke liv sa ap kontinye avanse misyon nou ann Ayiti.

MISYON HANDS AND FEET PROJECT

Objektif nou santre sou Kris, e nou vle founi swen rezidansyèl e an fanmi, ansanm ak solisyon k ap dire, pou nou konbat kriz òfelen ki genyen ann Ayiti.

www.handsandfeetproject.org

BYENVENI, DIRIJAN ! N AP PRIYE POU OU !

« Fè respè mesay Bondye, delivrans nou an, nan tout bagay. »

(Titus 2:10)

Chè Pwofesè oubyen Dirijan,

Nou remèsye Bondye ke ou dakò pou w anseye amou e gras Kris a timoun ki nan men ou yo. Nou fyè anpil de ou menm! Ou se yon zouti ke Bondye chwazi pou l sèvi pou l chanje lavi timoun. L ap sèvi ak ou chak jou pou w ankouraje ti gason ak tifi pou yo asèpte Jezi Kris kòm Sovè yo, e aprann yo viv pou li chak jou. Se yon apèl sen ou genyen, e se yon travay ke fè vi ou gen anpil merit ak valè. Ministè ou spesyal nan lefèt ke w ap mete fondasyon pou fòmasyon spirityèl anpil jenn moun ann Ayiti.

Nou priye ke w ap kreyatif nan ansèyman ou, e ke Senyè a ap enspire chak klas pou ke bagay difisil yo vin senp e mistè levanjil la vin klè. Nou priye ke w ap toujou prezante tèt pa ou nan yon mànyè ki glorifye Bondye nan aksyon ou, nan pawòl ou e ak gras. Ou se yon egzanp vivan de sa Kris ye. Ala yon bèl travay ou genyen !

N ap kontinye priye pou ou pandan ou akonpli tach nòb sa.

Avèk amou e anpil priyè,

Direktè Egzekitif

Hands and Feet Project

Ann Gade Pwogram Nan

Pou timoun de 8-12 an

OBJEKTIF OU

Se pou ou gide timoun yo pou yo konnen Kris kòm Sovè pèsonèl yo, pou w anseye yo pou yo grandi nan pawòl Bondye pou yo ka konplèt nan tout aspè lavi yo.

Kisa Ki Pase Chak Semènn

Pwogram sa a ba ou yon leson pou chak Semènn nan yon ane. Leson yo divize nan 12 chapit, yon chapit pou chak mwa. Chapit yo ap swiv yon modèl konsa:

1. Premye leson an ap pale de «Konsantre sou Pawòl Bondye»: fòmasyon spirityèl ak etid biblik
2. Dezyèm leson an ap pale de «Konsantre sou Fòmasyon Karaktè Kretyen»
3. Twazyèm nan ap pale de «Konsantre sou Relasyon ak Lòt Moun»
4. Katryèm nan ap rekòmanse modèl la ankò ak «Konsantre sou Pawòl Bondye» Modèl sa ap kontinye pou tout liv la.

Anseye tout yon chapit chak mwa; sa vle di ke tout chapit «Konsantre sou Pawòl Bondye» a sipoze konplete avan ou kontinye nan Fòmasyon ak Relasyon.

Chak leson gen yon fondasyon biblik ladan l. Timoun ap aprann de Papa yo ki nan syèl la e ki jan yo ka demontre li amou yo gen pou li a. Lè ou pran tout leson yo ansanm, w ap wè ke leson yo pale de tout pati yon timoun. L ap pale de lavi spirityèl timoun, e li pale de lavi sosyal, fizik ak emosyonèl tou. Se yon pwogram konplèt ki montre timoun ke Bondye fè pati nan tout pati lavi yo. Yo pa janm sipoze mete Bondye e lavi Kretyen an nan yon bwat nan lavi yo, yon bwat ki ouvri le dimanch sèlman.

Kisa Ki Pase nan Klas la

Nan chak leson, w ap swiv yon plan 3-etap.

Lè ou nan chapit «Konsantre sou Pawòl Bondye»:

1. Istwa nan Bib lan
2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen
3. Kisa Bondye Vle m Fè

Lè ou nan chapit «Konsantre sou Fòmasyon Karaktè Kretyen»:

1. Entwodiksyon Karakteristik lan
2. Yon Ilistrasyon Karakteristik lan
3. Mennen Vi w ak Karakteristik lan

Lè ou nan chapit «Konsantre sou Relasyon ak Lòt Moun»:

1. Konsantre sou Relasyon ak Lòt Moun
2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun
3. Mennen Vi w ak Lòt Moun

Kantite Elèv ki nan Klas La

Kantite elèv ke w genyen ap depann de konbyen ansenyan ou genyen nan lekòl de dimanch ou an. Men, nou pa ta ou genyen plis ke 35 elèv nan klas ou. Sonje, pi piti klas la ye, w ap jwenn plis okazyon pou w anseye yo pi byen.

Konsèy pou Pwofesè a

Nan leson yo, gen ti konsèy ki ka ede rann ansèyman an pi fasil.

- Chak leson gen yon objektif ki di w kisa timoun yo pral dekouvri nan leson an
- Gen bagay ou ka di oubyen li dirèkteman nan leson ki enprime nan lèt gra.
- Konsèy oubyen nòt pou ou menm pwofesè a nan lèt nòmal.
- Kesyon pou w poze timoun yo gen yon ti boul nwa devan yo tankou fraz sa w ap li a.
- Nan kòmansman chak leson, gen yon lis de materyèl ke w pral bezwen pou leson an. Gen nan yon ki se «si w vle,» men nou konseye ou sèvi avèk yo, paske yo fè leson an pi plen e pi enteresan. Sa yo ap ede timoun yo sonje plis nan sa ou te anseye.

Mennen Timoun vin Konnen Kris

Enfòmasyon k ap vini an enpòtan anpil. Yo di w ki jan pou w mennen yon timoun vin konnen Kris. Konsidere fè kopi «Ki Jan pou m Mande Jezi Retire Peche m?» pou chak timoun ki pran desizyon sa. Pale ak timoun yo sou fèy yo. Ankourage timoun nan siye non li sou papye yo e sere yo yon kote li ka gade yo souvan.

Nòt enpòtan pou pwofesè a

Li toujou enpòtan pou pwofesè a bay timoun yo okazyon pou yo asèpte Kris kòm Sovè pèsonèl yo. Men ki jan ou ka fè sa :

1. Nan fen chak leson, mande timoun yo bese tèt yo e fèmen je yo
2. Mande si gen timoun ki ta renmen asèpte Jezi Kris kòm Sovè yo. Di yo pou yo leve men yo.
3. Envite sa ki te leve men yo pou yo vin jwenn ou yon kote aprè klas la pou w ka konseye yo sou sali yo e pou w ka priye avèk yo.
4. Fè sèten ke ou pale ak timoun yo pita tou e ke ou kontinye anseye yo pou yo konn jan pou yo swiv Kris.

Ki Jan pou m Mande Jezi Retire Peche m ?

Swiv etap sa yo :

Etap 1
Di Jezi ke ou renmen li pou tout sa li fè pou ou.

Etap 2
Di Jezi ou regrèt tout peche e move bagay ke ou fè yo.

Etap 3
Di Jezi ke ou kwè ke li se Pitit Bondye a e ke li ka padonnen ou. Mande li padonnen ou.

Etap 4
Remèsye Bondye ke li padonnen ou.

Si w pran desizyon pou w swiv Jezi, ekri non ou ak dat jodia a la. Sa se yon jou enpòtan. Ou pa vle bliye sa.

1 Timote 2.3-4 – Se bagay konsa ki byen, ki fè Bondye, Sovè nou an, plezi. Li ta renmen wè tout moun sove, li ta renmen wè tout moun rive konn verite a.

Kèk Pa ki Ka Ede ou Kòmanse Grandi nan Senyè a

Mache legliz pou w ka konnen lòt Kretyen. (Ebre 10.25)

Batize pou w ka montre ke ou fè pati nan fanmi Bondye. (Travay 16.31, 33)

Li Bib la e obeyi. (1 Jan 3.24)

Priye – pale ak Bondye e di li tout sa ki pase nan lavi ou. (Filipyen 4.6)

Di lòt moun kisa Senyè a fe pou ou. (Ezayi 43.10)

Kèk Verite Enpòtan

Li verite sa yo. Mete yon lin nan chak ti won devan chak fraz ke ou kwè.

❑ Bondye se yon Papa nan syèl la ki renmen nou. Li vle zanmi avè m. Men m fè peche e dezobeyi li. M merite pini pou sa m fè yo.

❑ Men Bondye renmen m. Li sitèlman renmen m ke li voye Pitit Gason li ki san defo, Jezi, pou pran pinisyon pou sa m fè ki mal yo. Jezi pa t janm fè okenn mal.

❑ Jezi mèvèye. Li renmen granmoun kon timoun. Li renmen malere ak rich, moun ki gen pouvwa, e moun ki pa gen pouvwa. Li renmen tout moun. Li sitèlman renmen m ke li te vle m fè pati nan fanmi Bondye. Li te prèt pou l mouri menm pou l fè sa rive.

❑ Jezi te mouri kòm pinisyon pou peche ke moun sou latè fè. Men sa se pa fen istwa a.

❑ Jezi te resisite e leve nan lanmò! Jezi pa mouri ankò. Li vivan jodia !.

❑ Jezi vle m renmen li e viv yon fason pou m fe li plezi. Sa ap pote jwa pou ni mwen menm, ni Papa m nan syèl la.

❑ Jezi pwomèt mwen lavi etènèl. Kote l ap ye, se la m ap ye tou.

Aprann Bay Istwa Pi Byen

Ide sa yo ap ede ou konn jan pou w rakonte istwa pi byen. Itilize ide sa yo lè w ap bay timoun yo yon istwa nan Bib la oubyen nan gid sa, oubyen lè w ap rakonte istwa nan memwa pa ou.

FÈ SA!

Avan ou reyini ak timoun yo, li istwa a pou tèt pa ou. Menm si ou konn li byen, w ap fè pi byen si ou repete li avan klas la.

FÈ SA!

Pale nan yon fason eksite. Istwa a enpòtan. Istwa sa ap ede timoun yo mennen vi yo pi byen etan Kretyen si yo konnen li.

FÈ SA!

Ekspresyon ak vizaj ou dwe mache ak istwa ke wa p bay la. Lè w ap rakonte yon bagay tris, fè vizaj ou parèt tris. Lè w ap pale de yon moun ki te fache, fè vizaj ou parèt fache tou. Lè gen jwa, montre lajwa ou menm tou !

FÈ SA!

Varye vitès ke w ap pale a. Bay yon ti poz si sa ap ogmante antisipasyon timoun yo. Anpil moun ki bay istwa byen di tèt pa yo istwa a avan yo rakonte lòt moun li. Yo bay istwa a nan yon glas pou yo ka wè ki jan lòt moun ap wè yo. Ou gendwa santi ou nyè premye fwa ou fè sa, men l ap ede ou anpil, e w ap vin abitye.

FÈ SA!

Ankouraje timoun yo rakonte istwa pou lòt moun. Y ap sonje istwa a pi byen si yo rakonte l tou. Y ap renmen tou si yo ka abiye tankou moun ki nan Bib la. Si w gen twal oubyen rad ke timoun yo ka sèvi pou kostim, y ap renmen sa. Menm si yon ti gason ka mete yon moso twal sou tèt li ak yon fil pou kenbe li, l ap renmen sa.

Premye Ka

ESPWA POU AYITI

MISYON HANDS AND FEET PROJECT

Premye Ka Ane a

Yon pwogram leson en Kreyòl pou timoun a risk

Kisa w ap anseye premye ka ane a

Konsantre sou pawòl Bondye a Chapit 1	Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen Chapit 2	Konsantre sou relasyon ak lòt moun Chapit 3
Bèl Kreyasyon Bondye a *Premye Semènn*	Entegrite 1 *Senkyèm Semènn*	Jezi an premye: Chwazi Bon Zanmi *Nevyèm Semènn*
Jan Kreyasyon Bondye Itil *Dezyèm Semènn*	Entegrite 2 *Sizyèm Semènn*	Jezi konprann: Agrandi Amitye nou ak Lòt Moun *Dizyèm Semènn*
Jan Kreyatè nou Mèvèye *Twazyèm Semènn*	Entegrite 3 *Setyèm Semènn*	Zanmi pou Tout Tan *Onzyèm Semènn*
Bondye Kreye m *Katryèm Semènn*	Entegrite 4 *Wityèm Semènn*	Apresye Kreyasyon Bondye *Douzyèm Semènn*
		Onore Latè Bondye Fè a *Trèzyèm Semènn*

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Bèl Kreyasyon Bondye a Chapit 1

Premye Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye a

Tèm: Bondye kreye yon bèl monn ki pou itil nou

Jodia timoun yo aprann vrè istwa kreyasyon an

Jodia timoun deside louwe Bondye paske li renmen yo anpil!

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Papye ak kreyon desen pou chak timoun
- Ekri Ezayi 40.28 sou tablo a, oubyen sou yon gwo fèy papye
- Yon ti kat pou chak timoun. Sou chak kat gentan gen ekri « Ou spesyal pou Bondye »
- Penti oubyen lank pou w fè anprent pous chak timoun (ou ka sèvi ak yon melanj labou tou)

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon ti nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Chak relijyon ki egziste gen yon esplikasyon de ki jan latè te kreye, men se sèlman pawòl Bondye a ki bay vrè istwa a. Nan Semènn k ap vini yo, timoun ou yo pral tande vrè istwa kreyasyon an.

Premye sa Bondye te di nou nan Bib la se te ke li menm se Kreyatè a. Poukisa se sa Bondye ta vle nou premye konnen de li?

Yon repons se ke li vle pou nou wè grandè li—depi nan kòmansman. Nou aprann anpil de Bondye nan Kreyasyon. Nou wè otorite li, pouvwa li, sajès li, kreyativite li, ak jan li renmen nou. Nou aprann tou ke nou ka fè li konfyans lè nou vin konprann ke li gen yon plan pou lemonn

Liv Jenèz la pa ban nou yon gwo esplikasyon syantifik pou jan Bondye te kreye latè. Men LaBib pa kite nou doute ki moun ki te kreye li—Kreyatè a, sèl Bondye ki genyen an!

LaBib di nou ke Bondye te fè travay kreyatif li ak lòd. Nan kòmansman an, tout linivè te nan fènwa. Limyè ki te genyen nan premye jou a te soti nan yon sous ke Bondye sèl konnen. Nou gendwa mande kòman Bondye te fè kreye limyè san sous limyè nou genyen jodia, men se sa ki te rive. Bondye pa t bezwen limyè pou tèt pa li, men li te nesesè pou tout sa Bondye te kreye yo te ka vizib. Mo limyè a ke nou wè nan pasaj sa se menm mo lapòt Pòl te itilize pou l pale de limye ki antre nan kè nou lè Bondye retire peche nou.

Sou katryèm jou a, Bondye te fè lalin, solèy, ak zetwal pou ban nou limyè. Li te bay yo mouvman ak lòd pou yo te ka gouvènen jou ak nwit, sezon ak ane. Bondye te etabli yon repetisyon limyè ak fènwa ki te pafè pou tout sa li tap pral kreye.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa Bib lan: Jenèz 1.1-31

Objektif: Timoun ap sezi konnen yon Bondye ki si gran ke li te kreye tout latè.

Mande timoun chita nan yon gwo wonn. Esplike yo ke jodia, nou pral aprann ki jan Bondye te kreye latè. Wonn sa kote yo chita a reprezante latè ki won an.

Bay chak timoun yon fèy papye ak kreyon desen. Fè chak timoun chwazi yon bagay nan kreyasyon an ke yo ta renmen desinen—solèy, zetwal, lanmè, bèt, moun, fènwa ak limyè—nenpòt sa yo vle. Aprè yo fin desinen, bay yo istwa kreyasyon an.

Istwa Bib lan: Kreyasyon

Premye jou

LaBib di nou ke byen lontan, pa t gen latè. Pa t gen bèt. Pa t gen plant. a t gen lanmè. Pa t gen mònn. Pa t gen atmosfè. Pa t gen moun. Pa t gen anyen menm—sèlman Bondye. Men Bondye te gen yon plan. Li te planifye yon bèl monn. Li te kreye yon monn piti a piti.

An premye, Bondye te di, «Se pou gen limyè!» epi lamenm limyè a parèt. Aprè sa, Bondye te separe limyè ak fènwa. Li te rele limyè a «jou» e fènwa a «nwit.» Te gen jou e nwit—premye jou a.

Dezyèm jou

Aprè sa, Bondye te wè ke dlo kouvri tout bagay. Bondye di, «Se pou gen syèl! Se pou syèl la separe dlo ki anlè ak dlo ki anba latè.» Se konsa gen dlo ki vin sanble nan nyaj, e lòt dlo ki te vin sanble sou latè.

Te gen aswè, te gen maten—dezyèm jou a.

Twazyèm jou

Aprè, Bondye di, «Se pou gen tè sèch!» E dlo a ki te sou tè a deplase pou tè a vin parèt. Bondye rele tè a « latè, » e li rele dlo a «lanmè.»

Aprè sa, Bondye di, «Se pou gen plant vivan!» E tout kalite plant kòmanse pouse sou latè. Te gen pyebwa, legim, flè, plant ak zèb.

Te gen aswè, te gen maten—twazyèm jou a.

Katryèm jou

Lèfini, Bondye di, «Se pou gen limyè nan syèl la!» Li mete solèy la pou klere pandan lajounen. Li mete lalin pou klere lannwit. Li te fè zetwal tou. Bondye te asire ke jou ak nwit tap toujou vini. E Bondye te sèvi ak solèy la, lalin nan ak zetwal yo pou fè sezon lapli ak sezon chalè. Gen peyi kote solèy, lalin ak zetwal yo fè 4 sezon: lete, lotònn, livè ak prentan.

Te gen aswe, te gen maten—katryèm jou a.

Senkyèm jou

Aprè sa, Bondye di, «Se pou gen zwazo ak pwason!» Se konsa yon pakèt kalite pwason vin kòmanse ap naje nan lanmè ak nan dlo dous. E yon pakèt kalite zwazo kòmanse vole nan syèl la. Bondye te beni pwason ak zwazo yo pou yo te ka miltipliye e vin fè anpil ankò sou latè.

Te gen aswe, te gen maten—senkyèm jou.

Sizyèm jou

Nan jou sa, Bondye di, «Se pou gen bèt!» Bondye te fè tig, makak ak koulèv. Li fè bèf, kochon ak mouton. Li fè chen, chat ak elefan. Li fè anpil anpil kalite bèt. Anfen, lemonn te vin prè pou pi bèl kreyasyon Bondye a. Kounyeya Bondye te kreye yon nonm ak yon fanm. Li te di yo pran swen latè. Li te mete yo chèf sou pwason, zwazo ak bèt yo. Li te bay yo bagay pou yo manje.

Bondye te kontan. Li te wè ke tout sa l te fè yo te bon. Te gen aswè, te gen maten—sizyèm jou a.

Kisa Bondye te fè sou setyèm jou a? LaBib di li te repoze.

Bay timoun yo yon ti tan pou yo fin desinen e kolore fèy yo. Lèfini, rele yo sanble nan won an ankò pou yo moutre tout moun sa yo te desinen. Fè yo moutre yonn lòt e esplike, si nesesè, kisa yo te desinen a.

- Premye jou: Timoun ki te desinen jou ak nwit
- Dezyèm jou: Timoun ki te desinen dlo ak syèl

- Twazyèm jou: Timoun ki te desinen latè ak plant
- Katryèm jou: Timoun ki te desinen solèy, lalin, ak zetwal
- Senkyèm jou: Timoun ki te desinen pwason ak zwazo

Sizyèm jou: Timoun ki te desinen bèt oswa moun

Montre timoun yo Ezayi 40.28. Ekri vèsè a sou tablo a oubyen yo gwo fèy papye. Fè timoun yo li vèsè a de fwa. Rele kèk timoun individyèl, fè yo li pati nan vèsè a pou tout moun tande. Fè timoun yo ekri vèsè a sou fèy yo a, oubyen so do papye a.

Se konnen nou pa konnen? Kouman? Se di yo pa janm di nou sa? Senyè a se Bondye ki la pou tout tan an! Se li menm ki kreye tout latè.»

Kesyon sa yo ap ede ou konnen si timoun yo te konprann istwa ou te ba yo a.

- **Selon vèsè nou aprann nan, ak istwa nou tande a, ki moun ki se Kreyatè a e kisa li te kreye?**
- **Poukisa ou panse Bondye te separe dlo ak tè sèch la avan li te mete plant, bèt ak moun sou latè?**
- **Poukisa ou panse li te kreye moun an dènye?**
- **Ki travay spesyal Bondye te bay moun fè?**
- **Kesyon sa enpòtan anpil paske talè konsa, ou pral fè pati nan yon pwojè kote w ap ede pran swen kreyasyon Bondye a. Pou w prepare, ou dwe li leson pou Semènn pwochenn nan.**

Bay chak timoun yo nimewo de 1 a 6. Chak ap reprezante yon jou kreyasyon. Esplike yo ke ou pral li istwa a ankò. Lè ou rele nimewo yon timoun, yo sipoze vin nan mitan won an epi jwe wòl Bondye pou yo montre kisa Bondye te fè nan jou sa. Yo dwe fè jès ak men yo pou yo fè kòm si se yo k ap kreye. Bay yo kèk egzanp. Pou yo reprezante kisa ki te egziste avan kreyasyon, timoun yo ka fè kòm si y ap flote nan espas. Pou kreyasyon limyè nan premye jou a, fè timoun yo fèmen je yo epi konte jiska 10, lèfini, di yo ouvri je yo pou yo ka wè limyè a. Pou demontre kreyasyon dlo nan dezyèm jou a, timoun yo ka fè kòm si y ap naje. Ankouraje yo panse ak lòt jès ak aksyon tou. Si gen anpil timoun, separe yo nan 2 ou 3 gwoup, epi chak gwoup fè yon aktivite.

2. Poukisa Istwa Sa a Enpòtan pou Mwen

Objektif: Anprent dwat timoun yo ap demontre jan yo chak spesyal e jan chak timoun enpòtan pou Bondye.

Eske li etonan ke Bondye te sitèlman renmen nou ke li fè latè pou nou? Kèk lè si nou vin panse nou pa enpòtan pou okenn moun, nou dwe sonje ke menm Bondye ki te fè solèy ak dlo ak syèl ak plant ak bèt, te fè nou menm tou. Se nou menm ki se kreyasyon pi enpòtan li an.

Eske ou janm panse ke lòt moun pi enpòtan pou Bondye ke ou menm? Non! Se li menm ki fè ou, e li renmen ou anpil. Ou spesyal pou li.

Petèt ou panse ke paske ou timoun, ou pa enpòtan menm jan ak granmoun. Non! Se li menm ki fè ou, e li renmen ou anpil. Ou spesyal pou li.

Petèt ou panse ke poutèt moun fè ou kèk move bagay, lòt moun pi enpòtan pou Bondye ke ou. Non! Se li menm ki fè ou, e li renmen ou anpil. Ou spesyal pou li, e sa fè Bondye mal lè ou gen doulè oubyen tristès.

Avan klas la, fè yon ti kat pou chak timoun. Sou chak kat, ekri, «Ou spesyal pou Bondye.» Esplike chak timoun ke anprent dwat li se yon fason pou nou konnen ke chak moun spesyal pou Bondye. Anprent dwat chak moun diferan. Chak anprent reprezante yon moun diferan ke Bondye renmen anpil. Prepare yon lank oubyen penti. (Yon ti labou ka bon tou—eseye li avan pou w ka wè ki kantite dlo pou w mete pou l ka bon.) Fè timoun yo mete pous yo nan lank oubyen penti a, epi peze l sou kat la.

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap remèsye Bondye ke Li te fè yo e ke Li renmen yo.

Fèmen klas la ak lapriyè. Esplike ke ou pral kòmanse yon fraz e timoun yo sipoze fini fraz la pou ou. Bay chak timoun kèk segonn pou yo reponn aprè ou kòmanse chak fraz.

Papa nou ki nan syèl la,

Mèsi paske ou te fè…

M konnen ou renmen m paske…

M renmen ou paske…

Nou priye w konsa nan non Jezi, amèn.

Lèfini, priye ou menm pwofesè a yon priyè konsa:

Mèsi, Senyè, dèske ou renmen chak timoun ak chak granmoun ki la. Se ou menm ki fè nou, e ou vle nou ta renmen ou tou. Nou konnen ke lè lavi nou gen tristès, ou tris tou. Mèsi paske ou la avèk nou nan bon tan, ak nan moman lè afè nou pa bon. Nou priye w konsa nan non Jezi, Amèn.

Jan Kreyasyon Bondye itil Chapit 1

Dezyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye a

Tèm: Bondye kreye yon bèl monn ki pou itil nou

Jodia timoun yo aprann ke yo responsab devan Bondye pou jan yo trete bèl monn li an

Jodia timoun deside patisipe nan yon pwojè k ap onore monn Bondye a e ede yo nan lavi yo

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo fèy papye pou chak timoun
- Mo ekri sou plizyè ti moso papye (wè Pati 2 pou plis esplikasyon)
- Kreyon desen
- Yon Bib
- Wè Pati 3 pou plis esplikasyon. W ap bezwen chèche kèk lòt materyèl pou sa ou chwazi fè a

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon ti nòt pou ou menm, pwofèsè oubyen paran

Bondye mande nou menm ak pitit nou pou nou pran swen kreyasyon li an. Anpil timoun ap santi yon fyè de onè sa. Se yo menm ki responsab! Pran swen lemonn se yon ide ki soti nan liv Jenèz lan. Non sèlman Bondye te bay moun otorite pou yo jere e pran swen sa li te kreye, men li sitèlman kreye tout bagay bèl, ni ou menm ak pitit ou, ke nou dwe apresye mèvèy li yo.

Wa David te sezi wè mèvèy kreyasyon Bondye lè li ekri: «Syèl la fè parèt aklè pouvwa Bondye a. Li fè wè tou sa Bondye te fè ak men l.» (Sòm 19.1) Epi ankò nan Sòm 23, nou ka wè bèl kreyasyon pezib Bondye a lè David ekri, «Senyè a se gadò mwen, mwen p'ap janm manke anyen. Kote zèb yo pi bèl, se la li fè m pran repo. Kote dlo a koule poze, se la li mennen m bwè.»

Avan ou anseye leson Biblik sa pou jodia, di Bondye mèsi pou bèl bagay nan lanati ke li te kreye.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa Bib lan: Jenèz 1.6-13, 28-29

Objektif: Timoun ap revize jan Bondye kreye yon monn ki itil e ki bèl

Pou ede timoun yo panse ak tout bèl bagay ke Bondye kreye, divize tout timoun yo nan gwoup de 3 timoun. Bay chak moun yo gwo fèy papye ak kreyon desen. Esplike ke chak moun pral desinen yon nouvo bèt.

Sou yon tyè papye a, yon timoun dwe desinen yon bèt, zwazo oubyen ensèk ke yo imajine. Lèfini, pliye papye a anba tèt bèt la, epi pase papye a bay yon lòt timoun nan gwoup li an. Dezyèm moun nan ap desinen kò bèt la, epi pliye papye a pou tèt la ak kò a pa parèt. Twazyèm moun nan menm ap desinen pye bèt la.

Lè chak moun nan gwoup la fin desinen, yo sipoze ouvri papye yo epi gade yo. Chak gwoup ap montre rès klas la «kreyasyon» yo an. Sa se yon bèl aktivite! Bat bravo pou chak bèt etranj!

Esplike timoun yo poukisa pi fò nan sa yo desinen an pa vrèman bèl. Men sa Bondye kreye yo bèl, itil e mèvèye.

Fè timoun yo site sa Bondye kreye ki bèl e itil.

Bondye te kreye tout bagay. Nou te pale sou sa Semènn pase. Moun fè lòt bagay ak sa Bondye gentan kreye yo. Men se sèl Bondye ki ka kreye yon bagay ak anyen. Moun oblije sèvi ak sa Bondye gentan fè yo. Li bon anpil ke Bondye te kreye latè jan l fè l lan. E li fè latè bèl e itil tou. N ap aprann plis sou sa nan istwa nou sou kreyasyon Bondye a. Sonje, istwa sa a soti nan Bib la, e se sèl vrè istwa ki genyen ki pale de jan latè te fèt.

Istwa Bib lan : Mèvèye Monn Bondye a, Jenèz 1.6-13, 28–29

Pazapa, e daprè pawòl Bondye, latè te kreye. Bondye te pale e te kreye dlo ak syèl. Li te kreye limyè ak fènwa. Li te rele limyè a jou. Li te rele fènwa a lannwit. Se te premye jou a.

Bondye te fè yon gwo espas ki pou separe dlo anba ak dlo ki anlè yo. Li te rele gwo espas sa a syèl. Se te dezyèm jou a.

Aprè sa, Bondye te sanble tout dlo yo yon sèl kote. Li te rele dlo yo lanmè. Tè sèch ki

te rete a Bondye te rele latè. Bondye te gade sa yo e te di ke yo te bon.

Li Jenèz 1.1 nan Bible la. Pran Bib la e li pasaj la nan Bib la menm, olye de nan gid sa a. Sa ap ranfòse ak timoun yo ke se pawòl Bondye w ap anseye.

«Bondye di:—Se pout tè a pouse tout kalite plant: zèb,
plant ki bay grenn,
pyebwa ki bay fwi ak tout grenn yo. Se konsa sa te pase.»
Jenèz 1.11

Bondye te fè plant ak pyebwa pou yo pwodwi grenn ak fwi tou. Plant ak pyebwa yo te kòmanse pouse grenn ak fwi. Chak plant vin pwodwi lòt plant parèy li. Eske pye mango yo vin donnen papay? Eske plant tomat yo vin donnen diri? Non, pye mango a donnen mango, e plant tomat la donnen tomat. Pyebwa te pouse wo nan monn yo. Plant yo te pouse anba nan vale bò lak yo. Plant yo te donnen fwi ak grenn selon kalite yo. Yo te bay anpil bèl koulè tou. Pyebwa ak plant vin pouse sou latè. Anpil flè tout koulè vin pouse sou latè. Plenn yo te kouvri ak zèb, flè ak pye fwi.

Li Jenèz 1.29:

« Bondye di:—Gade. Mwen ban nou tout kalite plant ki bay grenn
ak tout kalite pyebwa ki bay fwi ak grenn pou nou manje.»
Jenèz 1.29

Bondye te wè tout pyebwa, plant, flè ak fwi. Li te di ke yo te bon. E sa se te twazyèm jou a. Bondye kreye solèy ak limyè a ki pou ede plant yo grandi. Bondye kreye yon monn ki bèl e ki itil.

- **Poukisa ou panse Bondye te di plant yo pou yo donnen fwi menm jan ak kalite pa yo?**
- **Ki jan Bondye te rasire ke tap toujou genyen nouvo plant?**

2. Poukisa Leson Sa a Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun yo ap bay kèk fason nou ka sèvi ak bèl bagay Bondye kreye yo.

Avan klas la, sou yon pe ti moso papye, ekri yon bagay ke Bondye kreye sou chak ti papye. Divize klas la nan gwoup de twa timoun chak. Bay chak gwoup yonn nan ti papye yo ak

mo a sou li. Gwoup la gen twa minit pou yo panse ak plizyè fason moun ka sèvi ak sa ki ekri sou papye a. Bay timoun yo yon egzanp. Si ou bay mo «wòch,» yo te ka di: 1) pou moun bati, 2) kòm dekorasyon. Lè timoun yo fin panse ak sa moun ka fè ak kreyasyon Bondye, pase nan chak gwoup e mande timoun yo site mo ou te bay yo a, epi ki jan moun ka sèvi avèk li.

Ou ka ajoute mo de bagay ki soti nan kote w abite, e pa sèvi ak mo ke timoun yo p ap konnen. Men kèk mo pou w kòmanse :

Wòch	Poul	Zoranj	Lwil
Zèb	Flè	Plim zwazo	Pyebwa
Dlo	Grenn kafe	Pitimi	Diri

Gade jan Bondye kreye anpil bagay! Nou te ka chita la tout jounen ap site bagay ke Bondye kreye, e nou pa tap janm ka site tout. Men m konnen ke Bondye te kontan ak tout sa li te fè yo. Ki jan m fè konn sa? Paske Bib la di sa. Men vèsè nou pou jodia.

Bondye gade tout sa l te fè a, li wè l bon nèt.
Jenèz 1.31

Fè timoun yo repete vèsè a plizyè fwa. Fè tout timoun yo chita, epi pase nan gwoup la, chwazi plizyè timoun. Fè yon timoun di premye mo vèsè a, aprè fè yon lòt timoun di mo ki vini aprè, yon lòt mo ki vini aprè sa, ensi de swit. Di timoun yo pou yo kenbe vèsè a nan tèt yo, e nenpòt lè yo vle panse ke lavi a pa bon, yo dwe repete vèsè a. «Bondye gade tout sa l te fè a, e li te fè m tou, e li wè l bon nèt.»

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap pran desizyon pou yo pran swen kreyasyon Bondye ki bèl e ki itil Semènn sa

- **Ki jan ou santi w lè ou tande ke Bondye te kreye yon monn ki bèl e ki itil pou w ka viv?**
- **Ki bagay ou ka fè pou w fè Bondye konnen ke ou renmen monn sa ke li kreye a?**

Esplike timoun yo ke gen anpil moun ki pa pran swen kreyasyon Bondye a. Yo sal dlo a. Yo jete pwodwi chimik ki danjere atè a. Yo lage fatra atè, epi flè ak zèb mouri. Yo boule plant, yo koupe pyebwa e yo touye bèt sovaj. Yo pèmèt pwodwi chimik anvayi lè a. Anpil fwa, moun fè lèd sa Bondye kreye pou bèl.

Chwazi yonn nan ide sa yo ki apropriye pou sitiyasyon timoun ou yo, oubyen ou mèt bay ide pa ou tou. Di timoun yo ke yo pral travay nan sa avan twò lontan.

Ide: Aprè mande pèmisyon, òganize timoun yo pou yo plante flè. Bay yo grenn flèak zouti ke yo bezwen pou travay la.

Ide: Asire ke tout moun an sekirite, epi fè timoun yo ramase fatra nan zòn kote nou reyini a.

Ide: Oganize timoun yo pou yo ede kèk granmoun nan zòn nan (swa nan charye dlo, oubyen ede yo pote chay). Se konsa tout moun ap pi byen konprann jan monn Bondye kreye a bèl anpil.

Ide: Pi bon ide ki genyen an se ide pa ou, paske se li ki pi byen mache ak sitiyasyon pa ou.

Fèmen leson an konsa :

Bondye te kreye yon bèl monn ki itil nou anpil. Nou chak fè pati nan monn sa li kreye a. Sa vle di 2 bagay. An premye, nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou pran swen monn sa li kreye a. Dezyèm, sa vle di ke nou menm, nou bèl e nou itil tou. Bondye gen yon plan pou lavi nou. Li gade nou chak e li souri, paske li konnen tout sa nou ka fè e li konnen ke nou bèl.

Jan Kreyatè nou Mèvèye Chapit 1

Twazyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye a

Tèm: Bondye renmen lè nou louwe li pou sa li kreye

Jodia timoun yo aprann jan Bondye te fè anpil bagay diferan lè li te kreye bèt yo

Jodia timoun deside louwe Kreyatè yo an

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo fèy papye oubyen tablo ak Sòm 104.24 ekri sou li (Wè Pati 1)
- Kreyon desen
- Yon Bib

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon ti nòt pou ou menm, pwofèse oubyen paran

Se yon sèl Bondye ki genyen, Bondye nou an! Nou priye ke timoun yo ap asèpte Bondye kòm Bondye ki anwo tout dye. Se li menm ki kreye tout bagay e sa mete l anlè tout lòt dye ki genyen.

LaBib soulinye pou nou ke se Bondye ki se Kreyatè latè. Istwa kreyasyon an ke nou li nan Jenèz la mete Bondye apa de lanati. Gen nan timoun nan klas ou an ki gendwa kwè ke moun sipoze adore lanati menm—men LaBib montre nou ke Bondye anwo tout sa ki kreye.

Ebre 11.3 ak 2 Pyè 3.5 di nou ke Bondye pa fè pati nan kreyasyon an. Se li menm ki se Kreyatè a, se li menm ki fè ide kreye yon linivè—de bagay ki senp rive nan bagay ki konplike anpil. Se li menm ki kreye èt vivan. Lapòt Pòl di nou, «Kris te la anvan tout bagay. Se nan li yo tout jwenn plas yo.»

Ou pral gen yon bèl klas ak timoun yo jodia! Pran plezi nan pale yo de Kreyatè mèvèye nou an, e yonn nan pati kreyasyon Bondye a ke timoun toujou renmen—bèt yo!

LÈ POU LESON AN

1. Istwa Bib lan: Jenèz 1.20-25

Objektif: Timoun ap pase yon bèl moman ansanm ap selebre bèl nati ke Bondye kreye a—ak anpil anpil bèt

Nan kèk aktivite nou gentan fè yo, nou fè w di timoun yo chita nan yon won oubyen kanpe. Si w gen kote pou w fè sa, ou mèt fè sa ankò, olye de fè yo chita nan biwo oubyen tab. Leson sa yo se pa yon lòt matyè lekòl. Sa se plis yon kou «lavi» kote timoun yo ap pratike kisa sa vle di pou yo renmen Jezi nan lavi yo tout bon vre.

Si posib, fè timoun yo chita nan yon won atè a, epi pase sou chak timoun, fè yo site yon bèt ke Bondye kreye, epi fè yo di yon bagay spesyal de bèt la. Ou gendwa bay yo yon egzanp pou w kòmanse, pou yo ka konprann kisa w vle yo fè. Di yo:

Bondye te kreye bèf. Yonn nan bagay ki spesyal ak bèf se yo ban nou lèt. Oubyen, Bondye te kreye mouton. Yon bagay spesyal ak mouton se yon ban nou lenn pou nou fè rad.

Pase nan won a plizyè fwa, jouk timoun yo pa ka panse ak bèt ankò.

Kounyeya, li oubyen bay timoun yo istwa sa a.

Aprè Bondye te fè jou ak nwit, li te fè syèl la ak solèy, lalin ak zetwal. Li te fè dlo ak tè sèch ki te gen plant ak pyebwa.

Men te gen yon bagay ki manke. Latè te silans, pa t gen okenn bri. Pa t gen anyen ki tap mache atè. Pa t gen anyen pou vole nan syèl la. Pa t gen anyen ki tap naje nan dlo lanmè a. Kisa Bondye fè? LaBib lan di nou.

Pran Bib ou e li Jenèz 1.20 direkteman nan Bib la. Sa montre timoun yo ke se pa sèlman yon istwa ke w ap rakonte, men ke w ap di yo yon bagay ki soti dirèk nan Bib la.

«Bondye di ankò:—Se pou dlo yo kale anpil anpil bèt vivan.
Se pou zwazo vole nan syèl la anlè tè a. Se konsa sa te pase.»
Jenèz 1.20

Bib la di nou ke Bondye te plen dlo a ak pwason, ipopotam, kwokodil, ak plizyè mil lòt kalite bèt. Yo chak te diferan. Te gen pwason anpil koulè, ak pwason senp. Te gen pwason ki nan dlo sèl, ak pwason nan dlo dous. Te menm gen pwason ki ka respire lè. Chak pwason te etonan! Bondye sitèlman fè anpil kalite pwason ke moun k ap esplore lanmè jodia konn dekouvri yon kalite pwason ke moun poko janm wè deja.

Tout ane sa yo depi Bondye kreye pwason. Se li sèl ki konnen ak kisa chak pwason sanble.

Bondye te plen syèl la ak zwazo—anpil kalite! Gen nan yo ki chante bèl ti chan. Gen nan yon ki fè gwo bri. Gen nan yo ki gen bèl plim anpil koulè. Lòt gen plim senp. Gen zwazo ki vole vit. Gen zwazo ki pa ka vole menm. Bondye kreye pwason ak zwazo pou yo fè ti bebe pwason ak ti bebe zwazo parèy yo. Li di yo pou yo plen lanmè a ak syèl la. E se sa yo te fè menm.

Sa se te senkyèm jou kreyasyon. Men Bondye pa t ankò fini. Li te vle kreye yon lòt bagay ankò.

Li vèsè a nan Bib la.

«Bondye di ankò:—Se pou tè a kale tout kalite bèt vivan, bèt yo gade, bèt ki trennen sou vant, bèt nan bwa. Se konsa sa te pase.»
Jenèz 1.24

Bondye te fè yo nan tout gwosè ak tout fòm. Li fè yo ak tout koulè e tout kalite son. Gen nan yo ki viv atè a, gen nan yo ki viv anba tè. Gen nan yo ki monte pyebwa. Gen lòt ki ka naje. Gen nan yo ki viv nan kote ki cho, gen ki viv nan kote ki frèt. Se sèl Bondye ki konnen konbyen bèt li kreye. Chak ane, syantis dekouvri nouvo bèt yo pa t konnen. Nan ane 2010, syantis dekouvri yon kalite zandolik ki longe yon moun ke lòm pa t janm konn wè deja. Kalite zandolik sa manje fwi e li viv nan pyebwa nan yon peyi ki rele Filipin. Nan Amerik di Sid tou, yo dekouvri yon kalite makak ki gwosè yon chat e ki gen yon bab wouj. Yo rele bèt la titi, e lè kalite makak sa kontan, li wonwonnen tankou yon chat!

Bondye te kreye bèt pou yo fè ti bebe parèy yo. Se konsa, bèf yo vin akouche ti bebe bèf, jiraf kòmanse fè ti bebe jiraf. E menm jan pwason ak zwazo yo te obeyi Bondye, se konsa bèt yo te obeyi li tou.

Pa t gen anyen ki fèt ke Bondye pa t vle kreye. Bondye te pran swen pou l kreye chak bèt ki viv nan yon rejyon spesyal. Bondye te pran swen pou l planifye ki manje bèt yo ap manje. Li te pran swen pou kote yo tap viv lan. E Bondye te konnen ke tout sa li te kreye a te bon. Bondye te sitèlman kreye anpil kalite bèt, se yon Bondye mèvèye sèlman ki tap ka fè sa!

Esplike timoun yo ke ou gen yon vèsè ke ou panse yo ka renmen. Se Sòm 104.24. Avan lè leson an, ekri vèsè a sou yon gwo fèy papye oubyen sou tablo a pou timoun yo ka li vèsè a.

«Senyè, ou fè anpil bagay! Ou fè yo ak bon konprann.
Latè plen ak bagay ou fè.»
Sòm 104.24

Fè timoun yo li vèsè a twa fwa ansanm. Epi mande yo fèmen je yo e bat pou yo di l san gade. Di yo pou yo li vèsè a chak jou Semènn sa, e reflechi sou jan Kreyatè nou gran.

Diskite kesyon sa yo. Pèmèt plizyè timoun reponn a chak kesyon, oubyen kite yo ajoute sou sa yon moun gentan di:

- **Nan tout sa Bondye kreye sou senkyèm jou a, kisa ou pi renmen?**
- **Ki bèt ou pi renmen ke Bondye te kreye nan sizyèm jou a?**
- **Poukisa Bondye te kreye bèt yo pou yo fè pitit menm jan ak tèt pa yo?**
  Li fè sa pou te ka toujou genyen menm kalite bèt sa sou latè. Bondye te planifye kreyasyon li pou l gen lòd. Se konsa, lyon akouche lyon, e balenn akouche balenn. Si pa t gen lòd sa, latè tap tèt anba.

- **Poukisa ou panse Bondye te kreye bèt ak aparans diferan, epi pou yo aji diferan ke yonn lòt?**
  Fè timoun yo bay plizyè repons diferan.

- **Kisa vèsè nou an di ke nou ka aprann de Bondye nan bèt li te kreye yo?**

2. Poukisa Istwa Sa a Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun yo ap reyalize jan yo gen anpil rezon pou yo louwe Bondye, pandan yo al fè yon ti pwomennen «Louwe Kreyatè a».

Adapte aktivite sa pou l mache ak sitiyasyon pa ou. Timoun yo ka fè yon ti pwomennen deyò a nan gwoup de twa oubyen plis. Lè yo wè yon bagay ke Bondye kreye, yo dwe montre yonn lòt li, epi tout ap chichote ansanm «Lwanj pou Kreyatè mèvèye nou an!» Pa egzanp, lè yo gade syèl la, se pou yo di: —«Lwanj pou Kreyatè mèvèye nou an!» Bay yo kèk minit pou yo fè ti pwomennen an.

Sanble timoun yo ankò epi mande yo:

- **Pou ki bagay ou te louwe Kreyatè mèvèye nou an?**
- **Ki jan ou panse Bondye santi li lè nou louwe li pou bèl bagay li kreye yo?**

- **Ki jan ou panse Bondye santi li lè nou pa janm louwe li?**

3. Kisa Bondye vle m Fè

Objektif: Semènn sa, timoun yo ap planifye fason pou yo louwe Bondye.

Li fasil pou nou louwe Bondye lè nou tout sanble ansanm konsa. M ka di w louwe Bondye e li fasil pou w fè sa m di w fè a. Men, e pou lòt lè yo kote pa gen moun k ap di w louwe Bondye pou sa li fè yo? Eske w ap fè l pou kont ou? Men yon ide. Chak jou Semènn sa, cheche yon bagay spesyal ke Bondye kreye, e di Bondye jan ou apresye sa l kreye a. Panse ak jan sa pral fè Bondye rejwi. Li renmen ou e lè ou remèsye li san se pa moun ki di w fè sa, mezanmi! Sa fè Bondye kontan anpil!

Pou w fèmen, fè timoun priye ti priyè kout pou kont yo. Fè tout moun chita nan yon won, epi kòmanse priyè a konsa: «Bondye, nou louwe ou pou…» epi yonn a la fwa, fè timoun yo kanpe e di yon bagay ki fè yo louwe Bondye. Fè timoun kanpe pou l di mo pa li, epi lè l fin di li, fè l chita ankò. Yo ka leve plizyè fwa, di plizyè bagay, si yo vle.

Pou w fini moman priyè a, resite ansanm vèsè a, Sòm 104.24

«Senyè, ou fè anpil bagay! Ou fè yo ak bon konprann.
Latè plen ak bagay ou fè.»
Sòm 104.24

Bondye Kreye m
Chapit 1

Katryèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye a

Tèm: Bondye renmen lè nou louwe li pou sa li kreye

Jodia timoun yo aprann ke sèl Gran Dye nou an ki kreye nou

Jodia timoun deside di Bondye mèsi pou yon moun spesyal ke li kreye

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo fèy papye oubyen tablo ak Jenèz 1.27 ekri sou li
- Kreyon desen ak papye pou chak timoun
- Yon Bib

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon ti nòt pou ou menm, pwofèse oubyen paran

Pastè ak dirijan Kretyen pa antann yo sou kisa Jenèz 1.27 vle di: «Bondye kreye moun: li fè l pòtrè ak li » Nou kwè ke fraz sa ap pale de kalite spirityèl Bondye yo – entegrite, jistis, santete, kapasite nou pou nou pran desizyon moral. Lè moun fèt nan imaj Bondye, sa bay moun yon mezi pouvwa tou. Moun fèt pou yo jere bèt ki sou latè (Jenèz 1.26). E moun sanble ak Bondye tou nan kapasite yo pou yo pran swen kreyasyon an, pa sèlman jere li (Jenèz 2.15).

Epitou, Bondye kreye moun kòm kreyasyon spirityèl. Paske Bondye se lespri, nou ka gen relasyon avèk li. LaBib pa di ke ni plant, ni bèt gen lespri, ni ke yo ka priye.

Lè peche te antre lemonn pa Adan, imaj Bondye ki te nan lezòm te vin gate. Men kanmenm, nou toujou sanble tou piti ak Bondye. Lè kwayan vin plis tankou Kris, Bondye ap retabli imaj li nan yo menm. Ou dwe mache yon fason ki fè Bondye plezi devan timoun yo. Ou vle yo wè imaj Bondye nan ou, menm si imaj la pa sanble nèt ak Bondye. Se sèl Kris ki gen imaj Bondye nan li ki pa gate. Men, ak èd Sentespri a, ou ka vin pi sen toujou.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la : Jenèz 1.26—2.25, 3.8

Nou pral kòmanse ak yon ti aktivite pou n selebre jan nou tout sanble, e jan nou chak diferan. Bondye, bèl Kreyatè nou an, te fè nou chak.

Esplike ki jan aktivite a ap mache. Tout moun ap kanpe. Ou menm, pwofesè a, ap rele yon kesyon byen fò, epi tout moun ap bay repons yo byen fò anmenmtan. Timoun ap kontinye rele repons yo byen fò, epi y ap chache tande lòt moun nan sal la k ap bay menm repons lan. Lè li jwenn yon moun k ap bay menm repons lan, y ap kenbe men. out moun k ap bay menm repons lan ap kenbe men nan yon gwoup. Timoun yo ap kontinye rele byen fò jouskaske tout moun k ap rele menm repons jwenn yonn lòt. Fè yon ti pratik ak yon premye kesyon byen fasil, pou w montre timoun yo ki jan pou yo jwe jwèt la. Raple yo ke yo mèt rele fò!

- **Ki laj ou?**

Tout moun sipoze rele laj li byen fò, epi al jwenn tout lòt moun nan sal la ki gen menm laj la. Lè ou sèten ke timoun yo konprann ki jan aktivite a jwe, poze yo kesyon sa yo, oubyen chwazi kèk lòt kesyon ou panse k ap bon.

- **Nan ki mwa ou te fèt?**
- **Ki wotè ou?**
- **Nan ki vil ou soti?**
- **Ki matyè ou pi renmen nan lekòl?**
- **Ki manje ou pi renmen manje?**
- **Ki koulè ou pi renmen?**

Nou tout sanble nan kèk fason, e nou diferan nan kèk fason. Li bèl anpil ke Bondye fè nou chak endividyèl! Jodia istwa nou ap pale de pi bèl bagay ke Bondye fè—nou menm! W ap sonje ke pi fò nan travay Bondye te fè pou l kreye moun te gentan fini —latè, plant, bèt. Tout bagay te bèl. Men te gen yon bagay ki te manke nan plan li an.

Sou sizyèm jou a, Bondye te fè pi bèl kreyasyon li an—lòm! Bondye kite pi bèl la pou an dènye.

Men sa Bib la di:

« Bondye kreye moun: li fè l pòtrè ak li.
Li kreye yo gason ak fi.»
Jenèz 1.27

Bondye fè gason ak fi spesyal. Bondye kreye moun pou yo tankou li. Li bay yo souf lavi pa li. Se sèl moun ki ka priye e konnen Bondye. Se sèl moun ki ka pran desizyon ant sa ki bon ak sa ki mal. Bèt pa ka fè bagay konsa.

Men ki jan Bondye te fè de premye moun yo. An premye, li pran yon ti pousyè atè. Li fè l pran fòm yon gason. Epi Bondye soufle nan bouch gason an, epi li vin vivan! Li te rele nonm nan Adan. Bondye te bay Adan yon travay spesyal. Se Adan li fè bay chak bèt non pa li. Adan te renmen travay la, men te gen yon ti pwoblèm. Li te pou kont li, paske pa t gen lòt moun tankou li.

Se konsa, Bondye deside kreye yon lòt moun. Li fè Adan dòmi, epi pandan l tap dòmi, Bondye retire yonn nan zo kòt Adan. Avèk zo kòt sa, Bondye fè yon fanm. Yo te rele l Ev. Adan ak Ev te renmen yonn lòt. Bondye te ba yo travay pou yo fè.

Kite m li nan Bib la kisa li di de yo:

«Li ba yo benediksyon, li di:—Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a.
Donte tè a. Mwen ban nou pouvwa sou pwason ki nan lanmè,
sou zwazo ki nan syèl la, ak sou tout bèt vivan k'ap mache sou tè a.»
Jenèz 1.28

Adan ak Ev te sipoze jere sa Bondye te kreye yo. Bondye te di yo pran swen kreyasyon an. E Bondye te kite yo sèvi ak plant yo pou manje. Bondye te mete yo yon kote spesyal ki te rele Jaden Edèn nan. Yo te kontan pou yo viv la. Bondye te mache nan jaden an, e te pale avèk yo. Yo te zanmi li e te obeyi li.

Ankouraje timoun yo reponn kesyon sa yo. Nan kesyon ki mande opinyon timoun yo, fè plizyè timoun reponn.

- **Poukisa ou panse Bondye te tann pou l kreye moun an dènye?**
- **Ki jan Adan ak Ev te diferan de bèt yo?**
- **Kisa ou aprann de Bondye nan istwa sa?**
- **Kisa ou aprann de moun nan istwa sa?**
- **Ki bagay nan istwa sa ou pa vle bliye?**

- **Ki jan ou santi w lè ou konnen ke Bondye te kreye ou pou w sanble ak li?**

2. Poukisa Istwa sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun ap wè valè yo devan Kreyatè linivè a.

Vèsè n ap gade ki enpòtan anpil jodia se Jenèz 1.27. Avan lè leson an, ekri vèsè a sou yon gwo fèy papye. Mande timoun yo li vèsè a epi mete non pa yo. Lèfini, fè timoun nan al rele twa lòt moun nan klas la ki pou vin li vèsè e mete non pa li. Timoun yo pral di l konsa :

Bondye kreye…(mete non timoun nan). Li fè…(mete non timoun nan) pòtrè ak li.

Vèsè sa pale de ou menm e ki jan Bondye te kreye ou. Li mèvèye ke Bondye, ki se Kreyatè tout latè, te kreye ou pou w sanble ak li! Ou ka pale avèk li—tankou yon zanmi. Bèt yo pa ka fè sa. Ou spesyal pou Bondye. Ou ka pran swen latè ke li te kreye a—tankou zanmi li. Bèt yo pa ka fès a. Ou spesyal pou Bondye. Ou ka di Bondye lè ou tris oubyen kè w fè w mal—tankou yon zanmi. Bèt yo pa ka fè sa. Ou spesyal pou Bondye.

Bondye te sitèlman renmen ou ke li te kreye ou, e pa gen anyen nan lavi ou ki pa enpòtan pou Bondye.

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun yo ap di yon lòt moun ke yo se kreyasyon spesyal Bondye a

Fè timoun yo chita nan yon won. Bay yo kreyon desen ak papye. Fè yo sonje ke Bondye te kreye chak moun spesyal pou il. Chak timoun dwe gade yon moun ki sou bò goch yo, e panse ak yon bagay ki spesyal nan timoun y ap gade a. Petèt timoun nan chante byen, oubyen li toujou pran swen ti frè li. Chak timoun dwe ekri yon fraz pou l di timoun a goch lan kisa ki spesyal nan li, e yo ka desinnen sa ki spesyal nan lòt timoun nan tou. Yo ka montre timoun ki a goch lan, e timoun ki a dwat lan ap montre li pa li.

Entegrite 1
Chapit 2

Senkyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm : Yon Kretyen ki gen entegrite onèt, li sensè, e li pa kowonpi. Yon Kretyen ki gen entegrite bay verite a.

Jodia timoun yo aprann kisa ki rele entegrite.

Jodia timoun deside ki jan y ap demontre entegrite nan lavi pa yo Semènn sa.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo fèy papye ak senk fraz ekri sou li (Wè Pati 3)
- Kreyon desen

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Leson sa soti nan yon kou ki rele Character Solutions International. Droit d'auteur © Character Solutions International. Tout dwa rezève. Revize pa David C Cook pou nou itilize avèk pèmisyon.

Yon ti nòt pou ou menm, pwofèse oubyen paran

Nan kat Semènn k ap vini yo, w ap ede timoun yo kiltive yon trè nan yo menm ki enpòtan anpil si y ap grandi kòm Kretyen, e viv byen nan sosyete a. Kalite oubyen trè ke n ap etidye mwa sa se entegrite.

Timoun ki sèlman aprann e develope talan yo pa p janm prèt pou yo mennen lavi yo etan ke granmoun. Lavi a mande plis ke konesans ak konpetans. Atlèt oblije respekte lòt atlèt oubyen yo mete yo deyò match la. Moun k ap fè biznis dwe onèt oubyen yo ka mete w nan prizon. Se konsa tou, li enpòtan pou timoun kiltive yon bon karaktè nan yon menm.

Jou sa yo, kote timoun nan ap etabli karaktè li enpòtan sitou pou timoun ki pa soti nan fwaye Kretyen kote yo wè moun ap mache ak Bondye. Anpil timoun oblije mennen vi yo daprè konpreyansyon pa yo, e yo oblije fè tout sa yo kapab pou yo jwenn sa yo bezwen pou tèt pa yo. Anpil fwa, sa mennen yo lwen yon karaktè ki pozitif. Men, si yo pa devlope bon karaktè, y ap andikape pou tout vi yo. Pou sa ki vin Kretyen, y ap toujou limite nan sa yo ka akonpli pou Bondye nan lavi yo, e yo pa p janm sèvi kòm modèl pou moun ki bezwen konnen Jezi.

Pou mwa sa, n ap gade yon sèl aspè nan karaktè yon moun. Menm jan si ti gout dlo ap tonbe sou yon wòch pou byen lontan, l ap fòme yon tou byen fon nan wòch la, se konsa tou, n ap priye ke karaktè timoun sa yo ka kiltive entegrite nan tout gout leson n ap lage sou yo. N ap priye pou ou pandan w ap lage ti gout sa yo nan jou k ap vini yo !

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Entegrite

Objektif: Timoun ap konprann ke moun ka gen entegrite nan lavi yo tout bon vre, menm nan sitiyasyon ki difisil oubyen danjere.

Fè timoun yo chita pandan w ap li tout nan sitiyasyon sa yo ki anba. Si istwa a fè timoun yo santi yo tris oubyen yo fache, yo dwe kanpe e rele «Sa pa bon!» byen fò. Aprè chak ti sitiyasyon, fè timoun yo chita ankò. Aktivite sa ap ede yo swiv istwa a pi byen.

- **Ann sipoze ke m ta di ou ke m renmen w, epi ou tande m ap di yon lòt moun ke m pa byen avè w menm. Kòman ou tap santi w?**
- **Ann sipoze ou tè wè m tap vòlè yon moso pen. Ki jan ou tap santi w?**
- **Ann sipoze ke m te di w m gen fanmi m ki se gwo chèf leta, epi ou vin konnen ke m te bay manti. Ki jan ou tap santi w?**
- **Ann sipoze m te konn di nou piga nou pran dwòg ki ka touye nou, lèfini nou kenbe mwen menm ap pran dwòg. Kòman ou tap santi w?**

Pale timoun yo de entegrite ak enfòmasyon sa yo.

Nan tout nan sitiyasyon sa yo, m tap moutre ou ke m pa gen entegrite. Entegrite se yon mo ki antre nan tout sa nou fè. Si nou gen entegrite, moun ka fè nou konfyans. Nou montre moun ke yo ka fè nou konfyans lè nou fè sa ki dwat e nou di sa ki vre. M pa tap fè bagay sa yo m sot di la yo paske m vle yon moun ki gen entegrite. M priye ke ou menm tou, ou ka gen entegrite.

Yon moun ki gen entegrite se yon moun:

- Ki onèt
- Ki konnen sa ki dwat e sa ki mal
- Ki sensè
- Ki pwòp nan kè li
- Ki jis nan tout sa li fè
- Ki pa demontre desepsyon nan aksyon li

Ki eseye, ak sipò Bondye, pou l viv konsa chak jou. Pa egzanp, li pa di yon moun yon bagay, epi di yon lòt moun yon lòt.

Yon sosyete ap vin fò lè dirijan peyi a mennen lavi yo ak entegrite. Yon moun ki pa konnen Bondye gendwa gen entegrite. Men Kretyen dwe bat pi fò pou yo mennen lavi yo ak entegrite. Nou dwe sèvi ak sipò Bondye ban nou. Nou pa sipoze fè e di sa ki dwat sèlman paske l ap fè nou viv pi byen. Kretyen sipoze fè e di sa ki dwat paske yo vle fè Bondye plezi e montre Bondye jan yo renmen li.

Entegrite! Ann kòmanse e n ap gade ki jan lè yon moun mennen lavi li ak entegrite, tout bagay chanje.

Istwa nan Bib la

Li Danyèl 6.1–28 pou tèt pa ou avan ou anseye leson sa.

Danyèl se te yon moun nan Bib la ki te gen anpil entegrite. Li te vle toujou fè sa ki dwat e sa ki vre. Pandan m ap pale ou de Danyèl, reflechi sou fason ke li te demontre entegrite nan lavi li.

Apepre 25 syèk avan, yon jennonm byen bèl e entèlijan ki te rele Danyèl te kidnape nan peyi kote li abite a, e yo te mennen li nan yon peyi byen lwen. Wa nouvo peyi a te chwazi Danyèl kòm yon sèvitè nan palè a, e pandan ane yo tap pase, wa a vin remake ki jan Danyèl te gen anpil sajès ak entegrite. Danyèl te vin yonn nan konseyè wa a e yon gouvènè ki te respekte anpil nan wayòm nan.

Anpil ane pita, yon lòt wa te vin pran peyi a, e anpil nan chèf wa sa a te vin aprann ke wa a te vle fè Danyèl chèf nan peyi a tou. Yo te jalou e te vin rayi Danyèl e te vle fè wa a rayi l tou. Men Danyèl te sitèlman gen entegrite e te toujou mache dwat ke moun yo pa t ka jwenn okenn fason pou yo demanti Danyèl.

Aprè sa yo vin sonje ke Danyèl te priye Bondye twa fwa pa jou. Yo te byen kontan pou yo vin fè yon vye plan mechan. An premye, yo te konvenk wa a pou l di ke tout moun ki vle priye pou mwa k ap vini an sipoze priye wa a sèlman, yo pa gendwa priye Bondye. Epi si yon moun priye Bondye, y ap voye l nan yon gwo tou plen lyon. Kon yo fin fè sa, yo kòmanse ap veye Danyèl lajounen kon lannwit pou yo ka kenbe l ap priye Bondye.

Danyèl te tris pou lwa wa a te vin pase, men li te renmen Bondye e te deside fè sa ki dwat. Li te gen entegrite. Li te ale lakay li, jan l te konn toujou fè, te ouvri fenèt kay li, e te priye Bondye. Lèdmi li yo te vin di wa a sa, e menm lè wa a te tris anpil, li te oblije lage Danyèl nan tou lyon an.

Men jou swa sa, Bondye te pwoteje Danyèl, e nan demen maten, yo te retire Danyèl nan tou lyon an, san l pa t blese, ni gen okenn mak sou li. Kounyeya se lòt chèf mechan yo ke wa vin fè voye nan tou lyon an, e la menm lyon yo te atake e touye yo. Wa a te byen kontan ke Danyèl pa t mouri, e te deklare ke tout moun nan peyi a dwe sèvi Bondye Danyèl la, vrè Bondye a. Entegrite Danyèl la te pote onè bay Bondye.

- **Ki jan ou panse istwa sa a tap diferan si Danyèl pa t gen entegrite ?**

2. Yon ilistrasyon Entegrite

Objektif: Timoun ap desinen pou yo montre kontras ant yon monn kote tout moun gen entegrite, e ou ka fè tout moun konfyans—ak yon monn kote pèsonn pa gen entegrite.

Bay chak timoun yon fèy papye ak enpe kreyon desen. Divize timoun yo an de gwoup. Mande mwatye timoun yo desinen yon monn kote tout moun gen entegrite e ou ka fè tout moun konfyans. Mande lòt gwoup la desinen yon monn kote pèsonn pa gen entegrite e ou pa ka fè pèsonn konfyans. Bay yo 5 minit pou yo desinen. Lè lè a fini, chwazi kèk timoun nan chak gwoup e fè yo montre sa yo te desinen e fè yo esplike kisa li vle di. Lèfini, ankouraje tout timoun yo gade fèy lòt timoun, e esplike omwen 3 lòt moun sa yo te desinen a.

3. Mennen Vi w ak Entegrite Semènn sa

Objektif: Timoun yo ap ankouraje mennen vi entegrite Semènn sa.

Avan klas la kòmanse, ekri 5 fraz sa yo sou yon gwo fèy papye oubyen yon tablo.

M AP DEMONTRE ENTEGRITE.

1. M ap bay verite a, ak jantiyès e sajès.

2. M ap fè sa ki dwat e m ap reziste lè lòt moun ap mete presyon sou mwen fè sa ki pa bon.

3. M ap ankouraje zanmi m viv ak entegrite.

4. M ap pran responsabilite pou aksyon pa mwen an.

5. M ap sensè, men m pa p bay okenn manti, ni kache verite a.

Fè timoun yo li fraz sa yo ansanm avèk ou.

Mande timoun yo chita. Di yo ke ou pral li lis la ankò. Si yo kwè ke Bondye vle yo viv ak entegrite e fè sa fraz la di, yo sipoze kanpe e leve men yo anlè. Aprè chak fraz, timoun ki te kanpe yo mèt chita. Fè sa pou toule senk fraz yo.

Pandan w ap fèmen leson an, di timoun yo sa Jezi te di sou entegrite.

Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavi ki bati sou yon mònn. Ni yo pa limen yon lanp pou mete l anba yon mamit. Men, yo mete l sou yon etajè, pou l klere pou tout moun ki nan kay la. Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la.
Matye 5.14–16

Jezi vle pou nou bay verite a, pou nou janti, e pou nou se moun ke lòt moun ka fè konfyans. E si nou se moun konsa, n ap gen entegrite. N ap pale plis lòt Semènn sou entegrite.

Entegrite 2
Chapit 2

Sizyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Ou ka fè yon moun ki gen entegrite konfyans.

Jodia timoun yo aprann sou sa ki rele entegrite.

Jodia timoun deside ki jan y ap demontre entegrite nan lavi pa yo Semènn sa.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Jounal ak liv jounal
- Kreyon desen
- Yon kòd long pou timoun yo ka rale

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Leson sa soti nan yon kou ki rele Character Solutions International. Droit d'auteur © Character Solutions International. Tout dwa rezève. Revize pa David C Cook pou nou itilize avèk pèmisyon.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Entegrite

Objektif: Timoun ap revize ki jan Zache te demontre entegrite e y ap vin konprann pi plis ak yon ti istwa yon chen.

Li Lik 19.1–10 pou w ka prepare leson sa a.

- **Ki moun ki sonje istwa yon nonm byen kout ki te rele Zache?**
  Chwazi yonn nan timoun yo vin devan pou l rakonte istwa a. Lè l fini, mande lòt elèv yo si sa ki te bay istwa a pa t bliye anyen.

- **Ki jan Zache te demontre ke l pa t gen okenn entegrite nan kòmansman istwa a?**

- **Kòman nou fè konnen si l te gen entegrite nan fen istwa a?**
- **Kisa ki te chanje Zache?**

Sonje byen—yon moun ki gen entegrite ap demontre ke lòt moun ka fè l konfyans paske li fè sa ki dwat e li pale verite. Pafwa li pi fasil pou w konprann trè sa yo si ou tande yon istwa de yo.

M pral rakonte ou yon istwa de yon kalite chen ke moun konnen paske se yon kalite chen moun ka fè konfyans. Kòm fin bay istwa a, m pral mande ou kisa ou te aprann de ki jan yon moun ye ke ou ka fè konfyans. Istwa sa a pa soti nan Bib la, men li gen kèk verite enpòtan ke nou ka aprann nan li.

Yon Istwa de yon Chen

Yon jou, nan ane 1890 yo, yon jenn sòlda tap veye yon bèje ki tap pran swen mouton li nan yon patiraj. Chen bèje a te jere ti mouton piti yo byen, men li te difisil pou chen yo gide e pouse gwo mouton yo. Sòlda a ki tap veye bèje a te renmen chen anpil. Li deside pou l elve yon ras chen ki ka jere ni gwo ni piti mouton yo. Chen sa sipoze yon chen ki pa tap fè mouton yo okenn mal.

Avèk anpil pasyans, sòlda sa itilize tout konesans li te genyen de syans ak jenetik pou l devlope yon chen, e li te vin rele ras chen an Bèje Alman. Chen spesyal sa yo entèlijan, yo vit, yo pwoteje mouton, yo renmen mèt yo, e se yon chen ou ka fè konfyans.

Pandan premye gè mondyal la, Bèje Alman sa yo te vin popilè anpil lè sòlda yo vin dekouvri jan yon moun ka konte sou chen sa yo e jan chen sa yo gen kouraj. Chen yo demontre anpil responsabilite nan chèche sòlda ki blese, nan pote mesaj, nan ede mete lin telefòn, nan veye e fè patwouy. Menm jodia, polisye di ke kalite chen Bèje Alman an itil yo anpil nan travay yo, e yo depann de chen sa yo anpil.

Menm jan ak tout chen, li fasil pou moun wè entansyon ak emosyon Bèje Alman. Yo pa eseye bay manti. Yo montre lè yo an pè, lè yo kontan, oubyen lè yo fache nan je yo ak ke yo. Menm ou menm ou ka wè si yon chen kontan oubyen fache.

Bèje Alman se chen ou ka fè konfyans e yo renmen fè zanmi ak moun. Yo janti ak timoun, menm jan yo janti ak mouton. Bèje Alman se gadyen tou, yo pwoteje timoun de moun yo pa menm konnen. Anpil fwa, moun ki bezwen yon chen siveye kay yo, oubyen yon moun ki avèg, ap chwazi yon Bèje Alman, paske ou ka fè l konfyans pou gwo travay sa.

- **Nan ki fason èske Bèje Alman demontre ke moun ka fè yo konfyans?**
- **Kisa ou aprann de konfyans nan istwa sa?**
- **Ki jan lemonn tap diferan si ou te ka fè moun konfyans menm jan ou ka fè chen sa yo konfyans?**
- **Kisa li vle di pou w fè yon moun konfyans?**

- **Bay kèk egzanp de moun ou fè konfyans chak jou. Pa egzanp, ou kwè ke pwofesè ap bay ou enfòmasyon ak leson ki vrè. Ou kwè ke w ap jwenn manje pou w manje aswè a.**
- **Nan ki fason èske moun fè w konfyans? Pa egzanp, pwofesè fè w konfyans e kwè ke w pap kopye ni triche nan devwa ni egzamen. Zanmi ou kwè e fè w konfyans ke ou pa p pran afè yo. Kisa ankò?**

2. Yon ilistrasyon Entegrite

Objektif: Timoun ap ilistre jan lemonn tap diferan si tout moun te gen entegrite, si w te ka fè tout moun konfyans.

Byen vit, blayi kèk jounal tout atè a nan sal la. Bay chak timoun yon kreyon desen. Bay timoun yo 5 ou 6 minit pou yo li gwo tit yo ak kèk fraz nan premye pati istwa yo. Yo dwe mete yon X sou nenpòt istwa ki demontre ke moun yo pa t gen entegrite. Nenpòt istwa kote moun yo bay manti, fè lòt moun mal, oubyen fè kèk move zak, mete yon X. (Si timoun yo pa li byen, fè yo gade foto so e mete X sou foto ki ilistre moun k ap fè sa ki pa bon oubyen k ap fè krim.)

Mande timoun yo:

- **Poukisa ou panse sitèlman gen anpil istwa nan jounal sa yo ki gen X sou yo?**
- **Se nou menm ki se nouvèl jenerasyon an! Yon jou se nou menm k ap nan jounal konsa, e se nou menm k ap ekri istwa pou jounal konsa. Eske ou panse jenerasyon pa w la ap fè pi byen ke granmoun jodia? Kisa ki ka chanje nou ?**

Mande timoun yo kanpe pandan w priye. Li priyè sa pou yo. Esplike yo ke nan fen priyè a, ou pral mande yo site kèk non vil oubyen peyi kote moun dwe plis mache ak entegrite nan non Bondye.

Senyè Jezi, Anpil moun nan lemonn jodia pa mennen lavi yo ak entegrite. Si yo te fè sa, lemonn tap diferan anpil. Nou priye jodia ke moun nan peyi nou an e nan tout latè va fè sa ki dwat e di sa ki vre. Nou priye pou moun nan vil ak peyi sa yo… (Timoun ap bay non vil ak peyi. Lè timoun yo fini, tèmine lapriyè…) Nou priye w konsa nan non Jezi, zmèn.

3. Viv ak Entegrite Semènn sa

Objektif: Timoun ap jwe yon jwèt ak yon kòd pou yo demontre jan bon e mal ap batay pou nanm nou.

Zanmi enpòtan anpil. Bon zanmi ankouraje nou fè sa ki dwat e di sa ki vre. Move zanmi ankouraje nou fè sa ki pa fè Bondye plezi—bagay tankou fè manti, fè tripòt, triche, e pran dwòg oubyen bwè alkowòl. Se tankou se ni bon e ni mal ap bat pou yo pran lavi nou. Sa ki bon ak sa ki move toulède ap rale nou pou yo wè kilès nan yo ki

ka enfliyanse nou plis. Si nou gen entegrite, n ap koute bon zanmi nou, e nou pa p okipe moun ki vle nou fè sa ki mal.

Annou ilistre sa ak yon jwèt. Yon bò ap reprezante bon, yon lòt bò a ap reprezante mal. Yon bò gen entegrite, lòt bò a pa gen entegrite. Ki moun k ap genyen?

Men ki jan jwèt la jwe. Divize timoun yo an 2 gwoup. Mete yon gwoup sou yon pwent kòd la, e lòt gwoup la nan lòt bò kòd la. Tout timoun dwe kenbe kòd la byen fò. Nan mitan kòd la, atè a, ekri yon lin ak lakrè. Lè ou rele, 'RALE!' tout timoun dwe rale kòd la nan bò kote yo ye a, pou yo bat pou yo fè lòt ekip la kwaze lin ki atè a. Lè yo rale moun nan lòt ekip la travèse lin nan, yo genyen.

Ou ka jwe plizyè fwa, sa depann de konbyen timoun ki nan klas la. Se 5 ou 6 timoun k ap ka jwe a la fwa. Aprè tout moun jwe, timoun yo dwe rele byen fò: «Koute bon zanmi! Pa koute move zanmi!»

Entegrite 3
Chapit 3

Setyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Granmoun ki Kretyen ka ede nou mennen vi plen entegrite.

Jodia timoun yo aprann sou sa ki rele entegrite.

Jodia timoun deside demontre entegrite nan lavi pa yo Semènn sa.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

• Yon fèy papye pou chak timoun, ak 7 kare desinen sou chak fèy

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Entegrite

Objektif: Timoun ap vin konprann enpòtans lòt moun nan lavi li, e ki jan moun sa yo ka ede li devni yon moun de entegrite.

Jodia, w ap kòmanse ak yon gwo mele nan klas la. Fè tout timoun yo kenbe men ak yonn lòt, epi di yo pa lage men. Yon timoun ap pase anba bra lòt timoun, epi tout timoun yo ap swiv. Pa lage men! Pase devan e dèyè anba bra lòt timoun yo pou w fè tout moun tòde ansanm. Lè tout moun mele anpil, chwazi yon lòt moun ki pou dirije timoun yo e bat pou l demele yo. Lè yo fini, fè yo chita.

Sa fè twa fwa ke nou pale de entegrite. Se yon mo ki difisil! Pou w mennen yon vi ki gen entegrite, ou dwe gen zanmi ki pou ede ou, sitou Kretyen ki ka ede montre ou sa ki dwat. Lavi a twò difisil pou w mennen lavi w san zanmi.

Montre timoun yo imaj pyebwa a ki nan gid sa a.

Kite m montre w jan zanmi enpòtan, e pou m esplike w sa, m ap pale w de yon

gwo pyebwa ki rele sekoya. Pye sekoya se pi gwo pyebwa ki genyen sou latè. Gen nan yo ki pi wo ke 100 mèt. Gen nan yo tou ki si laj, yon machin ka pase nan twònk lan. Chak ane ke sekoya sa yo grandi, li gen ti won anndan li ke fòme e ki vin pi laj. Pyebwa sa yo gen yon ekòs sou yo ki di e ki gen yon asid nan li ki pa pèmèt bèt manje l ni dife brile li.

Ou gendwa panse ke sekoya sa yo gen rasin ki ale fon! Si se pa sa, ki jan yon pyebwa plis ke 100 mèt de wotè tap ka kanpe? Men non, se pa vre. Pye sekoya pa gen rasin fon. Rezon ki fè sekoya sa yo kanpe wo menm lè rasin yo sipèfisyèl se paske branch yo al mele ak branch lòt sekoya. Branch yo mele, epi rasin yo mele ansanm tou, epi yo kanpe fèm paske yo tout ap kenbe yonn lòt anlè. Si se pa sa, premye ti van ki te genyen t ap koz yo tonbe.

Sekoya sa yo menm jan ak jwèt nou te jwe nan kòmansman klas la. Nou tap mare tèt nou ansanm menm jan pye sekoya mare tèt yo ansanm tou.

Moun ki vle devlope yon karaktè Kretyen k ap aprann plizyè leson nan pye sekoya a. An premye, moun ki gen bon karaktè kanpe dwat e kanpe fèm, e yo pa lage kò yo atè nenpòt lè malè rive yo.

Dezyèm, menm jan ak pye sekoya a, bon bagay ni move bagay ap rive nou menm jan ak won ki nan mitan pyebwa a ki laji epi ki bay li fòs. Gen nan won yo ki reprezante ke yon moun pran responsabilite pou l sa l fè a. Moun sa yo rekonèt ke se yo ki responsab motivasyon, atitid ak aksyon yo. Si yon moun gen bon karaktè, sa ap ede li reziste move enfliyans ak tantasyon ki ka fè yo mal.

Twazyèm, menm jan ak pye sekoya a, nou pi fò lè nou jwenn moun ki ka ede nou nan vwayaj lavi sa a. Nou mele rasin nou ak rasin moun ki demontre ke nou ka fè yo konfyans. Nou mele rasin ak moun ki fè sa ki dwat e ki di sa ki vre. Menm jan ak pye sekoya a, moun sa yo rann nou pi fò.

Fè timoun yo mele ankò jan yo te fè nan kòmansman an, men esplike timoun ke fwa sa a, y ap bat pou yo bati relasyon fò ak moun ki bò kote yo, ki ap ede yo devni granmoun ki gen entegrite. Di yo pou yo fè dènye mele sa san bri, e gade si yo ka fè li san pale.

LaBib la anseye nou yon ide konsa, men li sèvi ak lòt mo. Koute pandan m ap li.

Lè ou gen yon lòt moun avèk ou, li pi bon pase lè ou pou kont ou, paske ansanm nou bay pi bon rannman nan travay nou. Si yonn tonbe, lòt la va ba l men pou l leve. Men, malè pou moun k'ap viv pou kont li. Si l tonbe p'ap gen moun pou ba l men. Konsa tou, lè fè frèt, si yo kouche ansanm, yonn va chofe lòt. Men, si li pou kont li, ki jan pou l fè chofe kò l? Kote dezòm ka kenbe tèt ak yon mounk'ap atake yo, yon sèl p'ap kapab. Yon kòd trese an twa pa fasil pou kase.
Eklezyas 4.9–12

Tout bagay nan vèsè sa yo fasil pou moun konprann, esepte dènye fraz la: «Yon kòd trese an twa pa fasil pou kase.» Sa vle di lè twa ou kat moun travay ansanm, yo akonpli plis e yo gen plis fòs. Yon sèl ti fil ka kase fasil. Men lè ou mete anpil kòd ansanm, yo vin pi di pou moun kase.

Li vrèman mèvèye jan Bondye sèvi ak lòt moun pou l rann nou pi fò e pi onèt!

2. Yon ilistrasyon Entegrite

Objektif: Timoun ap aprann jan yon fab ka anseye nou de entegrite.

Ann pale de sa ki pase lè yon moun pa gen entegrite, lè yon moun fè manti e li pa gen bon jijman. Anpil ane pase, yon pwofesè byen granmoun te kòmanse ekri ti fab, ti istwa, pou l ede timoun konnen jan pou yo mennen lavi yo ak entegrite. Istwa m pral ba ou a se yonn nan istwa sa yo. Se pa yon istwa ki nan Bib la. Men lè m fin rakonte li, n ap pale sou li, e nou ka menm fè mim, tankou nou se karaktè istwa a. Sonje, istwa sa se pa yon bagay ki te pase vre. Se yon istwa ki rele yon fab, ki ekri pou ede timoun konprann yon leson enpòtan.

Yon Ti Gason Ki te Rele «Lou!»

Byen lontan, yon ti gason t ap veye mouton li yo nan yon plenn toupre yon forè nan pye yon monn. Ti gason an te santi li sèl, e li te vle yon moun vin pale avèk li pandan li tap travay la.

Yon jou, li panse ak yon fason pou l fè moun vin pale avèk li. Li tonbe kouri pre vilaj kote l te rete a, epi li rele byen fò, «LOU! MEN YON LOU!» Moun vilaj la pete kouri,

kite travay pa yo, pou yo vin ede ti gason an kouri dèyè lou a pou lou a pa manje mouton yo. Men pa t gen lou vre.

Ti gason dezonèt sa te byen kontan lè l wè repons moun vilaj la. Aprè kèk jou, li kouri nan vilaj la, li fè menm bagay la. Moun vilaj la vin kouri ede ti gason an ankò, men pa t gen lou vre.

Aprè kèk jou ankò, yon lou grangou te vini tout bon vre soti nan forè a e lou a wè mouton yo ki tap manje. Ti gason an te pè e li te kouri ale nan vilaj la ap rele, «LOU! MEN YON LOU!» pi fò ke l te konn rele. Men moun vilaj la yo te sonje ke ti gason an te gentan bay yo manti deja, e yo panse ke l tap fè manti ankò. Pèsonn pa vin ede li, e lou a plen vant li jou sa ak vyann mouton.

- **Ki bon kalite èske ti gason an te genyen?**
- **Ki bon kalite èske moun vilaj la te genyen?**
- **Kisa ou panse ti gason an te aprann nan eksperyans sa li fè a?**
- **Kisa ou panse pwofesè a ki rele Esop te vle anseye timoun ak istwa sa?**

Kounyeya fè timoun yo fè kòm si se yo menm ki nan istwa a. Chwazi yon timoun pou fè ti gason an, epi moun vilaj la, timoun ki pou fè mouton yo, ak yon moun ki pou fè lou a. Fè timoun yo jwe wòl tout pèsonaj yo e bay istwa a.

3. Viv ak Entegrite Semènn sa

Objektif: Timoun yo ap pran yon Semènn pou yo evalye entegrite yo.

Nan Bib la, gen yon istwa de yon nonm ki rele Jòb, ki te bat pou l viv nan yon fason pou l fè Bondye plezi. Bondye te wè sa nan Jòb. Tande kisa Bondye te di sou Jòb.

Pa gen tankou l sou tout latè. Se yon nonm san repwòch ki mache dwat nan tou sa l'ap fè. Li gen krentif pou Bondye, li toujou ap chache fè sa ki byen.
Jòb 2.3

Eske ou pa ta renmen Bondye di sa de ou—ke ou se yon timoun ki mache dwat e ki san repwòch? Li tap bon si Bondye te di ou se yon timoun ki gen entegrite!

Esplike timoun yo ke ou pral bay yo chak yon fèy papye. Sou papye a, gen 7 kare, e chak kare reprezante yon jou semenn nan.

Nan fen chak jou, mande tèt ou si ou mennen vi w jou sa yon fason pou fè Bondye

plezi. Sa vle di ke ou pa t fè anyen mal, tankou bay manti ni vòlè. Men li plis ke sa tou. Sa vle di ke ou pa t panse ak move bagay, e lè yon move lide antre nan tèt ou, ou pa kite tèt ou panse sou sa. Sa vle di ke ou pa t gen yon move atitid. Sa vle di ke nan tout sa ou te fè jou sa, ou te bat pou w viv yon fason pou fè Jezi plezi.

Si ou wè ou te fè sa byen, mete yon etwal nan kare jou sa. Si ou pa t viv ak entegrite jou sa, kite kare a vid. Lòt Semènn, retounen ak papye a, epi n ap gade konbyen nan kare ki gen etwal nan yo. N ap mete tout papye yo nan yon panye, epi n ap di Bondye mèsi ke li ka fè nou viv tankou li.

Esplike timoun yo ke ou pral fèmen klas la, e ou pral priye pou chak elèv avan yo ale. Ou mèt di yo fè silans, men yo mèt kite je yo ouvri pou yo wè lè w ap priye pou yo chak. Endike yon timoun e kòmanse priye pou li, e priye yon priyè konsa: «Senyè Jezi, m di w mèsi pou ___(entèl)_____ (di non timoun nan). M priye ke li va fè sa ki dwat e di sa ki vrè. Amèn.» Si gen anpil timoun, priye pou yo an gwoup de 3 ou 4. Ankouraje timoun yo priye pou tèt pa yo pandan w ap priye pou yo tou.



Entegrite 4
Chapit 2

Wityèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Bondye vle nou devlope entegrite.

Jodia timoun yo aprann sou sa ki rele entegrite.

Jodia timoun deside ki jan yo pral demontre entegrite nan lavi pa yo Semènn sa.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Papye pou chak timoun ka fè kare pou l pote avèk li Semènn sa
- 3 moso fil pou chak timoun (apepre 13 cm de longè)
- Si ou vle: yon ti bay piti pou timoun yo manje pou nou selebre

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Entegrite

Objektif: Pou revize Semènn pase, timoun yo ap rakonte fason ke yo te fè Bondye plezi nan Semènn ki sot pase a.

Semènn pase, m te bay chak moun yo fèy papye ak 7 kare sou li, yon kare pou chak jou Semènn nan. Nan fen chak jou, ou te sipoze mande tèt ou si ou te viv jounen sa yon fason pou fè Bondye plezi. Ou pa t sipoze evalye sèlman kisa ou te fè ak kisa ou pa t fè. Petèt ou pa t kopye nan lekòl, e petèt ou te li Bib ou. Men se pa sa w fè ak sa w pa fè ki se mache dwat devan Bondye. Li vle di tou ke lè yon move lide antre nan tèt ou, ou refize panse ak sa e panse ak yon lòt bagay pito. Li vle di ke ou pa t gen move atitid. Li vle di ke nan tout sa w te fè, ou te bat pou viv pou Jezi.

Pran tout papye yo nan men timoun yo e mete yo nan yon panye oubyen sachè. Mande

kèk nan timoun yo pou yo di w kèk nan sa yo te fè pou yo mache ak Bondye. Bay yo yon egzanp nan lavi pa w Semènn nan.

Aprè timoun yo fin pale, fè tout moun fè yon won otou panye a e di timoun yo lonje men yo sou panye a pandan ou pral priye a. Di Jezi mèsi pou siksè spirityèl timoun yo e pou ou menm tou. Priye ke chak timoun va grandi nan entegrite e nan fè sa ki dwat e di sa ki vre.

2. Yon Ilistrasyon Entegrite

Objektif: Timoun dwe asèpte enpòtans entegrite pandan yo jenn.

M vle w fè konesans ak yon moun yo rele 'Ab Onèt'

Jodia m pral rakonte w yon istwa ki te pase vre, men li pa nan Bib la. Se istwa yon nonm ki te abite byen lontan Ozetazini. Li gen anpil ane depi l mouri, men jouskisi, tout moun toujou konnen li paske li te onèt. Nonm sa te devni prezidan Etazini, men menm avan sa, moun nan zòn kote l te rete a te konnen l pou yon nonm ki te onèt. Lè l te premye kòmanse travay, li te travay nan yon magazen e te sèvi vwazen li yo ki te vin achte kafe, farin, twal ak lòt bagay pou fanmi yo.

Yon jou swa lè Lincoln tap fèmen magazen an e li tap konte lajan kès lan, li dekouvri ke l te manke bay yon kliyan monnen. Se te yon ti piti monnen, dam nan gendwa pa menm wè sa, e dam nan te rete apepre 5 kilomèt de magazen an. Si pou l ta pote monnen an pou dam nan, Abraham Lincoln tap oblije mache a pye nan fènwa distans sa. Men Abraham te demontre entegrite li e te pote lajan an pou fi a.

Yon lòt jou, yon kliyan vin achte te nan men Lincoln avan magazen an fèmen. Nan demen maten, Abraham remake ke li te mal peze te dam nan, e pa t ba li tout te li te peye a. Lamenm Abraham fèmen magazen an, li mezire bon kantite te a, epi pote rès la bay dam nan.

Tout moun te konnen li pou yon moun ki te gen entegrite, e li toujou fè sa ki dwat. Zanmi l ak vwazen vin tonbe ap rele l «Ab Onèt».

Pandan ane sa yo, te gen anpil esklav Ozetazini. Yo pa t ka reprezante peyi yo, yo pa t ka vote, ni yo pa t lib. Lincoln te konnen ke moun te maltrete anpil esklav Ozetazini, e anpil fwa moun te kriyèl anpil ak esklav yo.

Anpil moun nan peyi a pa t vle libere esklav yo, men Lincoln di ke moun ki maltrete esklav ap fè pecehe Lè l te vin prezidan Etazini, se li menm ki te mennen peyi a nan batay kont esklavaj. Li te reyisi libere esklav yo, men sa te koute Lincoln lavi li. Yon nonm ki te rayi Lincoln paske l te libere esklav yo te tire Lincoln yon jou swa.

Jouskisi, peyi Etazini toujou onore Lincoln, e yo mete vizaj li nan lajan monnen.

- **Si ou viv dwat e ak entegrite, kisa ou panse Bondye ap fè ak lavi ou?**

- **Ki laj ou panse «Ab Onèt» te ye lè l te kòmanse onèt e mache dwat?**
- **Eske ou panse ke pi fò granmoun ki onèt e ki gen entegrite te konsa lè yo te timoun? Kisa sa montre ou pou jan w ap mennen vi w kounyeya?**

3. Viv ak Entegrite Semènn sa

Objektif: Timoun yo ap revize sa yo aprann de entegrite e y ap selebre moman yo fè sa ki dwat e di sa ki vre.

Sa se katryèm leson nou sou entegrite. Li lè pou nou revize.

- **Revizyon: Ki jan moun ki gen entegrite aji? Kisa yo fè? Kisa yo pa fè? Ki jan entegrite afekte jan ou santi w oubyen jan ou panse?**
- **Revizyon: Kisa nou te aprann de entegrite nan Danyèl, nonm ki te priye Bondye, menm lè wa a te di piga moun priye Bondye ankò?**
- **Revizyon: Ki jan Zache te demontre entegrite—nan fen istwa li an?**
- **Revizyon: Ou ka fè yon moun ki gen entegrite konfyans. Kisa nou ka aprann de konfyans nan chen Bèje Alman yo?**
- **Revizyon: Li difisil pou yon moun gen entegrite. Kisa pye sekoya a aprann nou de fason nou ka viv ak entegrite?**
- **Revizyon: Daprè ou menm, ki leson enpòtan ou ka aprann nan lavi «Ab Onèt»?**

Kounyeya se lè pou nou selebre!

Bay chak timoun 3 moso fil. Esplike yo ke yo dwe pran fil yo, e al mare yo nan twa lòt timoun, nan men, nan bouton, nenpòt kote li ka mare. Pandan y ap mare fil la, yo dwe di, «Selebre! Bondye ap ede ou fè sa ki dwat e di sa ki vre!» (Timoun piti ka di senpleman «Selebre! Bondye ap ede ou!») Ankouraje timoun yo aji ak entegrite pandan y ap fè sa. Pa egzanp, si yo wè gen yon timoun ki poko gen fil menm, se pou yo ale kote timoun sa an premye!

Lè timoun yo fini, fè yo fè silans. Kenbe men ou sou yo pou w ka beni yo. Di menm fraz la ankò: «Selebre. Bondye ap ede ou fè sa ki dwat e di sa ki vre.»

Pwiske sa se fen chapit nou sou entegrite, konsidere bay timoun yo yon ti manje spesyal pou nou selebre.

Jezi an Premye: Chwazi Bon Zanmi Chapit 3

Nevyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: Swiv Jezi

Jodia timoun yo aprann ke yo sipoze evalye kisa zanmi yo ap di yo avan yo swiv yo je fèmen.

Jodia timoun deside ke y ap mande kisa k ap fè Jezi plezi, avan yo swiv sa zanmi yo di.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo fil oubyen kòd long
- Sirèt pou chak timoun

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap jwe yon jwèt k ap ilistre pou yo ke lè yon moun koute move zanmi, yo tonbe nan move chemen.

Chwazi yonn nan timoun yo, yonn nan pi gran yo. Chwazi yon moun k ap renmen aktivite a, men ki p ap pè. Voye l soti nan sal la kote li p ap tande kisa ou pral di lòt timoun yo. Aprè ou fin esplike lòt timoun yo aktivite a, al chèche sa ki deyò a, men mare yon mouchwa nan je li avan li antre sal la.

Pandan elèv la deyò a, mete yon fil oubyen kòd byen long atè a. Mete kèk ti koud ak kwen

nan kòd la pou l pa rete tou dwat—tankou yon wout oubyen yon chemen. Separe tout elèv yo nan 2 gwoup—yon gwoup sou yon bo kòd la, lòt gwoup la sou lòt bò kòd la.

Chwazi yon chèf nan chak gwoup ki pou dirije sa ki gen je l mare a. Se yo menm ki pou dirije li e ede l mache nan chemen kòd la, san l pa kite chemen an. Men, yonn nan chèf yo sipoze bay BON direksyon, lòt la sipoze bay MOVE direksyon (pou fè l pèdi). Timoun je mare a sipoze deside kilès pou l koute. Lòt timoun yo nan 2 gwoup yo ap ankouraje sa ki gen je mare a pou l swiv pwòp chèf pa yo.

Fè aktivite a pi enteresan toujou, e di timoun yo ke si timoun je mare a swiv direksyon gwoup pa yo, gwoup pa yo ap jwenn sirèt. Gwoup timoun je mare a pa obeyi p ap jwenn anyen.

Ankouraje timoun yo chofe elèv la e fè bri! Kite l chwazi ki moun l ap swiv, lèfini demare je li pou w wè kote li ye—si l pre oubyen lwen kòd la. Pale ak timoun yo sou sa ki pase a. Di yo ke yo tout te fè bon travay, epi bay tout timoun yo sirèt!

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap envestige fason yo ka konnen kisa Jezi vle yo fè.

Kesyon pou w diskite ak timoun yo:

- **Mande timoun ki te gen je mare a, ki jan ou te santi w lè w tap bat pou w deside ki moun pou w koute?**
- **Elèv ki tap bay direksyon yo, ki jan ou te santi w nan sa w tap di l fè a?**
- **Lè zanmi di w kisa pou w fè, ki jan pou w fè konnen si sa y ap di w fè bon ou mal?**

Pwofesè, bay yon egzanp nan lavi pa ou de yon lè ou te swiv yon move konsèy. Kisa ki te pase? Kòman ou fè pa kite sa rive w ankò?

- **Nou pa janm sipoze swiv moun k ap di nou fè yon bagay ki pou fè zanmi nou Jezi tris. Men ki jan pou nou fè konnen kisa k ap fè l tris?**

Timoun gendwa bay kèk repons tankou sa yo. Bay yo kèk ide nan lis sa ke yo pa di.

Bib la di nou jan Jezi vle pou nou mennen vi nou. Nou dwe li Bib nou pou nou ka konnen kisa li di.

Konsyans nou ap ede nou konnen kisa ki se peche. Koute konsyans ou—vwa ki anndan ou ki di w lè yon bagay pa bon. Sa se yonn nan fason ke Jezi pale ak zanmi li.

Mande yon moun ke w fè konfyans pou l bay ou konsèy, paske konsèy li bay ou avan te bon.

Priye sou desizyon an. Di Jezi ki chwa ki devan ou, epi rete an pè pou w tande vwa li. Anpil fwa, li ka mete ide nan tèt ou ke w pa t konnen. Sa se yon lòt fason ke li pale ak zanmi li.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap pratike fè chwa ki pou fè Jezi plezi.

Divize tout timoun yo an pè—chak 2 timoun ap travay ansanm. Esplike ke ou pral ba yo yon sitiyasyon kote yo dwe deside kisa pou yo fè. Yo dwe pale ant yo menm pou 2 minit pou yo pran yon desizyon. Lèfini, mande kèk nan gwoup yo kisa yo te deside fè.

Yon moun ki popilè pami zanmi w ofri ou yon kado ke ou konnen se vòlè li vòlè. Ou konnen ki si ou pran sa l ap ofri ou, moun nan ap byen avè w. Si ou pa asèpte kado a, l ap bay ou pwoblèm. Ki chwa w ap fè, e poukisa?

Ou gen zanmi ki renmen fè tripòt. Pafwa ou renmen koute. Pafwa tripòt lan se mo ki p ap fè anyen. Men, jou sa yo, ou wè ke tripòt y ap fè a se bagay ki pa vre, e ki ka fè moun mal anpil. Ou deside ke w ap di zanmi w ke sa y ap fè a pa bon. Deside ansanm nan gwoup nou kisa nou tap di. Sonje, ou pa vle fè zanmi ou mal, men ou vle esplike sa yon jan ki ka ede yo.

Ou gen zanmi ki pa pran tan pou yo etidye leson yo. Men ou renmen jwe avèk yo. Ou konnen ou sipoze etidye plis, pou w ka fè pi bon nòt, men ou tap byen sonje jwe ak zanmi w. Kisa ou deside fè? Ki jan desizyon sa ka chanje lavi w nan egzamen ou pral pase, oubyen nan 10 an?

Yon zanmi di w ke tout moun kopye nan egzamen. Li di w tout moun fè sa! Zanmi sa di ou ka kopye tou, sa p ap fè anyen. Men ou gen yon lòt zanmi ankò ki di w ke se pa tout moun ki kopye, e li di w se pou w fè travay pa w, menm si ou pa fè mwayènn. Kisa ou deside fè e poukisa?

Gen yon timoun ou konnen ke tout moun fawouche. Ou konnen ou pa sipoze fè sa, e ou deside w ap aji tankou Jezi, menm si lòt timoun yo fawouche w tou. Kisa ou ka fè pou w ede timoun sa yo fawouche a? Ki jan ou ka anpeche moun fawouche w tou?

Mande timoun yo ki tap travay ansanm yo pou yo priye ansanm. Esplike yo ke yo ka di yon bagay konsa: «Senyè Jezi, mèsi pou bon zanmi ou ban mwen ki ede m viv yon fason pou m fè ou plezi.»

Avan timoun yo ale, fè yo panse ak yon moun ke yo respekte e ki ka bay yo bon konsèy. Di yo pou yo remèsye moun sa a Semènn sa pou bon konsèy li ba yo. Anpil fwa nou bliye remèsye moun ki ede nou pran bon desizyon.

Jezi Konprann: Agrandi Amitye nou ak Lòt Moun Chapit 3

Dizyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: Jezi konprann tout sa n ap pase nan lavi nou.

Jodia timoun yo aprann apresye tout kalite relasyon yo gen ak moun e idantifye yon granmoun ke yo fè konfyans.

Jodia timoun deside pèmèt ni bon, ni move relasyon ak lòt moun ede yo grandi.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo fèy papye oubyen tablo
- Mache a
- Fotokopi chema ki nan fen leson sa—yonn pou chak timoun. (Si w pa gen yon fotokopyez, montre timoun yo chema a, epi fè yo kopye l sou yon fèy papye.)
- Kreyon
- Fèy papye pou chak timoun – pi gwo pi bon

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap panse ak moun ki nan lavi yo

Avan klas la kòmanse, fotokopye chema ki nan leson sa pou chak timoun. (Si w pa gen fotokopyez, bay timoun yo fèy papye. Montre yo fèy sa, epi fè yo ekri li sou papye yo a.) Bay yo chak kreyon. Esplike yo ke jodia nou pral panse ak relasyon ke nou genyen ak moun

nan lavi nou. Ap gen moun ki renmen nou e ke nou gen bon relasyon avèk yo. Ap gen lòt moun ankò ke nou konnen, men pa twò byen. Epi gen lòt moun tou ke nou gen relasyon avèk yo, men ki fè nou mal.

Chak moun dwe ekri non li nan mitan kat la. Lèfini, mete non lòt moun nan lòt kare yo. Non moun sa yo yo mete a sipoze moun ki jwe yon wòl nan lavi yo. Gen nan moun sa yo ke yo gen bon relasyon avèk yo. Gen lòt moun ki se moun yo konnen, men yo pa konnen yo anpil. Pa egzanp, yon machann yo konn achte nan men li. Yo gendwa konnen non machann nan, men yo pa konnen anyen de li. Oubyen, gen nan moun yo ki se moun yo gen move relasyon avèk yo, oubyen moun ki fè yo mal. (Si timoun yo di yo pa gen moun ki fè yo mal, fè yo chwazi yon senbòl pou reprezante moun sa yo.)

Yo gendwa ekri non manman, papa, frè, sè, vwazen, fanmi, matant, tonton, pwofesè, zanmi, etc.

Kounyeya mande timoun yo fè lin ant non pa yo ak won ki nan mitan paj la, epi lin ki soti nan won yo rive nan non pa yo. Kounyeya mande yo ekri twa lin, chak soti nan non pa yo rive nan non twa pi bon relasyon ke yo genyen. Lèfini, fè yo fè de lin, soti nan non pa yo, rive nan non moun ke yo pa konnen byen. Yon sèl lin ap reprezante relasyon ke yo genyen ki fè yo mal. Se pa tout moun k ap genyen touletwa kalite lin. Gen moun k ap genyen plizyè relasyon ak yon sèl lin, men yon sèl ki gen twa lin.

Gade sa timoun yo ap ekri, e fèt atansyon ak timoun ki gen plizyen relasyon ak yon sèl lin. Timoun sa yo ap di w ke yo konsidere plizyè relasyon ke yo genyen kòm relasyon ki fè yo mal.

Divize timoun yo an gwoup de twa timoun. Esplike ke ou pral gide konvèsasyon an, e nan ti gwoup twa moun yo an, yo sipoze pale sou papye yo e sa yo ekri a.



- **Pale yonn lòt de relasyon nan papye ou an ki gen twa lin.**
- **Pale yonn lòt de relasyon ou yo ki gen de lin.**
- **Nan lavi pèsonèl ou, èske Jezi se yonn nan relasyon 3-lin oubyen 2-lin pou ou?**
- **Ki jan ou panse relasyon ou genyen yo ki pa bon yo afekte jan ou panse de tèt pa ou.**
- **Eske ou kwè li posib pou w mennen vi w san relasyon 1-lin?**
- **Kisa relasyon 3-lin ou yo montre ou? Kisa relasyon 1-lin ou yo montre ou?**

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap reflechi sou relasyon yo genyen ak lòt moun.

Fè timoun yo rete nan gwoup de twa. Bay chak timoun yo nimewo—1, 2, oubyen 3. Ou pral li kèk ti sitiyasyon, e chak sitiyasyon ap bay timoun yo okazyon pou yo pratike jan yo dwe konpòte yo ak moun ki nan relasyon avèk yo. Timoun yo sipoze aji e pale jan yo panse moun nan sitiyasyon yo tap pale tout bon vre. Si w gen tan, aprè chak sitiyasyon, chwazi yon gwoup pase devan jwe wòl yo pou tout moun.

Sitiyasyon

Premye moun: Ou se matant oubyen tonton an

Dezyèm moun: Ou se yon timoun k ap viv ak matant oubyen tonton li

Twazyèm moun: Ou se yon timoun k ap viv ak matant oubyen tonton li

Dezyèm ak twazyèm moun yo pa byen ak yonn lòt. Yo gen yon relasyon 1-lin ak yonn lòt. Kòmanse ak 2 moun sa yo ap fè diskisyon. Premye moun nan antre e eseye fè lòt yo wè ke l ap pi bon pou yo si yo ka byen ak yonn lòt. Bat pou nou pale jan moun tap pale tout bon vre.

Sitiyasyon

Premye moun: Ou se yon timoun k ap viv ak yon moun nan fanmi w ki gen yon ti magazen. Ou sipoze travay nan magazen an pou mèt shòp lan ka peye lekòl pou ou. Ou pa renmen rete ak moun nan, menm lè ou konnen sa ede paran ou ki nan nesesite.

Dezyèm moun: Ou se manman oubyen papa timoun nan ki vin wè li.

Twazyèm moun: Ou se matant oubyen tonton timoun nan ki vin wè li tou.

Premye moun nan vle pou paran l mennen l lakay li, men paran li (dezyèm moun nan) esplike poukisa sa enposib. Premye ak dezyèm moun yo nève ak yonn lòt. Twazyèm moun nan antre nan konvèsasyon an pou l ede yo tande sa lòt la ap di.

Sitiyasyon

Premye moun: Ou se yon timoun lekòl

Dezyèm moun: Ou se yon zanmi Premye ak Twazyèm moun yo.

Twazyèm moun: Ou se yon timoun ki lekòl ansanm ak de premye moun yo.

Premye moun nan pran yon kaye ki te pou twazyèm moun nan, e li chire li.

Twazyèm moun nan tris e li fache. Kaye a te gen anpil leson ladan l, e kounyeya li gate. Dezyèm moun nan vini pou l ede premye moun nan konnen jan sa l te fè a pa bon. Dezyèm moun nan tou bat pou l rekonfòte twazyèm moun nan.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap aprann bay tout relasyon yo valè—menm relasyon 1-lin yo pou sa Bondye ka montre yo nan yo chak.

Chanje jan timoun yo ap chita. Fè yo chita ak yon bon zanmi oubyen ak frè/sè yo pou yo ka priye sou sijè sa yo:

- **Kisa Bib la di sou jan nou dwe trete yonn lòt? (Matye 22.37–39)**
- **Kisa nou ka aprann de sitiyasyon sa yo nou sot tande yo pou fason nou dwe aji ak yonn lòt?**
- **Ki responsabilite nou genyen anvè moun ki se zanmi 3-lin oubyen 2-lin?**



Bay chak timoun yon fèy papye. Fè timoun yo mete anpil lin nan papye a—yon desen ki fèt ak yon lin, 2 lin, oubyen 3 lin. Lin yo mèt kwaze yonn lòt. Timoun mèt desinen nan mitan lin yo. Nou vle pou yo fè yon bèl desen.

Pandan timoun yo ap desinen, di yo:

Nan lavi nou, nou gen zanmi, moun nou konnen, epi moun ki fè nou mal. Jezi vle pou nou aprann viv byen ak yo tout.

Li fasil pou nou viv byen ak zanmi nou. Yo gentan renmen nou. Yo mete jwa nan lavi nou e yo fè nou kontan. Anpil fwa yo priye pou nou, e yo ban nou konsèy sou jan nou dwe viv e jan pou nou swiv Jezi.

Moun nou konnen yo enpòtan tou. Petèt nou genyen yonn ou de bon zanmi nan lavi nou, men pral gen anpil moun ke nou konnen, menm si nou pa bon zanmi avèk yo. Moun sa yo tou ka montre nou anpil leson sou jan nou ka viv pou Jezi, e jan pou nou reyisi nan sa n ap fè. Nou ka gade lavi yo e aprann anpil leson sou jan nou ta renmen viv, e jan nou pa ta renmen viv tou.

Moun ki fè nou mal ka ede nou tou. Yo ban nou okazyon pou nou viv pou Jezi, menm lè li pa fasil. Yo ede nou pratike viv ak moun ak kè kalm, menm lè moun sa yo fè nou fache. Yo montre nou egzaminen jan n ap aji e kisa n ap di, pou nou pa devni move moun tankou yo.

Fèmen klas la, e chak lè w ap priye pou yonn nan gwoup moun yo, leve 1, 2, oubyen 3 dwat, e priye konsa.

Senyè Jezi,

Yon dwat! Ede chak timoun viv yon fason pou l pa gen rayisans nan li menm, menm lè li bò kote moun ki move oubyen ki maltrete li.

De dwat! Mete anpil moun nan lavi timoun sa yo ki renmen ou menm. Se yon bèl okazyon pou nou gade lavi moun pou nou konnen jan pou nou viv e jan pou nou renmen ou menm.

Twa dwat! Nou di w mèsi, Papa nou ki nan syèl, pou tout bon zanmi ou mete nan lavi nou. Nou priye ke chak timoun ki la va genyen omwen yon moun spesyal nan lavi li ki renmen li e pran swen li.

Nou renmen ou, Senyè. Ou se Pi Bon Zanmi nou pou tout tan.

Nou priye w nan non Jezi, amèn.



Zanmi pou Tout Tan Chapit 3

Onzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: Jezi ap pi bon zanmi ou pou tout tan!

Jodia timoun yo aprann ke Jezi vle pi bon zanmi yo pou rès lavi yo.

Jodia timoun deside si yo prè pou yo envite Jezi antre nan lavi yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo fèy papye oubyen tablo
- Kreyon desen
- Plim plizyè koulè

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun Istwa nan Bib la: Lik 19.1–10

Objektif: Timoun yo ap pran egzanp sou Jezi lè yo wè jan li te vin byen ak yon moun ke lòt moun pa t renmen.

Istwa Bib la : Jezi rankontre Zache

Zache sanble pa t gen anpil zanmi menm lè li te rich. E si l pa t gen zanmi, li te santi l sèl anpil. Moun te konn rele Zache yon pechè. Sa te fè l mal. Pa gen moun ki vle yo di l «Pechè» menm si se vre!

Poukisa moun pa t renmen Zache? Paske li te yon pèseptè kontribisyon; sa vle di se li menm ki te al pran lajan nan men pèp la pou yo remèt leta. Moun Jeriko te rayi pèseptè kontribisyon yo paske moun sa yo se Jwif yo te ye, men yo te pran lajan lòt Jwif pou yo remèt leta Women. E tout moun kwè ke pèseptè kontribisyon yo

te toujou pran plis lajan ke yo te sipoze pran, yo bay leta moso, yo mete rès la nan pòch yo. Sa se koripsyon, e se konsa Zache te vin rich.

Jezi te vin nan vil Zache a. Li tap pase, men gen yon bagay ki rive ki fè l rete—li te rankontre Zache. Lavi Zache kòm pechè tap pral chanje.

Nou pa konnen kòman Zache fè tande de Jezi. Petèt tout moun tap pale de li—jan li te janti, jan li te yon bon zanmi pou moun ki malere oubyen malad, jan li te anseye de Bondye e te di ke Bondye se papa li. Zache pa t vle pèdi chans wè Jezi, men sa te vin yon gwo pwoblèm pou Zache. Zache te yon nonm byen kout. Nan foul moun ki te antoure Jezi yo, li pa tap janm ka wè Jezi. Se poutèt sa, li fè yon bagay ke granmoun pa konn fè souvan. Li kouri pran devan foul moun ki te ak Jezi yo, li pase devan yo, epi li monte yon pyebwa. Epi lè Jezi te pase anba pyebwa a, li tap ka wè li.

Plan sa te mache pi byen menm ke Zache te panse. Jezi vin anba pyebwa a kote Zache te ye a, e Jezi gade anlè, gade Zache. O, Zache te sezi, e li te gendwa pè tou piti. Jezi gade Zache, li di: «Zache, desann la. M pral lakay ou jodia.»

Mezanmi! Kisa w panse Zache te panse de sa? Lamenm, li desann pyebwa a, li pale ak Jezi. Li gendwa di yon bagay konsa: «O, Jezi, ou mèt vini lakay mwen. Ou mèt dòmi lakay mwen. M ap fè manje pou ou.» Zache te kontan wè Jezi fas-a-fas, e petèt si Jezi te vin lakay li, yo tap zanmi!

Bon, lòt moun ki te la yo pa t renmen sa. Yo panse Jezi pa t konnen si Zache te pèseptè kontribisyon. Moun yo di ke Zache pa t yon moun pou Jezi zanmi avè l.

Men Jezi te konnen kisa l tap fè. Bib la pa di nou kisa Jezi te di Zache. Men aprè Jezi te pale avèk li, Zache te vle chanje lavi li pou l fè Jezi kontan. Li te renmen Jezi anpil. Zache te di Jezi: «Men sa m ap fè byen vit. M ap bay malere yo mwatye nan lajan mwen. Si m pran twòp lajan nan men moun, m ap remèt moun yo 4 fwa sa m te pran.»

Jezi te di Zache: «Jodia, peche w padonnen. Sali antre kay sa.» Jezi te vin sou latè pou l chache moun ki pèdi yo, paske yo p at konnen Bondye. Li te vin sove yo nan peche yo, e vin zanmi avèk yo pou tout tan.

Se sèl istwa sa a Bib la genyen de Zache, men se yon bèl istwa vre! Li te rankontre Jezi, e Jezi te janti avèk li. Jezi chanje lavi Zache a lamenm. Lè nou rankontre Jezi e nou vin byen avèk li, lavi nou ka chanje tou, e sa se yon bagay mèvèye!

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun yo vin konprann ke Jezi vle zanmi yo tou.

Ankouraje timoun yo pale de istwa a.

- **Kisa w te pi renmen nan istwa sa?**

- **Poukisa ou panse istwa sa nan Bib la?**
- **Kisa ou twouve nan istwa sa ki enpòtan pou ou jodia?**
- **Eske ou janm santi w sèl paske ou pa t gen yon zanmi? Ki jan ou te santi w lè w te vin gen yon bon zanmi?**

Jezi te vle zanmi ak Zache, e kite m di w yon bagay! Jezi vle zanmi avè w tou!

Jezi vle zanmi avè w, e li vle sove w nan peche w. Ala koze! Jezi, ki se Bondye, vle se li ki pi bon zanmi ou pou tout tan!

Men yon bèl bagay ke Jezi te di Zache nan Lik 19.10. «Moun Bondye voye nan lachè a vin chache sa ki te pèdi pou l delivre yo.» Se Jezi ke Bondye te voye nan lachè a. Ou ka mete vèsè sa nan mo pa ou, epi di «Jezi te vin chache mwen menm pou l zanmi avèk mwen.»

Ankouraje timoun yo ekri ni vèsè a, ni vèsè a nan mo pa yo sou yon fèy papye, epi li vèsè a chak jou Semènn sa. Ankouraje yo aprann li pa kè pou lòt Semènn.

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun yo ap deside si y ap asèpte amitye Jezi, e plan li pou l sove yo.

Nan devan liv sa gen seksyon «Eske ou Vle Swiv Jezi?» ak «Ki Jan pou m Mande Jezi Retire Peche m.» Li tap bon anpil si w te ka fotokopye sa yo pou timoun yo ka ale lakay yo avèk yo. Kounyeya nou pral fè yon lòt revizyon sou ki jan nou ka mande Jezi vin zanmi nou pou tout tan.

Gen nan nou ki gendwa vle mande Jezi vin zanmi nou pou tout tan. Kite m esplike w jan pou w fè sa.

Bondye renmen nou, men li rayi peche nou, menm jan Jezi te renmen Zache, men li pa t renmen peche l. Bib la di nou ke tout moun fè peche e dezobeyi Bondye (Women 3.23). Fèmen je w, epi mande tèt ou, «Nan kisa nan lavi m èske m fè peche kont Bondye?»

Bib la di nou ke peche nou separe nou de Bondye (Women 6.23). Men Bondye ban nou yon fason pou nou byen avèk li ankò. Nou tout bezwen padon Bondye. Eske ou vle konnen ou ka padonnen tou e vin zanmi ak Bondye?

Pa lontan aprè Jezi te rankontre Zache, Jezi te mouri sou yon kwa pou l pran pinisyon peche nou yo (Jan 3.16). Se li menm sèl ki te ka fè sa paske li pa t gen peche pa li ki te mande pini. Li te san defo e san peche. Paske Jezi mouri pou peche nou, Bondye padonnen peche nou.

Jezi pa t rete mouri. Bib la di nou ke l te leve nan lanmò e li vivan jodia. Sa vle di nou ka pale avèk li kounyeya menm. Si ou kwè ke Jezi te mouri sou kwa a pou l pran

pinisyon peche ou, e ke li te leve vivan nan lanmò (Women 10.9–10), nou ka mande Bondye padonnen nou, e l ap fè sa (Kolosyen 1.13–14). Nou ka zanmi ak Bondye pou tout tan nèt.

Kon nou mande Jezi padonnen nou, li retire tout peche nou yo. Jezi sove nou anba pinisyon peche nou an. Lè nou fè Jezi konfyans kòm Sovè nou, nou fè pati nan fanmi Bondye pou tout tan (1 Jan 5.11–12). Paske nou fè pati nan fanmi Bondye, nou dwe mennen vi nou yon fason ki fè l plezi. Si nou vrèman renmen Jezi, nou dwe viv yon jan ki fè l plezi. Ou sonje jan Zache te chanje ?

Si gen yon timoun ki endike ke li vle pale oubyen priye avèk ou, tann klas la fini pou w pran yon ti tan konseye li e priye avè l. Pale avè l e mande l si li vrèman konprann sa sa vle di pou l asèpte Jezi kòm Sovè e Senyè li.

Aprè yon timoun asèpte Kris, ou ka di yon bagay konsa: «Sa se yon bèl moman! Kounyeya ou padonnen e ou fè pati nan fanmi Bondye (Jan 1.12), e ou ka di lòt moun ki desizyon ou pran. Ki moun ou ta renmen di ke w pran desizyon pou w swiv Jezi e zanmi l pou tout tan?»

Fèmen leson an jodia, e ankouraje timoun yo ki te ede w kanpe, epi fè tout moun di, «Mwen kontan ke Jezi se Sovè m e Zanmi m pou tout tan.»

Apresye Kreyasyon Bondye a Chapit 3

Douzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: Bondye kreye yon monn ki bèl e ki itil

Jodia timoun yo aprann ke se Bondye ki kreye tout bagay.

Jodia timoun deside ki jan yo ka demontre apresyasyon yo pou kreyasyon Bondye e aprann sa yo ka fè pou yo pran swen li.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- 3 fèy papye koulè pou chak timoun—chak timoun ap gen yon fèy ble, yon fèy jònn, yon fèy vè. (Si w pa gen papye koulè, sèvi ak papye blan, e mete yon lin ble sou yonn, yon lin vè sou yonn, yon lin jònn sou yonn.) Chak timoun ap bezwen 3 papye ak chak koulè.
- Kreyon oubyen kreyon desen
- Sirèt pou chak timoun

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun pral desinen jan yo apresye sa Bondye kreye yo.

Fè timoun yo chita nan yon won. Bay chak timoun 3 fèy papye—yon fèy jònn, yon fèy ble, ak yon fèy vè. Bay timoun yo kreyon oubyen kreyon desen. Lèfini, mande timoun yo:

- **Kisa ki genyen nan lemonn ke Bondye P AT fè?**
  Timoun gendwa di kèk objè ki pwodwi, men fè yo panse ak materyèl ki nan objè a,

e mande yo si se pa Bondye ki fe li. Yo dwe konprann ke se Bondye ki fè tout bagay, menm premye moun ki se zansèt nou yo.

Esplike ke sou fèy jònn nan, yo sipoze desinen yon moun ke yo renmen anpil. Sou fèy ble a, yo sipoze desinen yon fwi oubyen legim ke yo renmen manje anpil. Epi sou fèy vè a, yo sipoze desinen yon bèt ke yo ta renmen fè foto li oubyen jwe avèk li.

Lè pi fò nan timoun yo fini, kanpe nan mitan timoun yo. Esplike ke ou pral rele kèk timoun, e ou pral di swa, «Moun,» oubyen «Bèt,» oubyen «Manje.» Timoun nan ke w endike a sipoze kanpe e montre fèy ke w te di a (moun, bèt oubyen manje a), e di gwoup la poukisa li chwazi sa ki nan fèy pa li a. Chak timoun dwe kòmanse ak «Bondye fè…» Pa egzanp, si yon timoun chwazi diri kòm manje li renmen manje a, li gendwa di, «Bondye fè diri. M renmen diri, e m ta renmen manje l chak jou!» Oubyen si yon timoun chwazi lyon, li ka di, «Bondye fè lyon. M pa ta renmen ale twò pre li, men si m te gen yon kamera, m tap fè foto lyon an pou m sere.»

Kite chak elèv montre omwen yonn nan fèy li yo. Si pa gen anpil timoun, kite tout timoun yo montre toule twa fèy yo.

Fèmen pati sa e poze yo menm kesyon ou te poze yo nan kòmansman an. Sonje, pa gen anyen ki fèt ki pa soti nan Bondye.

- **Kisa ki genyen nan lemonn ke Bondye P AT fè?**

Timoun yo pral di «Anyen!»

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun yo pral fè yon aktivite ki rele «M ap panse ak…»

Esplike yo aktivite a. Timoun yo ap rete nan won an. Ou menm pwofesè a pral kanpe nan mita won an, e se ou k ap kòmanse. W ap panse ak yon bagay nan tèt ou ke Bondye fè. Ou p ap di timoun yo kisa li ye, men w ap bay yo ti enfòmasyon pou w wè si yo ka devine kisa li ye. Ak chak ti enfòmasyon, w ap di «M ap panse ak yon bagay ke Bondye fè…» Timoun yo ap leve men yo si yo panse yo konn kisa li ye. Si yo pa konnen, kontinye bay yo lòt ti enfòmasyon, e chwazi yon timoun ki leve men li. Fè sa jouskaske yon moun devine bon repons lan, epi kounyeya se timoun ki bay bon repons la ki pral fè l kounyeya.

Men yon egzanp de ki jan aktivite a fèt. Si, pa egzanp, ou chwazi sandal pou mo timoun yo dwe devine a, ou ka bay kèk ti enfòmasyon konsa:

- M ap panse ak yon bagay ke Bondye fè ke moun mete.
- M ap panse ak yon bagay ke Bondye fè ki sal lè moun mete li.
- M ap panse ak yon bagay ke Bondye fè ki fèt an kwi oubyen plastik.
- M ap panse ak yon bagay ke Bondye fè ke moun mache sou li.

San dout, la, yon timoun pral di «soulye» oubyen «sandal.» Kounyeya bay yo timoun fè l tou. Lè aktivite a fini, bay chak timoun yo sirèt paske yo te jwe byen.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap deside jan yo vle pran swen bagay ke Bondye fè yo kounyeya e lè yo vin pi gran tou.

Separe timoun yo nan gwoup 2 ou plis. Esplike ke yo pral deside an gwoup si yo vle pale de bèt, manje oubyen moun. Kounyeya fè gwoup ki vle pale de bèt leve men, aprè fè gwoup ki vle pale de bèt leve men, aprè fè gwoup ki vle pale de moun leve men. (Si anpil gwoup chwazi menm bagay la, mande kèk nan yo chwazi yon lòt.)

Esplike ke chak gwoup pral deside sou yon fason ke Bondye vle yo pran swen sa yo te chwazi a. Ankouraje yo panse ak lanati ak anviwònman an. Sa yo deside a dwe yon bagay ke timoun nan laj yo ka fè vre. Fè yo panse ak yon bagay ke Bondye te gendwa mande yo fè pou yo pran swen swa bèt, moun oubyen manje. (Pa bliye pati ki pou granmoun nan aktivite sa. Ou vle fè timoun yo imajine ki jan lavi yo pral ye lè yo pi gran, ak yon avni kote yo ede lòt moun e tout sa Bondye kreye a.)

Bay yo egzanp sa.

Pa egzanp, si gwoup ou ap pale de moun, ou gendwa di ke yonn nan fason Bondye vle pou moun ede yon timoun se ede l ak devwa li genyen. Lè w granmoun, yon fason ou ka ede moun se travay nan yon lopital pou timoun, e ede timoun ki blese e ki pè.

Fè timoun yo panse ak kèk bagay yo ka fè pou yo pran swen kreyasyon Bondye jodia, men lè yo vin pi gran tou.

Fèmen ak priyè sa:

Papa Bondye, ou se yon Gran Kreyatè, e nou remèsye ou pou…

Kite timoun yo di sa Bondye kreye yo ke yo vle di mèsi pou yo a. Lè timoun yo fini, di **«Nou priye w konsa nan non Jezi, Amèn.»**

Pwojè «Onore Latè Bondye Fè a» Chapit 3

Trèzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: Bondye kreye yon monn ki bèl e ki itil

Jodia timoun yo aprann travay ansanm nan yon pwojè pou pran swen kreyasyon Bondye.

Jodia timoun deside ke onore kreyasyon Bondye se yon bon bagay.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Pwojè ke w chwazi a ap detèmine ki materyèl w ap bezwen.
- Si w gen yon kamera, ou ka fè foto timoun yo, epi montre legliz la travay ke timoun yo akonpli.
- Si nesesè, ou ka mande lòt granmoun akonpanye ou pou ede ou ak timoun yo nan pwojè a.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Jodia se yon jou spesyal. Leson sa pa gen menm modèl ak lòt leson yo. Jodia, w ap òganize timoun yo nan plizyè ekip pou nou prepare nou pou nou fè yo travay k ap pran swen bèl monn sa Bondye kreye a. Pwojè konsa pa janm fasil, e ak timoun, nenpòt bagay ka rive!

Pandan w ap pare leson an:

Priye pou pwojè nou pral akonpli a.

Mande pèmisyon davans pou nou konplete pwojè a.

Sanble tout materyèl ke w ap bezwen pou w fè travay la.

Ou menm granmoun ap dirije tout timoun yo, men ou gendwa chwazi kèk nan pi gran timoun yo pou dirije ekip timoun piti.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap revize poukisa nou pral travay nan pwojè sa.

Revize leson nan kreyasyon an ki soti nan Bib la pou semenn sa. Ou gendwa li istwa a nan Bib la pou timoun yo ankò. Ou vle yo konprann ke tout sa ki genyen se Bondye ki kreye yo, e Bondye te di ke yo te bon anpil. Li te mete moun pran swen monn sa li kreye a. Men, jodia, anpil moun pa koute Bondye. Yo sal latè, e yo gate anpil nan bèlte monn sa Bondye kreye a. Jodia nou pral fè pati nan yon pwojè k ap montre Bondye ke nou vle pran swen monn sa li kreye a, e nou vle fè li bèl ankò.

Men kèk ide pou pwojè ke w ka fè:

Ide: Aprè mande pèmisyon, òganize timoun yo pou yo plante flè. Bay yo tout zouti ak grenn flè ke y ap bezwen pou plante.

Ide: Fè timoun yo ramase fatra nan zòn legliz la oubyen katye a.

Ide: Oganize timoun yo fè ti travay pou yon granmoun ki pa kapab ankò.

Ide: Pi bon ide ki genyen se ide pa ou, paske se li k ap pi byen mache ak sikonstans ou.

Mande plizyè timoun priye ke pwojè sa ap bon, e ke l ap onore Bondye, sèl Kreyatè a.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun yo ap patisipe nan pwojè a.

Esplike timoun yo klèman ki travay yo pral fè. Bay yo nenpòt lòd ki nesesè pou w esplike kisa yo ka fè, e kisa yo pa sipoze fè. Si w ap sèvi ak pi gran timoun yo pou ede pi piti yo, esplike tout timoun yo sa tou. Esplike timoun yo tou kisa yo sipoze fè si yon bagay mal pase.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun yo pral pale sou ki jan pwojè a te pase, e ki jan yo te santi yo.

Pran 10 minit pou nou revize lè pwojè a fini. Sanble timoun yo ansanm e poze yo kesyon konsa:

- **Kisa w te pi renmen nan pwojè a e poukisa?**
- **Eske ou santi ke tout timoun yo te travay byen ansanm?**
- **Gen moun ki gendwa panse li pa bon pou w fè timoun travay pou pran swen latè. Yo panse ke se granmoun ki pou pran swen timoun, e timoun pa sipoze responsab bagay konsa. Kisa w panse de sa?**
- **Si tout moun te pran yon ti tan chak Semènn pou yo fè yon ti travay pou pran swen latè a, ki jan lemonn tap diferan?**
- **Lè w granmoun, ki gwo pwojè ou ta renmen ede fè pou w ka ede kreyasyon Bondye vin bèl ankò?**

Pou w fèmen, fè timoun yo konplete priyè sa:

Papa nou ki nan syèl la, m ta renmen di w mèsi pou yon bèl bagay ke w kreye ki se… Nou priye w konsa nan non Jezi, amèn.

Dezyèm Ka

ESPWA POU AYITI

MISYON HANDS AND FEET PROJECT

Dezyèm Ka ane a

Yon pwogram leson en Kreyòl pou timoun a risk

Kisa w ap anseye dezyèm ka ane a

Konsantre sou pawòl Bondye a Chapit 4	Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen Chapit 5	Konsantre sou relasyon ak lòt moun Chapit 6
Trayi e Abandone *Premye Semènn*	Konviksyon 1 *Senkyèm Semènn*	JDoulè ak Lanmò *Nevyèm Semènn*
Aksyon Gen Konsekans *Dezyèm Semènn*	Konviksyon 2 *Sizyèm Semènn*	Lapènn *Dizyèm Semènn*
Bondye Konnen *Twazyèm Semènn*	Konviksyon 3 *Setyèm Semènn*	Lè yon Moun Touyè Tèt pa li *Onzyèm Semènn*
Aba Kolè *Katryèm Semènn*	Konviksyon 4 *Wityèm Semènn*	Lavi Aprè Lanmò *Douzyèm Semènn*
		Jan pou w Metrize Krentif *Trèzyèm Semènn*

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Trayi e Abandone
Chapit 4

Premye Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Jezi konprann tout sa ki rive nou nan lavi sa.

Jodia timoun yo aprann ke lè yon moun trayi yo, yo ka reponn menm jan Jezi te fè.

Jodia timoun deside bay Jezi tout tristès trayizon yo.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la Matye 26.47–56, Mark 14.43–50, Lik 22.47–53, Jan 18.1–12. Pou w prepare leson sa, w ap vle li tout istwa arestasyon Jezi, jijman ak lanmò li: Mak 14.32—15.41.

Objektif: Timoun ap aprann ki jan Jezi te reponn lè l te trayi e abandone.

Rakonte oubyen li istwa sa pou timoun yo. Li long, men li enpòtan anpil. Revize ide ki genyen nan kòmansman liv sa pou jan ou ka rakonte istwa byen.

Lè Jezi te anseye moun de Jezi, gwo foul moun te konn vin tande li. Menm lè anpil moun te renmen tande kisa Jezi tap anseye, li te gen lèdmi ki pa t renmen li menm. Lèdmi sa yo se te dirijan relijyez nan jou sa. Yo te jalou paske anpil moun te renmen Jezi. Yo te di, «Tout moun ap koute sa Jezi ap anseye, e yo p ap koute sa n ap anseye ankò.» E yo deside touye Jezi. Plizyè fwa, yo eseye touye li, men Bondye te konnen li pa t ankò lè pou Jezi mouri. E Jezi te echape san l pa t blese.

Pafwa Jezi te kritike lidè sa yo paske, menm lè yo te di yo renmen Bondye, yo pa t aji tankou moun ki renmen Bondye. Lè Jezi kritike yo, yo vin pi fache ankò. Yo tap

mande, «Ki jan pou nou fè fini ak moun sa? Nou konnen nou pa ka pran l lajounen pou tout moun wè. Pèp la pa tap kite nou fè sa.» Yo tap chache konnen kote yo te ka pran Jezi nan lannwit. Yo te konnen ke si tout foul moun yo pa t la, yo tap gen chans pran Jezi.

Yo te panse, «Fò nou chache yon moun ki konnen Jezi byen ki ka di nou ki bò Jezi ap ye lannwit.»

Te gen yon moun konsa—yonn nan disip Jezi yo—yon nonm ki te rele Jida. Jida te ale bò kote lidè relijyez yo e te di yo, «Si nou banm lajan, m ap di nou ki kote Jezi ap ye lannwit.»

Yo te kontan anpil e yo te ba li anpil lajan pou enfòmasyon an. Jida te dekouvri ke Jezi tap pral priye jou swa sa nan yon jaden ki rele Jetsemani, deyò vil Jerizalèm nan. Se konsa, Jida ale an sekrè kote lidè yo, li di yo, «Jezi pral Jetsemani aswè a. Si w vle, w ap ka kenbe li la.»

Chèf prèt yo pran kèk moun mechan e di yo, «Al arete nonm sa, Jezi, e mennen l vin kote nou.» E Jida te mennen moun yo ale nan jaden an. Yon moun ki te rete ak Jezi pandan twazan vin vire do li sou Jezi e ap mennen lèdmi Jezi yo vin arete li!

Lè sòlda yo te rive nan jaden an ak baton yo, Jezi te la, ajenou nan lapriyè. Men li te gentan konnen kisa ki ta pral pase. Papa li Bondye te gentan montre li ke li tap pral mouri pou tout moun ki te peche pa tap oblije mouri. Jezi te prèt pou l mouri pou ke tout moun, tankou nou menm, ki fè peche, pa tap pini. Pinisyon an se separasyon de Bondye pou tout tan.

Jezi te prèt pou l fè sa Papa li Bondye te vle. Lè nonm yo pran li pou mennen li ale, Jezi pa t batay avèk yo, men li kite yo pran li.

Lè nonm yo rive kote prèt yo ak Jezi, chèf prèt yo te konnen yo pa t ka touye Jezi, paske lwa Women an nan peyi a te di ke Jwif pa gendwa egzekite moun. Sa se yon bagay sèl Women yo te ka fè. Jwif yo tap oblije mennen Jezi ale kote Pilat, gouvènè Women an, epi di Pilat ke Jezi te fè kèk krim. Se konsa, yo mennen Jezi kote Pilat. Paske yo pa t ka jwenn anyen mal ke Jezi fè, yo vin peye moun bay manti sou Jezi.

Men lè Pilat tande moun sa yo ki tap bay manti yo, epi li gade Jezi, li wè ke Jezi pa t fè okenn efò pou l defann tèt li. Pilat di, «M pa wè ki krim nonm sa komèt. Li pa merite lanmò.» Men, lè Pilat wè ke chèf prèt yo vin byen fache lè li di sa, li bay pèmisyon pou yo bat Jezi. Nan li menm, Pilat di, «Si m fè bat li, chèf prèt yo ap kontan, epi y ap kite sa.»

Yo pran Jezi pou yo ale bat li, men chèf prèt yo di ke sa pa t ase. Yo te sitèlman rayi Jezi ke yo te vle touye li.

Pilat pa t konn sa pou l fè. Nan li menm, li di, «Nonm sa pa komèt okenn krim.»

Kounyeya Pilat vin gen yon ide. Se te sezon ane a lè tout Jwif yo te selebre Pak, ki te

yon gwo fèt pou yo chak ane. E pou selebre Pak la, Pilat, gouvènè a, te konn libere yon prizyone chak Pak. Ane sa, li deside pou l kite pèp la chwazi ki prizonye yo vle li libere pou yo. Li sanble moun yo ansanm e li vin mete 2 prizyone devan yo. Yonn se te Jezi ; lòt la se te Barabas.

Barabas se te yon kriminèl ki te touye anpil moun. Pilat di nan li menm, «Barabas sitèlman mechan, moun yo pa p janm dakò libere Barabas, men se Jezi y ap vle lage.» Bon, se sa Pilat te kwè.

Men lè chèf prèt yo tande sa Pilat tap fè, yo vin mete kèk jenn moun frekan vin chofe pèp la kont Jezi. Yo di pou Pilat lage Barabas e touye Jezi. Pèp la rele, «Lage Barabas! Touye Jezi! Touye Jezi!» Pilat te sezi paske li pa t atann sa.

Moun yo kontinye rele, «Touye Jezi! Krisifye li, krisifye li!» Pilat te pè ke moun yo tap pral fè manifestasyon, e menm kon li pa t vle, li dakò pou yo touye Jezi.

Men devan pèp la, li lave men li. Li di, «San nonm sa pa nan men m. M pa kwè li merite mouri.»

Tout moun yo di, «Wi, n ap pran fot lan pou lanmò li.» Se konsa Pilat di pou yo touye Jezi.

Lamenm yo mennen Jezi deyò Jerizalèm sou yon ti monn ki te rele Kalvè. Anlè ti monn nan, sòlda yo krisifye Jezi sou yon kwa. Yo klouwe klou nan men ak pye li. Li tap pral pandye la sou kwa a jouskaske li mouri.

Sa se istwa a pou jodia. Men sonje, istwa a poko fini—sa se pa fen istwa Jezi a.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun asèpte ke Jezi konprann lè yo santi yo trayi ou abandone, paske Jezi te santi l konsa tou.

Ankouraje timoun yo pale de istwa a.

- **Kisa nan istwa a ou panse ki te plis fè Jezi mal?**
- **Ki jan ou panse li te santi l lè yo te trayi li?**
- **Ki jan ou tap santi w anvè chèf prèt yo? E anvè Jida?**
- **Eske ou janm santi yon moun trayi ou? Ki jan ou te santi w? Ki jan ou te reyaji?**
- **Ki jan nou fè konnen ke Jezi konprann jan nou santi n lè nou trayi ou abandone?**
- **Istwa sa se yon vrè istwa ki te pase vre, men m pa t di w ki jan istwa a fini. Eske gen yon moun ki konnen jan istwa a fini?**

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap mande Jezi ede yo lè yo santi yon moun trayi yo.

Gen nan nou ki santi yon moun trayi oubyen abandone nou. Sa nòmal. Men si w kite tristès sa anvayi lavi ou, l ap detwi nanm ou. Ki jan pou w fè retire tristès la? Ou dwe mande Jezi ede ou. Ou gentan konnen ke li konprann. Menm bagay la te pase Jezi tou. Epi men kèk bagay ou ka fè tou:

1. Pale ak Jezi nan mo pa ou. Di li ke yon moun ou konnen te trayi ou (papa w, manman w, frè, sè, tonton, matant ou, zanmi w, yon pwofesè).

2. Di Jezi ki jan trayizon an fè ou mal chak fwa ou panse ak sa.

3. Mande Jezi retire tristès ke w genyen chak fwa ou panse ak trayizon an. Oubyen mande Jezi ede ou sipòte tristès la pou li ka glorifye tèt pa li nan tristès sa.

4. Remèsye Jezi paske li avèk ou e ka ede w pa panse ak trayizon an. Nenpòt lè ou kòmanse panse de jan moun nan te trayi ou, di nan kè w, «M konnen Jezi renmen m e li pap janm abandone mwen.» Kontinye di sa jouskaske tristès la kòmanse pase.

Fèmen leson an e fè timoun yo vole anlè pi wo ke posib senk fwa. Chak fwa yo vole, fè yo rele, «JEZI RENMEN M!»

Aksyon Gen Konsekans Chapit 4

Dezyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Aksyon gen konsekans.

Jodia timoun yo aprann ke Bondye di ke tout peche pa bon.

Jodia timoun deside kanpe e reflechi sou konsekans lan avan yo fè peche.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon gwo kantite papye, yon kreyon (Wè Pati 1)
- Ekri Jòb 5.17 souyon tablo oubyen yon gwo fèy papye avan klas la
- Papye koulè, si w genyen. Ou ka sèvi ak papye blan tou (Wè Pati 3)
- Kreyon ak kreyon desen
- Sizo
- Bib

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 2.15–17, 3.1–24

Objektif: Timoun ap demontre ke aksyon gen konsekans.

Pou w kòmanse, mande yon timoun vin kenbe yon pil papye anlè. Di timoun nan lage tout papye a pou w wè kisa k ap genyen. Wi, l ap tonbe atè a. Kounyeya mande yon timoun pran yon liv (pa pran Bib la), kenbe li, epi lage li. Sa k pase? Li tonbe atè a. Fè sa ak yon kreyon. L ap tonbe tou. Montre timoun yo ke nenpòt sa ou lage ap tonbe atè a. Di timoun yo ke konsekans lage yon bagay se bagay la ap tonbe. Defini konsekans pou timoun yo. Ede timoun yo konprann ke konsekans vle di yon rezilta natirèl k ap genyen aprè yon aksyon. Lè w kenbe yon bagay epi ou lage li, l ap tonbe. Lè w al lage kò w nan lanmè, w ap mouye. Si w lage yon ze atè, l ap kraze. Si w voye yon boul anlè a, l ap desann. Tout bagay

sa yo se konsekans yon aksyon. Aksyon ke nou te pran ak papye epi ak kreyon an tout gen konsekans. Yo te tonbe. Gen yon lòt bagay ki toujou gen konsekans—se peche.

Separe timoun yo an gwoup de 3 timoun oubyen plis. Li timoun yo ti istwa sa yo. Nan chak istwa, gen yon timoun ki fè yon bagay li pa dwe fè. Mande timoun yo diskite nan gwoup yo ki konsekans ki pral genyen aprè aksyon timoun nan. Aprè timoun yo fin diskite e pale, rele yon gwoup vin di tout moun kisa yo te deside.

Istwa 1

Gen de fwa m fawouche timoun ki pi piti ke mwen, oubyen m bay yo kou. M pa gen kè kontan, e m santi m mye si m fè yon lòt moun kriye. Lotre jou a yo kenbe m ap bat yon tifi ki pi piti ke mwen, pou anyen. M di granmoun nan ki kenbe m nan eskize, men sanble eskize a pa t sifi.

- **Ki konsekans ki ka genyen pou toulède timoun yo nan istwa sa?**

Istwa 2

M te vin fache anpil ak yonn nan medam yo ki travay nan lekòl mwen an. Li pa janm souri, e li toujou fè kòm si li pa vle vin travay. M di li kisa m panse de li, e m di kèk betiz. M te byen frekan, e lè m gade, m wè dlo nan je madanm nan.

- **Ki konsekans ki ka genyen pou timoun nan ak pou madanm nan?**

Istwa 3

M dezobeyi kèk règleman ki genyen nan lekòl mwen, e yo te di m ke pwochenn fwa m dezobeyi, pral gen konsekans. M te dezobeyi ankò paske m te panse yo pa tap kenbe m, men yo kenbe m.

- **Ki konsekans ki ka genyen pou timoun sa?**
- **Panse ak yon lè ke w te fè yon bagay ke w te konnen pa t bon, ke w te konnen ou pa t dwe fè. Ki konsekans ki te genyen?**
  Ou menm, pwofesè, ou ka bay yon egzanp nan lavi pa ou.

Nenpòt lè nou fè yon chwa, gen yon konsekans. Si nou fè bon chwa, nòmalman gen bon konsekans. Si nou chwazi fè sa ki mal, gen move konsekans. Nan istwa Bib nou an, nou wè ke Adan ak Ev te fè yon move chwa, e te gen move konsekans tou.

ISTWA NAN BIB LA: KONSEKANS POU ADAN AK EV

Li tout Jenèz 3 dirèkteman nan Bib la pou timoun yo. Li chapit la ak ekspresyon. Fè istwa a enteresan pou timoun yo. Lèfini, poze yo kesyon sa yo:

- **Kisa Adan ak Ev te fè ki pa t bon?**
  Yo te manje nan pye konesans sa ki bon ak sa ki pa bon menm aprè Bondye te di yo pa fè sa.

- **Ki jan ou panse Adan ak Ev te santi yo aprè yo te dezobeyi Bondye?**
- **Ki moun ki te chwazi an premye pou yo manje fwi pyebwa konesans sa ki bon ak sa ki mal?**
  Se te Adan ak Ev ki te fè chwa sa, se pa sèpan an.

- **Ki konsekans ki te genyen lè yo te dezobeyi Bondye?**
- **Eske ou panse Bondye te toujou renmen Adan ak Ev, menm lè li te oblije voye yo soti nan jaden an?**

Istwa a an Foto

W ap fè timoun yo bay istwa a ti moso pa ti moso. Chwazi twa elèv—yonn pou Adan, yonn pou Ev, yonn pou sèpan an—e fè timoun yo jwe wòl moun nan e ilistre pati pa yo nan istwa a. Nan yon moman k ap ilistre pati pa yo a, fè timoun nan kanpe fiks nan pozisyon li, tankou si se yon moun ki te fè foto li ap jwe wòl la. Pa egzanp, nan kòmansman an pou Ev, «foto» a ka montre Ev k ap lonje men pou l pran fwi ak sèpan an k ap gade. Fè pou touletwa pèsonaj yo.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun ap aprann verite ke Bondye korije yo paske li renmen yo.

Bondye te korije Adan ak Ev. Li di yo ke yo te gen tò lè yo dezobeyi li, e li ba yo disiplin. Men, men sa ki bèl nan Bondye! Menm lè li fè nou konnen nou fè yon bagay mal, e menm lè li ban nou disiplin, se pa paske li rayi nou! Okontrè! Li fè sa paske li renmen nou. Li konnen ke n ap pi kontan e n ap mennen pi bon lavi si nou fè sa ki dwat olye de sa ki pa bon. Pinisyon li an dwe fè nou sonje, «M vle nou fè sa ki dwat. Pwochenn fwa ou tante pou w fè sa ki mal, sonje disiplin mwen e jan ou te santi w mal paske ou te dezobeyi m. Disiplin sa dwe fè ou sonje ke w pa sipoze fè bagay mal sa ankò. Pa janm janm bliye ke m renmen ou. Ou se pitit gason m ak pitit fi m.»

- **Kisa w panse ki rive timoun ki ka fè nenpòt sa yo vle e pa janm gen okenn konsekans?**
- **Poukisa bon paran bay pitit yo disiplin?**
- **Poukisa ou panse Bon Paran nou, Bondye, pafwa ban nou disiplin?**
- **Ki jan relasyon nou ak Bondye tap ye si li pa t janm ban nou disiplin lè nou fè peche e sa ki mal?**

Vèsè pou Timoun yo Aprann pa Kè

Ekri vèsè sa yon tablo oubyen yon gwo fèy papye avan klas.

Ala bon sa bon pou yon moun lè Bondye ap korije li!
Lè Bondye ki gen tout pouvwa a ap pini ou, pa pran sa an jwèt!
Job 5.17

Esplike ke lè yon moun *pran yon bagay an jwèt,* yo rayi li e yo pa bay li enpòtans. Lè Bondye ap *korije* yon moun, sa vle di ke Bondye ap anseye nou obeyi lwa li e viv nan jan li vle a.

Mande timoun ki pi gran yo pou yo mete vèsè a nan mo pa yo—mo senp ke menm timoun piti yo ka konprann. Yon timoun ka di yon bagay konsa: «Bondye korije moun paske li renmen nou. M dwe kontan lè li korije m paske li montre m ke li renmen m. Li vle m grandi pou m fè sa ki dwat.»

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap panse ak yon fason yo ka kanpe e reflechi sou konsekans lè yo tante fè peche (fè sa ki mal e kont lwa Bondye).

- **Di kèk bagay yon timoun ka fè pou l dezobeyi Bondye?**
- **Ki konsekans ki genyen lè moun fè sa ki mal, lè yo fè peche?**
  Moun gendwa oblije pini yo. Timoun gendwa santi yo mal paske yo fè sa k pa bon. Yo gendwa pa ka dòmi byen aswè.

- **Eske se lè nou fè sa ki mal sèlman ke nou fè Bondye tris? Eske gen lòt fason pou nou fè Bondye tris?**
  Wi, gen lòt fason. Pafwa nou gendwa gen move lide nan tèt nou, e pa gen moun ki konnen, sèl nou menm. Men Bondye konnen kisa ki nan tèt nou. Nou gendwa pa ka anpeche yon move lide antre nan tèt nou, men lè li antre, nou dwe priye e mande Jezi ede nou panse ak yon lòt bagay.

Bay timoun yo papye koulè, kreyon, kreyon desen ak sizo. (Si w pa gen papye koulè, ba yo papye blan.) Esplike timoun yo ke yo pral fè yon nòt oubyen yon plaka ki pou fè yo sonje ki jan Jezi vle pou yo viv. Papye a dwe gen yon mesaj ladan l ki pou fè yo sonje ke yo pa vle fè anyen ki pou fè Bondye tris. Yo pa vle fè anyen k ap koz yo gen konsekans peche nan lavi yo.

Bay timoun yo kèk ide de sa yo gendwa desinen: 1) Yon etwal epi ekri sou li, «M vle fè Jezi plezi Semènn sa.» 2) Yon flèch, epi ekri sou flèch la, «M ap eseye fè Bondye souri, paske m montre li amou mwen tout Semènn nan.» Ankouraje timoun yo vini ak ide pa yo. Lè yo

fini, ankouraje yo montre klas la kisa yo ekri. Si l posib, mete papye timoun yo sou pòt la oubyen sou miray la padan 2 Semènn pou timoun yo ka wè yo.

Ann mande Jezi Semènn sa ede nou sonje ke fè peche pa bon e toujou gen konsekans.

Pran kèk minit nan lapriyè e fè timoun yo priye ke Bondye ap fè yo sonje kanpe avan yo fè sa ki mal.

Bondye Konnen
Chapit 4

Twazyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye konnen lè nou fè peche e l ap toujou padonnen nou.

Jodia timoun yo aprann ke Bondye renmen tout moun, menm moun ki gentan fè timoun yo mal. Se Bondye ki ka pini moun pou mal yo fè a, se pa travay moun sa.

Jodia timoun deside si y ap swiv egzanp Bondye e padonnen lòt moun.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

• Pa gen yonn

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 4

Objektif: Timoun ap aprann ke Bondye ka renmen moun menm lè yo fè sa ki mal e fè peche.

M pral poze ou kèk kesyon difisil, men m pa vle ou reponn. M vle w panse ak repons ou nan tèt ou sèlman. Pou w ka fè sa byen, m ta renmen w fèmen je w pou w koute m. Aprè chak kesyon, m ap fè yon ti poze pou w ka reflechi sou sa m di a.

- **Eske gen yon moun ki vrèman fè ou kèk mal? Petèt yon moun fè w yon move bagay.**
- **Si w te ka pini moun nan ki te fè w mal la, ki pinisyon ou tap bay li?**
- **Si m te di w ou oblije padonnen moun sa si w vle viv tankou Jezi, kisa w tap fè?**
- **Gen nan nou ki vrèman rayi moun ki fè nou mal la. Kisa rayisans sa fè anndan ou menm? Ki jan li fè w santi w?**

Fè timoun yo ouvri je yo, epi di yo:

Pou yon moun yon Kretyen, se pa yon bagay fasil. M konnen kèk nan nou gen kèk bagay mal ki rive nou nan lavi nou. Gen yon moun ki gendwa fè nou kèk mal, e pafwa yon moun blese ou yon jan ke tout moun ka wè, oubyen petèt se anndan kè ou ki blese. Si ou se yon moun yon lòt moun blese, istwa Bib sa m pral bay la se pou ou. Se istwa premye fwa yon moun touye yon lòt moun nan Bib la. Kriminèl la ki touye yon moun se te yonn nan pitit gason Adan ak Ev. Ou konn ki moun li touye? Frè li! Sa se istwa kisa Bondye te fè kriminèl la aprè li fin touye frè li. Kite m bay ou istwa a.

ISTWA NAN BIB LA: KI JAN BONDYE TE SANTI L ANVÈ MOUN KI TOUYE FRÈ LI A

Kayen frape pyebwa a. Li te fache pou sa ki te rive jou sa. «Sa pa jis!,» Kayen panse nan kè li. «Bondye te sipoze asèpte ofrann mwen!»

Kayen ak frè li Abèl te konnen yo te sipoze ofri pi bon ofrann yo genyen pou Bondye. Yon ofrann vle di yo vle bay Bondye yon bagay enpòtan. Kayen te konn okipe jaden fanmi li. Jou sa, li te pran nan rekòlt jaden an e te pote yo al fè ofrann li. Abèl te konn okipe mouton fanmi li. Pou ofrann pa li, li te chwazi pi bèl mouton ki te genyen nan pak la.

Lèfini, ni Kayen ni Abèl te bay Bondye ofrann yo. Bondye pa t renmen ofrann Kayen an, men li te renmen pa Abèl la. Kayen vin bon jan fache. Li te konnen ke Abèl te gen konfyans nan Bondye, men menm sa fè Kayen pi fache. Li sanble ke se Abèl ki toujou fè sa ki dwat. Kayen kontinye vin pi fache ak frè li.

Bondye te konnen kisa Kayen tap panse. Bondye di li, «Kayen, poukisa ou fache konsa? Si w fè sa ki dwat, m ap asèpte ofrann ou. Men si ou kontinye rete fache konsa, se peche w ap fè.»

Li dirèkteman nan Bib la sa Bondye te di a.

Si sa ou te fè a te byen, ou pa ta rive nan sitirasyon sa a.
Men, paske ou fè sa ki mal, peche kouche nan papòt ou.
L'ap tann konsa lè pou l pran tèt ou.
Men, ou menm, se pou ou kenbe tèt ak li.
Jenèz 4.7

Men Kayen refize admèt ke li te gen tò. Li pa mande Bondye padonnen li. Olye de sa, li fè yon plan. Li mande Abèl ale andeyò an avèk li. E la, Kayen touye Abèl. Lamenm, Kayen tande yon vwa. Li gade toutotou li. Pa t gen moun avèk li. Men se te vwa Bondye!

«Kote Abèl?» Bondye mande li.

«Kòman m fè konnen?» Kayen reponn byen fache. «Se pa mwen yo mete veye frè m, non!»

«Gade kisa ou fè!» Bondye di Kayen. «San frè ou ap rele m sou chan kote ou touye li a.»

Men Kayen refize admèt ke sa li fè a pa t bon. Bondye te oblije pini Kayen pou mal li fè a. Koute ki pinisyon Bondye te bay Kayen. Se te yon pinisyon terib.

Li disiplin Bondye a dirèkteman ann Bib la.

Lè w'a travay latè, li p'ap ba ou sa l te dwe ba ou.
W'ap tounen yon vakabon k'ap plede mache toupatou
sou latè san rete.
Jenèz 4.12

«Non!» Kayen rele byen fò lè l tande pinisyon li. «M pa ka sipòte pinisyon an! W ap mete m deyò peyi a, e m pa p ka nan prezans ou ankò. M ap yon vakabon ki pa gen kay, e nenpòt moun ki jwenn mwen ap touye m. Pinisyon an twò di pou mwen.»

Bondye te bay Kayen yon pinisyon byen sevè. Kayen te fè yon bagay terib. Li te premye moun ki janm touye yon lòt moun. Men Bondye te toujou renmen Kayen. Menm ak tout vye bagay li te fè, Bondye te toujou renmen li. Se konsa Bondye mete yon mak sou Kayen ki pou pwoteje li. LaBib pa di nou ki jan de mak li te ye, men tout moun ki te wè mak la te konnen ke Kayen te anba pinisyon e pwoteksyon Bondye.

Kayen te fè peche. Li pa t janm admèt peche li, ni mande Bondye padonnen li. Menm lè Bondye te renmen li e te pwoteje li, Kayen pa t mennen yon vi kontan.

Diskite kesyon sa yo ak klas la. Pèmèt plizyè timoun reponn si w gen tan.

- **Kòman Bondye te fè konnen ke Kayen fè peche?**
  Bondye konnen e wè tout bagay, moun pa oblije di l anyen.

- **Eske Kayen echape san okenn pinisyon pou peche li?**
- **Ki jan ou fè konnen daprè istwa a ke Bondye te toujou renmen Kayen?**
  Bondye te bay Kayen chans pou l admèt peche li e mande Bondye padonnen li. E Bondye te mete yon mak sou Kayen ki pou anpeche lòt moun fè li mal. Amou Bondye a pa janm chanje, menm lè nou fè peche. Menm lè Kayen te fè peche, Bondye te renmen li e te kontinye pran swen li. Men sonje ke Bondye te pini li byen sevè pou peche li a.

- **Ki jan istwa sa te ka fini byen?**
  Bondye konnen tout peche ke nou fè. Kayen te ka mande Bondye padonnen li lè Bondye te premye pale avèk li e mande li pou Abèl. Kayen te sipoze admèt peche ke l te fè a. Sa te ka chanje lavi li nèt. Nou pa konnen kisa Bondye tap fè si Kayen te admèt peche li, men nou konnen ke si nou konfese Bondye peche nou yo, l ap padonnen nou si nou vrèman regrèt sa nou fè a. Li ede nou vin byen avèk li ankò.

2. Poukisa Istwa sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun ap konsidere ki repons yo tap bay pou kesyon an: «Si Bondye ka padonnen, èske m kapab tou?»

Sonje lè nou te kòmanse jodia, ou te panse ak kèk moun ki te fè ou mal. Gen kèk mal moun fè nou ki piti, e genyen ki gwo anpil. Bondye konnen tout sa ki pase ou, e li tris e li menm fache ak moun nan ki fè ou sa. L ap pini moun nan nan lè pa li, e nan fason pa li. Nou gendwa vle Bondye mete dife byen cho sou tèt moun nan, men se pa konsa Bondye travay. Konsidere Kayen, Bondye te pini li. Men Bondye te demontre Kayen amou tou paske li pa t kite okenn moun touye li. Bondye vle pou tout moun admèt peche yo, mande padon, e mache dwat devan li. Bondye bay chak moun dwa pou l chwazi. Yo ka repanti e swiv li, oubyen yo ka kontinye peche kont li.

Gen yon bèl vèsè nan Bib la ki di nou ke nou dwe kite Bondye pini moun ki fè ou mal. Li soti nan liv 1 Samyèl.

Paske Senyè a se yon Bondye ki konnen tout bagay.
Li jije tou sa moun ap fè.
1 Samyèl 2.3

Mande plizyè timoun mete vèsè a nan mo pa yo, pou w asire ke yo konprann vèsè a byen. Yo gendwa di yon bagay konsa: «Senyè Bondye konnen tout sa moun fè—ni bon ni mal—e l ap deside si sa y ap fè a pote li glwa oubyen si yo dwe pini paske yo peche kont li.»

- **Kisa li vle di lè m di: «Moun ki rayi moun ki fè yo mal fè tèt yo plis mal ke moun nan ki te blese yo.»?**

Kèk nan timoun yo gendwa di kèk bagay konsa. Ou ka ajoute sou sa yo di a.

Lè nou fache ak moun ki fè nou mal, nou pèdi anpil tan ap panse ak mal yo fè nou e jan nou ta renmen pini moun nan. Lè lespri nou plen vye ide sa yo, nou pa gen tan pou nou kontan, ni pou nou sèvi Jezi.

Pafwa rayisans lan vin tounen krentif, e krentif la fè nou sitèlman pè ke nou pa ka avanse nan lavi nou. Nou pè pou moun pa fè nou mal ankò.

Rayisans ak krentif pa bon pou kò nou tou. Yo ka koz nou gen vant fè mal, fatig, fè nou pa dòmi, anpil kalite doulè.

Kisa w ka fè pou w retire rayisans ak krentif pou moun ki fè ou mal? Men kèk ide.

1. Chak fwa ou santi ou vle fache oubyen pè, oubyen w ap panse ak sa moun nan fè ou, ou ka mande Jezi retire move lide sa yo nan tèt ou. Okontrè, panse ak yon moun ki janti avèk ou e ki te demontre ou amou Bondye.

2. Di yon granmoun Kretyen jan ou santi ou. Moun sa ka tande sa ki te pase ou, e yo ede ou avanse nan lavi Kretyen ou.

3. Bay tèt ou kèk ti bagay pou w akonpli. Ou ka di yon bagay konsa, «M pa p kite sa moun sa fè m anpeche m vin yon bon moun. Se sa k fè, mwa sa, m pral bat pou m … (fè yon bon nòt nan yon klas ki difisil pou mwen) … oubyen m pral bat pou m … (aprann 1 Samyèl 2.3 pa kè e bat pou m kwè li ak tout kè.)

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap deside si yo ka padonnen yon moun ki fè yo mal.

Esplike timoun yo ke ou pral poze yo menm kesyon ou te poze yo nan kòmansman leson an. Ou pral mande timoun yo fèmen je yo epi reponn nan kè yo sèlman. Epitou di timoun yo ke ou ka rete aprè klas pou w pale ak yon timoun ki ta renmen pale avèk ou pou kont li.

Panse ankò ak moun ki te fè ou mal la. Eske ou panse Bondye fò ase pou l ede ou padonnen moun sa? Eske ou menm ou vle padonnen moun nan? Sonje ke Bondye te pini premye kriminèl la, men li te montre Kayen ke l renmen l tou.

Eske ou kwè ou te ka lage yon ti moso nan doulè ak kòlè ki genyen nan kè ou paske ou kwè ke Bondye konnen kisa moun nan te fè ou, e Bondye ap pran swen sa? Li pa vle pou doulè ak kòlè sa manje anndan ou.

Pale ak yon granmoun ka ede anpil. Anpil fwa, lè ou pataje doulè a ak yon lòt moun, ou pa santi doulè a si lou sou ou ankò. Ou ka pale avè m, oubyen yon lòt granmoun. Si w vle fè sa, kilè w ap fè li?

Si w te ka vrèman kòmanse padonnen moun nan, ki jan ou panse ou tap santi w?

Fèmen klas la ak yon ti moman an silans. Di timoun yo priye nan kè yo an silans, e aprè kèk minit, di, «Nou priye w konsa nan non Jezi, amèn.»

Aba Kòlè
Chapit 4

Katryèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye gen yon solisyon pou kòlè nou.

Jodia timoun yo aprann ke Bondye ede nou retire rayisans ak kòlè nan kè nou.

Jodia timoun deside padonnen e lage fache a.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Si w ap fè sketch lan: fig mi, mayi oubyen gato (Wè Pati 1)
- Ti kat piti (yonn pou chak timoun)
- Kreyon
- Fèy papye pou chak timoun
- Poubèl

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Nonm nan ki refize padonnen (Matye 18.21–35)

Objektif: Aprè yon sketch ki pral demontre jan kòlè ak fache ka detwi moun, timoun yo ap dekouvri ke solisyon Bondye pou kòlè se padonnen.

Yon ti sketch byen vit

Envite kèk timoun vin pratike epi fè yo jwe sketch lan. Koupe 4 kopi sketch la nan fèy sa yo, epi bay Jan, Zanmi, Ti Gason ak Naratè a chak yon kopi.

Jan: Zanmi m, papa m pa janm banm lajan. Li bwè tout ti lajan li genyen yo. E kounyeya m grangou, m pa gen anyen pou m manje. Ou ka banm nan pa w, epi lòt Semènn m ap ba ou nan pa m nan? Gran frè m di m l ap banm yon ti lajan nan fen mwa a lè li fini yon travay l ap fè.

Zanmi: W ap vin ak yon bagay lòt Semènn vre?

Jan: Wi, monchè. Banm yon bay non.

Zanmi: Men non, manje non. *(Zanmi an ka bay li manje tout bon, si w genyen – fig mi, mayi oubyen gato. Oubyen zanmi an ka fè kòmsi l ap bay manje a.)*

Jan: Mèsi, wi, monchè. *(Li pran manje a, epi li ale.)*

Naratè: Yon Semènn pita.

(*Zanmi a retounen nan menm plas la. Yon ti gason ap pase.)*

Jan: *(kenbe kòl ti gason an byen di)*: Eyyy, gade. M te ba ou sirèt la lè w te vle li, e ou te di m ke nan demen ou tap pote yonn pou mwen. Kounyeya nou sou twa jou, m poko wè pa m, e w ap plede di ou pa gen lajan.

Ti gason: Jan, banm de jou ankò nou. M ap chache yon jan pou m remèt ou sa w te ban mwen an.

Jan: Poukisa pou m ta tann? M vle l kounyeya oubyen m pral pran valiz lekòl ou an.

Ti gason: *(prèske kriye)* Oh, non, Jan, pa fè sa.

Zanmi: *(avanse devan)* Jan, ou te pran nan manje m lotre jou a, e ou te di m ou tap pote pou mwen Semènn sa, manti? M vle yo kounyeya.

Jan: Oh…Oh… Monchè, non, silvouplè, banm yon ti tan non…

Zanmi: Men ou pa t janm bay ti gason an okenn tan, non.

Jan: *(ap reflechi)* M pa t wè ke m te mechan konsa. Ou te banm tan pou m remèt ou sa ou te ban mwen, men m pa t bay ti gason sa tan. M pa p bay ti gason an pwoblèm ankò. Eskize m pou sa m te fè, zanmi m. Banm yon ti tan ankò.

Zanmi: *(byen move)* Oke. Men si m we ou fè menm erè sa ankò…

(Jan ri e li mete men sou epòl zanmi li, epi y ale ansanm.)

- **Eske ou konn wè moun ki tankou Jan?**
  Kite timoun yo reponn kesyon an.

Wi, gen moun ki anvi prete nan men moun, men yo pa vle moun prete nan men yo.

Gen moun ki anvi pran, men yo pa vle bay. Gen moun ki fè sa ki mal e ki vle moun padonnen yo, men yo pa vle padonnen moun. Eske ou konnen moun konsa? An verite, nou tout konsa pafwa, manti?

ISTWA NAN BIB LA: NONM NAN KI REFIZE PADONNEN

Pyè, yon disip ak zanmi Jezi, te poze l yon kesyon yon lè.

«Konbyen fwa pou m padonnen yon moun ki fè m yon mal?» «Sèt fwa?» Eske ou panse Pyè te vrèman fache ak yon moun? Li sanble te panse li te janti anpil paske li te prèt pou l padonnen yon moun sèt fwa.

Jezi reponn Pyè, «Non, Pyè. Ou pa padonnen yon moun sèt fwa sèlman. Ou sipoze padonnen 77 fwa!»

Mezanmi! Kòman pou nou ta fè konte konbyen fwa yon moun fè nou mal? Li fasil pou nou konte sa jouska 5, men aprè sa, nou pa tap ka konte ankò. Sanble se sa Jezi tap di. Nou pa sipoze konte konbyen fwa yon moun fè nou mal, men kontinye padonnen moun nan chak fwa.

Jezi deside pou l rakonte Pyè yon istwa pou l ede l konprann kisa li tap anseye li. Ann tande istwa a.

Jezi te bay istwa yon wa ki te vle regle tout lajan ke domestik li yo te dwe li. Te gen yonn nan yo ki te dwe li 10,000 sachè lò. Pwiske domestik la pa t ka peye, wa a di ke li tap pral vann ni domestik la, ni madanm ak pitit domestik la pou l te ka jwenn lajan yo dwe li. Se konsa moun te konn fè byen lontan.

Lè domestik la tande sa, li lage l ajenou devan wa a. «Pran pasyans avè m, e m ap remèt ou tout sa m dwe ou.» Kè wa a te fè l mal pou domestik la, li padonnen lajan li te dwe a, e kite l ale.

Men lè domestik la soti, li jwenn yonn nan lòt domestik yo ki te dwe l lajan tou, 100 pyès ajan. Sa se yon ti kal lajan konpare a sa premye domestik la te dwe wa a. Men li pa t panse ak sa. Domestik la kenbe lòt domestik la ki dwe l lajan an, li di l byen di: «Banm lajan ou dwe m nan!»

Lòt domestik la lage l ajenou, e li plede, «Silvouplè, pran pasyans avè m, e m ap remèt ou lajan an.» Men premye domestik la refize. Okontre, li ale fè yo pran lòt la, mete l nan prizon jouskaske li ka remèt lajan an.

- **Kisa ou panse de sa domestik la fè lòt domestik parèy li a?**
  Kite timoun yo reponn kesyon an.

Menm jan avè w, lòt domestik yo te panse ke domestik la te byen move. Yo ale di wa a tout sa ki te pase.

Lèfini, wa a rele domestik ki te dwe l 10,000 sachè lò ke l te padonnen an. «Gade jan ou mechan, ou menm! M padonnen sa w te dwe m nan paske ou plede avè m pou m fè sa. Eske ou pa t sipoze fè menm jan ak lòt sa ki te dwe ou an, menm jan m te fè avè w?» Wa a te fache e te remèt domestik la bay sòlda ki te mete l nan prizon jouskaske li remèt tout sa li te dwe wa a.

- **Ki rapò Jezi ap fè ant moun ki dwe lajan nan istwa yo ak padonnen moun?** Pèmèt timoun yo pale.

  Nou fè anpil peche kont Bondye e nou bezwen padon li pou tout peche sa yo. Si Bondye padonnen plizyè santènn de peche, èske nou menm nou pa sipoze padonnen moun pou sa yo fè nou tou?

  Sa depann de sitiyasyon elèv ou yo, men ou gendwa di tou ke padonnen yon moun pa vle di ke nou pèmèt moun nan kontinye fè nou mal ankò e ankò. Bondye vle nou eseye anpeche moun sa fè nou mal ankò. E nou bezwen padonnen moun nan nan kè nou, paske Bondye padonnen nou.

Jezi te vle disip li yo aprann ke si yo vle Bondye padonnen yo, yo dwe padonnen lòt moun nan kè yo tou. Mesaj Jezi a sa se pou nou menm tou. Eske ou panse se yon bagay nou tout dwe sonje? Si nou padonnen lòt moun, nou pa p rete fache nan kè nou kont moun nan ankò.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan Pou Mwen

Objektif: Timoun ap fè yon kat ak yon vèsè nan Bib la sou padonnen moun.

Ankouraje timoun pale sou istwa a.

- **Ki jan ou panse Pyè te santi li aprè Jezi fin bay istwa a? Kisa ou panse Pyè te aprann?**
- **Eske ou souvan wè moun ki pa vle padonnen lòt moun? Esplike.**
- **Poukisa ou wè li souvan difisil pou nou padonnen moun ki fè nou mal?**

Li pa fasil pou nou padonnen moun, sitou si yo maltrete nou, move avèk ou, oubyen yo pa jis avèk ou. Gen moun ki fè nou mal e maltrete nou menm si nou pa fè yo anyen. Gen moun ki di nou vye bagay pou anyen. Pafwa menm moun ki renmen nou e pre nou fè nou kèk bagay ki fè nou tris. Li difisil pou nou konprann poukisa moun fè sa. Li gendwa ede ou pou w konprann ke menm Jezi te konn tris. Moun te konn bay manti sou li, e yo akize l te fè bagay ke l pa t fè vre. Yon ensilte li! Yo moke li e bay li kou. Men kanmenm li mande Bondye padonnen yo.

Men 2 vèsè nan Bib la ki ka ede ou lè yon moun fè ou mal.

Esplike vèsè yo pou timoun piti ki gendwa pa konprann.

Piga yo jwenn nan mitan nou moun ki kenbe lòt nan kè yo, moun ki gen san wo, moun ki renmen fè kòlè. Piga yo tande woywoy ak joure nan mitan nou. Nou pa fèt pou gen okenn lòt kalite mechanste k'ap fèt nan mitan nou. Okontrè, se pou nou aji byen yonn ak lòt, se pou nou gen bon kè yonn pou lòt, pou nou yonn padonnen lòt, menm jan Bondye te padonnen nou nan Kris la.
Efezyen 4.31–32

Annou ekri vèsè sa yo sou yon kat, epi n ap desinen sou lòt bò kat la.

Bay timoun yo materyèl pou yo fè sa.

Kenbe kat sa nan pòch ou, oubyen valiz ou, oubyen nan Bib ou pou yon Semènn konsa. Chak fwa yon moun fè ou mal, ale yon kote pou kont ou, retire kat la, epi li vèsè yo. An menm tan, priye, mande Bondye ede ou padonnen e fè ou pa kenbe moun nan nan kè.

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap aprann retire kòlè nan lavi yo e aprann padonnen chak fwa yon moun fè yo mal.

Men yon fèy papye pou nou chak. Bay chak timoun yon fèy papye. Sou fèy la, ou ka ekri bagay ke moun fè ou ki fè ou mal oubyen fache. Ou ka ekri nenpòt sa ou vle—pa gen okenn moun k ap wè fèy ou an.

Bay timoun yo ase tan pou yo reflechi epi ekri.

Petèt yon moun kouri dèyè ou pou yon bagay ke w pa t fè vre. Petèt ou te fè yon moun konfyans e li trayi ou. Nenpòt sa moun nan fè ou, ou mèt ekri li.

Lè pi fò nan timoun yo sanble fini, di:

Eske ou vle padonnen moun sa yo? Gen de lè nou pa santi nou vle padonnen, men sonje kisa nou te aprann jodia. Eske ou vle padonnen? Si ou vle, nou chak ka priye Bondye nan kè nou e mande li ede nou padonnen moun ki nan papye nou an. Aprè nou priye, kwaze oubyen fè madji-gridji sou non moun oubyen sitiyasyon ke w ekri nan papye a. Lèfini, al mete papye a nan fatra.

Lè tout timoun fini, gade timoun ak yon bèl souri.

Eske ou santi w byen ke ou deside padonnen moun sa yo? Wi, nou santi nou byen chak fwa nou obeyi Bondye. Pa sispann padonnen moun. Sonje ke Bondye vle nou padonnen lòt moun, menm jan li te padonnen nou tou. Lè ou bat pou w padonnen moun tout bon, Bondye ap ede nou retire kòlè ki plen lavi nou lè nou pa vle padonnen moun.

Esplike timoun yo ke padonnen moun se yon bagay ki difisil. Jodia, kèk nan timoun yo kòmanse pwosè a. Di yo ke tanzantan yo gendwa santi yo fache ankò, men chak fwa yo santi yo vle nèvè pou sa yon moun fè yo, yo dwe mande Bondye ede yo padonnen ankò. Pazapa, kòlè a ap pase jouskaske yo padonnen moun nan nèt—menm jan Bondye padonnen yo lè yo mande li.

Priye ansanm, mande spesyalman pou Bondye ede timoun yo padonnen lòt moun, e renmen lòt moun menm lè lòt moun fè yo kèk mal.

Jan: Zanmi m, papa m pa janm banm lajan. Li bwè tout ti lajan li genyen yo. E kounyeya m grangou, m pa gen anyen pou m manje. Ou ka banm nan pa w, epi lòt Semènn m ap ba ou nan pa m nan? Gran frè m di m l ap banm yon ti lajan nan fen mwa a lè li fini yon travay l ap fè.

Zanmi: W ap vin ak yon bagay lòt Semènn vre?

Jan: Wi, monchè. Banm yon bay non.

Zanmi: Men non, manje non. *(Zanmi an ka bay li manje tout bon, si w genyen – fig mi, mayi oubyen gato. Oubyen zanmi an ka fè kòmsi l ap bay manje a.)*

Jan: Mèsi, wi, monchè. *(Li pran manje a, epi li ale.)*

Naratè: Yon Semènn pita.

(*Zanmi a retounen nan menm plas la. Yon ti gason ap pase.)*

Jan: *(kenbe kòl ti gason an byen di)*: Eyyy, gade. M te ba ou sirèt la lè w te vle li, e ou te di m ke nan demen ou tap pote yonn pou mwen. Kounyeya nou sou twa jou, m poko wè pa m, e w ap plede di ou pa gen lajan.

Ti gason: Jan, banm de jou ankò nou. M ap chache yon jan pou m remèt ou sa w te ban mwen an.

Jan: Poukisa pou m ta tann? M vle l kounyeya oubyen m pral pran valiz lekòl ou an.

Ti gason: *(prèske kriye)* Oh, non, Jan, pa fè sa.

Zanmi: *(avanse devan)* Jan, ou te pran nan manje m lotre jou a, e ou te di m ou tap pote pou mwen Semènn sa, manti? M vle yo kounyeya.

Jan: Oh…Oh… Monchè, non, silvouplè, banm yon ti tan non…

Zanmi: Men ou pa t janm bay ti gason an okenn tan, non.

Jan: *(ap reflechi)* M pa t wè ke m te mechan konsa. Ou te banm tan pou m remèt ou sa ou te ban mwen, men m pa t bay ti gason sa tan. M pa p bay ti gason an pwoblèm ankò. Eskize m pou sa m te fè, zanmi m. Banm yon ti tan ankò.

Zanmi: *(byen move)* Oke. Men si m we ou fè menm erè sa ankò…

(Jan ri e li mete men sou epòl zanmi li, epi y ale ansanm.)

Jan: Zanmi m, papa m pa janm banm lajan. Li bwè tout ti lajan li genyen yo. E kounyeya m grangou, m pa gen anyen pou m manje. Ou ka banm nan pa w, epi lòt Semènn m ap ba ou nan pa m nan? Gran frè m di m l ap banm yon ti lajan nan fen mwa a lè li fini yon travay l ap fè.

Zanmi: W ap vin ak yon bagay lòt Semènn vre?

Jan: Wi, monchè. Banm yon bay non.

Zanmi: Men non, manje non. *(Zanmi an ka bay li manje tout bon, si w genyen – fig mi, mayi oubyen gato. Oubyen zanmi an ka fè kòmsi l ap bay manje a.)*

Jan: Mèsi, wi, monchè. *(Li pran manje a, epi li ale.)*

Naratè: Yon Semènn pita.

(*Zanmi a retounen nan menm plas la. Yon ti gason ap pase.)*

Jan: *(kenbe kòl ti gason an byen di)*: Eyyy, gade. M te ba ou sirèt la lè w te vle li, e ou te di m ke nan demen ou tap pote yonn pou mwen. Kounyeya nou sou twa jou, m poko wè pa m, e w ap plede di ou pa gen lajan.

Ti gason: Jan, banm de jou ankò nou. M ap chache yon jan pou m remèt ou sa w te ban mwen an.

Jan: Poukisa pou m ta tann? M vle l kounyeya oubyen m pral pran valiz lekòl ou an.

Ti gason: *(prèske kriye)* Oh, non, Jan, pa fè sa.

Zanmi: *(avanse devan)* Jan, ou te pran nan manje m lotre jou a, e ou te di m ou tap pote pou mwen Semènn sa, manti? M vle yo kounyeya.

Jan: Oh…Oh… Monchè, non, silvouplè, banm yon ti tan non…

Zanmi: Men ou pa t janm bay ti gason an okenn tan, non.

Jan: *(ap reflechi)* M pa t wè ke m te mechan konsa. Ou te banm tan pou m remèt ou sa ou te ban mwen, men m pa t bay ti gason sa tan. M pa p bay ti gason an pwoblèm ankò. Eskize m pou sa m te fè, zanmi m. Banm yon ti tan ankò.

Zanmi: *(byen move)* Oke. Men si m we ou fè menm erè sa ankò…

(Jan ri e li mete men sou epòl zanmi li, epi y ale ansanm.)

Jan: Zanmi m, papa m pa janm banm lajan. Li bwè tout ti lajan li genyen yo. E kounyeya m grangou, m pa gen anyen pou m manje. Ou ka banm nan pa w, epi lòt Semènn m ap ba ou nan pa m nan? Gran frè m di m l ap banm yon ti lajan nan fen mwa a lè li fini yon travay l ap fè.

Zanmi: W ap vin ak yon bagay lòt Semènn vre?

Jan: Wi, monchè. Banm yon bay non.

Zanmi: Men non, manje non. *(Zanmi an ka bay li manje tout bon, si w genyen – fig mi, mayi oubyen gato. Oubyen zanmi an ka fè kòmsi l ap bay manje a.)*

Jan: Mèsi, wi, monchè. *(Li pran manje a, epi li ale.)*

Naratè: Yon Semènn pita.

(*Zanmi a retounen nan menm plas la. Yon ti gason ap pase.)*

Jan: *(kenbe kòl ti gason an byen di)*: Eyyy, gade. M te ba ou sirèt la lè w te vle li, e ou te di m ke nan demen ou tap pote yonn pou mwen. Kounyeya nou sou twa jou, m poko wè pa m, e w ap plede di ou pa gen lajan.

Ti gason: Jan, banm de jou ankò nou. M ap chache yon jan pou m remèt ou sa w te ban mwen an.

Jan: Poukisa pou m ta tann? M vle l kounyeya oubyen m pral pran valiz lekòl ou an.

Ti gason: *(prèske kriye)* Oh, non, Jan, pa fè sa.

Zanmi: *(avanse devan)* Jan, ou te pran nan manje m lotre jou a, e ou te di m ou tap pote pou mwen Semènn sa, manti? M vle yo kounyeya.

Jan: Oh…Oh… Monchè, non, silvouplè, banm yon ti tan non…

Zanmi: Men ou pa t janm bay ti gason an okenn tan, non.

Jan: *(ap reflechi)* M pa t wè ke m te mechan konsa. Ou te banm tan pou m remèt ou sa ou te ban mwen, men m pa t bay ti gason sa tan. M pa p bay ti gason an pwoblèm ankò. Eskize m pou sa m te fè, zanmi m. Banm yon ti tan ankò.

Zanmi: *(byen move)* Oke. Men si m we ou fè menm erè sa ankò…

(Jan ri e li mete men sou epòl zanmi li, epi y ale ansanm.)

Jan: Zanmi m, papa m pa janm banm lajan. Li bwè tout ti lajan li genyen yo. E kounyeya m grangou, m pa gen anyen pou m manje. Ou ka banm nan pa w, epi lòt Semènn m ap ba ou nan pa m nan? Gran frè m di m l ap banm yon ti lajan nan fen mwa a lè li fini yon travay l ap fè.

Zanmi: W ap vin ak yon bagay lòt Semènn vre?

Jan: Wi, monchè. Banm yon bay non.

Zanmi: Men non, manje non. *(Zanmi an ka bay li manje tout bon, si w genyen – fig mi, mayi oubyen gato. Oubyen zanmi an ka fè kòmsi l ap bay manje a.)*

Jan: Mèsi, wi, monchè. *(Li pran manje a, epi li ale.)*

Naratè: Yon Semènn pita.

(*Zanmi a retounen nan menm plas la. Yon ti gason ap pase.)*

Jan: *(kenbe kòl ti gason an byen di)*: Eyyy, gade. M te ba ou sirèt la lè w te vle li, e ou te di m ke nan demen ou tap pote yonn pou mwen. Kounyeya nou sou twa jou, m poko wè pa m, e w ap plede di ou pa gen lajan.

Ti gason: Jan, banm de jou ankò nou. M ap chache yon jan pou m remèt ou sa w te ban mwen an.

Jan: Poukisa pou m ta tann? M vle l kounyeya oubyen m pral pran valiz lekòl ou an.

Ti gason: *(prèske kriye)* Oh, non, Jan, pa fè sa.

Zanmi: *(avanse devan)* Jan, ou te pran nan manje m lotre jou a, e ou te di m ou tap pote pou mwen Semènn sa, manti? M vle yo kounyeya.

Jan: Oh…Oh… Monchè, non, silvouplè, banm yon ti tan non…

Zanmi: Men ou pa t janm bay ti gason an okenn tan, non.

Jan: *(ap reflechi)* M pa t wè ke m te mechan konsa. Ou te banm tan pou m remèt ou sa ou te ban mwen, men m pa t bay ti gason sa tan. M pa p bay ti gason an pwoblèm ankò. Eskize m pou sa m te fè, zanmi m. Banm yon ti tan ankò.

Zanmi: *(byen move)* Oke. Men si m we ou fè menm erè sa ankò…

(Jan ri e li mete men sou epòl zanmi li, epi y ale ansanm.)

Konviksyon 1 Chapit 5

Senkyèm Semènn

Konsantre sou Fòmasyon Karaktè Kretyen

Tèm: Se konviksyon mwen, kwayans mwen, ke m ap swiv Jezi pou tout lavi mwen.

Jodia timoun yo aprann kisa ki rele konviksyon.

Jodia timoun deside ki jan yo pral demontre konviksyon Kretyen nan lavi yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon boul
- Kreyon desen
- Fèy papye blan
- Gwo fèy papye ak «Viv ak Konviksyon Semènn Sa» ekri sou yo. (Wè Pati 3)

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon entwodiksyon pou ou menm, Paran oubyen Pwofesè

Kat fwa mwa sa, timoun yo pral aprann de yon kalite karaktè moun ki enpòtan anpil pou yo devlope—konviksyon.

Konviksyon vle di ke yon moun sitèlman kwè fò nan yon bagay ke sa enfliyanse atitid ak aksyon moun nan.

Panse ak lavi ou. Nan kisa ou kwè e ki konviksyon ou genyen ki afekte jan ou mennen lavi ou? Ekri kèk konviksyon la ki pou ede ou panse ak konviksyon ke ou vle timoun yo devlope tou.

(Konviksyon: (yon egzanp) M kwè ke madanm ak mari sipoze fidèl ak yonn lòt, se sa k fè m pa p janm fè anyen kont konviksyon sa.

Kounyeya mete twa nan konviksyon pa ou yo:

Konviksyon:

Konviksyon:

Konviksyon:

Li enpòtan anpil pou nou fòme karaktè timoun peyi sa. Ou konnen byen ke anpil nan timoun yo pa p reyisi nan sa. Anpil fwa moun rejete yo oubyen kite yo sèl. Men, si timoun yo ap agrandi konpreyansyon yo nan valè ak idantite yo, timoun ka devlope konviksyon Kretyen ki ka afekte jan yo viv e kisa yo dwe fè pou yo fè Jezi plezi. Si yo swiv bon konviksyon, lavi yo ap chanje nèt.

Konviksyon ke nou swiv ap devni abitid nan lavi nou paske nou konnen ke yo bon. Gen yon nonm saj yon lè ki di: «Yon bon abitid osi difisil pou w kase ke yon move abitid.»

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Konviksyon

Objektif: Timoun ap aprann kisa konviksyon vle di e ap diskite ki jan, ak èd Bondye, yo ka mennen lavi yo ak konviksyon Kretyen chak jou.

Fè yon aktivite ak gwoup ou an. Fè tout timoun yo kanpe nan yon won. Voye yon boul bay nenpòt timoun nan won an, epi mande timoun nan voye l bay yon lòt timoun. Tout tan jwèt la kontinye, yon moun pa ka kenbe boul la plis ke yon segonn avan li pase l bay yon lòt timoun. Aprè yon ti tan, pran boul la ankò, epi kòmanse jwe avèk li pou kont ou, e di timoun yo ou pa vle jwe jwèt sa ankò, men ou vle jwe pou kont ou.

Yon lòt opsyon:

Avan klas la, mande yonn nan timoun yo an sekre pou l pran boul la aprè yon ti tan e kòmanse jwe avèk li pou kont li. Timoun nan ap refize jwe ak lòt timoun.

Aprè yon minit, fè tout moun vin chita bò kote ou.

- **Oh! M dezobeyi règleman jwèt la. Ki jan sa te fè w santi w?**
- **Poukisa li enpòtan pou nou gen règleman lè n ap jwe yon jwèt?**
- **Gen moun ki panse ke lavi a tap pi bon si pa t gen règleman. Kisa w panse?**
- **Bay kèk règleman ke Kretyen swiv. Eske règleman Kretyen sa yo—bagay ke Kretyen dwe fè oubyen pa sipoze fè—yo enpòtan?**

Esplike timoun yo enfòmasyon sa sou *konviksyon.*

Lè nou tap jwe jwèt la, m pa t swiv règ yo jan m te dwe fè, epi jwèt la te vin gate. Paske m pa t byen jwe, ou gendwa te vin fache avèk mwen. Ou te gendwa ap mande ki jan de moun mwen ye. Si sa te fèt plizyè fwa, ou te gendwa di ou pa vle jwe avèk mwen ankò.

Gen kèk règ nan lavi a ke nou tout dwe swiv. Pi bon règ yo se bagay ke nou swiv nan kè nou paske nou konnen se yon bon bagay pou nou fè. Pou Kretyen, nou konnen ke gen règ ki di nou kisa Bondye vle nou fè. Nou deside swiv règ sa yo, e yo devni konviksyon pou nou.

Konviksyon **se yon mo enpòtan, men li senp. Konviksyon vle di ou kwè nan yon bagay, ou kwè ladan l tèlman fò, ke li gen pouvwa pou l chanje e afekte tout sa ou fè e tout sa ou di.**

Pou yon Kretyen gen konviksyon, sa vle di li kwè nan Bondye ak tout kè e li detèmine viv yon fason pou fè Bondye plezi. Konviksyon ka ankouraje moun nòmal, tankou mwen avè w, pou nou fè anpil gwo bagay pou Bondye.

Men kèk egzanp konviksyon. Egzanp sa yo se konviksyon nenpòt moun te ka genyen, menm si li pa Kretyen.

Se konviksyon m ke moun fè lòt moun konfyans si yo toujou bay verite, se sa k fè m ap toujou bay verite.

Se konviksyon m ke li danjere pou moun pran dwòg, se sa k fè m pa p janm pran yo.

Men kèk lòt egzanp konviksyon. Sa yo se konviksyon yon Kretyen dwe genyen.

Se konviksyon m ke Jezi renmen m, se sa k fè m ap viv yon fason pou fè l plezi.

Se konviksyon m ke Bondye te kreye latè, se sa k fè m ap fè tout sa m kapab pou m pran swen li.

Se konviksyon m ke Bondye tande e reponn priyè mwen, se sa k fè m ap priye e pran tan pou m koute sa Bondye di m nan kè m.

Bat bravo twa fwa si ou se tifi ak ti gason ki gen konviksyon.

ISTWA NAN BIB LA (Jenèz 12, 17, 18, 21, 22.1–18, Women 4.18–22)

Abraram te yon nonm ki te gen gwo konviksyon. Li te sitèlman kwè nan Bondye ke nenpòt sa Bondye di l fè, li fè l. Konviksyon li te mennen li nan yonn nan pi bèl istwa nan Bib la. M pral rakonte ou istwa sa.

Yon jou, plizyè mil ane pase, Bondye te fè yon granmoun ki te rele Abraram sezi.

«M ap bay ou anpil pitit pitit.» Bondye te pwomèt. Abraram t ap mande nan kè li ki jan sa ta pral pase paske li ak madanm li te gentan vin granmoun e yo pa t gen okenn timoun. Ki jan pou yon nasyon moun vin soti nan nan yon moun ki pa gen okenn timoun? Men Bondye te fè yon mirak. De ti granmoun sa yo vin fè yon timoun! Yo te plen jwa lè pitit gason yo a, Izarak, te fèt. Izarak te fèt lè Sarayi, madanm Abraram, te gen 90 e Abraram te gen 100 an.

Anpil ane pita Bondye te bay Abraram yon eprèv. Bondye te vle wè si konviksyon Abraram pou l swiv Bondye tap toujou kontinye, menm lè Bondye te ba li yon gwo eprèv difisil. Bondye te di li, «Pran pitit gason ou an, sèl pitit gason ou—wi, Izarak, ke ou renmen—e sakrifye li kòm yon ofrann pou mwen.» Menm lè li santi kè l ta kase ti moso, Abraram pa janm pèdi konviksyon li pou l swiv Bondye. Li te kwè tou nan pwomès Bondye ke li tap pral gen anpil pitit pitit. Pou sa te ka fèt, li tap oblije gen timoun, e se sèl Izarak ke l te genyen kòm pitit. Eske Bondye tap fè yon lòt mirak ankò e resisite Izarak aprè sakrifis la? Li te konnen ke Bondye pa t konn mande moun sakrifye pitit yo. Sa te konfonn Abraram, men li te toujou kwè nan Bondye, e li te prepare lotèl la jan Bondye te di li fè. E li te mete sèl pitit gason li kouche sou lotèl lan.

Kon Abraram leve kouto a pou l sakrifye Izarak, Anj Bondye a rele byen fò soti nan syèl la, «Abraram! Mete kouto a la! Pa touye ti gason an, paske kounyeya m konnen ke ou respekte e ou obeyi Bondye. Ou te prèt pou w banm menm sèl pitit gason ou an.

Avèk fòs e konviksyon, Abraram te kwè nan Bondye, Papa spirityèl li. Li te prèt pou l obeyi kòmann Bondye pou l sakrifye pitit gason li. Poutèt sa, Bondye te sove Izarak e te beni Abraram ak plis desandan ke etwal ki gen nan syèl la.

- **Ki jan istwa jodia tap diferan si Abraram pa t gen konviksyon? Sonje, konviksyon vle di ke yon moun sitèlman kwè nan Bondye ke li kite Bondye infliyanse aksyon li.**

2. Yon Ilistrasyon Konviksyon

Objektif: Timoun ap demontre konviksyon yo ke Kretyen dwe fè bon bagay pou lòt moun.

Men yon konviksyon ke Bondye vle nou tout genyen. Konviksyon: Nou dwe eseye fè bon bagay pou lòt moun. Nou pral desinen ki jan konviksyon sa ka mache jodia.

Fè timoun yo travay an 2. Bay chak timoun yon fèy papye ak kreyon desen. Fè timoun yo desinen yon gwo po. Di yo:

Panse ak bon bagay ou ka fè pou lòt moun ki gen menm laj avèk ou. Panse ak bagay ki ka fè kè lòt moun kontan. Aksyon pozitif enfliyanse moun pou fè yo gen jwa.

Men kèk egzanp: M ka kite yon lòt moun sèvi ak liv mwen, bay yon lòt timoun nan manje mwen, anbrase yon moun, chante yon chan, pran swen yon zanmi, bay verite, remèt yon bagay yon lòt moun pèdi. Mè Teresa tap di pou yo janti lè yo pale ak yonn lòt. Di timoun yo kisa Mè Teresa te di: «Mo janti gendwa kout e fasil pou moun di, men eko yo pa janm fini.»

Timoun yo sipoze panse ak ide pa yo ak lòt timoun ki avèk yo, epi mete yon ☺ nan po a pou chak ide yo genyen. Yo sipoze plen po a ak ☺.

Lè ou sitèlman renmen Jezi ke amou sa enfliyanse aksyon ou, se konviksyon w ap demontre. Sonje: yon konviksyon se yon bagay ou sitèlman kwè ladan l ke li afekte aksyon ak atitid ou.

3. Mennen Vi w ak Konviksyon Semènn sa

Objektif: Ankouraje timoun yo mennen vi yo ak *konviksyon*.

Avan klas la kòmanse, gentan ekri 5 fraz sa yo sou yon gwo fèy papye oubyen sou tablo a pou tout moun wè. Soulinye mo enpòtan yo: *konfyans, solisyon, kè kontan, pozitif*. Epitou, ekri mo sa yo sou enpe ti fèy papye piti.

Esplike timoun yo ke ou pral bay yo 5 konviksyon ke li ta bon pou chak Kretyen genyen. Anpil nan timoun yo gendwa gentan gen konviksyon sa yo. Ankouraje sa ki pa gen konviksyon sa yo pou yo panse ak jan yo enpòtan Semènn sa.

OBJEKTIF KONVIKSYON MWEN—SA M KWÈ ANPIL:

1. M gen *konfyans* ke dirijan Kretyen yo konnen kisa ki bon pou mwen.
2. M gen *konfyans* ke sa m kwè de Bondye se verite.
3. M ap konsantre plis sou *solisyon* ke sou pwoblèm.
4. M ap mennen vi m nan pi bon fason m kapab ak *kè kontan*.
5. M ap reponn nan yon jan *pozitif* pou m fè sa dirijan yo mande m fè, e m ap enfliyanse lòt timoun pou yo fè menm jan.

Fè timoun yo repete fraz sa yo ansanm avèk ou.

Fè timoun yo vin chita byen pre ou pou yon aktivite. Li premye fraz objektif konviksyon yo. Repete mo enpòtan an ki nan fraz la *(konfyans, solisyon, kè kontan, oubyen pozitif),* epi bay yon lòt timoun papye a. Di timoun nan,

Pase mo a, *konfyans*, bay timoun ki chita bò kote ou lan byen vit. Pa kite mo a tonbe atè. Lè yon timoun pran papye a ki gen mo a sou li, li dwe manyen kè li ak papye a epi di fraz la ki asosye ak mo a: «M gen *konfyans* ke dirijan Kretyen yo konnen kisa ki bon pou mwen» avan ou pase l bay yon lòt timoun. Kite *konfyans* antre nan kè ou pandan tout timoun yo ap pase mo a.

Fè aktivite sa ak toule senk mo yo. Si gen anpil timoun nan klas la, chwazi kèk timoun pou chak mo. Asire ke chak timoun patisipe.

Jezi, Pitit Gason Bondye a, kontan lè nou gen lafwa e mete konfyans nou nan li. Li kontan lè nou gen konviksyon ke li se sèl Bondye a. N ap pale plis sou *konviksyon – sitèlman kwè nan yon bagay ke li chanje jan ou aji e panse.*

Fèmen klas la ak lapriyè oubyen chante yon chan tout moun konnen.

Konviksyon 2
Chapit 5

Sizyèm Semènn

Konsantre sou Fòmasyon Karaktè Kretyen

Tèm: M ka yon timoun ke moun konnen pou yon moun ki gen konviksyon.

Jodia timoun yo aprann rekonèt konviksyon nan lòt moun.

Jodia timoun deside kisa nan lavi yo ki demontre ke yo prèt pou yo mennen vi yo pou Bondye.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Papye ak kreyon desen pou chak timoun
- Yon gwo papye ak «Nou Kwè Nou Dwe Fè Bagay Sa Yo» ekri sou li avan klas
- Tep, si ou pral mete papye a sou mi an (Wè Pati 2)

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Konviksyon se lè yon moun sitèlman kwè nan yon bagay ke li enfliyanse atitid ak aksyon moun nan.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Konviksyon

Objektif: Timoun ap revize istwa ke yo te tande Semènn pase sou jan Bondye te beni Abraram.

Abraram se yon bèl egzanp de kalite ki rele konviksyon an. Se te konviksyon Abraram ke Bondye tap kenbe pwomès li e Abraram te fè Bondye konfyans pou l obeyi Bondye.

Pataje ak timoun yo:

Bondye te di Abraram: «M ap bay ou anpil pitit pitit.»

- **Ki moun ki sonje istwa Abraram, ti granmoun nan ki te vin fè yon ti gason lè l te gen 100 an? Abraram te renmen ti gason sa anpil. Men, anpil ane pita, Bondye te mande Abraram fè yon bagay ki pou ta kase kè Abraram. Kisa Bondye te mande Abraram fè?**
  Chwazi yonn nan timoun yo pase devan e rakonte istwa a. Lè timoun nan fini, mande lòt timoun si premye timoun nan pa t bliye anyen.

- **Ki jan Abraram te demontre konviksyon—yon bagay yon moun sitèlman kwè ke li chanje aksyon ak atitid li?**
- **Yon konfyans fò nan Bondye te pèmèt Abraram fè yon bèl bagay. Eske ou panse yon gwo lafwa ap ede moun tankou mwen avè w fè bèl bagay tou? Esplike.**

Kounyeya bat men si ou ta renmen tande yon istwa sou kèk ti zwazo piti ki te grangou ! Istwa a pale de yon fanmi lèg ki te fè nich yo sou tèt yon monn. Koute byen e w ap tande jan sajès ak aksyon ki ka kenbe fanmi a an sekirite e ak vant plen.

Zwazo Grangou

Se te yon bèl aprèmidi sou tèt yon gwo monn majestik. Byen wo nan yon pyebwa ki te anlè yon rivyè, yon lèg (ki se yon kalite zwazo) ki tap veye nich li, e li tap tcheke van an.

Ti bebe zwazo li yo ki te fè renk kouve te grangou, e li te lè pou yo manje. Pandan yon lòt zwazo rete ap veye ti zwazo yo, gwo papa lèg la mete l prè pou l chache bagay pou piti yo manje.

Li monte sou bò gwo nich la, e ak bon je li yo, li chache nan syèl la. Li pa wè okenn lòt zwazo ki te ka vin mete fanmi li an danje. Se lè sa, gwo papa lèg la ouvri zèl li e monte nan lè a. Van an fè l monte byen wo nan syèl la, kote li vole e chache manje pou pitit li.

Gwo lèg la tap desann jouskaske li rive anlè yon bèl rivyè. Anba dlo a, li wè yon gwo pwason.

Li te konnen ke manje sa tap bon pou fanmi li, e li vole byen vit pou l al kenbe pwason an. Byen vit, li lonje talon li e li leve gwo pwason an soti nan dlo a.

Aprè kèk minit, li pote manje a bay fanmi li ki te grangou. Zwazo sa te aji nan plizyè fason li te konnen tap mache byen pou li.

Fason 1: Zwazo ka monte vole nan van, se sa k fè zwazo a te ka lage kò l nan lè a.

Fason 2: Papa lèg pote manje pou pitit yo, se sa k fè li te ale chache manje.

Fason 3: Li tap jwenn manje si l te chache l ase.

Poutèt Bondye mete ensten sa yo nan zwazo, fanmi li te manje jou sa.

- **Lèg la te kite sekirite nich li pou l al chache manje. Ki jan aksyon li yo te ede ti bebe zwazo yo?**
- **Lèg la te chache e chache toujou jouk li jwenn manje ke fanmi li te bezwen. Ki jan sa demontre sajès ak detèminasyon?**
- **Kisa ki te ka pase si lèg la te kite sa e pa t al chache manje pou fanmi li?**
- **Istwa sa pale de yon zwazo, men kisa li montre ou de konviksyon—lè ou sitèlman kwè nan yon bagay ke li afekte aksyon ak atitid ou?**
- **Di kèk bagay ke moun fè pou ou paske yo konnen se yon bon bagay y ap fè?**
- **Ki konviksyon ou genyen sou jan ou dwe trete moun ki bò kote ou yo?**

2. Yon Ilistrasyon Konviksyon

Objektif: Timoun ap montre gwo konviksyon yo sou yon gwo fèy papye.

Panse ak yon konviksyon ou genyen ki afekte jan ou aji. Petèt ou toujou pran swen timoun piti e ou pa janm kite lòt moun fè yo mal. Sa se yon konviksyon ke Jezi vle w genyen. Petèt pafwa ou gen move lide, men ou rejete yo pi vit posib. Sa se yon konviksyon ke Jezi vle w genyen. Petèt ou pa janm kopye ni triche nan lekòl. Petèt ou pa janm bay manti, ou pa janm vòlè. Petèt ou toujou fè pi bon travay ou kapab. Tout sa yo se konviksyon ke Jezi vle w genyen.

Lèg la li menm, li aji selon ensten li, selon jan Bondye kreye li. Men ou menm, ou gen konviksyon ki fè w aji yon jan. Ou menm, ou ka fè chwa pou w fè Bondye plezi, ou pa. Men lèg la pa ka fè chwa sa.

Panse ak yon konviksyon fò ke w genyen. Sonje, sa se yon bagay ou kwè ladan l, men li plis ke sa tou. Se yon bagay ou sitèlman kwè ladan l ke li fè w chanje jan ou aji oubyen jan w panse. Nou pral fè yon gwo postè/papye ki ilistre anpil nan konviksyon nou genyen yo, e bagay nou kwè nan yo.

Bay chak timoun yon fèy papye ak kreyon desen. Mande timoun yo ki konviksyon yo genyen yo menm—yon bagay yo kwè ladan l paske yo konnen se sa Jezi ta vle yo kwè. Pa egzanp, yon timoun gendwa desinen tèt pa li k ap priye. Yon lòt timoun gendwa desinen tèt pa li k ap achte, olye de vòlè, yon sirèt. Chak timoun dwe mete non li sou sa l te desinen a. Lè yo fini, tepe tout papye yo ansanm epi fè yon sèl gwo papye avèk li e kole li nan miray la. Ekri mo «Nou Kwè Nou Dwe Fè Bagay Sa Yo» sou yon lòt fèy papye epi kole li anlè gwo postè a.

Fè timoun yo kanpe epi bat bravo pou tèt pa yo, pou jan yo desinen byen e kowopere byen nan fè travay la.

3. Mennen Vi w ak *Konviksyon* Semènn sa

Objektif: Timoun yo ap idantifye moun nan lavi yo ki mennen vi yo ak bon konviksyon.

Lè nou gen bon konviksyon fò, moun wè sa. Nou pral pale de bon konviksyon nou wè nan lòt moun. Pou w fè sa, m ap separe nou nan gwoup de 3 timoun. M ap site pou tout moun yon konviksyon fò ke bon moun konn genyen. Nan gwoup ou, w ap site non yon moun ke w konnen ki genyen konviksyon sa, epi di poukisa ou te chwazi moun sa. Se pa chak moun nan gwoup ou k ap ka panse ak yon moun ak chak konviksyon. Epitou, ou ka sèvi ak menm moun nan pou plizyè konviksyon si w vle, men bat pou w panse ak yon lòt moun.

Ilistre pou timoun yo, e ba yo yon egzanp ak yon moun ke w konnen.

- Konviksyon fò moun sa se ke chak timoun dwe gen yon kote pou l rete an sekirite.

- Konviksyon fò moun sa se ke chak timoun dwe gen yon edikasyon.

- Konviksyon fò moun sa se ke Jezi renmen tout moun, e tout moun dwe konnen sa.

- Fò konviksyon moun sa se ke moun dwe eseye plizyè tach difisil, e Bondye va ede yo.

- Fò konviksyon moun sa se ke li dwe kenbe tout pwomès li.

- Fò konviksyon moun sa se ke kè kontan se yon bagay kontajye. Si li gen kè kontan, lòt moun va genyen tou.

Mande timoun yo bese tèt yo pou lapriyè. Esplike ke w pral pase nan klas la, pandan y ap bese tèt, e w ap manyen plizyè timoun yonn a la fwa. Lè ou manyen yon timoun, timoun nan sipoze di non li byen fò pou tout moun tande. Ou mèt priye priyè sa plizyè fwa, jouskaske ou priye pou chak timoun.

Chè Jezi,

Mèsi pou (Manyen yon timoun, tann li di non li), e ede li mennen vi li yon fason pou fè w plezi.

Silvouplè ede (Manyen yon lòt timoun, tann li di non li) sonje konviksyon li pou l swiv ou.

Bay (Manyen yon lòt timoun, tann li di non li) yon bon Semènn e bay li okazyon ke l montre ki jan li renmen ou.

Silvouplè bay (Manyen yon lòt timoun, tann li di non li) lajwa nan kè li paske li konnen ke ou renmen li.

Fè (Manyen yon lòt timoun, tann li di non li) yon benediksyon pou yon lòt moun Semènn sa.

Nou priye w konsa nan non Jezi, Amèn.

Konviksyon 3
Chapit 5

Setyèm Semènn

Konsantre sou Fòmasyon Karaktè Kretyen

Tèm: Yon lafwa ki fò ap ede m fè sa Bondye mande m fè.

Jodia timoun yo aprann sa ki rele konviksyon.

Jodia timoun deside ki jan yo pral demontre konviksyon nan lavi pa yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Papye blan
- Sizo

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Konviksyon se lè yon moun sitèlman kwè nan yon bagay ke li enfliyanse atitid ak aksyon moun nan.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Konviksyon

Objektif: Fab Esop yo anseye timoun ke diferan konviksyon gen konsekans ki diferan tou.

Si w kwè byen fò nan yon bagay, konviksyon fò sa ap fè yon diferans nan jan ou aji e jan ou panse. Ou gendwa kenbe konviksyon ou an menm si sa vle di ke w pa p manje jodia oubyen ou pa p gen yon kote pou w dòmi an sekirite aswè a. Istwa m pral ba ou la se yon istwa ki adapte pou timoun. Se pa yon istwa nan Bib la. Aprè m ba ou istwa a, nou pral pale sou li, e n ap fè yon ti sketch avèk li. Sonje, sa se pa yon istwa nan Bib la. Se sa ki rele yon fab, yon istwa ki ekri pou montre granmoun ak timoun yon leson enpòtan.

FAB: CHEN AN AK LOU A

Yon jou, yon chen byen gra vin rankontre yon lou chèch e grangou k ap mache deyò yon ti vilaj. «Alo, kouzen m,» chen an di. «Ou sanble ou grangou e fatige. Sanble lefèt ke w toujou vakabon, ou pa janm rete yon sèl kote, se yon vi danjere pou ou, e ou pa manje ase. Ou pa ta renmen gen yon mèt tankou m, epi yon moun ki pou ba ou manje chak jou?»

«Wi, m ta renmen sa anpil,» lou a di, «si m te ka jwenn travay konsa.»

«Vin kote mèt mwen ansanm avè m,» chen an di, «li gendwa kite w travay ansanm avè m.»

Pandan lou a ak chen an ap mache ansanm, lou a remake ke chen an pa gen anpil cheve ki rete nan kou li. «Koman cheve sa yo soti nan kou w?» lou a mande chen an.

«O, sa pa anyen,» chen an di. «Se la yo konn mare m chak swa. Li fè m mal tou pitit, men m abitye kounyeya.»

«Ou dakò pou yo mare ou?» lou a di, byen sezi. «Ebyen, orevwa, kouzen m.»

- **Chen an te rete ak mèt li ki te konn mare li nan kou. Poukisa chen an te rete?**
  Paske chen an te vle rete an sekirite, li te vle jwenn manje, yon moun pran swen li.

- **Poukisa lou a pa rete ak chen an?**
  Lou a te pito libète li, li pa t vle mare.

- **Ki konviksyon fò èske lou a te genyen?**
  Lou a te pi renmen libète li ke manje ak yon kote pou l rete an sekirite.

- **Ki konviksyon fò èske chen an te genyen?**
- **Ki konviksyon ou panse ki te pi bon—konviksyon lou a oubyen konviksyon chen an? Poukisa?**
- **Ki konviksyon ki pi bon, daprè ou—sa chen an oubyen sa lou a? Poukisa?**
- **Kisa ou panse Esop te vle montre timoun nan istwa sa?**
  Toulède bèt yo te gen konviksyon fò, e yo te aji selon konviksyon yo chak. Pa gen yonn ni lòt nan konviksyon ki pi bon ke lòt la. Men chak bèt aji selon konviksyon ke l genyen. Chak bèt gen benefis diferan e soufri diferan poutèt konviksyon li.

Revize istwa jodia e fè timoun fè yon sketch avèk menm istwa pandan ou li istwa a ankò. W ap bezwen de timoun—yonn k ap jwe chen an, yonn k ap jwe lou an. Rès gwoup timoun yo ka swiv, e yo ka bat bravo lè yo fini.

2. Yon Ilistrasyon Konviksyon

Objektif: Timoun ap tise yon «tapi konviksyon» ki idantifye moun yo konnen ki gen konviksyon Kretyen ki fò. Sa yo se moun ki bat pou yo mennen vi yo nan fason ki fè Jezi plezi.

Ann tise yon tapi. W ap renmen sa! Sou li, w ap ka mete non moun ou konnen, oubyen moun ou konn tande pale de yo, oswa ou konn li de yo. Sa vle di yo toujou bat pou yo mennen vi yo pou Jezi.

Timoun piti ap wè li fasil si w gentan fè yonn nan tapi sa yo avan klas, avan yo sipoze fè l pou kò yo. Bay chak timoun 2 fèy papye (li pi bon si w ka pa chak timoun 2 koulè papye diferan). Timoun yo dwe koupe yonn nan fèy yo an plizyè bann.

Sou chak bann, ekri non yon moun ki fidèl e ki viv konviksyon yo pou yo fè Jezi plezi. Ou mèt mete non moun ou konnen, non moun ki nan Bib la, non moun ki mache legliz avèk ou. E si se yonn nan konviksyon ou ke Jezi renmen w e ou renmen l tou, mete non pa ou sou yonn nan bann yo.

Lè ou fin ekri non moun sou tout bann yo, pliye lòt fèy papye a an de. Kòmanse nan pli a, koupe enpe fant nan pli a. Pa koupe fèy la an 2 nèt. Kounyeya pase bann yo nan fant yo.

Lè timoun yo fini, diskite kesyon sa yo avèk yo.

- **Bay non kèk moun ke w te mete nan papye yo.**
- **Ki moun ki ka ban nou yon egzanp de lè yonn nan moun sa yo te demontre konviksyon Kretyen li, menm si li te difisil pou l fè sa?**
- **Si ou te mete non pa ou sou yonn nan bann yo, di poukisa ou te fè sa.**

3. Mennen Vi w ak Konviksyon Semènn sa

Objektif: Timoun ap gen okazyon asèpte Bondye kòm papa yo nan syèl la.

Ou menm pwofesè, pandan w ap prepare leson sa, revize enfòmasyon nan devan liv sa sou ki jan ou ka mennen yon timoun konnen Kris. Menm gen yon pati ou ka fotokopye pou w bay timoun ki pran desizyon sa, si w vle.

M gen yon konviksyon. M kwè ak tout kè m ke Jezi renmen m, e ke m ka renmen li pou tout vi m. Li bay vi m valè. M vle di ou ki jan m te vin asèpte konviksyon sa.

Esplike timoun ki jan ou menm, pwofesè a, te asèpte Jezi kòm Sovè ak Senyè ou. Timoun yo ap renmen istwa a e sa ap ede yo pou yon konnen yon pati nan lavi pa ou. Sa ap ede timoun yo konnen w pi byen. W ap gen okazyon pataje istwa ou ankò, petèt an plis detay, nan dènye leson nan chapit sa.

M gen yon lòt konviksyon ki grandi soti nan amou mwen pou Kris. M kwè ke Jezi vle m pale ou de Li chak Semènn e bay ou okazyon pou w asèpte renmen Li. Jodia se yonn nan jou sa yo. Koute byen.

Gen nan timoun yo ki gendwa ap tande jan Jezi ka sove yo pou premye fwa a. Yo gendwa pa prèt pou yo reponn. Pa mete presyon sou yo. Ou pa vle yo pran desizyon sa pou fè w plezi sèlman. Ou vle ke se yon vrè bon desizyon ke y ap pran. W ap esplike yo jan yo ka sove ankò nan dènye leson nan chapit lan. Priye ke sa ki pa t prèt jodia ap prèt pita.

Espwa m e priyè mwen se ke nou chak vin konnen Jezi. Lè ou pran desizyon pou w swiv Jezi, Pitit Gason Bondye a, w ap devni pitit gason oubyen pitit fi li. Pou tout tan ! Lè ou pran desizyon pou w swiv Jezi, ou pa p janm rete sèl ankò. Kote w ale, Jezi prale avèk ou. Lè w pran desizyon pou w swiv Jezi, w ap toujou gen sipò ak renmen paran ou ki nan syèl la. Pou tout tan nèt. Jezi renmen ou. Li pa p janm kite ou.

Ak konviksyon nan kè ou—ou sonje mo enpòtan sa, konviksyon?—ou ka pran desizyon pou w renmen Jezi ak Papa li pou tout rès lavi ou. Li ka ede ou fè plis ke w ta janm ka fè ou pou kont ou.

L ap ede ou mete lòt moun devan tèt pa ou.
L ap ede lonje men bay moun ki nan bezwen.
L ap mete moun nan lavi ou pou w ede yo. Se sa k fè Jezi mennen m kote ou menm !

M envite nou tout devni pitit Jezi. Sa se espwa m pou ou.

Esplike ke w pral fè yon ti rete aprè klas la. Si gen moun ki ta renmen pale avèk ou sou asèpte Kris, li ka vin pale avèk ou aprè klas la.

Pou w fèmen leson an, priye yon bagay konsa:

Senyè Jezi, ede timoun sa yo konnen ou, renmen ou, e vle fè w plezi.

Pran tan pou w pase bò chak timoun e di,

Mèsi Jezi, pou bon timoun sa yo.

Si pa gen anpil timoun nan klas la, site non chak timoun lè w ap priye.

Se priyè mwen ke chak timoun ap mennen tout vi li ap konnen ke w renmen li. Nou priye w konsa nan non Jezi, Amèn.

Si w di yon priyè endividyèl pou chak timoun, aprè chak priyè, tout timoun yo dwe di, «Mèsi, Jezi.»

Konviksyon 4
Chapit 5

Wityèm Semènn

Konsantre sou Fòmasyon Karaktè Kretyen

Tèm: Yon lafwa ki fò ap ede m fè sa Bondye mande m fè.

Jodia timoun yo aprann idantifye konviksyon Kretyen ki glorifye Bondye.

Jodia timoun deside pran bon desizyon baze sou konviksyon Kretyen yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Papye blan
- Kreyon desen

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Konviksyon

Objektif: Timoun pral tande istwa yon nonm sid-afriken ki te gen konviksyon fò ase ke l te mouri pou yo.

Bondye bay moun anpil valè e yo enpòtan pou li. Nelson Mandela te sitèlman kwè verite sa ke li te prèt pou l ale nan prizon, olye li kite konviksyon sa. Annou gade lavi Nelson Mandela.

Nelson Mandela te yon nonm nwa, yon sid-afriken, ki te leve nan yon epòk kote se te sid-afriken blan yo ki te gouvènen peyi a. Nelson te kwè verite Bondye a: Bondye bay moun valè e yo enpòtan pou li—kit yo rich, pòv, entèlijan ou pa byen nan tèt, kit yo blan, kit yo nwa. Nelson te kanpe fèm pou konviksyon li. Nan epòk ke li te viv la, sa pa t yon bagay pridan pou l ta fè. Yon fwa menm lè li te eseye ede enpe malere, sid-afriken nwa, yo mete l nan prizon.

Prizon te terib. Yo te maltrete li. Men li pa t janm pèdi espwa li. Non! Olye de sa,

li pase tan li nan prizon ap etidye pou l devni yon avoka. Li te konnen ke si l te konprann lalwa, li tap ka ede plis moun si yo te janm lage l nan prizon.

Anfen, sa te rive. Afrik du Sid tap chanje e yo te lage li nan prizon. Avan li te ale nan prizon, li te ede anpil moun, e menm pandan li te nan prizon, repitasyon li te grandi. Anpil nan nou gendwa konnen kisa ki te pase. Moun sid-afriken yo te mete Nelson Mandela prezidan peyi yo. Sa te yon gwo chanjman pou peyi a! Anpil moun nwa te gade Mandela e te di, «Ahhh! Kounyeya nou gen chans pou nou pran pouvwa! Kounyeya nou ka vanje nou sou blan sa yo ki te mechan sou nou !»

Men Nelson te vin byen saj nan prizon. Li te kanpe fèm sou konviksyon li ke tout moun te enpòtan pou Bondye—ni nwa ni blan, ni rich ni pòv, ni malad ni an sante. Tout moun!

Nelson te di non a moun ki te vle vanje yo. Li te di ni blan ni nwa, «Nou se sid-afriken. Nou pa lèdmi yonn lòt. Se prejije ki se lèdmi nou. Nou dwe lite kont prejije. Nou dwe padonnen.»

Sa te pran anpil kouraj pou l viv ak konviksyon sa yo. Men Nelson Mandela te konnen verite Bondye ke tout moun enpòtan. Li te gen kouraje e li te mennen peyi li fè sa ki dwat.

2. Yon Ilistrasyon Konviksyon

Objektif: Timoun ap wè ki diferans yon sèl moun ka fè.

Diskite istwa sa:

- **Konviksyon enspire moun nòmal fè bagay ki ekstrayòdinè. Ki bagay ekstrayòdinè èske Mandela te fè?**
- **Ki jan Afrik du Sid tap ye jodia si Mandela te lage konviksyon li?**
- **Kisa ou panse ou tap fè si gouvènè peyi ou a te di ou sispann kanpe pou dwa moun oswa y ap mete ou nan prizon?**
- **Ki konviksyon ou genyen sou valè tout moun nan peyi sa? Kòm repons, fini kesyon sa: «M kwè ke tout moun nan peyi sa…»**

3. Mennen Vi w ak *Konviksyon* Semènn sa

Objektif: Timoun ap pratike pran desizyon baze sou konviksyon.

Aktivite: Bay chak timoun yo ti kat papye blan. Mande timoun yo fè yo vizaj moun k ap souri ☺ nan yon bò kat la epi yon moun pa kontan ☹ sou lòt bò a.

M bezwen nou ede m ak pati sa nan leson an. M ap ban nou kèk jan m konn wè timoun ap aji chak jou. Gen nan yo ki bon, gen ki pa bon. M pral ban nou kèk fraz, e si m ba yonn ki demontre yon timoun k ap viv yon konviksyon Kretyen, leve vizaj k

ap souri a. Si fraz m di a pa demontre konviksyon Kretyen, leve vizaj pa kontan an. M ap chwazi yonn nan nou esplike poukisa li leve yonn oubyen lòt la.

Yon tifi kouri vin defann frè li ke yon lòt timoun ap bat.

Li kwè ke Kretyen dwe trete lòt moun jan nou vle yo trete nou. Sa se yon konviksyon Kretyen enpòtan.

Yon timoun bay yon manti pou l pwoteje zanmi li, paske li kwè ke gen zanmi pi enpòtan ke bay verite.

Yon timoun kopye repons zanmi li e li di tout moun se li ki vin ak repons yo paske li kwè li mèt triche tout tan moun pa konnen.

Yon timoun joure yon lòt timoun paske li kwè ke timoun li pa konnen e ki soti yon lòt kote pa enpòtan.

Yon timoun bay yon lòt nan manje li, paske li kwè li bon pou w pataje ak lòt moun.

Yon timoun pa kenbe règ lekòl la paske li panse yo pa p kenbe li. Li panse fò l gen entegrite lè moun ap gade sèlman.

Yon timoun remèt yon liv ke l jwenn atè a nan lakou a paske li respekte afè lòt moun.

Bon travay.

Pou w fèmen klas la, fè 2 ou 3 elèv kanpe e di Bondye mèsi pou tout sa yo te aprann nan chapit sa.

Doulè ak Lanmò
Chapit 6

Nevyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M ka grandi lè m gen eksperyans ki fè m mal

Jodia timoun yo aprann ke yo ka mande Bondye ede yo lè yon moun yo konnen nan doulè oubyen mouri.

Jodia timoun deside grandi menm nan tristès ki nan lavi yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Papye ak kreyon pou chak timoun
- 2 vè dlo— yonn ak dlo pwòp, yonn ak dlo sal
- Bib

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon ti nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Pi fò timoun pa p sezi ke lavi a gen doulè ak tristès ladan l. Anpil timoun gentan fè eksperyans soufrans oubyen lanmò nan lavi yo. Yo gendwa pa konnen ke pèsonn pa ka echape lapenn. Menm lè li parèt nan anpil fason, e anpil diferan kantite, tout moun gen lapenn. Kesyon soufrans sa afekte timoun mal si yo pa gen sipò ke Bondye vle pou yo genyen. Leson sa ap soulinye ke yon gwo, pwisan Bondye ap jere lemonn e nan amou Li, L ap planifye pou bon nan lavi moun. Nòmalman, Bondye pa chanje lwa natirèl lemonn pou l anpeche yon moun blese oubyen mouri. Si yon moun mache devan yon bis k ap kouri, nòmalman Bondye pa kanpe bis la pou l sove moun nan. Sa Bondye fè se mache avèk nou nan soufrans ak tristès nou. Bondye la pou l ede timoun mennen vi yo nan doulè ak lapenn.

Chapit sa gen kat leson sou sijè sa. W ap gen okazyon pale ak timoun sou bagay difisil sa yo. W ap kòmanse ak esplikasyon ke tout moun nèt soufri. Wa p esplike verite ke Bondye ka ede nou grandi nan eksperyans tris sa yo. Lè ou konprann etap soufrans, w ap ka pi byen ede timoun ki nan lapenn. Pale de siyisid nan yon atmosfè ak espwa e renmen ap bay timoun ki twouble okazyon pou yo mande moun ede yo. Objektif lan se sa: elèv yo ap ranplase krentif ak enpwisans ak konpreyansyon e espwa gloriye ke Kretyen genyen nan Bondye e ak asistans li genyen pou nou.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap aprann ke tout moun soufri, e ke Bondye ka ede chak moun nan soufrans yo.

Mande timoun yo leve men yo si fraz sa yo vrè pou yo:

M konn malad deja.

M konn santi doulè, paske m te frape mwen menm, oubyen yon moun mwen renmen te frape.

M pèdi yon bon zanmi deja.

M konn gen moun mwen renmen ki malad.

M konn gen moun mwen renmen ki nan doulè.

Yon moun ke m renmen gentan mouri.

Esplike ke w pral pale de bagay sa yo plizyè fwa nan Semènn k ap vini an. Sijè yo pral difisil. Timoun pral gade doulè nan lavi moun yo renmen, menm lanmò yon moun ke yo renmen.

Ou ka di yon bagay konsa:

Poukisa nou pral gade yon pati tris nan lavi nou konsa? Paske gen timoun ki pa ka lage doulè konsa. Yo gendwa konnen ke Jezi vle ede yo, men yo pa ka kite li ede yo. Olye de geri, doulè a vin pi mal. Si nou pa konbat doulè maladi ak lanmò, nou pa ka gen bon sante spirityèl, e nou pa ka grandi vin granmoun an sante.

Chak moun sou latè fè eksperyans soufrans ak lanmò. Men anpil fwa nou pa pale de bagay sa yo. Nan 4 Semènn k ap vini yo, nou pral pale sou soufrans nou, e lanmò moun ke nou renmen yo.

Mande timoun yo:

- **Si w te ka fè yon monn san defo, ki jan li tap ye? Kisa ou tap mete nan monn sa?**
- **Kisa ou tap retire nan monn sa?**

Lè Bondye te kreye latè, li te fè li san defo. Li te renmen sa li te kreye a. Li te bon. Sonje jan tout latè te pafè lè l te kreye Adan ak Ev? Nou te kite istwa a kote tout moun te toujou kontan, men nou pa t pale rès istwa a. Kounyeya m pral ba ou rès istwa a, e li tris anpil.

Adan ak Ev te dezobeyi sèl règleman ke Bondye te ba yo. Bondye te pini yo e li te mete yo deyò jaden an. Lè yo te dezobeyi, se peche yo te fè. Bondye pa t ka zanmi avèk yo ankò nan jan li te vle zanmi yo. Aprè yo fè peche, yo pèdi kote yo te rete a. Yo te pèdi chans yo te genyen pou yo pale ak Bondye fas-a-fas. E sa k te tris ankò, kò yo te genyen sou latè a pa tap ka dire nèt ale ankò. Lè yo te fè peche, maladi ak lanmò antre lemonn. Adan ak Ev tap pral mouri yon jou.

Nou chak nou fè peche. Nou fè kè Bondye mal. Nou pa ka pa fè peche. Bondye te renmen Adan ak Ev aprè yo te fè peche, e li toujou renmen nou tou.

Bondye te bay yon solisyon pou yo, e pou nou menm tou. Bondye te pwomèt ke li tap bay tout moun chans pou yo vin byen avèk li ankò. Li te pwomèt yo e nou menm tou, ke li tap voye yon Sovè. Sovè a se Jezi – Pitit Gason Bondye a. Lè nou renmen Jezi, li pwomèt ke l ap avèk nou pou tout tan – sou latè e nan syèl, menm aprè nou mouri.

Nan klas k ap vini yo, n ap pale sou soufrans ak lanmò, e ki jan Bondye ede nou sipòte doulè e menm lanmò moun ke nou renmen.

Bay chak timoun plizyè ti moso papye. Fè timoun yo ekri kèk soufrans ke yo pase. Timoun yo gendwa ekri bagay tankou «Manman m mouri.» oubyen «Papa m kite nou.» «M gen yon pye ki pa bon.» «Matant mwen malad.» Fè yo pliye moso papye yo pou moun pa wè sa yo ekri. Ramase tout papye yo epi esplike timoun yo ke ou pral li chak nan ti papye yo e w ap priye pou chak moun chak jou nan mwa k ap vini an, menm lè ou pa konnen ki moun ki ekri papye a.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Fè klas ou tounen yon kote timoun yo ka pataje soufrans, doulè ak krent ke yo genyen. Koute pwoblèm yo ak kè e lespri ou ouvè. Pa sezi pou anyen timoun yo di ou oubyen konfese ou. Swiv e toujou rete sansib pou jan timoun yo ap reyaji ak yonn lòt. Fè atansyon pou w soulinye jan leson sa yo se yon bagay pèsonèl pou chak moun. Ou gendwa wè li nesesè pou w pale ak yon timoun li sèl li. Kapab se ou sèl kòm granmoun ke timoun nan alèz pou l admèt bagay sa yo. De bagay ki ka ede anpil lè yon timoun di w yon bagay an prive se, «Mèsi dèske ou di m kisa w ap soufri, m ap sonje priye pou ou,» epi «Sa fè m mal pou ou, e sa fè kè Jezi mal tou.»

- **Si w te ka poze Bondye yon sèl kesyon sou soufrans oubyen lanmò, kisa ou tap mande li?**
  Mete w prèt pou w bay ki kesyon ou menm ou tap poze Bondye si pa gen timoun ki reponn. Ankouraje timoun di kisa yo pè nan lanmò e dout yo genyen sou soufrans. Bondye vle pou nou fè l konfyans ak kesyon onèt ke nou genyen. Sa pa di l anyen si nou fache avèk li. Li renmen nou kanmenm.

Menm lè pa gen moun ki gen repons pou tout kesyon ou, nou konnen ke Bondye toujou wa lemonn. Bondye vle sa ki bon pou nou chak. Se pa li menm ki koz lapenn

nou ni lanmò moun ke nou renmen, men li vle wè sa ki pase nan lavi nou rann nou pi sansib a li menm e sansib pou sa lòt moun ap soufri.

Rakonte oubyen li istwa sa a pou w ilistre jan Bondye pran sa ki mal nan lavi nou e fè l tounen yon bon bagay. Se pa Bondye ki koz malè rive nou, men li ka sèvi avèk yo pou mete bon nan lavi nou.

Yon manman te gen yon ti bebe gason byen bèl, an sante. Doktè a di madanm nan ke li pa tap ka fè timoun ankò. Men madanm nan pa t tris paske li te gen yon bèl bebe. Men 24 jou aprè ti pitit la fèt, bebe a vin gen dyare e li mouri. Madanm nan kriye, li kriye, li santi kè li ta kase. Li te konnen ke se jèm ki koz lanmò ti bebe li, li konnen se pa Bondye ki koz lanmò li. Men pou rès lavi li, li santi li tris ke ti pitit la te mouri. Li pa t janm sispann sonje ti bebe sa li pèdi a. Men yon jou madanm nan mande Bondye, «Montre m ki jan ou ka sèvi ak lanmò pitit mwen pou pote glwa pou ou.» Bondye reponn li e fè li rankontre anpil anpil lòt manman ki te pèdi pitit pa yo tou. Madanm nan vin pale avèk yo de renmen Bondye e jan Bondye vle geri lapenn ke nou genyen. Li priye ak chak manman. Anpil ane pita, madanm nan di, «M konnen Bondye te avèk mwen lè m te pèdi ti bebe pa m lan, e m konnen ke li te sèvi avè m pou m ede anpil lòt manman paske m te konprann sa yo tap soufri. Bondye te pran yon bagay terib ki te rive m, e li fè l tounen yon bagay pou glwa pa li.»

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ka demontre ke yo renmen Jezi lè yo depann de li lè yon malè rive yo.

Bib la pale anpil de yon nonm ki rele Pòl, yonn nan premye moun Bondye rele kòm misyonè. Ou gendwa panse li te mennen yon bon vi paske Bondye rele li fè yon travay si difisil. Men Bondye pa bati yon miray sekirite pou l antoure moun ki sèvi li. Moun ki renmen Bondye viv nan menm monn ak tout moun. Pòl vin tonbe nan prizon. Yo bat li e batiman li chavire. Li manke bwè dlo. Yo vòlè nan men li, trayi li, li te rete grangou e swaf, e sou tout sa ankò, li te genyen sa Bib la rele «yon kalite maladi nan kò m k'ap fè m soufri.» Bondye pa t anpeche tout bagay sa yo rive li. Men Bondye te avèk li nan chak sitiyasyon. Bondye te sèvi ak difikilte nan lavi Pòl pou l fè Pòl tounen yon pi bon misyonè. Lapenn ak soufrans antre lavi chak moun sou latè. Kretyen pa ka echape soufrans. E moun pa imajine doulè. Se yon bagay tout bon vre, e li fè nou mal.

Menm lè Bondye pèmèt soufrans antre lavi nou, nou ka fè li konfyans tou pou l fè yon bon bagay soti nan soufrans lan. Anpil doulè ki genyen nan lavi nou rive nou paske se moun nou ye. Pafwa se nan chemen soufrans ke nou vin konnen Jezi pi byen e gen pi bon relasyon avèk li. Lè moun reflechi sou moman difisil nan lavi yo, yo vin wè ke se te nan moman sa yo ke yo te santi yo pi pre Bondye. Moman soufrans ede nou konsidere kisa ki enpòtan nan lavi a. Lapenn ka fè nou konsantre sou bagay nan lavi nou ki anpeche nou renmen e sèvi Bondye ak tout kè.

Demonstrasyon

Mete 2 vè dlo deyò. Vè yo sipoze sitèlman plen ke yo debòde lè ou manyen yo. Fè timoun yo vin kanpe devan ansanm avèk ou pou yo ka wè pi byen. Esplike ke dlo klè a, dlo pwòp la, reprezante lavi yon moun ki renmen Jezi. Vè dlo sal la reprezante yon moun ki pa renmen Jezi.

Fè yon ti pouse vè yo pou dlo sot tonbe. Esplike ke lapenn ak lanmò frape tout moun.

Lè lapenn ak lanmò frape moun, sa ki anndan moun nan soti. Si lavi yo plen krentif ak dezespwa, se sa ki debòde. E sa ka blese yo pou rès lavi yo.

Men si yo renmen Jezi, Jezi ap ede yo nan lapenn yo, e li ka menm sèvi ak doulè ak lanmò a pou l fè lòt moun vin jwenn li. Espwa ak yon pi gran amou pou Jezi ap debòde nan moun sa. Konfyans ke Jezi avèk nou debòde, kelkeswa sa ki rive nou.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun plante verite Bondye nan nanm yo, «M'a delivre ou. Fè lwanj mwen.»

Doktè ak konseyè di nou ke moun ap vin amè nan nanm yo si yo panse sèlman ak poukisa y ap soufri e ki moun ki koz soufrans lan. Moun konnen ke Bondye avèk yo, li ede yo nan soufrans yo, li ede yo sipòte lapenn nan, e yo soti pi byen ke avan. Sa ka ede yo mennen vi ki pi bon, e pi plen.

Atitid nou ka afekte sa. Tande sa Bondye di nou.

Li sa nan Bib la.

Lè ou nan tray, rele m, m'a delivre ou. Fè lwanj mwen.
Som 50.15

Montre timoun yo ke vèsè a di, «M'a delivre ou.» Sa pa vle di ke Bondye ap anpeche tout malè rive nou, men l ap delivre granmoun kou timoun nan gwo lapenn ak kòlè ki anpeche nou mennen vi ki plen e kontan.

Mande timoun yo repete vèsè a ansanm avèk ou twa fwa.

1. Premye fwa a, yo sipoze panse ak soufrans ke yo menm y ap sibi, e mande tèt pa yo si yo gentan mande Senyè a ede yo.

2. Dezyèm fwa a, yo sipoze panse ak lòt moun k ap sibi anpil difikilte e mande ki jan yo ka ede moun sa yo rele Senyè a pou l ede yo.

3. Twazyèm fwa a, yo sipoze repete vèsè tankou yon priyè, e remèsye Bondye ke l ap la avèk yo nan soufrans yo.

Fèmen ak lapriyè. Avan yo ale, di tout timoun yo ke ou ka pale avèk yo pou kont yo, si yo gen kèk bagay yo ta renmen pale avèk ou.

Doulè ak Lanmò
Chapit 6

Dizyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M ka grandi lè m gen eksperyans ki fè m mal.

Jodia timoun yo aprann jan moun ka gen lapenn.

Jodia timoun deside priye pou moun ke yo konnen ki nan lapenn.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kèk ti moso papye ak plizyè emosyon ekri sou yo (Wè Pati 1)
- Avan klas la kòmanse, ekri etap lapenn yo sou plizyè fèy papye ke w kenbe anlè lè w ap esplike yo nan Pati 2 a.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap prepare yo pou yo aji byen ak emosyon yo nan demontre ni emosyon pozitif ni negatif.

Avan klas la kòmanse, ekri plizyè emosyon sou kèk ti moso papye—yon emosyon pou chak papye. Bay timoun yo papye yo, men pa kite timoun yo montre lòt moun sa ki ekri nan pa yo a. Rele timoun ki gen kat yo yonn pa yonn pou yo vin fè kòm si yo gen emosyon sa. Yo ka fè jès, yo ka fè son pou yo bat pou yo fè lòt timoun yo devine kisa ki emosyon y ap montre. Lòt timoun yo menm sipoze veye pou yo ka devine kisa ki te ekri sou ti papye a ke timoun nan ap demontre.

Men kèk emosyon ou gendwa ekri sou papye yo :

Krent	Eksitasyon	Dezespwa
Jwa	Kòlè	Wont
Antisipasyon	Lapenn	Enkyetid

Mande timoun yo:

- **Eske li te toujou fasil pou w jije emosyon moun nan?**
  Anpil fwa, li pa fasil. Moun diferan e yo eksprime emosyon yo nan diferan fason. Wi, vizaj nou ak jès nou ka bay anpil enfòmasyon, men pa tout.

Paske moun demontre emosyon yo nan diferan fason, pafwa li difisil pou nou konprann kisa yo santi vre. Panse ak kòlè. Moun ka montre ke yo fache lè yo rele, joure, eksite, e mare figi yo. Men gen moun ki montre ke yo fache lè yo pa pale, oubyen yo pa vle manje. Soufrans nou pi konplike ke sa nou ka wè. Pafwa menm nou menm, nou pa konprann emosyon nou.

Emosyon ki demontre lapenn ak tristès pi difisil pou nou idantifye nan lòt moun. Lè ou pèdi yon bagay oubyen yon moun ki enpòtan pou ou, li nòmal pou yon moun tris. Gen nan nou ki kriye lè bagay la premye rive nou, men aprè yon tan, nou kache emosyon nou. Men tristès la, emosyon nou, pa janm ale. Yo toujou la, nan kè nou. Sa pa bon pou nou. Paske lòt moun panse nou bon, e yo pa eseye ede nou. Men an verite, se kache n ap kache lapenn nou e se tèt nou n ap fè mal. Poukisa? Paske nou p ap geri jan nou dwe geri pou nou ka an sante jodia e pou toujou.

Separe timoun yo nan gwoup de 4. Esplike ke w pral li kèk bagay ke zanmi yo gendwa di yo. Chak gen rapò ak lanmò oubyen lapenn. Timoun yo sipoze pale nan gwoup yo pou yo wè kisa yo ta dwe di yon timoun ki vin di yo bagay sa yo. Lèfini, rele diferan gwoup timoun pou yo vin devan klas la e di kisa yo deside. Aprè yo pale, bay yon pèspektiv biblik, si timoun yo pa t fè sa. Vèsè yo ke nou mete dèyè chak fraz anba ap ede ou fè sa. Fè sèten ke ou menm, pwofesè a, ou etidye vèsè sa yo avan klas la kòmanse.

M te fè jalouzi pou frè m, e se sa k fè li malad kounyeya. (Vèsè pwofesè: Som 103.10–11)

Ti sè m pa ka mouri. Timoun pa ka mouri. (Vèsè pwofesè: Eklezyas 7.2b)

M pè pou m pa malad e mouri menm jan ak frè m. (Vèsè pwofesè: Ezayi 41.10)

Bondye, m rayi ou paske ou kite papa m mouri. (Vèsè pwofesè: Women 5.12)

M p ap janm ka kontan ankò paske m te pèdi men m nan aksidan an. Kounyeya m pa vo anyen. (Vèsè pwofesè: Filipyen 1.20)

M sonje manman m, men m konnen li te renmen Bondye. Li kontan nan syèl la, men m ap toujou sonje li. (Vèsè pwofesè: 2 Korentyen 1.4)

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap aprann de pwosè lapenn pou yo ka idantifye lapenn nan tèt pa yo e nan lòt moun, e pou yo ka kòmanse geri.

Avan timoun yo vin nan klas la, ekri etap lapenn yo nan plizye gwo fèy papye. Men yo:

REFIZE KWÈ, KÒLÈ, NEGOSYE, DEKOURAJE, ASÈPTE. Leve papye yo anlè yonn a la fwa pandan w ap pale sou yo chak.

Esplike ke pou anpil ane, gen moun k ap etidye lapenn. Yo dekouvri ke moun pase plizyè etap nan lapenn yo.

Fè timoun yo konnen:

Se pa tout moun ki pran menm kantite tan pou yo pase lapenn yo. Gen moun ki pran kèk semenn, gen moun ki pran mwa, gen moun ki pran ane.

Se pa tout moun ki pase tout etap yo.

Moun pa pase etap yo nan menm lòd lan.

Moun gendwa retounen nan yon etap pou yo pase l ankò.

Bondye avèk nou nan chak etap, l ap mache avèk nou e rekonfòte nou.

M prale pale sou chak etap. (Leve mo yo anlè pandan w ap esplike yo.)

REFIZE KWÈ

Yon moun gendwa sitèlman sezi lè yon malè rive li ke l refize kwè ke sa te pase vre. Moun nan gendwa panse, «Sa ka rive lòt moun—li pa ka rive m!» Pa egzanp, timoun nan ki te di, «Ti sè m nan pa mouri—timoun pa ka mouri,» tap refize kwè ke ti sè li an te gentan mouri. Anpil fwa moun refize kwè ke yon moun yo renmen mouri, oubyen ke yo gen yon maladi tankou kansè oubyen SIDA.

KÒLÈ

Nòmalman, dezyèm etap yon moun pase se kòlè. Timoun nan ki di, «Bondye, m rayi w paske ou kite papa m mouri», se nan etap sa li ye. Moun ki nan lapenn konn fache ak moun yo panse ki responsab malè a ki rive yo. Yo sitèlman santi kè yo ta kase ke yo vin fache ak doktè, oubyen Bondye, oubyen menm ak moun ki mouri an. Sa se yon bagay ki pase souvan lè moun mouri. Lè moun nan etap sa, li fasil pou nou panse ke yo pèdi lafwa nan Bondye, men se pa vre. Yo bezwen eksprime tristès yo e pase etap sa menm jan ak lòt yo.

NEGOSYE

Negosye se yon lòt bagay moun konn fè lè yo nan lapenn. Moun nan eseye pale ak Bondye pou l negosye ak Bondye pou Bondye ba li sa l pèdi a, epi moun nan menm pwomèt ke l ap fè yon bagay pou Bondye ann echanj. Yon egzanp se, «Si ou fè manman m vin mennen m ale lakay, m ap batize Kretyen.»

DEKOURAJE

Yon lòt etap se dekourajman oubyen depresyon. Sa se yon santiman ke anyen pa gen valè. «M p ap janm ka kontan ankò paske m te pèdi men m nan aksidan an. Kounyeya m pa vo anyen» se yon egzanp yon moun ki nan depresyon byen fon. Depresyon se yon santiman kote w santi ou paralize—li anpeche fè sa ou vle fè, oubyen sa ou konnen ou dwe fè. Prèske tout moun ki gen lanmò nan fanmi yo antre nan depresyon. E moun ki rive pase etap sa ap rive nan etap akseptans.

ASÈPTE

Sonje timoun nan ki te di, «M sonje manman m, men m konnen ke l te renmen Jezi. Li kontan nan syèl la, men m ap toujou sonje l»? Timoun sa asèpte lanmò manman li. Li asèpte verite ke manman l mouri a e ke li pa ka chanje sa l pèdi a. Li di mèsi pou tan li te gen ak manman l, e kounyeya li prèt pou l kontinye ak lavi li. Sa pa vle di li bliye manman l, e sa pa vle di li pa sonje l ankò. Sa se yon bon kote pou l ta ye.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Gen 2 lòt etap ke yon moun ka pase tou, lè li nan lapenn oubyen gen moun ki mouri—se koupabilite ak krentif. Timoun souvan santi se yo menm ki koz malè ki rive yo a. Paske yo pa konprann kisa ki koz sa ki rive yo, yo santi se yo ki responsab. Yo santi sa sitou lè yon moun abandonnen yo. «Si m te yon pi bon timoun, manman m pa ta kite m.» Evidaman, sa timoun nan ap rezone pa fè sans.

Timoun souvan pè ke sa ki rive yon lòt moun yo konnen pral rive yo tou. E sa timoun pa konprann, yo pè. Pa egzanp, yon timoun gendwa panse, «Manman timoun sa gen SIDA e l ap mouri. M pè pou manman m pa gen SIDA pou l mouri tou.»

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun priye pou zanmi yo ki nan lapenn.

M vle nou rete chita an silans pou kèk minit. Fèmen je ou. Nan tèt ou, panse ak yon timoun ke ou konnen ki gen malè ki rive li, yon timoun ki nan lapenn. Priye ke Bondye va ede timoun nan pase nan tout etap lapenn li pou l ka rive asèpte sa ki rive li. Di non timoun nan lè w ap priye Bondye. Kounyeya, panse ak yon lòt timoun ou konnen ki nan difikilte tou. Ankò, priye Bondye pou l ede timoun sa pase nan etap soufrans yo. Priye jouskaske ou pa ka panse ak moun ankò.

Pou w fèmen, di timoun yo 2 bagay:

An premye, Bondye gendwa bay yo okazyon pou yo soulaje zanmi yo ke yo te priye pou yo a. Si yo vin wè yo gen okazyon, di timoun yo ke yo ka esplike lòt ti zanmi yo etap soufrans yo e priye ak timoun nan pou Bondye ede li pase soufrans li.

An dezyèm, di elèv yo ke w konnen ka gen nan yo k ap soufri. Di yo ke ou la pou w pale oubyen priye avèk yo si yo ta vle pale avèk ou pou kont ou.

Leson sa difisil pou timoun. Si w gen tan nan fen klas la, chante e danse kèk ti chan ke timoun yo renmen pou fè kè yo kontan. Lè yo kite klas la, ou pa vle yo tris, se pou yo gen kè kontan !

Lè Yon Moun Touyè Tèt Pa Li Chapit 6

Onzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M ka grandi lè m gen eksperyans ki fè m mal.

Jodia timoun yo aprann ke lavi a se yon kado ke Kreyatè nou ban nou.

Jodia timoun deside bay lavi yo valè e pa janm, janm jete li.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon kòd oubyen fil
- Pens rad
- Tep
- 9 Avètisman ke yon moun ka touye tèt li, chak ekri sou yon fèy papye. (Wè Pati 1)
- 9 fèy ak «Mande yon granmoun ede ou» ekri sou chak avan klas. (Wè Pati 1)
- Sketch ki pral fèt. (Wè fen leson an.)

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Li leson sa byen e deside si w ta renmen se pi gran timoun yo sèlman ki patisipe nan leson sa. Si timoun piti yo tap pè oubyen vekse, fè aranjman pou yo etidye yon lòt leson jodia ak yon lòt moun.

Siyisid gendwa yon bagay ke moun pa pale twòp, e timoun gendwa gen kèk ide ki pa vre, oubyen yo gendwa pè pou yon bagay ke yo pa fin konprann, e ki bezwen klè. Leson sa ap bay timoun yon fondasyon Kretyen sou yon sijè ki byen tris. Gen nan yo ki gendwa gen paran ki touye tèt pa yo. Gen lòt ki gendwa anvi pran lavi pa yo lè yo nan difikilte. Se sèl lavi sa nou genyen sou latè a—e li presye. Leson sa ekri pou ede timoun konprann ke lavi se yon kado Kreyatè nou ban nou e sa ki pi enpòtan, pou ede timoun yo konprann ke siyisid pa yon solisyon pou pwoblèm lavi sa. Sa se yon desizyon ke Bondye pa janm vle yo pran.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap rekonèt ki siy ki ka genyen ki ka ede yo anpeche lanmò yon zanmi yo.

Imajine ke yon jou ou te wè m tap koupe bra m. Ou tap vekse, e ou tap mande m poukisa m ap fè bagay terib sa. M tap di, «Paske m gen yon ti moso bwa nan dwat mwen e m pa ka sipòte doulè ti moso bwa ankò.»

- **Kisa w tap panse?**

Menm si ou panse sitiyasyon sa biza, nan yon fason konsa, anpil moun—menm granmoun —konn eseye rezoud pwoblèm yo konsa. Si lavi a vin pi difisil oubyen yon moun nan lapenn oubyen yo pa ka kwè ke lavi yo ap janm bon ankò, gen moun ki fè plis ke koupe bra yo. Yo pran lavi tèt pa yo. Sa se yon bagay ki tris, men li pa bon tou. Se yon sèl lavi nou genyen sou latè sa. Lavi sa presye ni pou nou, ni pou Bondye. Jodia nou pral pale sou moun ki eseye fini ak pwoblèm yo lè yo pran lavi tèt pa yo, e kisa nou dwe fè pou nou eseye anpeche yon moun pran move desizyon s.

- **Jodia nou pral pale sou siyisid. Kisa ki rele siyisid?**
- **Kisa w konnen de siyisid?**

Bay timoun yo yon ti tèst pou w detèmine kisa yo konnen de siyisid. Si yo panse repons lan se Vrè, yo dwe kanpe. Si yo panse repons lan se Fo, yo dwe rete chita epi manyen tèt yo. Nou soulinye bon repons lan pou ou menm, pwofesè a.

Vrè / <u>Fo</u>: **Moun ki eseye touye tèt pa yo pa moun nòmal tankou mwen avè w.**

<u>Vrè</u> / Fo: **Yon moun ki mete nan tèt li ke li pa gen okenn espwa e k ap soufri anpil gendwa konsidere siyisid.**

Vrè / <u>Fo</u>: **Moun ki pale de pran lavi pa yo pa p janm fè l vre.**

<u>Vrè</u> / Fo: **Moun k ap konsidere touye tèt pa yo ka ban nou kèk siy pou nou konnen sa.**

Vrè / <u>Fo</u>: **Si w pale ak yon moun sou siyisid, se ide w ap bay moun nan pou l fè sa.**

<u>Vrè</u> / Fo: **Moun ki eseye pran lavi pa yo ka bon ankò si yo jwenn espwa e bon fason pou yo rezoud pwoblèm yo.**

Moun ki eseye pran lavi pa yo se moun nòmal menm jan avè m, menm jan avè w. Menm jan ak tout moun, yo gen de jounen ki bon, genyen ki pa bon. Epi tout bagay

vin chanje pou li. Petèt yon moun yo renmen mouri. Oubyen yo tonbe malad. Aprè sa, chak jou se yon move jou kote yo pa gen espwa ke y ap janm kontan ankò. Petèt gen anpil mwa san lapli e jaden moun pa donnen pou yo ka bay pitit yo manje. Petèt yo tonbe malad e doulè a toujou ap vin pi mal. Petèt yon mari oubyen madanm kite, e jere tout bagay san moun sa ki kite a vin pi difisil chak jou.

Yo pa konnen ki moun ki pou ta ede yo. Yo mete nan tèt yo ke se siyisid ki se sèl chwa ki rete pou yo. Yo panse ke se sèl siyisid ki ka rete soufrans yo. Yo santi yo vid anndan e yo pèdi tout espwa. Lè yo pa gen espwa, yo pa wè ke bagay yo ka fini byen pou yo, e se sèl lanmò ki ka soulaje yo.

Si ou konnen yon moun k ap pale de touye tèt li, pran sa o serye. Lè moun ap pale de pran lavi pa yo, sa montre w ke moun nan dezespere vre. Se èd ak sipò y ap mande ou. Nan moman sa yo ansanm, nou pral montre ou jan pou w rekonèt si zanmi ou deprime oubyen dekouraje.

Moun k ap konsidere pran lavi yo konn bay plizyè siy ke nou ka konnen kisa y ap panse.

Chwazi 2 timoun kenbe yon kòd oubyen yon fil ant yo de a, apepre 1 mèt anlè. Pandan w ap pale, pense 9 siy ke w ekri sou papye yo sou fil lan. Bay 9 lòt timoun papye ki make «Mande yon granmoun ede ou» yo. Aprè ou fin esplike chak nan siy yo, fè yon timoun tepe siy «Mande yon granmon ede ou» sou siy lan. Si yonn nan zanmi timoun yo ap demontre yonn nan siy yo ke li anvi touye tèt pa li, timoun nan sipoze fè yon granmoun konn sa.

Men 9 fraz yo pou w ekri sou 9 fèy papye, siy ke yon moun ap konsidere siyisid. Fè yo gwo ase pou timoun yo ka li yo.

1. Moun nan panse ak lanmò tout tan.

Esplike ke pafwa moun pale de lanmò anpil. Ou gendwa tande yon moun di, «M ap panse kòman sa ye lè yon moun mouri.»

- **Kisa w dwe fè si w panse yon moun ap pase twòp tan ap konsidere e pale sou lanmò?**

Yon timoun tepe yon siy «Mande yon granmoun ede ou» sou papye a. Kontinye fè sa pou toule nèf papye yo.

2. Moun nan chanje pèsonalite oubyen tanperaman li.

3. Moun nan chanje jan li manje oubyen dòmi.

4. Moun nan avèti zanmi ak fanmi li.

5. Moun nan pran risk.

Risk l ap pran yo demontre ke li pa bay lavi li valè. Se tankou li vle mouri.

6. Moun nan fè dwòg.

7. Moun nan fè kado tout afè li.

8. Moun nan pale de pran lavi li.

9. Moun nan di w piga ou di moun sa.

Lè ou pale ak moun ki dekouraje e deprime, sa ba yo yon chans pou yo mande w ede yo. Lè w pale avèk yo, sa ouvri pòt pou yo di w jan yo santi yo. Koute byen kisa yo di e pa di yo ke sa y ap santi a pa anyen. Ou gendwa pa gen anpil repons pou yo. Men se pou ou toujou di yo ke ou renmen yo, e ke ou kontan ou zanmi avèk yo.

- **Ki jan ou tap santi w si zanmi w te di w li gen ide pran lavi li?**
- **Kisa w tap di moun nan? Kisa w tap fè?**
- **E si zanmi w te di piga ou di okenn moun sa? Kisa w panse ou sipoze fè?**
- **Pa fè zanmi ou pwomès ke w p ap di moun sa. Si w di yon granmoun ke zanmi w ap konsidere touye tèt pa li, ou gendwa sove lavi li.**
- **Ki jan ou panse zanmi w tap santi w si pwomèt li ke w p ap di okenn moun sa, lèfini w ale di moun sa pou yo ede li?**
  Fache. Li gendwa sitèlman fache li p ap vle zanmi avèk ou ankò. Esplike timoun yo gen anpil fwa gen desizyon nou pran ki difisil anpil. Fè yo sonje ke lavi yon moun nan balans lan la. Prefere ou di granmoun li vle touye tèt li e zanmi a fache avèk ou ke ou gen yon zanmi ki mouri. Pa janm gen yon lè ke yon timoun pa ka mande granmoun ede li.

Nou chak gen tan nan lavi nou kote tout bagay sanble li gate pou nou, e nou chache yon jan pou nou echape soufrans nou. Bondye ban nou yon vrè espwa pou lavni nou e li ede nou pase moman dekourajan sa yo. Lè nou ede yon zanmi, nou vle ede moun nan asèpte espwa ke Bondye ban nou an e remèsye Bondye pou kado lavi sa li ban nou.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap fè sketch pou yo montre kisa moun nan Bib la te fè lè lavi yo vin sitèlman difisil ke yo santi yo vle mouri.

Menm moun nan Bib la te gen moman kote yo panse okenn moun pa renmen ni konprann yo. Yo panse lavi a pa t vo anyen. Nou pral fè kòm si n ap fè entèvyou nan televizyon pou 2 moun ki nan Bib la, e nou pral mande yo kisa ki te ede yo nan moman difisil.

Chwazi twa timoun ki li byen. Mande yo li pati pa yo ak ekspresyon. Yon ide: Bay yo senaryo sa yo kèk jou avan klas la pou yo ka repete li ansanm.

Moyiz ak Eli vle Mouri

Yon Entèvyou nan Televizyon

Baze sou Istwa nan Bib la

Jounalis: Bonjou! Mwen rele (bay non ou) e m pral fè entèvyou pou de moun ke tout moun konnen ki soti nan Bib la, Moyiz ak Eli. Bonjou, Moyiz ak Eli. Nou di ou byenveni nan pwogram nou jodia. Nou toulède se moun ki te gran lidè pou Bondye, men nou te soufri e te dekouraje anpil. Nou toulède te panse ak lanmò kòm yon fason pou w fini ak soufrans ou. Kilè sa te rive ou?

Moyiz: Pou mwen, se te lè m tap mennen pèp Izrayèl yo nan dezè a deyò Tè Pwomès lan, m te dekouraje anpil. Nenpòt sa m fè pou moun yo, yo toujou di li pa ase. M te deprime e fache pou tout plenyen moun yo tap plenyen an. M panse m pa t ka sipòte ankò. Pèp latap aji tankou yon pakèt timoun gate. M te santi m sèl e dezespere. M te konnen ke se Bondye ki te rele m mennen pèp sa, men m tap mande m poukisa Bondye pèmèt moun yo toujou fache konsa.

Eli: M konn ki jan ou te santi w. Bondye te banm yon gwo viktwa sou yon fo pwofèt idòl yo. Pou l reponn a priyè mwen, Bondye te tèmine yon sechrès ki te dire 3 an, e te voye lapli. Men èske pèp Izrayèl la te remèsye m? Non ! Lèfini, vye larenn Jezabèl di li pral touye mwen. Pa gen moun ki kanpe pou mwen menm. M te santi m te abandonnen, vid e kraze. M te pè, epi m kouri antre dezè a.

Jounalis: Ki jan nou te echape gwo soufrans sa?

Moyiz: Pou mwen, m te pale ak Bondye sou sa. M te di Bondye si l renmen, kite m mouri pou m pa gen pwoblèm konsa ankò.

Eli: M te pale ak Bondye tou. M te di li m pa ka sipòte ankò e m mande l kite m mouri.

Jounalis: Mezanmi! Nou te dezespere vre! Sanble se te yon moman terib pou nou. Ki jan konfyans ou nan Bondye te ede ou nan moman difisil sa?

Moyiz: Pou mwen, Bondye te montre m ke m pa t oblije mennen pèp Izrayèl la pou kont mwen. Li banm 70 moun pou ede m e li pwomèt mwen ke yo ta gen menm lespri lapriyè ak senserite avè m. Sa tap fè travay mwen pi fasil.

Eli: Bondye te banm manje nan dezè a li te kite m pran repo. Lèfini li montre jan pou m fèmen tout lòt bri ki nan lemonn pou m ka tande vwa li sèlman. Se lè sa m wè kisa li te genyen pou mwen nan lavi m, e ke li pa t ankò fini. Li menm di m ke te genyen lòt kwayan fidèl nan peyi kote m te rete a. M te santi m sèl, men m pa t tou sèl.

Jounalis: Ki konsèy ou genyen pou moun ki dekouraje e ki wè lavi a difisil? Menm moun ki ta renmen pran pwòp lavi pa yo?

Moyiz: Di yo «Pa janm pran lavi ou. Lavi se yon kado Bondye ban nou. Lavi se yon bagay ki

gen valè. Nou dwe chache fason pou nou jwi lavi sa e sèvi avèk li pou n bay Bondye glwa.» Se sèl lavi sa n ap janm genyen sou latè. Nou dwe ba li valè, menm lè lavi a difisil.

Eli: Bondye ban nou lavi. Se Bondye ki ka pi byen di nou jan pou nou sèvi ak lavi nou. Li gen anpil plan pou nou chak. Plan li ka ban nou jwa ak satisfaksyon.

Jounalis: Mèsi nou toulè de pou sa ou pataje avèk nou jodia. Bib la di, «Jodia se jou Senyè a te fè—annou rejwi e kontan nan li.» Se sa m pral fè—rejwi jodia e kontan ke Bondye renmen m e mwen renmen li tou.

- **Kisa sketch lan te di ke Moyiz ak Eli te fè lè yo te santi ke lavi yo pa t gen valè ankò?**
- **Bondye te bay Moyiz moun pou ede li. Ki jan ou panse sa te ede li pa dekouraje ankò?**
- **Poukisa ou panse Bondye te bay Eli manje ak repo avan li fè okenn lòt bagay pou pwofèt lan?**
- **Ni Moyiz ni Eli te koute Bondye. Lè nou dekouraje, nou ka swiv egzanp Eli e tounen vin jwenn Senyè a. Bondye toujou pre nou e li vle ede nou. Nan ki fason nou ka tande vwa Bondye jodia?**
  Li Bib la e chache kisa Bondye ap di nan mo sa yo. Mande zanmi Kretyen kisa ou sipoze fè. Priye epi koute nan kè ou pou kisa Bondye vle di ou.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap mande Bondye fè yo pi sansib pou soufrans lòt moun.

Petèt bagay ou ka fè pou w plis ede moun ki santi ke lavi yo pa gen valè se montre yo ke ou sansib pou yo. Ou gendwa pa konn sa pou w fè pou w ede moun nan, e ou ka mande lòt moun vin ede, granmoun Kretyen ke w fè konfyans. Menm si w ezite pou w mande granmoun asistans, ou dwe mande yo ede ou. Granmoun gen plis eksperyans ak sajès ak otorite. Yo ka ede pi byen.

Pou w fèmen, fè tout timoun yo kenbe men, men fè yo kanpe nan fòm yon kè. Fèmen nan lapriyè e mande Bondye ede ou menm ak chak timoun vin pi sansib anvè moun ki dekouraje e deprime.

Moyiz ak Eli vle Mouri

Yon Entèvyou nan Televizyon

Baze sou Istwa nan Bib la

Jounalis: Bonjou! Mwen rele (bay non ou) e m pral fè entèvyou pou de moun ke tout moun konnen ki soti nan Bib la, Moyiz ak Eli. Bonjou, Moyiz ak Eli. Nou di ou byenveni nan pwogram nou jodia. Nou toulède se moun ki te gran lidè pou Bondye, men nou te soufri e te dekouraje anpil. Nou toulède te panse ak lanmò kòm yon fason pou w fini ak soufrans ou. Kilè sa te rive ou?

Moyiz: Pou mwen, se te lè m tap mennen pèp Izrayèl yo nan dezè a deyò Tè Pwomès lan, m te dekouraje anpil. Nenpòt sa m fè pou moun yo, yo toujou di li pa ase. M te deprime e fache pou tout plenyen moun yo tap plenyen an. M panse m pa t ka sipòte ankò. Pèp latap aji tankou yon pakèt timoun gate. M te santi m sèl e dezespere. M te konnen ke se Bondye ki te rele m mennen pèp sa, men m tap mande m poukisa Bondye pèmèt moun yo toujou fache konsa.

Eli: M konn ki jan ou te santi w. Bondye te banm yon gwo viktwa sou yon fo pwofèt idòl yo. Pou l reponn a priyè mwen, Bondye te tèmine yon sechrès ki te dire 3 an, e te voye lapli. Men èske pèp Izrayèl la te remèsye m? Non ! Lèfini, vye larenn Jezabèl di li pral touye mwen. Pa gen moun ki kanpe pou mwen menm. M te santi m te abandonnen, vid e kraze. M te pè, epi m kouri antre dezè a.

Jounalis: Ki jan nou te echape gwo soufrans sa?

Moyiz: Pou mwen, m te pale ak Bondye sou sa. M te di Bondye si l renmen, kite m mouri pou m pa gen pwoblèm konsa ankò.

Eli: M te pale ak Bondye tou. M te di li m pa ka sipòte ankò e m mande l kite m mouri.

Jounalis: Mezanmi! Nou te dezespere vre! Sanble se te yon moman terib pou nou. Ki jan konfyans ou nan Bondye te ede ou nan moman difisil sa?

Moyiz: Pou mwen, Bondye te montre m ke m pa t oblije mennen pèp Izrayèl la pou kont mwen. Li banm 70 moun pou ede m e li pwomèt mwen ke yo ta gen menm lespri lapriyè ak senserite avè m. Sa tap fè travay mwen pi fasil.

Eli: Bondye te banm manje nan dezè a li te kite m pran repo. Lèfini li montre jan pou m fèmen tout lòt bri ki nan lemonn pou m ka tande vwa li sèlman. Se lè sa m wè kisa li te genyen pou mwen nan lavi m, e ke li pa t ankò fini. Li menm di m ke te genyen lòt kwayan fidèl nan peyi kote m te rete a. M te santi m sèl, men m pa t tou sèl.

Jounalis: Ki konsèy ou genyen pou moun ki dekouraje e ki wè lavi a difisil? Menm moun ki ta renmen pran pwòp lavi pa yo?

Moyiz: Di yo «Pa janm pran lavi ou. Lavi se yon kado Bondye ban nou. Lavi se yon bagay ki

gen valè. Nou dwe chache fason pou nou jwi lavi sa e sèvi avèk li pou n bay Bondye glwa.» Se sèl lavi sa n ap janm genyen sou latè. Nou dwe ba li valè, menm lè lavi a difisil.

Eli: Bondye ban nou lavi. Se Bondye ki ka pi byen di nou jan pou nou sèvi ak lavi nou. Li gen anpil plan pou nou chak. Plan li ka ban nou jwa ak satisfaksyon.

Jounalis: Mèsi nou toulè de pou sa ou pataje avèk nou jodia. Bib la di, «Jodia se jou Senyè a te fè—annou rejwi e kontan nan li.» Se sa m pral fè—rejwi jodia e kontan ke Bondye renmen m e mwen renmen li tou.

Moyiz ak Eli vle Mouri

Yon Entèvyou nan Televizyon

Baze sou Istwa nan Bib la

Jounalis: Bonjou! Mwen rele (bay non ou) e m pral fè entèvyou pou de moun ke tout moun konnen ki soti nan Bib la, Moyiz ak Eli. Bonjou, Moyiz ak Eli. Nou di ou byenveni nan pwogram nou jodia. Nou toulède se moun ki te gran lidè pou Bondye, men nou te soufri e te dekouraje anpil. Nou toulède te panse ak lanmò kòm yon fason pou w fini ak soufrans ou. Kilè sa te rive ou?

Moyiz: Pou mwen, se te lè m tap mennen pèp Izrayèl yo nan dezè a deyò Tè Pwomès lan, m te dekouraje anpil. Nenpòt sa m fè pou moun yo, yo toujou di li pa ase. M te deprime e fache pou tout plenyen moun yo tap plenyen an. M panse m pa t ka sipòte ankò. Pèp latap aji tankou yon pakèt timoun gate. M te santi m sèl e dezespere. M te konnen ke se Bondye ki te rele m mennen pèp sa, men m tap mande m poukisa Bondye pèmèt moun yo toujou fache konsa.

Eli: M konn ki jan ou te santi w. Bondye te banm yon gwo viktwa sou yon fo pwofèt idòl yo. Pou l reponn a priyè mwen, Bondye te tèmine yon sechrès ki te dire 3 an, e te voye lapli. Men èske pèp Izrayèl la te remèsye m? Non ! Lèfini, vye larenn Jezabèl di li pral touye mwen. Pa gen moun ki kanpe pou mwen menm. M te santi m te abandonnen, vid e kraze. M te pè, epi m kouri antre dezè a.

Jounalis: Ki jan nou te echape gwo soufrans sa?

Moyiz: Pou mwen, m te pale ak Bondye sou sa. M te di Bondye si l renmen, kite m mouri pou m pa gen pwoblèm konsa ankò.

Eli: M te pale ak Bondye tou. M te di li m pa ka sipòte ankò e m mande l kite m mouri.

Jounalis: Mezanmi! Nou te dezespere vre! Sanble se te yon moman terib pou nou. Ki jan konfyans ou nan Bondye te ede ou nan moman difisil sa?

Moyiz: Pou mwen, Bondye te montre m ke m pa t oblije mennen pèp Izrayèl la pou kont mwen. Li banm 70 moun pou ede m e li pwomèt mwen ke yo ta gen menm lespri lapriyè ak senserite avè m. Sa tap fè travay mwen pi fasil.

Eli: Bondye te banm manje nan dezè a li te kite m pran repo. Lèfini li montre jan pou m fèmen tout lòt bri ki nan lemonn pou m ka tande vwa li sèlman. Se lè sa m wè kisa li te genyen pou mwen nan lavi m, e ke li pa t ankò fini. Li menm di m ke te genyen lòt kwayan fidèl nan peyi kote m te rete a. M te santi m sèl, men m pa t tou sèl.

Jounalis: Ki konsèy ou genyen pou moun ki dekouraje e ki wè lavi a difisil? Menm moun ki ta renmen pran pwòp lavi pa yo?

Moyiz: Di yo «Pa janm pran lavi ou. Lavi se yon kado Bondye ban nou. Lavi se yon bagay ki

gen valè. Nou dwe chache fason pou nou jwi lavi sa e sèvi avèk li pou n bay Bondye glwa.» Se sèl lavi sa n ap janm genyen sou latè. Nou dwe ba li valè, menm lè lavi a difisil.

Eli: Bondye ban nou lavi. Se Bondye ki ka pi byen di nou jan pou nou sèvi ak lavi nou. Li gen anpil plan pou nou chak. Plan li ka ban nou jwa ak satisfaksyon.

Jounalis: Mèsi nou toulè de pou sa ou pataje avèk nou jodia. Bib la di, «Jodia se jou Senyè a te fè—annou rejwi e kontan nan li.» Se sa m pral fè—rejwi jodia e kontan ke Bondye renmen m e mwen renmen li tou.

Moyiz ak Eli vle Mouri

Yon Entèvyou nan Televizyon

Baze sou Istwa nan Bib la

Jounalis: Bonjou! Mwen rele (bay non ou) e m pral fè entèvyou pou de moun ke tout moun konnen ki soti nan Bib la, Moyiz ak Eli. Bonjou, Moyiz ak Eli. Nou di ou byenveni nan pwogram nou jodia. Nou toulède se moun ki te gran lidè pou Bondye, men nou te soufri e te dekouraje anpil. Nou toulède te panse ak lanmò kòm yon fason pou w fini ak soufrans ou. Kilè sa te rive ou?

Moyiz: Pou mwen, se te lè m tap mennen pèp Izrayèl yo nan dezè a deyò Tè Pwomès lan, m te dekouraje anpil. Nenpòt sa m fè pou moun yo, yo toujou di li pa ase. M te deprime e fache pou tout plenyen moun yo tap plenyen an. M panse m pa t ka sipòte ankò. Pèp latap aji tankou yon pakèt timoun gate. M te santi m sèl e dezespere. M te konnen ke se Bondye ki te rele m mennen pèp sa, men m tap mande m poukisa Bondye pèmèt moun yo toujou fache konsa.

Eli: M konn ki jan ou te santi w. Bondye te banm yon gwo viktwa sou yon fo pwofèt idòl yo. Pou l reponn a priyè mwen, Bondye te tèmine yon sechrès ki te dire 3 an, e te voye lapli. Men èske pèp Izrayèl la te remèsye m? Non ! Lèfini, vye larenn Jezabèl di li pral touye mwen. Pa gen moun ki kanpe pou mwen menm. M te santi m te abandonnen, vid e kraze. M te pè, epi m kouri antre dezè a.

Jounalis: Ki jan nou te echape gwo soufrans sa?

Moyiz: Pou mwen, m te pale ak Bondye sou sa. M te di Bondye si l renmen, kite m mouri pou m pa gen pwoblèm konsa ankò.

Eli: M te pale ak Bondye tou. M te di li m pa ka sipòte ankò e m mande l kite m mouri.

Jounalis: Mezanmi! Nou te dezespere vre! Sanble se te yon moman terib pou nou. Ki jan konfyans ou nan Bondye te ede ou nan moman difisil sa?

Moyiz: Pou mwen, Bondye te montre m ke m pa t oblije mennen pèp Izrayèl la pou kont mwen. Li banm 70 moun pou ede m e li pwomèt mwen ke yo ta gen menm lespri lapriyè ak senserite avè m. Sa tap fè travay mwen pi fasil.

Eli: Bondye te banm manje nan dezè a li te kite m pran repo. Lèfini li montre jan pou m fèmen tout lòt bri ki nan lemonn pou m ka tande vwa li sèlman. Se lè sa m wè kisa li te genyen pou mwen nan lavi m, e ke li pa t ankò fini. Li menm di m ke te genyen lòt kwayan fidèl nan peyi kote m te rete a. M te santi m sèl, men m pa t tou sèl.

Jounalis: Ki konsèy ou genyen pou moun ki dekouraje e ki wè lavi a difisil? Menm moun ki ta renmen pran pwòp lavi pa yo?

Moyiz: Di yo «Pa janm pran lavi ou. Lavi se yon kado Bondye ban nou. Lavi se yon bagay ki

gen valè. Nou dwe chache fason pou nou jwi lavi sa e sèvi avèk li pou n bay Bondye glwa.» Se sèl lavi sa n ap janm genyen sou latè. Nou dwe ba li valè, menm lè lavi a difisil.

Eli: Bondye ban nou lavi. Se Bondye ki ka pi byen di nou jan pou nou sèvi ak lavi nou. Li gen anpil plan pou nou chak. Plan li ka ban nou jwa ak satisfaksyon.

Jounalis: Mèsi nou toulè de pou sa ou pataje avèk nou jodia. Bib la di, «Jodia se jou Senyè a te fè—annou rejwi e kontan nan li.» Se sa m pral fè—rejwi jodia e kontan ke Bondye renmen m e mwen renmen li tou.

Lavi Aprè Lanmò
Chapit 6

Douzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: Bondye, Papa m nan syèl la, gen yon kay pou mwen.

Jodia timoun yo aprann kisa Bib la di sou lavi aprè lanmò.

Jodia timoun deside asèpte lavi ki plen jwa ke Bondye pwomèt nan syèl la.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Fèy ki make «Kisa Ki Pase Aprè Lanmò?» poste nan sal la. Yonn pou chak 5 elèv.
- Jan 11.25, 36 ak Jan 14.2,3 ekri sou tablo a oubyen gwo fèy papye.
- Fèy pye fig
- Ti pèl pou fè chenn

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap pale sou kisa yo kwè k ap rive moun aprè lanmò.

Avan timoun yo rive, mete tout fèy ak postè yo sou miray sal la—mete ase pou pa gen plis ke 5 timoun ki sanble bò kote yonn pou yo ka li postè a byen. Tout fèy yo sipoze make «Kisa Ki Pase Aprè Lanmò?» Lè tout moun prezan, fè tout elèv yo leve a al kanpe bò kote yonn nan postè yo e pale ak yonn lòt sou repons yo pou kesyon an. Aprè minit, fè tout timoun yo sanble ansanm nan yon sèl gwoup. Mande kèk nan elèv yo pou yo di kisa yo te pale nan gwoup yo a. Menm si timoun yo di yon bagay ki pa vrè nan repons yo, pa korije yo—kite yo reponn e pale. Sa ap pèmèt ou vin konnen anpil sou timoun yo e kisa yo kwè avan yo te vin aprann nan men ou.

Aprè timoun yo fin pale sou sa yo panse, esplike ke jodia nou pral etidye kisa Bib la di ki rive moun aprè yo mouri. Soulinye ke sa yo pral aprann jodia se verite, paske se sa ki nan Bib la.

Jodia nou pral pale sou sa moun kwè ki rive moun aprè yo mouri, e kisa Bib la di sou sijè sa.

- **Si w te ka mande Bondye esplike ou yon sèl bagay sou sa ki rive moun aprè yo mouri, kisa w tap mande li?**

Yonn nan rezon moun sitèlman pè mouri, se paske yo pa konnen kisa ki pase moun aprè yo mouri. Paske moun mouri pa janm ka retounen vin di nou sa ki te pase yo, moun toujou vini ak yon pakèt ide.

Men kèk nan sa moun kwè. Esplike elèv yo sa yo.

Gen moun ki kwè ke pa gen lavi aprè lanmò. Lè yon moun mouri, tout bagay fini. Yo kwè se sou latè a sèlman ki gen lavi.

Gen moun ki kwè nan sa ki rele reyenkanasyon. Yo kwè ke lè yon moun mouri, moun nan retounen sou yon lòt fòm oubyen nan kò yon lòt moun pou l viv vi li ankò. Anpil moun kwè ke jan ou mennen premye vi ou ap detèmine sou ki fòm w ap retounen nan pwochen vi a. Yo kwè ke kò a mouri e li pa janm leve ankò. Moun ki kwè sa toujou espere ke lespri yo ap ka pi bon nan chak vi e yon jou rive nan syèl. Si w mennen vi w byen, yo kwè ke w ap retounen nan pi gwo nivo ke w te ye nan ansyen vi ou yo. Si w te mennen yon move vi, yo kwè ke ou gendwa retounen kòm kèk bèt oubyen animal. E lè espri yon moun pafè, l ap retounen al viv ak dye li an.

Gen moun ki kwè ke moun mouri retounen sou latè sou fòm lespri oubyen denmon ki viv bò dlo, forè oubyen kay moun. Yo kwè ke lespri sa yo toumante moun ki pa t respekte yo oubyen moun ke yo pa renmen. Moun ki kwè sa kwè ke lè lespri yo pa kontan, moun dwe fè sakrifis pou yo, e fè lòt travay, tankou netwaye tonm ak simityè, pou anyen mal pa rive yo.

Gen moun ki kwè ke moun mouri ale yon kote ki rele Pigatwa kote moun ale travay pou peche yo te fè sou latè, e lè travay yo fini, yo ka monte nan syèl la.

Gen moun ki kwè ke moun ki renmen Bondye e ki fè l konfyans envite pou yo vin jwenn li nan syèl la e fè pati lavi li pou tout tan ak fanmi li. Se sa Bib la anseye nou. Syèl la se kote Bondye abite. Se yon kote ki plen jwa kote moun ki kwè nan Jezi ap toujou byen ak Bondye. Se sa Kretyen kwè.

Nou gentan pale sou Jezi ki mouri sou lakwa pou nou pa ta oblije mouri. Men Jezi pa t mouri sèlman. Li te leve nan lanmò.

Sèlman Jezi te mouri e te retounen sou latè vivan aprè li te mouri. Se li sèl ki janm fè sa. Se sa k fè nou dwe gade li pou l gide nou sou lavi ak lanmò nou. Daprè egzanp

Jezi, Kretyen kwè ke kò yo ak lespri yo ap leve ankò aprè lanmò. Y ap gen lavi ki p ap janm fini e y ap pase letènite ak Jezi. Moun ki renmen Jezi ka sèten de sa k ap rive aprè yo mouri. Yo pral nan syèl pou yo fè pati nan fanmi Bondye.

Lè yon Kretyen mouri, zanmi Kretyen li konnen ke y ap wè li ankò lè yo mouri. Jezi pwomèt ke Kretyen ap ansanm avèk li nan syèl la. Wi, zanmi li tris ke yo pa ka wè li chak jou sou latè, men yo konnen ke lavi pa fini sou latè a.

Li vèsè sa yo dirèkteman nan Bib la. Lèfini ekri yo sou tablo a oubyen si ou te ekri yo sou fèy papye avan timoun yo vini, mete sou miray pou timoun yo wè yo.

Jezi ap pale ak yon fanm nan Bib la e ak nou menm tou.
«Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi a. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. Moun k'ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p'ap janm mouri.
Jan 11.25–26

Jezi ap pale.

Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pat vre, mwen pa ta di nou sa. Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou.
Jan 14.2–3

Pale sou 2 vèsè sa yo ak kesyon sa yo:

- **Kisa Jezi di ap rive moun ki renmen li lè kò yo mouri?**
  Yo pap mouri vre si yo kwè nan li.

- **Kisa Jezi vle di lè li di «Se mwen menm ki leve moun mouri yo»?**
  Moun ki kwè nan Jezi p ap mouri. Kò yo ak lespri yo ap resisite pou yo al jwenn Jezi nan syèl la.

- **Kòman nou fè konnen ke Jezi renmen nou? Kisa li fè pou nou?**
- **Ki jan ou panse kay ke Jezi ap pare pou nou nan syèl la ap ye? Ak kisa l ap sanble?**

- **M pral li yon vèsè ki soti nan Som 16.11. M ap li l 2 fwa. Di m ki jan l ap ye lè nou mennen vi nou ak Jezi. «W'a fè m konnen chemen ki bay lavi a. Paske ou la avè m, mwen pa manke kontan. Bò kote ou, Senyè, se yon plezi ki p'ap janm fini.»**
- **M pral li ou kisa Jezi di nan Revelasyon 21.4. M ap li l 2 fwa. Lèfini di m kisa ki**
- **P AP genyen nan syèl la. «[Bondye] gen pou l cheche tout dlo nan je nou. P'ap gen lanmò ankò, yo p'ap nan lapenn ankò, yo p'ap janm plenyen ankò, yo p'ap janm soufri ankò. Tout vye bagay sa yo pral disparèt.»**

Syèl la se yon kote spesyal pou Bondye abite. Jezi te monte nan syèl la aprè rezireksyon li pou l abite ak Papa li. Lè nou mouri, nou pral abite nan lakay nou nan syèl la pou nou rankontre Papa nou ki nan syèl la.

Bay timoun yo enfòmasyon sa, si yo mande, oubyen si w kwè yo gen kesyon anvè jijman ki pral genyen. Bib la di nou ke moun ki sèvi Bondye ap rekonpanse. E moun yo ap sitèlman renmen Bondye ke y ap remèt tout rekonpans ke li bay yo retounen bay Li ankò. Chak Kretyen vle gen anpil rekonpans pou l remèt bay Bondye. Moun ki pa t sèvi Bondye e ki p at renmen li ap separe de Bondye pou tout tan. Sa se yon pinisyon terib.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ki konnen ke Jezi se Papa yo nan syèl la ap di ki jan yo te vin konnen e renmen Bondye.

Dènyè fwa nou te rankontre, nou te sipoze mande plizyè timoun ki jan yo te vin konnen Bondye. Rele timoun sa yo kounyeya. Si ou pa t mande okenn timoun, di ki jan ou menm ou te vin Kretyen. E soulinye poukisa ou kontan ke ou te bay Jezi lavi ou. Epi bay elèv yo okazyon pou yo di ki jan yo te vin konnen Jezi tou, si yo vle.

Si timoun yo gen difikilte pou yo rankonte istwa pa yo, poze yo kesyon pou w ka gide yo.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Gendwa gen nan timoun yo ki enkyèt paske yo gen moun nan fanmi yo ki mouri san yo pa konnen Jezi. Yo ka mande w kisa ki rive fanmi yo ki mouri an. Ou dwe sansib lè w ap pale ak timoun yo sou sa. Bib la di nou ke moun ki pa t renmen Bondye pa fè pati nan fanmi li nan syèl la. Sa se yonn nan rezon li sitèlman enpòtan pou timoun yo tande amou Bondye e asèpte li jodia. Fè timoun nan konnen ke se sèl Bondye ki konnen pou sèten kisa ki rive fanmi yo mouri an, e se pou yo mande Bondye sèvi avèk yo pou ankouraje lòt moun fè pati nan fanmi Bondye.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap gen okazyon fè pati nan fanmi Bondye pou tout tan. Timoun ap selebre fen Chapit 2, e y ap fè chenn.

Fè timoun yo panse ak fanmi Bondye e jan li bon pou w fè pati ladan l. Di yo ke w ap fè yon ti rete aprè klas la jodia pou w pale ak nenpòt moun ki vle fè pati nan fanmi Bondye. Enfòmasyon ke ou pral bay lan ap ede esplike kisa li vle di pou w vin yon Kretyen. Gen enfòmasyon tou nan devan liv pwofesè a sa. Ou dwe konnen enfòmasyon sa byen ase pou w ka pale ak yon timoun sou li. Pa li enfòmasyon an, ou dwe konnen l pou w ka pale sa avèk yo.

Timoun ki gen laj 8-14 an ka konprann bagay sa yo sou fè pati nan fanmi Bondye.

Yo ka konprann ke Bondye se yon bondye ki renmen nou, li se Papa nou nan syèl la, e se li ki chèf tout bagay nèt.

Yo ka regrèt pwòp peche pa yo.

Yo ka di ak senserite ke yo regrèt mal yo fè a.

Yo ka konprann ke Jezi te pran pinisyon ke yo te merite a.

Yo ka konprann ke Jezi te mouri pou peche yo e li te retounen vin gen lavi ankò. Li ka fè nenpòt sa li di l ap fè a.

Ou ka ede timoun yo konprann baz biblik ki genyen pou bagay sa yo si ou li vèsè sa yo nan Bib la: Ebre 11.6, Travay 2.28, Travay 22.16, Efezyen 2.8-10.

Ankouraje timoun yo poze kesyon e esplike plan Bondye a nan mo pa yo. Rasire timoun yo ke Jezi gen yon plas spesyal pou yo nan kè li. Gen timoun ki gendwa poko konprann kisa ou vle yo fè. Pa gen pwoblèm. Priye avèk timoun sa yo e di yo ke w ap kontinye pale sou sa. Yon jou y ap konprann e lè sa, l ap lè pou yo mande Jezi gide lavi yo.

Selebrasyon Seksyon 2!

Kounyeya li lè pou nou selebre ! Nou travay anpil nan jou sa yo ki sot pase a, ap pale de konviksyon. Annou fè kèk ti chenn pou nou mete nan kou nou ki ka ankouraje moun aji byen e nan fason pozitif.

Aktivite: Bay timoun yo fil oubyen fèy pye fig, ak ti pèl ou genyen yo. Chak timoun ap fè yon chenn. Lè yo fini, chak timoun dwe twoke chenn li ak yon lòt timoun – se pou chak timoun jwenn yon chenn. Lè yo twoke chenn, yo sipoze di yon bon bagay sou lòt timoun nan. Ankouraje timoun yo di yon bagay sou konviksyon ke yo wè nan lavi lòt timoun nan. Pa egzanp, yo ka di, «M wè ke ou toujou bay verite. Sa se yon bon konviksyon ke w genyen.» oubyen yo ka di, «M wè ou janti ak timoun ke lòt moun fawouche. M kwè ke jantiyès se yon konviksyon ke w genyen.»

Bay timoun yo yon ti bagay spesyal pou yo manje.

Fèmen selebrasyon an e di Bondye mèsi pou tout timoun spesyal sa yo. Si w gen tan, site non chak timoun ki nan klas la.

Jan Pou w Metrize Krentif Chapit 6

Trèzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: Bondye ka ede m metrize krentif mwen.

Jodia timoun yo aprann ke Bondye vle avèk nou lè nou pè.

Jodia timoun deside mete konfyans yo nan Bondye, Papa yo ki nan syèl la pou tout tan nèt!

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Avan klas, prepare maryonèt ki nan fen leson an
- Bwat katon
- Kòl
- Penti oubyen lòt bagay pou w kolore
- Fet nwa
- Yon moso twal
- Seksyon 2 – gen yon fason ki pa itilize bwat katon ni twal
- Sizo
- Papye pou chak timoun ekri vèsè

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Leson jodia a ap gen yon ti sketch maryonèt nan fen leson an. Se yon bèl bagay pou w fè, menm si se premye fwa ou janm fè yonn deja. Swiv direksyon sa yo pou w fè l byen.

Avan Klas la

Envite kèk timoun vini bonè pou yo ede w prepare maryonèt yo pou Sketch Maryonèt lan. W ap bezwen koupe twa dinosò ki nan fen leson sa, kole yo sou bwat katon epi koupe yo ankò. Sèvi ak sizo pou w koupe won yo kote pou w mete dwat ou. Lèfini, ou ka kolore yo oubyen fè ekay sou po li ak yon fet nwa. Li bon anpil pou w envite yonn oubyen 2 timoun vin ede ou fè sa. Sa ap bay ou chans pale avèk yo. Yo gendwa pi ouvè lè tout moun pa la,

oubyen si se yo sèl avè w.

Ou pa bezwen enkyèt si w pa janm fè yon sketch maryonèt deja. Swiv enstriksyon yo nan Pati 2. Si w pa ka sèvi ak bwat la ak twal la, men timoun yo ka jwe ak maryonèt yo.

Aprè Klas la

Aprè chak klas, envite yonn oubyen 2 timoun vin ede w netwaye tout bagay. Eseye fè timoun yo pale avèk ou sou pwoblèm yo lè yo avèk ou. Ou dwe prèt pou w fè yon ti tan avèk yo. Rekonfòte yo e bay yo konsèy. Priye avèk yo.

Krentif Moun

Nan leson sa, n ap pale de jan moun konn pè e ki jan Bondye ede nou lè nou pè, e n ap pale de kalite moun ke timoun konn pè. Si timoun nan klas la pè moun, pran yon ti tan pou w pale sou ki jan yo ka konnen ke yon moun san danje. Lis ki anba a nan yon liv, *The Connected Child,* by Purvis and Cross (McGraw Hill), 2007, paj 64.

Yon moun li pa danjere ap janti avèk ou.

Yon moun ki pa danjere ap pran swen ou.

Yon moun ki pa danjere ap koute ou.

Yon moun ki pa danjere p ap fè ou mal.

Yon moun ki pa danjere p ap menase ou.

Yon moun ki pa danjere p ap di w, «Kenbe sa pou yon sekrè, pa di granmoun sa.»

Yon moun ki pa danjere p ap manyen ou yon fason ki fè w mal ni ki fè ou pè.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap di kisa yo pè.

Ann gen kouraj!

Nou tout pè diferan bagay, manti?

- **Eske ou ka di m yon bagay ke ou pè?**
  Kite yon timoun reponn.

Ah! Kounyeya ou gen kouraj vre! Lè nou admèt kisa nou pè, nou gen kouraj.

Kounyeya annou tout gen kouraj. (Divize timoun yo an pè.) Chak pè timoun mèt ale chita lòt kote nan sal la, si yo vle. Lè m di, «Ann gen kouraj!» nou chak ap di lòt timoun nou avè l lan yon bagay ki fè nou pè. Nou chak gen ase kouraj pou nou fè sa, manti?

Fè sa plizyè fwa.

Lè m te jenn, m te pè plizyè bagay. Jodia, gen kèk bagay ke m toujou pè.

Di timoun yo yon bagay ke w te pè lè w te timoun. Ou pa bezwen chwazi yon bagay ke tout timoun pè sèlman—si w te nan yon sitiyasyon ki te fè w pè, konsidere esplike timoun yo sa. Anpil timoun ap konprann sa. Lèfini, di elèv yo yon bagay ke w toujou pè jodia—tankou, kansè, oubyen yon moun ki ka kase kay ou.

Kèk fwa, gen gwo bèt ki fè nou pè. Fènwa konn fè moun pè. Moun ka fè nou pè, sitou lè yo fache. Oubyen ou gendwa pè pou yon bagay ki gendwa rive—tankou lè papa w sou, oubyen ke paran ou pral kite ou, oubyen ke yon moun ou renmen p ap renmen ou ankò. (Ou ka sèvi ak sitiyasyon sa yo, oubyen panse ak lòt ki pi bon, si w vle.) **Panse ak bagay ki fè ou pi pè. Ou pa oblije di nou yo, men panse avèk yo nan tèt ou. Paske jodia nou pral aprann ki jan Bondye ede nou ak krent nou.**

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap tande de yon ti dinosò ki pè jouskaske li rankontre sa ki pral pwoteje li, menm jan timoun konn pè lè yo pa gen moun ki pou pwoteje yo.

Sketch Maryonèt Dinosò

Preparasyon

Gade kòmansman leson sa pou jan ou dwe prepare dinosò yo.

Envite kèk timoun li sketch la epi ranje «Teyat» dinosò a. Mete gwo bwat katon an atè a, epi kouvri li ak yon gwo twal. Sa se sènn nan pou teyat la. Montre timoun yo ki jan pou yo sèvi ak maryonèt yo, ke yo dwe mete dwat yo nan ti twou ki nan dinosò yo e sèvi ak dwat yo pou fè dinosò yo mache. Timoun yo ap kache dèyè bwat katon an epi leve men yo anlè bwat la pou dinosò a parèt sou tèt bwat la. Timoun yo ap pase men yo devan e dèyè pou fè dinosò a fè mouvman.

Retire senaryo a ki nan leson sa epi tepe li sou do bwat katon an pou tout «dinosò» yo ka konnen sa pou yo di.

Yon lòt opsyon:

Prepare maryonèt yo jan nou te esplike anlè. Lèfini, bay plizyè timoun maryonèt yo pou yo mete nan men yo. Ankouraje timoun yo fè aksyon yo pandan y ap li senaryo a. Li senaryo

a senpleman, si w vle, san fè sènn nan ak bwat oubyen twal la. Chanje vwa ou pou timoun yo ka konnen ki dinosò k ap pale. Gwo Dino ka gen yon gwo vwa. Minou ka gen yo ti vwa piti. Moulongo ka gen yon vwa nòmal.

Opsyon fen

Sketch Maryonèt Dinosò

Premye Ak

(Minou, ti dinosò pitit a, la pou kont li.)

Vwa yon dinosò ki pa parèt: Eyyyy! Ou menm, kisa w ap fè la? Soti la!

Minou *(kouri sou yon bò sènn nan)***:** O, anyen, anyen, m p ap fè anyen non.

Yon lòt vwa dinosò ki pa parèt: Ou menm, ti bèt, vin jwenn mwen. Ou pral vin travay pou mwen.

Minou: *(kouri sou lòt bò sènn nan)*: Non, non, ou pa ka fè m travay pou ou! *(Minou kanpe nan mitan sènn nan.)*

Minou: Manman m ak papa m te mouri nan yon tranbleman de tè aprè m te fèt. Paske m pa gen ni manman ni papa, tout moun panse yo ka pase m lòd e banm pwoblèm. Kounyeya m wè m vin pè tout moun e m pa renmen sa. M ta byen renmen gen yon moun pou pwoteje m e veye m.

(Gwo Dino a antre sènn nan.)

Gwo Dino *(ak gwo vwa)***:** Eyyy, Minou, kisa w ap fè la? Sanble ou pè yon bagay.

Minou: Wi, yon moun ki tap rele nan tèt mwen, jan yo toujou fè.

Gwo Dino: Gade, Minou, se mwen ki wa tout forè sa. M konnen ou pa pitit mwen, men m ap pran ou kòm pitit mwen si ou vle. M ap pran swen ou e m ap tankou yon papa pou ou. Pa gen dinosò k ap bay ou pwoblèm aprè sa. Sa w panse?

Minou: Bagay tout bon? Ou tap fè sa vre?

Gwo Dino: Men wi! Yon wa pa janm di bagay ki pa vre.

Minou: O mezanmi, se tankou se yon rèv mwen ka p reyalize! W ap papa m tout bon vre? E mwen, kisa pou m fè pou ou? W ap mete m travay pou ou?

Gwo Dino: Non, ou p ap nan travay pou mwen. W ap yonn nan pitit mwen.

Minou: *(vole anlè ak kè kontan)* Wey to-lo-lo! Sa ap fè m kontan anpil! M ap pitit gason ou,

e m ap koute tout sa ou di. M pa gen lontan m ap viv nan forè sa e m pa konn kisa pou m fè. W ap ede m?

Gwo Dino: Kounyeya se mwen ki papa ou. M ap montre ou tout sa ou bezwen konnen e m ap bay ou tout sa ou bezwen. Ann ale.

Minou: O, wi, papa m !

(Minou ak Gwo Dino pati ansanm.)

Dezyèm Ak

(Minou ap kanpe sou sènn nan, e Moulongo, lòt dinosò a, vin antre.)

Moulongo: Eyyy, Minou, poukisa w ap jwe la? Ou pa pè gwo dinosò ki vin manje la yo? Y ap bat ou, wi.

Minou: Yo pa p fè sa.

Moulongo: Epi pita, dinosò mechan yo ap vin la. Ou pa pè yo tou?

Minou: Non, m pa pè. Kounyeya se Gwo Dino ki se papa m, e pa gen moun ki ka fè m anyen. Gwo Dino te pale ak sa ki mechan yo pou yo kite m an repo. E li menm di anpil lòt dinosò pou yo veye m pou anyen pa rive m. M pa pè ankò.

Moulongo: Aaaaa, ou nan bon pozisyon vre kounyeya !

Minou: Wi, wi, wi !

(Yo kite sènn nan.)

Scetches fen

- **Kisa w te pi renmen nan ti sketch la?**
- **Eske ou konn santi ou pè kèk lè, menm jan ak Minou?**
- **Kisa w panse ki tap rive Minou si l te refize kite Gwo Dino ede li?**
- **Eske ou panse Minou ap janm genyen malè rive li ankò? Poukisa?**
  Ede timoun wè ke gen kèk lè Gwo Dino an p ap la. Minou gendwa nan pwoblèm kèk lè, men li nan pi bon pozisyon kounyeya ke li te janm ye avan. Kounyeya li gen yon papa.

Si w panse Minou nan yon pozisyon spesyal kounyeya, sonje ke ou menm tou, ou ka nan pozisyon sa. Se Bondye ki wa tout bagay, e li di ke li ap yon papa pou nou. Li prèt pou l adopte nou kòm pitit pa li, e l ap la avèk nou nenpòt lè nou pè oubyen nou an danje. Eske ou prèt pou w asèpte li kòm papa ou? Sonje ke sa vle di ou oblije obeyi li, menm jan timoun isi sou latè oblije obeyi papa yo sou latè.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap aprann ke yo ka fè Bondye konfyans pou l sèvi kòm Papa yo nan syèl la ki ap ede yo lè yo nan sitiyasyon difisil.

Sonje Minou. Li te asèpte kite Gwo Dino a vin yon papa pou li. Sa se vre pou nou menm tou. Bondye di nou ke l ap sèvi yon papa pou nou. Li vle se li ki se Papa nou nan syèl la. Men fò nou asèpte sa li ofri a. Li san peche e san defo, e nou pa pafè konsa. Li etonan anpil ke Bondye ta vle nou kòm pitit li! M vle w fèmen je w. M pral di kèk mo ki enpòtan tankou sa Papa nou nan syèl nou an gentan di nan Bib la. Aprè chak sa m di yo, m pral fè silans. Nan moman silans sa yo, m ta renmen nou pale ak Bondye nan kè nou, si w vle. Se ou menm ak Bondye sèlman k ap konnen kisa w di.

Li chak pati, epi pran yon ti poz de 20 segonn avan ou kontinye avèk yon lòt. Sa se yon bon ti tan pou yon timoun, ase tan pou yo pale ak Bondye.

Si w ta vle pou Bondye Papa ou ki nan syèl la, ou mèt di li sa kounyeya. Di li poukisa ou ta renmen li Papa ou. (Pran yon ti poz.)

Papa ou ki nan syèl la san defo, san peche. Mwen avèk ou, nou pa san defo. Men li pa anvi pini nou pou sa nou fè ki mal. Okontrè, li voye pwòp Pitit Gason pa li pou pran pinisyon nou an, pou nou ka bliye sa nou fè ki mal yo e kòmanse viv yon fason ki fè l plezi. Di Bondye jan sa se yon bagay mèvèye. (Pran yon ti poz.)

Men pèsonn pa oblije asèpte Bondye kòm Papa yo nan syèl la. Se chak moun ki pou deside pou tèt pa yo. M gentan asèpte Bondye kòm Papa m nan syèl la. Si w vle fè sa tou, mande li padon pou sa ou fè ki mal yo, bagay ki fè li tris yo. Remèsye li paske li voye Pitit Gason li Jezi pou pran pinisyon ou an. (Pran yon ti poz.)

Kounyeya mande li vin Papa ou nan syèl la pou tout tan nèt! (Pran yon ti poz.)

Si w te fè sa jodia, m ta renmen konnen! Aprè klas, vin di m, e si w gen kesyon, nou ka pale sou sa!

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Gen anpil bagay ke timoun pè tout bon vre. Bondye pa retire tout krentif ak tout move sitiyasyon ki nan lavi nou—pa pou timoun e pa pou nou menm ki granmoun. Yon moun mechan gendwa vyole yon Kretyen tou. Moun ki renmen Bondye e sèvi li konn pèsèkite e konn menm mouri paske yo temwanye pou Kris. Toujou gen paran ki bat pitit yo e ki vann yo pou yon ti kal monnen. Gen moun nou renmen ki pral kontrakte SIDA e mouri. Gen paran ki menm sakrifye pitit yo paske yo kwè sa ka pote yo bòn chans. Nan monn sa ki plen peche, anpil move bagay pral rive.

Pandan timoun vin pi gran, nou ka eksplore plis sijè volonte yon moun genyen. Bondye ban nou chak dwa pou nou pran desizyon pou tèt pa nou – chwa ki pèmèt nou fè move

bagay ki separe nou de Bondye, oubyen chwa pou nou viv yon fason nan monn sa k ap fè l plezi. Toulè de chwa sa yo gen konsekans – sou latè, e aprè lanmò. Ide sa yo se bagay ki difisil anpil pou Kretyen konprann—poukisa Bondye kite malè rive pitit li ki renmen li yo?

Jodia, pandan w ap pale ak timoun yo, gen 2 bagay ke yo ka konnen pou sèten. 1) Bondye renmen yo e l ap avèk yo, nenpòt sa ki pase yo nan lavi a. Lè yo pè, li la avèk yo. Lè yo blese, li la pou l rekonfòte yo. 2) Bondye renmen yo e yon jou y ap viv pou letènite avèk li nan kay li nan syèl la.

Nòt sa enpòtan anpil. Li fasil pou nou pwomèt timoun ke Bondye ap retire tout krentif ki genyen. Men si nou pwomèt timoun yo sa, epi yo vin chwazi swiv Bondye poutèt pwomès sa, kisa ki pral rive lafwa timoun nan lè yon bagay mal rive li? Yo ka kite lafwa yo e panse ke sa nou te di yo se manti. Fè atansyon pou w pa pwomèt sa Bondye pa t pwomèt. Menm Jezi te gen krentif, doulè e te santi li sèl nan chemen lakwa.

Nan tan nou ansanm jodia, n ap pale sou bagay ke nou pè. M ta renmen ban nou yon plan ki pou ede ou lè ou nan yon sitiyasyon ki fè ou pè.

1er Etap: Sonje ke w gen Papa ou, Bondye, la ansanm avèk ou, e li pi pwisan pase tout moun e tout sitiyasyon ki fè ou pè. Pafwa Bondye sèvi ak krentif sa pou l di nou kouri ale, e kouri vit! Pafwa tou, Bondye ka retire bagay ki fè nou pè yo. Lòt lè tou li ka ban nou fòs pou nou sipòte pwoblèm ke nou genyen e bagay ke nou pè yo. Yon bagay ke nou pa p janm konnen pou sèten se kisa Bondye pral fè. Yon bagay ke nou konnen se nenpòt lè gen yon bagay nan lavi nou ki pou fè nou pè, Li pa p janm kite nou. Nou pa p janm oblije pase sa pou kont nou.

2ème Etap: Priye e mande Bondye ede ou santi prezans li avèk ou lè ou nan yon sitiyasyon ki fè ou pè.

3ème Etap: Aprann yon vèsè ki ka ede ou pa pè lè move bagay rive ou.

Senyè a va pran devan ou, l'a kanpe la avè ou.
Li p'ap janm lage ou, li p'ap kite ou pou kont ou:
Ou pa bezwen pè. Ou pa bezwen tranble.
Detewonòm 31.8

Bay timoun yo yon ti tan pou yo ekri vèsè a, e di yo pou yo aprann li pa kè nan Semènn k ap vini an.

Esplike ke aprè yo aprann vèsè sa, yo ka resite li nan kè yo nenpòt lè yo santi yo pè. Ankouraje yo priye, e mande Bondye retire krentif ki nan kè yo. Di yo pou yo eseye plan twa etap la chak fwa yo pè, e fè w konnen jan sa mache pou yo.

Mande yonn nan timoun yo fèmen klas la ak yon priyè.





Sketch Maryonèt Dinosò

Premye Ak

(Minou, ti dinosò pitit a, la pou kont li.)

Vwa yon dinosò ki pa parèt: Eyyyy! Ou menm, kisa w ap fè la? Soti la!

Minou *(kouri sou yon bò sènn nan)***:** O, anyen, anyen, m p ap fè anyen non.

Yon lòt vwa dinosò ki pa parèt: Ou menm, ti bèt, vin jwenn mwen. Ou pral vin travay pou mwen.

Minou: *(kouri sou lòt bò sènn nan)*: Non, non, ou pa ka fè m travay pou ou! *(Minou kanpe nan mitan sènn nan.)*

Minou: Manman m ak papa m te mouri nan yon tranbleman de tè aprè m te fèt. Paske m pa gen ni manman ni papa, tout moun panse yo ka pase m lòd e banm pwoblèm. Kounyeya m wè m vin pè tout moun e m pa renmen sa. M ta byen renmen gen yon moun pou pwoteje m e veye m.

(Gwo Dino a antre sènn nan.)

Gwo Dino *(ak gwo vwa)***:** Eyyy, Minou, kisa w ap fè la? Sanble ou pè yon bagay.

Minou: Wi, yon moun ki tap rele nan tèt mwen, jan yo toujou fè.

Gwo Dino: Gade, Minou, se mwen ki wa tout forè sa. M konnen ou pa pitit mwen, men m ap pran ou kòm pitit mwen si ou vle. M ap pran swen ou e m ap tankou yon papa pou ou. Pa gen dinosò k ap bay ou pwoblèm aprè sa. Sa w panse?

Minou: Bagay tout bon? Ou tap fè sa vre?

Gwo Dino: Men wi! Yon wa pa janm di bagay ki pa vre.

Minou: O mezanmi, se tankou se yon rèv mwen ka p reyalize! W ap papa m tout bon vre? E mwen, kisa pou m fè pou ou? W ap mete m travay pou ou?

Gwo Dino: Non, ou p ap nan travay pou mwen. W ap yonn nan pitit mwen.

Minou: *(vole anlè ak kè kontan)* Wey to-lo-lo! Sa ap fè m kontan anpil! M ap pitit gason ou, e m ap koute tout sa ou di. M pa gen lontan m ap viv nan forè sa e m pa konn kisa pou m fè. W ap ede m?

Gwo Dino: Kounyeya se mwen ki papa ou. M ap montre ou tout sa ou bezwen konnen e m ap bay ou tout sa ou bezwen. Ann ale.

Minou: O, wi, papa m !

(Minou ak Gwo Dino pati ansanm.)

Dezyèm Ak

(Minou ap kanpe sou sènn nan, e Moulongo, lòt dinosò a, vin antre.)

Moulongo: Eyyy, Minou, poukisa w ap jwe la? Ou pa pè gwo dinosò ki vin manje la yo? Y ap bat ou, wi.

Minou: Yo pa p fè sa.

Moulongo: Epi pita, dinosò mechan yo ap vin la. Ou pa pè yo tou?

Minou: Non, m pa pè. Kounyeya se Gwo Dino ki se papa m, e pa gen moun ki ka fè m anyen. Gwo Dino te pale ak sa ki mechan yo pou yo kite m an repo. E li menm di anpil lòt dinosò pou yo veye m pou anyen pa rive m. M pa pè ankò.

Moulongo: Aaaaa, ou nan bon pozisyon vre kounyeya !

Minou: Wi, wi, wi !

(Yo kite sènn nan.)

Twazyèm Ka

ESPWA POU AYITI

MISYON HANDS AND FEET PROJECT

Twazyèm Ka ane a

Yon pwogram leson en
Kreyòl pou timoun a risk

Kisa w ap anseye twazyèm ka ane a

Konsantre sou pawòl Bondye a Chapit 7	Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen Chapit 8	Konsantre sou relasyon ak lòt moun Chapit 9
Viv pou Bondye: Noye *Premye Semènn*	Metrize Tèt ou 1 *Senkyèm Semènn*	Kominike Byen *Nevyèm Semènn*
Lotèl de Remèsiman: Noye *Dezyèm Semènn*	Metrize Tèt ou 2 *Sizyèm Semènn*	Se Pou ou Onèt *Dizyèm Semènn*
Direksyon Bondye: Abraram *Twazyèm Semènn*	Metrize Tèt ou 3 *Setyèm Semènn*	Jan pou w Koute Byen *Onzyèm Semènn*
Antann nou Byen ak Moun: Abram ak Lòt *Katryèm Semènn*	Metrize Tèt ou 4 *Wityèm Semènn*	Lè Moun Pa Kominike Byen *Douzyèm Semènn*
		Selebre nan Pwomennen e Priye *Trèzyèm Semènn*

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Viv pou Bondye: Noye Chapit 7

Premye Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye vle nou swiv egzanp Noye e viv pou Li.

Jodia timoun yo aprann jan li enpòtan pou yo swiv Bondye, e pa lezòm.

Jodia timoun deside swiv Bondye e fè sa ki fè Bondye plezi.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kreyon desen
- Papye blan pou chak elèv

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Leson jodia a ap ankouraje timoun yo chache zanmi ki vle fè sa ki dwat. Bib la gen anpil istwa sou moun ki te fè sa ki dwat, menm lè moun bò kote yo tap mete presyon sou yo pou yo fè sa ki mal. Men, e ou menm? Eske ou janm fè sa ou konnen ki mal oubyen pa bon paske aksyon ki pa bon an se yon bagay ke sosyete a asèpte?

Nan etid n ap fè jodia, Noye, nan tout moun, te ka jistifye dezobeyisans li anvè Bondye. Tout moun sou latè te mechan e te nan tout kalite peche. Men Noye pa t antre ak moun sa yo. Liv Ebre a montre nou kisa ki te motive Noye swiv Bondye, menm lè tout moun tap fè sa ki mal e kont Bondye.

Se paske Noe te gen konfyans nan Bondye kifè Bondye te fè l konnen davans bagay ki ta pral rive, bagay li menm Noe pa t ankò kapab wè. Li koute Bondye, li bati yon gwo batiman. Se ladan batiman sa a li te jwenn delivrans ansanm ak tout fanmi li. Se konsa, li kondannen tout lòt moun yo. Men, Bondye te fè Noe gras paske Noe te gen konfyans sa a nan li.
Ebre 11.7

Noye pa t gen Bib ni lòt moun legliz pou ede li fè sa ki dwat. Panse ak resous ou genyen ki pou ede ou pa tonbe nan peche. Pran kouraj e konnen ke Bondye avèk ou nan pwomès ou pou w fè sa dwat. Sonje tou e di Bondye mèsi ke chak timoun ke w touche ap gade ou kòm yon modèl de ki jan yon Kretyen fè—e pa fè!

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 6.9—7.24

Objektif: Timoun ap admire Noye, yon ewo paske li pa t swiv egzanp vwazen li e pa t fè peche kont Bondye.

Jodia nou pral pale de yon nonm ki te yon ewo. Li pa t sèlman swiv vwazen li e fè nenpòt sa yo fè—kit li te bon oubyen pa bon. Non! Li te kanpe pou sa ki dwat. Li ka difisil pafwa pou nou gen kouraj pou nou fè sa ki dwat. Nonm nan istwa nou an te swiv Bondye, menm lè tout moun bò kote li te chwazi dezobeyi Bondye e fè sa ki mal.

Li te yon vrè ewo. Ou konn kisa nou konn fè pou ewo? Nou bat bravo pou yo, e nou kanpe pou n onore yo. Annou fè sa kounyeya epi m ap bay ou istwa nonm ki rele Noye a.

Fè timoun yo kanpe epi bat bravo pou ewo sa, Noye. Se yon bèl fason pou w kenbe atansyon timoun yo e kite yo fè yon ti aktivite avan leson an.

Istwa sa a te plizyè syèk aprè Adan ak Ev te viv. Gen moun ki kwè ke avan istwa sa te pase, pa t ankò gen lapli ki te tonbe sou latè. Se seren ki te wouze latè a. Ou ka esplike timoun yo ke «lach» se yon kalite batiman. Nan istwa sa, se yon gwo gwo batiman, a 3 etaj.

Li istwa adirèkteman nan Bib la nan Jenèz 6.9—7.24.

Poze timoun yo kesyon sa yo:

- **Ki vye peche moun yo tap fè nan epòk Noye a? Bagay sa yo te fè Bondye fache.**
- **Ki vye peche moun fè jodia ki fè Bondye tris e fache?**
- **Kisa w panse vwazen Noye te di li lè yo te wè li tap achte yon lach? Sonje lapli pa t ankò janm tonbe sou latè.**
- **Gen moun k ap di ke istwa sa pale de Noye, men an verite, istwa sa pale de Bondye. Ki bèl mirak Bondye fè nan istwa sa?**
- **Bondye te ka kite tout moun sou latè a mouri, men li pa t fè sa. Poukisa ou panse li sove Noye ak fanmi li? Poukisa ou panse li sove tout bèt sa yo?**

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan Pou Mwen

Objektif: Timoun yo ap pratike fè sa ki dwat devan moun k ap mete presyon sou yo pou yo fè sa ki mal.

Separe timoun yo nan gwoup de twa timoun chak. Esplike ke chak gwoup pral vini ak ti sketch pa yo. Chak moun pral pran yon nimewo 1, 2, oubyen 3. Ou pral di timoun yo kisa pou yo fè selon nimewo yo genyen an.

Sketch:
Nimewo 1: Ou se yon moun tankou Noye. Ou detèmine pou w fè sa ki fè Bondye plezi.

Nimewo 2 ak 3: Ou vle Nimewo 1 swiv ou, menm lè nou tout konnen ke sa n ap fè a p ap fè Bondye plezi. Pale nan sketch la. Nimewo 2 ak 3, esplike Nimewo 1 kisa ou vle li vin fè ansanm avèk ou. Fè l se yon bagay ke timoun nan laj nou an konn fè menm lè yo konnen li pa fè Bondye plezi. Nimewo 1 diskite avèk yo. Esplike poukisa ou pa vle fè Bondye pa kontan. Pale de Noye ak Nimewo 2 ak 3. Kontinye konvèsasyon an.

Sketch:
Chanje wòl yo. Kounyeya se Nimewo 2 ki pou yon moun tankou Noye e Nimewo 1 ak 3 ap bat pou yo fè l patisipe avèk yo nan yon bagay ki pa p fè Bondye kontan.

Sketch:
Chanje wòl yo ankò. Kounyeya se Nimewo 3 ka p yon moun tankou Noye, epi Nimewo 1 ak 2 ak bat pou yo fè l patisipe avèk yo nan yon bagay ki pa p fè Bondye kontan.

- **Poukisa ou panse li pi fasil pou nou swiv moun ki pa vle fè Bondye plezi ke pou nou fè sa nou konnen Bondye vle nou fè?**

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap desinen ti imaj ki pou ede yo sonje fè sa ki dwat.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Nan leson sa, gen yon ti pwojè pou timoun yo fè kote nou mande yo desinen yon bagay. Nou mande ou silvouplè fè aktivite sa yo ak timoun yo. Anpil fwa, timoun ki gen difikilte nan lavi yo gen pwoblèm pou yo eksprime yo ak langaj. Lè yo jenn, granmoun gendwa pa t pale anpil avèk yo. Pati sèvo yo kote yo pale e kominike byen gendwa poko fin devlope. Se sa k fè aktivite yo ka fè ak men yo—tankou desinen—ka yon pi bon fason pou timoun kominike kèk fwa—pi bon ke pawòl.

Yon Pwojè Atistik

Bay timoun yo papye ak kreyon desen. Esplike ke timoun yo pral desinen «imaj memwa» yo. Yo sipoze desinen tèt pa yo k ap fè yon bagay ki bon e ki dwat, yon bagay ki ta fè Bondye kontan. Pa egzanp, yo ka desinen yo menm k ap priye pou yon zanmi ki malad. Yo gendwa desinen yo menm k ap ede yon granmoun ramase afè li ki tonbe atè a. Yo gendwa desinen yo menm k ap etidye jou swa avan yon egzamen, olye de soti al jwe ak zanmi yo. Di yo ke sa yo desinen a sipoze fè yo sonje ke lè yo tante fè sa ki pa bon, ke sa yo tante fè a ka fè Kris mal. Anba sa yo desinen an, yo sipoze ekri, «Mwen vle tankou Noye.»

Lè timoun yo fini, mande kèk nan yo montre klas la kisa yo desinen. Lèfini, di yo kenbe sa yo ekri a toupre yo pou yo ka wè li souvan. Chak fwa yo wè li, yo dwe sonje ke yo vle menm jan ak Noye. Yo vle obeyi Bondye.

Di yo tou ke pwochenn fwa yo tante pou yo fè sa ki mal ansanm ak zanmi yo, pou yo sonje sa yo desinen an.

Leve yon papye pou w montre yo ki vèsè ki genyen pou jodia

Pa janm bouke fè sa ki byen.
2 Tesalonisyen 3.13

Vèsè sa fasil pou moun aprann pa kè. Mande timoun yo kanpe e mache nan sal la e pale ak lòt elèv yo. Lè yo vin sou yon elèv, yo sipoze di non li, epi resite vèsè a. Pa egzanp, yo ka di, «Mari, pa janm bouke fè sa ki byen.»

Fèmen klas la e fè tout moun resite vèsè a ansanm 3 fwa.

Lotèl de Remèsiman: Noye Chapit 7

Dezyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Li bon anpil pou nou di Bondye mèsi.

Jodia timoun yo aprann ke Bondye kontan lè moun li renmen yo remèsye li.

Jodia timoun deside swiv egzanp Noye e di Bondye mèsi.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kòl
- Yon papye blan pou chak timoun
- Anpil papye diferan koulè pou timoun yo chire (koulè lak-an-syèl)
- Si w vle: yon tablo ouyen yon gwo fèy papye
- 9 ti wòch pou chak elèv

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 8—10

Objektif: Timoun ap swiv egzanp Noye byen. Premye sa li te fè lè li kite lach lan se remèsye Bondye paske Bondye te pran swen li.

Esplike ke pati nan istwa yo pral tande kounyeya se istwa yo tande deja—jan Bondye te sove Noye ak fanmi li ak bèt yo nan lach la. Esplike ke ou pral wè kisa yo sonje nan istwa a. Si yo konnen repons yon kesyon, yo sipoze kanpe. Lèfini, w ap rele yon moun pou bay repons lan. Aprè chak bon repons, timoun yo sipoze retounen chita ankò jouk yon lòt kesyon poze. Si pa gen okenn timoun ki konnen repons yo, mete w pre pou w rakonte istwa a.

- **Poukisa Bondye te di Noye bati lach lan?**
- **Kisa ki rele yon lach?**
- **Poukisa vwazen Noye tap panse li etranj ke l ap bati yon lach, yon gwo batiman?**
- **Poukisa Bondye te vle Noye ak fanmi li sou lach lan? Kisa ki te fè yo spesyal pou Bondye?**
- **Aprè animal yo ak fanmi Noye te nan batiman an, ki moun ki fèmen pòt lan?**
- **Poukisa moun yo te sezi lè l te kòmanse fè lapli?**
- **Konbyen tan li te fè ap fè lapli?**

Kounyeya nou rive nan istwa nou pou jodia. Paske tout moun te plen peche, Bondye te voye yon gwo inondasyon pou kouvri latè ak dlo e netwaye tout latè. Men Bondye te di Noye ak fanmi li pou yo bati yon lach e pran bèt sou batiman an avèk yo. Lè istwa nou kòmanse jodia, fanmi Noye gen apepre 1 an sou batiman an. Anfen, lapli a te kanpe. E dlo a te kòmanse bese. Lach lan vin pi pre atè a chak jou. Finalman, batiman an vin poze sou Mòn Arara. E fanmi Noye te tann anndan batiman an pou tè a fin seche.

Noye te voye yon kolon, yon kalite zwazo, pou l wè kòman tout bagay ye, men zwazo a retounen nan lach lan. Li pa t jwenn kote deyò a pou l poze. Dezyèm fwa a ke Noye voye kolon an soti, li retounen ak yon branch pye oliv nan bouch li. Sa vle di ke latè a te kòmanse seche e ke pyebwa yo te kòmanse gen fèy ankò.

Noye te voye zwazo a soti yon twazyèm fwa. Twazyèm fwa a, zwazo a pa retounen. Li te jwenn yon kote pou l fè nich li. Se konsa Noye te konnen li te lè pou fanmi li soti nan lach la. Bondye te sove yo tout. Yo te desann lach la 1 an e 10 jou aprè yo te monte li. Sa se anpil tan pou yon moun fè sou yon batiman, men se sa ki te sove yo.

Kisa yo te deside fè lamenm? Yo fè yon lotèl pou yo louwe Bondye! Bati lotèl la se bati yon ti kote spesyal pou yo remèsye Bondye paske li sove yo. Noye ak fanmi li te pwomèt pou yo renmen e obeyi Bondye.

Aprè Noye e fanmi li te desann lach lan, Bondye te fè yon pwomès pou yo menm e pou tout bagay vivan sou latè. Bondye pwomèt, «Mwen p ap janm kouvri latè ak dlo ankò pou m detwi li.» Bondye te bay Noye yon siy ke li tap toujou kenbe pwomès li. Pou premye fwa a, Bondye te mete yon lak-an-syèl nan syèl la. Chak fwa nou menm ak Noye wè yon lak-an-syèl, nou dwe sonje pwomès Bondye ke li p ap janm detwi latè ak dlo ankò. Bondye toujou kenbe pwomès li.

Bay timoun yo anpil papye koulè ak kòl, men pa bay yo sizo. Bay chak timoun yon fèy papye blan. Esplike ke tout moun pral chire papye koulè yo ti moso. Lèfini yo pral fè yon bèl lak-an-syèl ak ti moso papye yo sou papye blan a, yo pral kole ti moso papye yo sou papye blan an pou yo fè yon lak-an-syèl. Di yo pou yo kite plas anba lak-an-syèl la sou fèy lan pou yo ka ekri yon vèsè enpòtan ki pral vini pita nan leson an. Pandan y ap travay, di yo ke ou pral poze yo kesyon sou istwa a. Di yo ke yo pral oblije travay san pale twòp pou yo ka reponn kesyon yo. Kèk fwa, menm timoun nan mèt reponn plizyè kesyon.

- **Kisa w panse Noye ak fanmi li te santi de Bondye lè yo te rete pou plizyè mwa a sou batiman an sa?**
- **Nan istwa sa, Bondye te sèvi ak yon ti zwazo pou ede pwoteje Noye. Ki jan zwazo a te ede Noye?**
- **Ak kisa ou panse lach la te sanble?**
- **Poukisa ou panse premye bagay Noye te fè lè l te desann lach la se bati yon lotèl?**
- **Ki jan ou panse Bondye santi li lè moun li renmen yo remèsye li pou sa li fè pou yo?**
- **Yon lotèl se yon kote spesyal pou moun Bondye yo te priye. Ki kote spesyal ou genyen pou w ale priye?**

Si timoun yo poko fini ak lak-an-syèl yo lè ou fin poze kesyon yo, chante kèk ti chan ansanm pandan timoun yo ap fin travay.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun sonje moman nan lavi yo lè Bondye te pran swen yo menm jan li te pran swen Noye.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Nan 2 seksyon ki rete nan leson sa, ou pral mande elèv yo pale pou tout moun tande repons yo. Anpil timoun ki gen difikilte lakay yo gen pwoblèm pou yo eksprime yo byen jan timoun fè ki byen devlope. W ap anseye yo de Bondye, men anmenmtan, ou ka ede yo devlope nan fason ke yo bezwen. Ankouraje yo pale byen, e nan fraz konplèt. Sa ap ede yo pale pi byen devan moun. (Pafwa gason gen plis pwoblèm pase tifi nan ka sa.) Lè yon moun bay yon fraz long oubyen konplike, felisite li. Pou moun ki nan difikilte pou yo pale, ou gendwa ede yo e bay yo kèk ide de kisa yo ka di. Lèfini, fè yo di l pou kont yo. Pa egzanp, lè ou mande timoun yo rakonte yon lè Bondye te pran swen yo, epi timoun nan di, «Nan lekòl la,» ou gendwa mande li, «Kisa ki te pase nan lekòl la?» Si timoun nan reponn, «M te vle batay,» ou ka di, «Ou kontan paske Bondye te anpeche ou batay ak lòt timoun nan lekòl la? Ou ka di Bondye mèsi pou sa.» Epi timoun nan di, «Mèsi, Bondye, paske ou anpeche m batay nan lekòl mwen.» Ankouraje timoun yo e felisite yo lè yo fè l byen.

Ann pale de kèk lè ke Bondye pran swen nou menm tou. Nou gendwa pa t wè ke se te Bondye ki tap pran swen nou nan moman an, men lè nou panse ak epòk la, nou ka di, «Bondye te pran swen m, menm jan li te pran swen Noye.»

Panse ak yon ilistrasyon nan lavi pa ou pou esplike timoun yo. Ankouraje tout timoun yo patisipe. Lis la ka gen bagay konsa:

Bondye te pran swen m lè m te fèt. Li te banm lavi.

Bondye te pran swen m lè papa m te kite nou epi manman mennen nou kay matant nou pou nou ka an sekirite e nou ka gen manje.

Bondye te pran swen m lè m te gen malarya.

Si posib, mete repons timoun yo sou yon gwo fèy papye oubyen sou tablo a.

Kite yo fini lak-an-syèl yo, e ekri vèsè sa anba lak-an-syèl yo.

M'ap pase tout lavi m ap fè lwanj Senyè a.
Som 146.2

---

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap fè yon lotèl e remèsye Bondye pou tout sa li fè pou yo.

Avan klas, plen yon bokit oubyen yon mamit anpil ti wòch piti. W ap bezwen 8 oubyen 9 wòch pou chak timoun. Esplike ke w ou p ap pral bati yon lotèl jan Noye te fè. Olye de sa, ou pral fè yon pil wòch ki reprezante yon kote spesyal ke ou menm ou ka remèsye Bondye paske li renmen nou e li pran swen nou. Ou ka montre elèv yo jan pou yo fè. Pran yon wòch nan mamit lan epi ale kanpe nan mitan timoun yo. Leve wòch la anlè tèt ou epi priye yon bagay konsa: «Papa nou ki nan syèl la, m di w mèsi ke ou banm bon sante pou m te ka vin la e pale ak zanmi, timoun sa yo.»

Fè timoun yo panse ak bagay yo vle di Bondye mèsi pou yo. Yonn pa yonn, yo sipoze pran yon wòch nan mamit lan, ale bò pil wòch lan, leve wòch la e di Bondye mèsi pou yon bagay. Yo dwe pale nan fraz konplèt e pou tout moun ka tande. Kite timoun yo fè l plizyè fwa jouskaske tout wòch yo fini. (Elèv yo pa oblije toujou panse ak yon nouvo bagay. Ti piti yo gendwa repete sa pi gran timoun yo di.) Si w gen yon gwo gwoup timoun, plizyè timoun ka fè sa a la fwa. Sa pa p fè anyen si de ou twa timoun ale ansanm.

Lè tout moun fini, fè tout timoun yo kanpe nan yon won e kenbe men. Fèmen ak lapriyè.

Direksyon Bondye: Abraram Chapit 7

Twazyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye vle pou m swiv direksyon li.

Jodia timoun yo aprann ke pafwa li nesesè pou nou swiv Bondye menm si nou pa konnen ki bò l ap mennen nou.

Jodia timoun deside bay Bondye dirije tout chemen lavi yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kèk siy pou kote ou pral vizite yo: OUR, KARAN, DEZÈ A, KANARAN ak BETÈL
- Papye blan pou chak timoun
- Kreyon desen

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon vrè istwa pou pwofesè oubyen paran ki soti nan moun ki te ekri leson sa

Anpil moun ki ekri leson konsa se pwofesè yo menm tou. Yo gendwa bay istwa w ap bay elèv ou yo deja yo menm. Sa se vre pou mwen. M pa tap anseye leson sa, men m tap anseye pou yon gwoup timoun de 4-11 an. Nou te reyini nan yon sal nan yon legliz tou piti. Pa t gen gwo fenèt, e te gen yon gwo fou pou chofe legliz la sou yon bò sal la. Te gen yon pakèt rad ak manje nan yon kwen sal la ke legliz la tap pral distribye pou moun malere. Li pa t yon bon kote menm pou nou reyini fè leson pou timoun, men m fè efò pou m fè sal la bèl, pou timoun yo ka renmen vini. M te di elèv mwen yo ke nou tap pral nan vwayaj, a pye, menm jan Abraram te fè. M di yo, «Our te yon gwo vil, ak anpil moun.» Nou tout al kwense nan yon kwen sal la pandan m te rakonte pati sa.

Anlè a, anpil granmoun tap fè yon etid Biblik. Yon madanm ki te vin nan etid la pou premye fwa a te gen yon ti bebe ki tap kriye, epi li vin antre nan sal kote nou te ye a pou l fè pitit la pe, li pa wè si nou nan sal la. Li antre, li vin wè nou tout kwense nan kwen sal la, e li vin mande m kisa n ap fè. M di l ke se yon istwa m ap bay timoun yo, epi nou kontinye ak istwa a. Nou kontinye mache nan sal la, e nou fè kòm si se nan sab byen cho nou tap mache. Madanm nan te vini avèk nou. Ti bebe a te kòmanse kite kriye li. Lèfini, nou tout monte kanpe sou yon tab, epi nou fè kòm si n ap kanpe sou yon mònn ap gade Tè

Pwomès la ak Abraram. Kounyeya, dòmi te gentan pran ti bebe a.

Lè istwa a te fini, e tout timoun yo te al jwenn paran yo anlè a, madanm nan mande m, «Istwa sa te nan Bib la vre?» M reponn ke wi, li nan Bib la. Li mande m, «Eske ou bay istwa konsa chak Semènn?» M di l wi. Epi madanm nan di ankò, «Eske m mèt retounen lòt Semènn ankò nan klas sa?»

Se sa nou vle ki pou rive lè nou bay timoun istwa. Nou vle pou istwa a sitèlman enteresan ke menm manman ki gen bebe k ap kriye ap vle retounen vin tande pawòl Bondye ankò.

Anpil bèl bagay ap rive w pandan w ap anseye timoun e bay yo istwa Bib la. Sonje sa ki rive ou, e pataje yo ak lòt moun.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 11.31—12.9

Objektif: Timoun yo pral nan vwayaj ak Abraram pou yo ka gen lafwa, e yo pral wè ke yo ka swiv egzanp li.

Jwèt: Simon Di (Timoun yo pral jwe yon jwèt konsa plizyè fwa mwa sa. Si yo gen ide pou yo fè li pi difisil, ou mèt pran ide yo, si w vle!)

Mete tout timoun yo bò yon miray nan yon lin, e fè yo ba ou fas. Esplike ke w pral ba yo direksyon e di yo kè bagay pou yo fè. Yo sipoze fè sa w di yo fè byen vit si w kòmanse kòmann nan ak «Simon Di…» Pa egzanp, ou gendwa di, «Simon di pran 2 pa ann avan.» Byen vit, tout timoun yo sipoze pran 2 pa. Men si ou PA di mo «Simon di» yo, timoun yo pa sipoze fè li. Si w di sèlman, «Pran 2 pa ann avan» timoun yo sipoze rete kote yo ye a. Men si yo ale kanmenm, yo oblije retounen bò mi a epi rekòmanse. Bay direksyon yo vit, e w ap remake ke anpil nan timoun yo bliye tann ou di «Simon di» men yo pete kouri avan!

Men kèk bagay Simon gendwa di. Ou mèt bay kèk nan kòmann yo san «Simon di» a pou w veye pou timoun ki p ap koute byen. Lè yon timoun rive lòt bò sal la, se li ki genyen, ankouraje lòt timoun yo bat bravo pou li. Si w gen tan, jwe plis ke yon sèl fwa.

Simon di fè babay.

Simon di pran 3 ti pa ann avan.

Simon di bat bravo.

Simon di ri byen fò.

Simon di vole anlè sou yon sèl pye.

Simon di pran yon gwo gwo pa devan.

Simon di pran twa pa devan tankou yon makak.

Simon di vole anlè 2 fwa.

Ou mèt repete kèk nan sa yo, oubyen ajoute kèk lòt.

Esplike timoun yo ke istwa Bib la pou jodia ap pale de yon nonm Abraram ki te swiv direksyon Bondye. Li pa t toujou fè l byen, men li te toujou eseye obeyi Bondye. Esplike pandan w ap rakonte istwa a ke nou pral nan yon ti vwayaj, tankou si nou tap vwayaje ak Abraram. Fè timoun yo rete byen pre ou epi nou tout ap mache ansanm nan klas la pou nou pase tout kote ke Abraram te pase yo. Avan klas la, gentan chwazi ki bò nan klas la tout kote yo ap ye, epi mete papye yo ki make OUR, DEZÈ, KARAN, etc. sou miray la avan klas la kòmanse. Mete papye yo lwen yonn lòt pou timoun yo ka santi y ap fè yon bon ti mache! Pran ti pa ti piti tou pou fè vwayaj la parèt pi long.

Premye Kote a: OUR

Montre timoun yo postè ki make non vil la, e fè yo vin kanpe byen pre ou pandan w ap rakonte istwa a.

Plizyè syèk aprè istwa Noye a ke nou te tande Semènn pase, pitit ak pitit-a-pitit Noye yo te gaye sou tout latè a. Yonn nan desandan Noye te rele Abram. Li te viv nan yon gwo vil ki te rele Our. Vwazen li pa t konnen Bondye, men Abram te konnen li. Bib la pa di nou ki jan Abram te vin konnen Bondye. Yon jou Abram, papa li Tera, madanm li Sarayi ak neve li Lòt te kite vil Our. Yo te konnen ke Bondye te vle yo ale yon kote ki rele Kanaran, men yo te vin kanpe nan yon kote ki rele Karan.

2. Dezyèm Kote a: KARAN

Fè tout elèv yo vin kanpe toupre ou kote ou make «KARAN» an.

Papa Abram te renmen vil KARAN. Peyi a te bèl e bon pou plante, men Bondye pa t vle Abram rete la. Bondye te vle Abram ale Kanaran. Petèt papa Abram te bouke e pa t vle vwayaje ankò. Nou pa konnen poukisa, men Abram te rete Karan jouskaske papa li mouri. Abram te gen 75 an lè yo kite Karan e kòmanse mache vè Kanaran. Kounyeya li te nan wout pou l ale kote Bondye te di l ale a.

3. Twazyèm Kote a: DEZÈ a

Aprè papa l te mouri, Abram te pran tout afè li, e li kòmanse mache pou l ale kote Bondye tap mennen li an. Li te fè anpil anpil jou ap vwayaje nan dezè cho a.

Abram tap vwayaje ak fanmi li, men li te byen anvi gen pitit pa li pou vwayaje avèk yo. Ou wè, Abram ak Sarayi pa t gen okenn pitit. Yo te byen anvi gen timoun. Bondye te konnen ke yo te vle fè pitit. Bondye te di yo, «Ale nan yon lòt peyi m ap montre ou. Lè ou la, m ap fè ou tounen yon gwo nasyon moun. Poutèt ou menm, tout moun sou latè ap beni.» Bondye tap pral bay Abram yon pitit. Pitit-a-pitit ak tout desandan Abram tap sitèlman anpil moun pa tap ka konte yo. Abram te

gendwa vle Bondye ba li yon pitit lamenm, men Bondye pa toujou aji nan moman nou vle a. Se konsa, Abraram te oblije tann.

Abram te oblije obeyi Bondye. Li oblije al abite nan yon lòt peyi. Li oblije kite fanmi ak zanmi li dèyè. Li pa t konnen nouvo peyi sa. E li pa t konnen poukisa Bondye te vle li ale abite la.

Men Abram te fè Bondye konfyans. Li te swiv direksyon Bondye. Abram, Sarayi ak neve li Lòt, ak tout domestik ak bèt Abram yo—te mache plizyè santènn kilomèt pou yo rive Kanaran.

4. Katryèm Kote a: KANARAN

Lè yo rive Kanaran, yo te vin kanpe anba yon gwo pyebwa. Peyi a te byen bèl. Bondye te pwomèt pou l bay fanmi Abram tout peyi sa.

5. Senkyèm Kote a: BETÈL

Abram kontinye mache nan peyi Kanaran jouskaske li rive yon vil ki rele Betèl. Menm jan ak Noye nan istwa nou Semènn pase, Abram konstwi yon lotèl pou l remèsye Bondye pou tout sa li fè pou yo e pou pwomès li.

Anpil ane pase. Men Abram ak Sarayi pa t ankò gen timoun. Bondye te pwomèt ke yo tap gen timoun. Men èske Bondye tap kenbe pwomès li?

Aprè yon tan, Bondye fè yon bagay byen spesyal pou Abram. Li poko ba li pitit la, li pat ankò lè pou sa. Men sa Bondye fè pou Abram ak Sarayi se chanje non yo. Li di yo ke non yo pral chanje e Abram pral vin rele Abraram kounyeya, e Sarayi pral vin rele Sara kounyeya. Abraram vle di «Papa anpil nasyon.» Sara vle di «Prensès.» Bèl non! Men yo pa t ankò gen pitit, e si yo pa t gen timoun, kòman li tap pral fè Papa Anpil Nasyon? Se pou yo kontinye kwè nan Bondye e obeyi li.

M pral di w yon bagay ke ou gendwa tande deja. Bondye te kenbe pwomès li e Sara ak Abraram te vin gen yon ti gason. Bebe sa te yon mirak! Lè Sara akouche pitit li, li te gen 90 an, e Abraram te pi gran menm. Men istwa sa a se pou yon lòt jou—w ap renmen li anpil.

- **Kisa w panse ki te difisil anpil nan vwayaj Abraram ak Sara?**
- **Eske ou ta renmen pou Bondye di nou kisa egzakteman kisa ki pral rive nou nan lavi a si nou swiv li? Poukisa ou panse li pa fè sa?**
- **Bondye pale ak Abraram e li di l ki bò pou l ale. Aprè yon tan, Abraram swiv direksyon Bondye. Bondye pale avèk nou jodia, men nou pa tande vwa li. Ki jan nou tande Bondye k ap pale avèk nou jodia?**
  Nan lapriyè, nan sa nou aprann nan klas konsa, nan pastè ak granmoun k ap mache ak Bondye.

- **Bondye te vin bay Abram yon nouvo non. Kisa nouvo non Abraram nan te vle di?**
- **Eske gen nan nou ki konnen kisa non nou vle di?**

Vèsè nou pou jodia fasil pou nou sonje, men se sèlman timoun ki saj k ap ka sonje li lè bagay nan lavi yo vin difisil.

Montre m sa pou m fè pou m viv yon jan ki konfòm ak verite ou la, paske se ou menm ki delivrans mwen.
Som 25.5

Sa se yon priyè pou Bondye. Lè nou resite vèsè sa, nou envite Bondye mennen nou nenpòt kote li vle. Bondye pa p toujou mennen nou nan chemen ki fasil pou nou. Ap gen bagay li mande nou fè ki difisil oubyen ki fè nou pè. Men tout ap vo lapenn.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan Pou Mwen

Objektif: Timoun ap gade lavi yo ki gentan fin pase e y ap di Bondye, «Dirije m nan rès lavi m.»

Abram, ki te vin rele Abraram, te swiv direksyon Bondye. Bondye tap kenbe tout pwomès ke li te fè Abraram. Men Abraram te oblije tann. Pandan li tap tann, li te oblije kwè nan Bondye e swiv Bondye. Sa te difisil! Te ka gen jou kote li te vle di, «Bondye, pa fè m tann ankò. M vle yon pitit kounyeya! M pa ka tann ankò.» Men li te kontinye tann lè Bondye a.

M pa konnen poukisa Bondye te fè li tann tout tan sa. Petèt li tap aprann Abraram pou l gen pasyans. Petèt li tap montre li ke Bondye pa tankou yon ti fetish ke moun pretann gen maji ki ka ban nou sa nou vle. Petèt Bondye tap bay Abraram anpil ane pou l grandi nan lafwa li—sa pran anpil ane pou yon moun aprann swiv Bondye byen. Petèt Bondye te gen lòt rezon tou.

Eske ou prèt pou w swiv direksyon Bondye, menm si sa pran anpil tan pou w konprann kisa Bondye vle fè nan lavi ou?

Bay chak timoun yon fèy papye. Esplike ke tout moun pral fè yon desen de lavi pa yo. Timoun yo dwe kòmanse ak jou yo te fèt lan epi sèvi ak tout papye a pou yo montre evènman ki te enpòtan nan lavi yo—bon evènman ak move evènman ki rive yo. Ou gendwa fè yonn davans de lavi pa ou pou w montre timoun yo kòm yon egzanp.

Kèk ide pou desen an:

Kèk kote ke ou abite

Gwo evènman nan lavi ou tankou jou ou te kòmanse lekòl, oubyen jou ou te premye nan klas ou.

Evènman spesyal, tankou lè w t ale vizite fanmi ou, oubyen ou te ale nan vwayaj yon kote.

Bay timoun yo kèk minit pou yo konplete desen an. Yo dwe montre ou menm ak kèk lòt timoun yo epi esplike yo. Lè yo fin esplike, fè yo ekri «Gide m nan tout lavi m» anba desen an, si se sa yo vle Bondye fè vre.

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun beni nan lapriyè

Fèmen klas la jodia e mande timoun yo rete an silans. Esplike ke w pral pase nan chak timoun e ou pral priye pou yo chak. Ou pral priye ke chak nan yo ap swiv Bondye nan chemen lavi yo a. Si timoun nan alèz, mete men w sou epòl li pandan w ap priye. Di timoun yo ke ou pa vle yo manyen yonn lòt pandan w ap priye, yo mèt kwaze bra yo.

Men kèk priyè ou ka di nan moman sa. Ou ka sèvi ak menm priyè a plizyè fwa. Toujou di non elèv lan nan priyè a.

Papa nou ki nan syèl la, m vle priye pou (non timoun nan)**. M priye ke l ap toujou pèmèt ou gide li nan verite ou an. M priye ke l ap grandi vin kwè byen fò nan ou e tankou Abraram, ke l ap swiv ou pou rès lavi li.**

Papa nou ki nan syèl la, Mèsi pou (non timoun nan)**. Lavi a pa t toujou fasil pou li. M priye ke w ap ede li santi renmen ou pou rès lavi li, e ke li pa p janm sispann swiv ou.**

Papa nou ki nan syèl la, nou konnen ke (non timoun nan) **se yon timoun spesyal. Li te ka fè anpil gran bagay nan lavi li. Priyè mwen se pou li fè tout sa li gen pou fè nan lavi sa pou ou menm, e pou l montre lòt moun ki jan lavi yon moun ye k ap swiv ou menm.**

Yon not pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Gen timoun ki pè lè moun manyen yo. Yo gendwa vle ou manyen yo, epi yo pè anmenmtan. Gen nan yo ke granmoun vyole e touche mal. Pou yo, lè yon moun manyen yo, yo asosye sa ak moman ke yo te pè anpil. Respekte sa si timoun yo pè, e pa fòse manyen yo. Ou ka lonje men w devan yo, san w pa manyen yo vre. Gen nan yon ki gendwa lonje men pa yo pou yo kenbe men ou, ki se yon siy ke yo kòmanse fè w konfyans. Souvan, si w manyen yo ak yon sèl men, e pa toulède, sa ka mete yo pi alèz. Pale dousman e fè ton ou kominike jantiyès ka timoun nan tou.

Pwofesè, gen yon sketch nan leson swivan an. Se nan fen leson «Antann nou Byen ak Moun: Abram ak Lòt.» Ou gendwa bay kèk elèv revize e repete li semenn sa pou yo ka pi alèz lòt Semènn. Si timoun yo mete anpil ekspresyon ladan l, l ap pi bon.

Antann nou Byen ak Moun: Abram ak Lòt Chapit 7

Katryèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye vle m antann mwen byen ak lòt moun.

Jodia timoun yo aprann ke menm si li difisil, Bondye vle pou moun ki renmen li yo antann yo byen e pa nan kont ak yonn lòt.

Jodia timoun deside yon fason yo ka kanpe yon batay oubyen diskisyon.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Sketch lan retire nan liv la e distribye bay 3 bon elèv ki li byen (Wè fen leson an)
- Yon moso papye oubyen yon ti kat pou chak elèv
- Kreyon
- Kèk ide pou fason ou ka kanpe yon batay oubyen diskisyon. Ekri yo sou tablo a oubyen yon gwo fèy papye avan klas la kòmanse.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Nan leson sa, n ap pale de jan nou dwe aji lè nou fache ak yon moun. N ap retounen sou sijè sa plizyè fwa, paske sa se yon bagay ke timoun bezwen aprann. Li fasil, anpil fwa, pou w wè lè yon timoun fache, paske yo fè dezòd, men kèk fwa tou, timoun nan aprann kache lè li fache paske li aprann ke nenpòt lè li fache oubyen li pa kontan, yo kale li. Se pa fache yo pa fache, men se kache yo aprann kache kòlè a.

Yon timoun ki pa janm aprann jan pou l aji lè li fache ap toujou wè kòlè li ap retounen, menm lè li fin granmoun—e anpil fwa sa ka detwi relasyon ke l ap bati ak moun. Kòlè sa ka menm mennen yon moun fè yon zak kriminèl.

Yon timoun ki fè dezòd pou l ka toujou jwenn sa li vle, timoun sa pa janm aprann metrize

tèt li. Okontrè, timoun yo aprann ke yo ka kontwole lòt moun ak move aksyon e ak dezòd yo, e yo kontinye aji konsa, menm lè yo fin gran. Lè yon moun aji konsa, m ka garanti w ke yo pa p janm ka bati bon relasyon ak lòt moun. Si yo marye e fè timoun, tout fanmi yo ap soufri konsekans lan, e anpil fwa, konsekans lan se lè li bat madanm oswa pitit li.

Alò, kisa w ka fè? Leson konsa ka ede w, men anpil fwa, yon sèl leson p ap sifi pou l chanje jan yon moun ap aji depi l ti bebe. Men kèk lòt ide ankò:

- Pandan ke w ap aprann plis sou chak timoun, ekri li, e w ap ka pi byen sonje detay de lavi chak elèv. Eske timoun sa fè dezòd e rele, epi bay kou? Oubyen èske li kòmanse fache, refize reponn, rete silan? Priye souvan e spesifikman pou chak timoun.

- Ede timoun nan rekonèt ke li fache. Yon moun mèt fache, men li pa bon pou yon moun al aji selon fache sa. Si timoun nan ka pale de jan li santi li, anpil fwa, kòlè a ka pase. Anpil timoun tou pa konn jan pou yo esplike sa yo santi nan kè yo. Ede yo jwenn mo pou yo ka eksprime yo. «Eske ou santi ou vle rele byen fo paske ou fache a? Ebyen, di m sa. Di m nan yon fraz konplèt.»

- Si yon timoun frape yon lòt nan kòlè, kit se bay kou oubyen joure, bese nan nivo timoun nan, fè l gade ou, e di timoun nan kisa li fè ki pa bon. Kisa timoun nan te fè pou l fè ou menm ak Jezi tris? Pa pèmèt timoun nan gade lòt kote ke ou. Kontinye di li, «Gade m. Gade m nan je.» Aprè timoun nan pale avèk ou, ankouraje li mande padon oubyen remèt sa l te pran nan men lòt timoun nan.

Sonje ke ou pa konnen tout sa timoun sa yo pase avan ou fè konesans yo. Yo gendwa yon timoun ki gen 9, 10 oubyen 11 an, men yo pa devlope nan laj sa nan lespri yo paske yo pa gen moun pou ede yo. Yo gendwa demontre kòlè yo tankou yon timoun 2 ou 3 an.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 13. Abram ak Lòt deside separe tè a.

Objektif: Timoun yo pral idantifye fason yo ka metrize yo lè yo fache, menm jan ak Abram.

Nòt pou pwofesè a: Avan klas, repete sketch la ak timoun ki pral patisipe ladan l yo.

M pral fè kòm si m fache ak yon moun. M pral di ou poukisa m fache. Lèfini, m vle w di m kisa m ka fè pou m anpeche kòlè mwen gate relasyon ke m genyen ak moun nan.

Ou gendwa rele plizyè elèv ki ka bay plizyè ide. Ankouraje timoun yo pou yo vini ak ide ke yo moun te ka fè tout bon vre.

Sitiyasyon:

M fache anpil ak zanmi mwen. M sot tande ke li bay yon manti sou mwen. M pa kwè m ap janm padonnen li pou sa.

Ankouraje timoun yo vini ak ide pou jan yo ka anpeche amitye sa gate. Pa egzanp, yo gendwa di ou sipoze pale ak zanmi an e di li jan sa te fè w tris, oubyen yo gendwa di ou ka ekri yon lèt ba li pou w esplike jan ou tris, men ou vle toujou rete zanmi avèk li. Felisite elèv yo lè yo bay ou bon ide, e swiv menm direksyon sa yo nan 2 sitiyasyon k ap vini yo.

Sitiyasyon:

Li banm kou. Li parèt sou mwen, li banm kou pou anyen. M panse li te zanmi m, men m pa p janm fè l konfyans ankò.

Sitiyasyon:

Tifi sa vòlè ti bwat mwen an. Se yon ti bwat m mete tout ti afè m yo. Bwat la pa anyen pou li, men li pran l pou l mechan sèlman epi pou l montre m ke m pa t ka anpeche li pran l. M fache anpil. Tann se lè li gen yon bagay m ka pran tou. L ap regrèt sa li fè m nan.

Bravo! Nou vini ak anpil bon ide pou jan yon moun ka metrize kòlè li. Bib la pale anpil sou kòlè e jan li danjere pou nou. Bib la gen yon bèl istwa sou Abram tou. Istwa sa demontre jan Bondye vle nou metrize kòlè nou. Annou revize sa w konnen de Abram.

- **Nan istwa sa, non li se Abram. Men nou te aprann Semènn pase ke Bondye te chanje non li. Eske ou sonje nouvo non Bondye ba li a, e kisa li sinifi?**
- **Abram te kòmanse lavi li nan yon vil ki rele Our. Poukisa li te kite vil sa ale rete yon lòt kote?**

Istwa jodia soti nan Bib la e te pase avan Bondye te chanje non Abraram. Istwa sa pale de Abram ak neve li, Lòt. Lòt te yon granmoun lè istwa sa a te pase. Ni Abram ni Lòt te rich anpil. Yo te gen anpil bèl e anpil moun ki nan travay pou yo pou siveye bèt yo. Jodia, nou pral mande (rele 3 timoun yo) jwe wòl 3 bèje ki ka rakonte nou kisa ki te pase ant Abram ak Lòt. M ap jwe Naratè a.

KI JAN BATAY LA VIN REZOUD

Naratè: Abram te ale abite yon kote ki rele Betèl, nan peyi Kanaran. Neve li, Lòt, te ale abite toupre li. Toulède te rich anpil. Yo te gen anpil bèt. Yo te gen bèje pou siveye bèt yo pou yo. Men souvan bèje yo te konn nan diskisyon pou ki bèt ki pou manje nan ki chan. Fè kòm si w ap koute yonn nan diskisyon sa yo.

Bèje 1: Bon, men batay k ap vini. Bèje Lòt ap mennen mouton yo nan chan nou an ankò.

Bèje 2: Ebyen, tan pi pou yo. Pou Abram nou travay. Se mouton pa li yo ki pral manje la, se pa mouton Lòt. Nou p ap deplase, nou menm. Se zèb sa ki pi bon, e mouton nou yo merite bon zèb sa yo.

Bèje 3: Eyyyy! Nou menm,— soti la! Chan sa se pou Lòt—retire kò nou la! Se mouton Lòt yo ki pral manje la.

Bèje 1: Chan sa pou Lòt? Ki koze sa? Bondye te bay Abram teren sa, se Abram ki bezwen li pou mouton ak bèf li yo. Se ou ki pou retire ko w.

Bèje 3: Mwen menm? Non, non, pa gen bagay konsa. Teren sa pou Lòt, e li pa gwo ase pou mouton pa w yo ak pa nou yo tou. Se ou ki pou leve kò nou demake la. Ale! Retire kò nou la!

Bèje 2: Men non, teren an twò piti pou nou tout. Lè Bondye te di Abram vin abite Kanaran, Lòt te vini tou. Toulède gen anpil bèt. E tout bèt yo bezwen manje. Yo tout pa ka manje la. Se Abram ki se chèf fanmi an. Lòt se neve li. Se Abram Bondye te di li tap fè yon gran nasyon, se pa Lòt. Se bèt Abram ki gen dwa manje la, se pa bèt Lòt. Kounyeya, nou menm, kite teren moun an repo, fè wout nou.

Bèje 3: Ah monchè, pa gen bagay konsa, se ou ki prale. Nou gen fòs ase pou nou fòse w ale.

Bèje 1: Ou menm?! Ou pa ka bat nou, non, nèg! Se nou ki pral bat ou pou nou mete w deyò, ou tande?

Bèje 2: Eyyy, mesye. Ann fè yon ti poze. Si nou kontinye ap joure konsa, bagay sa p ap fini byen. Ann kanpe, m pral mande Abram kisa nou dwe fè. L ap konnen, epi m ap vin di nou.

Naratè: Bèje Abram pati, e nan yon ti moman, li tounen.

Bèje 1: Sa k genyen? Apa w sezi?

Bèje 2: Wi, m sezi menm, wi. Batay la gentan fini.

Bèje 1: Batay? Ki batay? Sa k pase la?

Bèje 2: Bon, lè m al di Abram ki pwoblèm ki te genyen, li pale ak Lòt. Abram di ke fanmi pa sipoze nan diskisyon, ni batay, ni joure. Lèfini Abram di, «Lòt, gade tout teren an ki la. Gen anpil teren, anpil mònn, anpil vale devan nou. Nou pa bezwen nan diskisyon, nan kont, pou teren. Nou chak ap chwazi yon bo, e nou chak ap pati nan bò pa nou, n ap separe teren an. Si w ale agoch, m prale adwat. Si w ale adwat, m prale agoch.» Lèfini, li kite Lòt deside ki bò li vle.

Bèje 3: Ebyen, kisa Lòt fè?

Bèje 2: Lòt chwazi pi bon teren an. Li chwazi teren bò Rivyè Jouden an. Gen anpil zèb ak dlo. Abram dakò pou l bay Lòt li, e Abram pran lòt teren an. Teren Abram pran an sanble yon dezè.

Bèje 1: Ebyen Abram pa t anvi nan kont ak moun! Sanble Bondye pa anvi moun nan kont tou. Sanble Bondye pa renmen lè moun nan kont ak lòt moun.

Bèje 3: Ebyen, kite m ale non, nou kontan e bèt nou yo kontan tou, paske se nou ki gen pi bon teren an kounyeya.

Bèje 1: Ebyen, oke. Abram di pa p gen diskisyon ankò. Nou pap nan kont. Se pou li m travay, ebyen sa l di a bon pou mwen.

Bèje 2: M sezi sa Abram fè, wi! Li fè Lòt kado pi bon teren an. Li fini kont lan e Lòt kontan. Men kisa ki pral rive Abram ak bèt li yo kounyeya ke se Lòt ki gen pi bon teren an?

Naratè: Bondye ap toujou pran swen Abram. Li te di Abram gade toupatou—tout teren li te ka wè yo. Bondye te di Abram ke li tap ba li ak desandan li yo tout teren sa. Bib la di nou ke l te di Abram, 'Al mache nan tout ti kwen peyi sa, paske m ap bay ou tout.'

Pale sou kesyon sa yo. Pèmèt plizyè timoun bay opinyon pa yo.

- **Kisa istwa sa fè ou konnen de tanperaman Abram?**
- **Kisa istwa sa fè ou konnen de tanperaman Lòt?**
- **Kilès nan yo ou ta pito genyen pou zanmi? Poukisa?**

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan Pou Mwen

Objektif: Timoun ap pale sou ki jan yo ka swiv egzanp Abram.

- **Si w te swiv egzanp Abram pwochen fwa ou nan kont ak yon moun, kisa w panse ou tap fè? E ki jan ou panse kont lan tap fini?**
- **Kisa ou konn fè avan lè ou konn gen kont ak diskisyon ak moun?**
  Pwofesè, mete w pre pou w bay yon egzanp nan lavi pa ou.
- **Gen yon ekspresyon ki di, «Lè ou fache ak yon moun, sa fè ou plis mal ke lòt moun nan.» Kisa w panse sa vle di? Eske ou panse se vre?**
- **Sanble ke prèske tout moun nan kont ak lòt moun pafwa. Poukisa ou panse moun renmen nan diskisyon ak moun konsa?**
- **Kisa ki pase nan fanmi kote moun nan kont anpil?**

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap chwazi yon ide pou yo eseye pwoche fwa yon tante pou yo nan kont oubyen fache ak yon lòt moun.

Men kèk fason ou ka anpeche kont oubyen batay. Kilès nan sa yo ou panse ki pi bon? Ki lòt ide ou genyen ankò aprè sa yo?

Konsidere ekri sa yo nan tablo a oubyen nan yon gwo fèy papye avan ou anseye klas la.

Eseye pale ak lòt moun nan sou jan w santi w.

Vire do w, kite sitiyasyon an jouskaske ou ka metrize tèt ou.

Mande yon lòt moun ke w fè konfyans vin ede ou pou w antann ou ak moun ou gen kont avèk li an.

Soumèt a lòt moun ou nan diskisyon avèk li a, e di li ke ou pito zanmi avè l ke lèdmi avè l.

Bat pou nou antann nou, pou nou konpwomèt ansanm.

Bay timoun yo kèk minit pou yo chwazi yonn nan ide sa yo pou yo menm, e ak èd Bondye, yo ka sèvi ak ide sa pwochen fwa yo fache ak yon moun, pou sa ka anpeche yo batay oubyen nan kont. Di yo ke pwochen fwa nou reyini, ou pral mande yo ki jan ide a te mache pou yo.

Gen yon bèl vèsè nan Bib la ki pale sou jan Bondye vle pou nou mennen vi nou san nou pa fache e nan kont ak moun.

Bay timoun yo yon ti kat byen bèl e ankouraje li ekri vèsè a sout kat la. W ap bezwen di vèsè a plizyè fwa pou yo ka ekri li.

Fè tout sa nou kapab pou nou viv byen ak tout moun mezi nou wè nou ka fè li.
Women 12.8

Fè timoun yo fè 2 lin, epi fè yo bay yonn lòt fas. Anseye vèsè a ak jès sa yo.

Fè tout sa nou kapab. (fè yon jès yon gwo won ak 2 men nou.)

Pou nou viv byen ak tout moun. (avanse bay yonn lòt lanmen.)

Mezi nou wè nou ka fè li. (ak yon dwat, endike moun ki anfas ou an.)

Timoun sou yon bò lin nan ap resite l, epi aprè, lòt bò an pral resite l. Fè chak bò fè l plizyè fwa.

Fèmen ak priyè sa:

Papa Bondye, ede nou chak viv byen ak yonn lòt. Amèn.

Metrize Tèt Ou 1
Chapit 8

Senkyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: M ap metrize tèt mwen.

Jodia timoun yo aprann sa ki rele metrize tèt ou.

Jodia timoun deside metrize tèt yo nan Semènn k ap vini an.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Fèy papye blan
- Ekri «Ki jan m vle metrize tèt mwen» sou yon gwo fèy papye (Wè Seksyon 3)
- Kreyon
- Kreyon desen

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Leson sa soti nan yon kou ki rele Character Solutions International. Droit d'auteur © Character Solutions International. Tout dwa rezève. Revize pa David C Cook pou nou itilize avèk pèmisyon.

Yon entwodiksyon pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Si timoun devlope bon karaktè, y ap ka devni bon moun nan sosoyete nou an. Si timoun vle mete dezi pa yo sou kote e devni bon-jan Kretyen, yo tout, kelkeswa laj yo, dwe aprann sa k bon ak sa k pa bon. E yo dwe swiv sa ki bon.

Chak leson nan mwa sa ap konsantre sou jan yon moun ka metrize tèt li.

Ou konnen ke timoun jodia viv nan yon monn ki difisil. Men, si yo vle mennen lavi yo ak diyite, e si yo vle pran swen tèt yo, yo bezwen kwè nan espwa ke Bondye bay, e yo dwe kwè nan tèt pa yo tou. Anpil timoun bezwen yo rezon pou espwa yo genyen an. Avèk yon Jezi ki renmen yo nan kè yo—yon Bondye ki p ap janm kite yo—lavi yo ap vin pi bon. Avèk sipò bon kalite karaktè, y ap ka reyisi.

Li pa fasil pou nou anseye timoun sou kalite karaktè yo sipoze genyen. Men yo ka wè kalite sa yo nan ou menm, e sa se yon bon fason pou yo aprann. Pa gen pi bon fason pou yon

timoun aprann metrize tèt li ke si li wè w ap fè l ou menm. Devni yon egzanp de sa w ap anseye yo e devni yon modèl ki pozitif pou yo.

Nan bwat sa, ekri kèk fason ou ka demontre timoun yo jan pou yo metrize tèt yo. Nou bay 2 egzanp.

- Metrize tèt mwen: m ap demontre pasyans Semènn sa. M ap louwe bon aksyon timoun yo; m ap remèsye yo pou lè yo onèt e aji ak entegrite.
- Metrize tèt mwen: m ap bat pou m wè chak motivasyon dèyè aksyon elèv mwen yo.
-
-

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Metrize Tèt ou

Objektif: Istwa Biblik Neyemi (Neyemi 1—6) ap ede timoun yo konprann kisa ki rele *metrize tèt ou* e ki jan, ak èd Bondye, yo ka metrize tèt pa yo tou.

Timoun yo pral pratike metrize tèt yo nan jwe yon ti jwèt, kote yo pral oblije tann tou pa yo. Fè timoun yo kanpe nan yon lin sou yon bò sal la. Objektif yo se pou yo swiv direksyon jwèt la pou wè sa ki ka rive jwenn ou menm (ki sou lòt bò sal la) avan.

Bay premye timoun nan nan lin nan direksyon sa: «Pran 2 gwo pa sou mwen.» Timoun nan sipoze mande, «Pwofesè, m mèt ale?» avan li bouje. Epi w ap reponn, «Wi, ou mèt ale.» Yon fwa ke timoun nan fè sa ou di l fè a, li sipoze rete kanpe lè w ap kontinye ak chak lòt timoun. Timoun nan sipoze rete fiks, tankou yon estati, pandan l ap tann ou pase tout lòt elèv yo. Si yon elèv bliye di, «Pwofesè, m mèt ale?» oubyen yo bouje san pèmisyon, li sipoze retounen sou miray la ankò pou l rekòmanse. Bay yo direksyon senp tankou: «Pran senk ti pa sou mwen.» «Vole twa fwa vin sou mwen.» «Pran kat pa sou pwent pye.» Sonje ke avan li bouje, chak timoun dwe mande, «Pwofesè, m mèt ale?»

Lè jwèt la fini, mande tout timoun yo vin sou ou.

- **Eske li te fasil oubyen difisil pou w tann tou pa ou?**
- **Ki jan sa te ede w si w te swiv direksyon, pale byen, e pran pasyans?**
- **Eske li bon lè jwèt gen règ pou moun swiv? Oubyen èske li pi bon si moun k ap jwe yo ka fè nenpòt sa yo vle?**

- **Moun ki jwe jwèt byen se moun ki gen disiplin. Sa vle di yo gen yon bagay ke yo vle akonpli, e yo prèt pou yo swiv règleman jwèt la pou yo ka akonpli sa. Eske ou menm ou ka metrize tèt ou?**
- **Ki jan ou fè konnen si lòt timoun renmen jwe avè w? Eske lòt timoun tap di ke ou jwen byen ak moun?**

Bay timoun yo enfòmasyon sa sou kisa li vle di pou yon moun metrize tèt li.

Li fasil pou nou iyore jan yon jwèt sipoze jwe e fè nenpòt sa nou vle. Men menm si nou vle fè tout bagay nan jan pa nou, sa pa vle di ke li bon pou nou fè sa. Bondye te kreye lemonn ak lòd. Li te ban nou règleman ak direksyon ki pou pwoteje nou. Règleman pote lòd nan monn sa kote n ap viv lan. Nou onore Bondye si nou swiv direksyon li e viv nan fason pou nou pran swen moun k ap viv bò kote nou.

Lè nou konsantre sou Bondye e nou soumèt a règleman li yo, se metrize n ap metrize tèt nou. Bondye anseye ke moun k ap swiv li yo ka metrize tèt yo menm nan moman difisil. Lè nou renmen Bondye, nou pa fòse tout moun aji jan nou menm nou vle tout tan. Nou metrize tèt nou pou nou swiv règleman Bondye. Nou kontwole kò nou, e nou onore Bondye.

Nou kontwole kò nou lè nou koute paran nou ak pwofesè k ap pran swen nou, e lè nou jwe byen ak lòt timoun.

Mande timoun yo repete fraz sa yo aprè ou:

Lè m metrize tèt mwen, m swiv direksyon Bondye, menm si li difisil. (Repete)

Lè m metrize tèt mwen, m montre lòt moun ke m renmen e swiv Bondye. (Repete)

Lè m kontwole kò mwen, Bondye ka depann de mwen pou m fè sa ki dwat. (Repete)

Lè m metrize tèt mwen, sa vle di m kontwole dezi pa mwen. (Repete)

Lè m kontwole kò mwen, mwen obeyi moun ki nan otorite yo ak atitid e ak aksyon mwen. (Repete)

Kounyeya rakonte elèv yo istwa sa nan Bib la.

ISTWA NAN BIB LA

Neyemi te tris.

Neyemi te travay pou yon wa nan yon peyi ki te rele Pès paske peyi sa a te vin pran peyi pa li an, Izrayèl. Men, pandan Neyemi tap travay, li pa t ka kache jan li te tris lè li panse ak peyi li ak vil kote l te soti a, Jerizalèm. Lè wa a wè tristès Neyemi, li mande l poukisa li tris konsa. Neyemi esplike ki jan vil kote l soti a kraze e brile, e sa fè li tris. Miray ak pòtay vil la tonbe atè e yo kraze. Wa a konprann. Epi li voye Neyemi al rebati vil la. Se te yon vwayaj byen long sou cheval. Rive Jerizalèm te pran anpil jou.

Rebati vil la pa t fasil jan Neyemi te espere.

Nan vil Jerizalèm, Neyemi te wè anpil tristès. Travayè yo pa t travay byen ansanm. Anpil nan yo te kanpe p ap fè anyen, malgre yo konnen gen anpil travay ki pou fèt. Moun ki rich ak moun ki pòv yo p at respekte yonn lòt. Pèp la te gen lèdmi ki te vle atake yo. Tout moun te pèdi espwa.

Men Neyemi deside l pou l fini travay la. Li fè yon bon plan. Li fè rich yo sispann maltrete pòv yo. Li fè lèdmi pèp la sispann atake yo. E li bay travayè yo espwa.

Pèp la te wè jan Neyemi te metrize tèt li e yo te fè l konfyans. Paske Neyemi tap fè yon bon travay, pèp la te dakò pou yo travay menm jan avè l.

Nan mwens ke 2 mwa, vil Jerizalèm nan te rebati! E vil la te an sekirite ankò !

Lè istwa a te kòmanse, Neyemi te tris paske vil Jerizalèm nan te kraze. Li te ka pèdi espwa nèt. Li te ka vire do ale. Li te ka kite sa. Men Neyemi te yon nonm ki te disipline tèt li. E avèk Bondye ki tap ede li, li te gen fòs li te bezwen pou l fini travay la. Paske li te metrize tèt li, Neyemi te travay di pou l retounen bagay nan vil Jerizalèm jan yo te dwe ye a.

- **Ki jan istwa jodia a tap diferan si Neyemi pa t metrize tèt li? Sonje byen, si yon moun metrize tèt li, sa vle di ke li travay di pou l akonpli bon bagay, e li pa janm enkyete pou sa ni li pa kite dezi pèsonèl li anpeche li fè travay li gen pou l fè a.**

2. Yon Ilistrasyon *Metrize Tèt Ou.*

Objektif: Timoun ap pratike metrize tèt yo nan fini yon tach ak men yo PA ekri avè l lan.

Kòm nou te wè ak Neyemi, pou yon moun metrize tèt li se travay di. Se pou yon moun pratike anpil, e se pou l kontwole tèt li. Annou pratike kounyeya.

Bay chak timoun yon fèy papye, epi mete anpil kreyon desen pou yo tout sèvi.

Nan papye a, m ta renmen nou desinen Neyemi ak travayè li yo k ap rebati vil Jerizalèm nan. Men, men sa ki difisil! Ou dwe desinen yo ak lòt men ou—se pa ak men ou ekri a pou w desinen yo. Li pa p fasil, non! Men l ap ede w metrize tèt ou. Pa chanje men! Se pou w gen disiplin pou w swiv enstriksyon mwen yo. L ap difisil, men w ap ka fè li! Bay chak moun ke w desinen yon tèt, je, cheve, nen ak bouch. E Bib la di nou te gen fi ki tap ede ak travay la tou, sa vle di ou mèt fè kèk fi tou!

Si timoun yo pa fin konprann, ou mèt montre yo imaj sa pou w montre yo ke se desen byen senp pou yo fè.

Bay timoun yo yon ti tan pou yo travay.



Kounyeya desinen vil Jerizalèm ki rebati a. Sèvi ak kreyon desen e kolore tout kay yo. Ankò, menm jan ak dènye fwa a, kolore ak men ou pa konn ekri a. Sa ap ede w pratike metrize ou.

Pou elèv ki pi gran yo, si w vle fè aktivite sa pi difisil pou yo, fè yo kolore kay yo ak kreyon an ant zòtèy yo pito !

Li nòmal pou nou anvi chanje men e sèvi ak men ki pi fasil lan. Men pou jodia, nou chanje li pou nou mande ou obeyi enstriksyon ki difisil. Lè yon moun metrize tèt li e li gen disiplin, sa vle di ke li obeyi enstriksyon ki difisil, menm si li pa vle. Pafwa nan lavi a, nou bezwen pratike metrize tèt nou tout bon vre! Li difisil anpil pou nou metrize nou. Men sa fè Bondye plezi lè nou bat pou nou metrize nou nan tout sa n ap fè. Nou dwe gen disiplin ase pou nou fè sa Bondye mande nou fè, menm si pa gen moun k ap gade nou.

Kounyeya mande timoun yo ekri vèsè sa sou sa yo te desinen an. Yo ka sèvi ak bon men yo.

Si ou pa kapab kontwole kòlè ou, ou tankou yon lavi ki san ranpa.
Y'ap anvayi l fasil. Y'ap mete men sou ou fasil.
Pwovèb 25.28

---

3. Mennen Vi w e *Metrize Tèt Ou* Semènn sa

Objektif: Timoun pral jwe jwèt «M Pral», yon jwèt ki ilistre lè yon moun metrize li.

Avan klas la kòmanse, gentan ekri 5 fraz sa yo sou tablo a oubyen sou yon gwo fèy papye. Soulinye M pral nan chak fraz.

OBJEKTIF MWEN POU M METRIZE TÈT MWEN

M pral gen respè e m ap aji byen ak lòt moun.

M pral fini tout travay mwen a lè.

M pral panse ak sa lòt moun bezwen.

M pral fè miyò travay mwen nan travay ki difisil menm si li pran m anpil tan.

M pral metrize tèt mwen lè m santi m fache oubyen dekouraje.

Fè timoun yo repete fraz sa aprè ou.

Lèfini, fè 2 elèv leve, kenbe men, epi yo pral di fraz la. Yonn nan elèv yo pral di «M pral…» epi lòt la ap fini fraz la «gen respè e m ap aji byen ak lòt moun.» Kon yo fini, yo pral chita, epi 2 lòt elèv ankò pral leve ap di fraz swivan an. Kontinye ak tout elèv yo e pase tout fraz yo plizyè fwa, yonn aprè lòt. Chak moun dwe patisipe.

N ap pale plis sou metrize tèt nou nan pwochen klas nou.

Metrize Tèt Ou 2
Chapit 8

Sizyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: M ap metrize tèt mwen.

Jodia timoun yo aprann sa ki rele *metrize tèt ou.*

Jodia timoun deside metrize tèt yo nan Semènn k ap vini an.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kat bokit
- Anpe ti wòch
- 2 kwiyè
- Si w vle: ou ka fè timoun yo fè yon ti pwojè atistik (Wè Pati 2 pou fason ou ka fè sa)
- Si w vle: Si w ap fè pwojè atistik la, w ap bezwen enpe papye koulè chire ti moso
- Si w vle: Pou pwojè a, w ap bezwen kòl
- Sirèt

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Leson sa soti nan yon kou ki rele Character Solutions International. Droit d'auteur © Character Solutions International. Tout dwa rezève. Revize pa David C Cook pou nou itilize avèk pèmisyon.

N ap travay sou gen bon objektif e anpeche enkyetid kanpe travay ou.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Metrize Tèt ou

Objektif: N ap revize istwa Neyemi an (Neyemi 1—6). Neyemi se yon bon egzanp moun ki te metrize tèt li. Li te konnen kisa Bondye te vle l fè, e li te rete nan travay la jouskaske travay la te akonpli.

- **Di m twa bagay de Neyemi ke w sonje depi istwa nou Semènn pase.**

Fè timoun yo kontinye bay detay jouska tout istwa a rakonte.

Neyemi te metrize tèt li pou l akonpli sa l te gen pou fè a. Travayè yo te fè l konfyans. Vil Jerizalèm nan te rebati. Tout moun t ap konsantre sou objektif ki enpòtan, e yo pa t gade lòt bagay ke yo te vle fè. E bòn nouvèl! Travay la te konplete! Se anpil moun ki te travay di pou sa.

- ***Neyemi te yon moun travayè yo te fè konfyans.*** **Ki jan Neyemi te demontre ke l metrize tèt li?**
- ***Neyemi te pran kontwòl sitiyasyon an.*** **Li pa vire gade lòt bagay. Li pa tann se lòt moun ki fini travay la. Men li difisil e li pran anpil travay pou yon moun metrize tèt li. Eske ou menm oubyen yon lòt moun nan klas sa tankou Neyemi?**
- **Ki objektif difisil ou genyen? Ki jan ou demontre ke w metrize tèt ou pou w ka reyalize objektif sa yo?**

Ann pale fò. Rele, «WI, SILVOUPLÈ!» si w vle tande yon istwa de yon kalite zwazo ki mache, men ki pa janm vole! Se istwa de yon bèt ki rele pengwen.

Mache montre tout klas la foto pengwen an.

Gwo zwazo sa yo gen yon vi difisil nan yon regyon ki rele Antatik. Kouten byen, e w ap tande ki jan pengwen adilt yo metrize yo pou yo ka pran swen pitit yo.

Chak ane nan mwa de mas, gwo pengwen yo kite kot Antatik lan e yo antre a l'enteryè peyi a. Yo fè anpil jou ap mache. Poukisa y ap fè vwayaj difisil sa? Yo pral soufri fredi ak grangou. Poukisa yo pa rete bò dlo a kote y ap jwenn manje fasil? Paske pengwen yo konnen ke si yo mache a l'enteryè peyi a, ti bebe yo k ap fèt lan p ap an danje, p ap gen otan de bèt k ap vle manje yo.

Chak ane pengwen femèl ponn yon sèl ze. Avèk anpil swen, femèl la bay mal la veye ze a pou li. Mal la balanse ze a sou pye li, e li kouvri l ak plim kò li. Femèl lan menm retounen bò lanmè pou l al dèyè manje pou yo. Distans manman an rive, li grangou anpil. Pifò femèl yo rive an byen, men se pa tout.

Tout mal yo rasanble yo ansanm pou yo ka chofe yonn lòt. Pou anpil mwa, van ak nèj ap vante. Eske mal yo pete kouri? Non, jamè. Mal yo kanpe nan fredi po yo pwoteje ze yo jouskaske yo kouve. En jwiyè, ze yo kouve. Femèl la retounen soti nan lanmè ak pwason. E toulède paran yo bay bebe a manje.

Aprè yon tan, tout pengwen yo—paran ak pitit—fè vwayaj la pou yo retounen ale bò lanmè.

2. Yon Ilistrasyon Metrize Tèt Ou

Objektif: Timoun yo ap pale ansanm sou metrize tèt ou.

- **Pengwen yo sipòte anpil fredi ak grangou. Poukisa yo fè sa?**
- **Kisa ki tap pase si yo pa t pran swen ti bebe yo?**
- **Eske ou twouve istwa sa enspire ou? Eske ou tap soufri anpil konsa pou w pran swen yon lòt moun?**
- **Pengwen yo soufri anpil paske yo gen disiplin konsa. Gen nan femèl yo ki mouri lè y ap retounen soti nan lanmè. Pafwa se mal yo ke fredi a touye. Pafwa se ze yo ki glase twòp, epi ti bebe a pa janm kouve. Poukisa ou kwè li difisil pou nou metrize tèt nou pafwa? Eske ou panse li vo lapenn?**
- **Ki moun ou konnen—yon paran oubyen zanmi oubyen pwofese—ki sakrifye rekonfò pa li pou ou ka mennen yon pi bon vi?**

Pwofesè, gentan mete w pre pou w bay timoun yo yon egzanp nan lavi pa ou, si timoun yo pa ka panse ak okenn moun.

Chak jou ou pran anpil ti desizyon ki demontre si w kontwole tèt ou. Aprè yon tan, se chwa sa yo ki deteminen ki jan de moun w ap ye. Pa egzanp, chak maten, ou leve nan kabann, mete rad sou ou pou w ka ale lekòl a lè. Ou fè devwa lè w ta pito jwe ak zanmi ou. Lè w fè sa, se kontwole w ap kontwole tèt ou. Ou pa rele nan tèt moun ki rele nan tèt pa ou. Ou bay nan sirèt ou, menm si ou ta pito manje tout pou kont ou. Bagay sa yo pran disiplin.

Ou ka fè aktivite sa ak timoun yo si w gen tan:

Kounyeya nou pral fè yon aktivite ki pran anpil disiplin. Nou pral fè yon mozayik. Yo mozayik se yon imaj ki fèt anpil ti moso Yon atis gendwa sèvi ak moso bwa oubyen vit. Kèk fwa yo fè mozayik ak plizyè koulè sab. Nou pral sèvi ak plizyè moso papye. Travay jouskaske pwojè a konplete. Pa fè travay la tchak, men fè l byen bèl. Sa pral pran bon ti efò, e ou pral oblije kontwole tèt ou pou w fini li.

Si l posib, fotokopye imaj sa pou chak elèv. Si sa pa posib e pa gen anpil elèv, trase imaj la pou timoun yo. Si sa pa mache nonpli, montre timoun yo imaj sa. Fè yo desinen l sou yon fèy papye.

Dechire papye swa nan anpil ti moso, ti moso. (Pwofesè, ou ka fè sa avan klas la oubyen fè timoun yo fè li.)

Mete yon ti kòl nan yon pati nan papye a.

Peze ti moso papye swa yo sou gwo fèy lan, yonn a la fwa, e byen pre yonn lòt. Asire ke tout imaj la toujou parèt. Sa se yon bèl ti aktivite, e si yo moso papye swa yo pi piti, l ap pi bèl.

Bon travay! Menm jan ak pwojè nou fè an, bon chwa ke w fè ap fòme bon abitid nan ou menm—moso pa moso, piti a piti.

3. Mennen Vi w e *Metrize Tèt Ou* Semènn sa

Objektif: Timoun ap demontre jan yo metrize tèt yo nan yon jwèt e nan aksyon yo anvè timoun ki bò kote yo.

Separe timoun yo nan 2 gwoup. Pou chak gwoup, mete 2 bokit sou 2 bò sal la. Plen yonn nan bokit yo ak ti wòch. Mete yon kiyè bò kote bokit wòch lan. Mete bokit vid lan sou lòt bò sal la.

Di chak gwoup ke yo pral pran ti wòch yo ki nan yon bokit e yo pral plen bokit vid lan ak wòch yo. Yo pral bat pou yo fè sa byen vit, e y ap pote wòch yo nan kiyè a, nan yon sèl men. Yo sipoze gade pou yo wè si yo ka plen bokit vid pa yo avan lòt gwoup la.

Si w te leve bokit plen an, pote l sou lòt bò sal la epi vide l, travay la tap pi fasil, manti? Men lavi a pa fasil! Chak moun ap pran yon tou, e pran kiyè a pou w pote wòch yo. Sonje, nou demontre ke nou kontwole tèt ou lè nou gade yon pwoblèm e nou chache solisyon, epi nou travay pou nou akonpli li.

Aktivite sa mande w gen 4 bokit. Si se 2 bokit sèlman ke w genyen, kite yon ekip ale avan, epi veye nan mont ou pou w wè konbyen tan sa pran. Aprè kite lòt ekip la ale pou w wè ki ekip ki fini pi vit.

Bay chak timoun nan ekip ki genyen an 2 sirèt. Di yo ke l ap pran disiplin pou yo pa manje toulède pou kont yo, men Jezi vle pou nou aprann pataje ak sa k pa genyen. Chak moun ki gen 2 dwe chache yon moun ki pa genyen, epi ba li yonn. Asire ke chak timoun jwenn yon sirèt.

- **Kisa ki te ale byen nan aktivite a?**
- **Kisa ki pa t bon? Ki ide ou genyen pou jan ou te ka fè travay pote wòch sa yo pi vit?**
- **Ki jan ou te santi w lè ou te fini travay ou byen?**
- **Panse ak yon gwo travay ke vil kote nou rete a bezwen fèt. Ki jan nou ka ede ak sa?**
- **Bondye ka akonpli nenpòt travay. Louwe li pou fòs li! Louwe li pou jan li gran! Ki bon bagay Bondye fè pou ou?**
- **Ki bon bagay ou gendwa fè pou Bondye yon jou?**

Fè timoun yo bese tèt yo nan lapriyè, e priye konsa:

Senyè Jezi, li pa sifi pou nou di sèlman ke nou vle saj e nou vle metrize tèt nou. Nou dwe travay di e nou dwe responsab tou. Jezi, si w ede nou, n ap ka metrize nou. Mèsi paske ou ede nou. Nou priye w konsa nan non Jezi, Amèn.



Metrize Tèt Ou 3
Chapit 8

Setyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: M ap metrize tèt mwen.

Jodia timoun yo aprann sa ki rele *metrize tèt ou.*

Jodia timoun deside metrize tèt yo nan Semènn k ap vini an.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kreyon
- Kreyon desen
- Papye blan
- Yon boul
- Ti oto-kolan kè (si w vle)

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Leson sa soti nan yon kou ki rele Character Solutions International. Droit d'auteur © Character Solutions International. Tout dwa rezève. Revize pa David C Cook pou nou itilize avèk pèmisyon.

N ap travay sou gen bon objektif e anpeche enkyetid kanpe travay ou.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Metrize Tèt ou

Objektif: Yon fab Esòp k ap pale de yon kalite zwazo ki rele wa ki anseye kèk timoun jan yo sipoze metrize yo.

Jezi kontan lè nou mete lòt moun avan tèt pa nou. Lè nou ede yonn lòt, nou demontre ke nou ka kontwole tèt nou. Li bon pou nou mete lòt moun avan tèt pa nou. Yon moun saj ap bat pou l metrize tèt li, e pa mete dezi pa li nan premye plas.

Pwofesè, li Jenèz 37.1–23 avan leson an.

M pral rakonte ou yon istwa ki soti nan Bib la, nan lavi yon nonm ki rele Jozèf. Li te metrize tèt pa li, men sa te koz yo vin mete li nan prizon. Men ou pa bezwen enkyete ou – Bondye te nan kontwòl.

Frè Jozèf te rayi li, e yo vann li nan esklavaj. Li te vin rive nan yon peyi ki rele Lejip, yon esklav lakay yon nonm ki rele Potifa. Potifa te fè Jozèf konfyans e te mete li chèf sou tout bagay nan kay la nèt. Men, malerezman, madanm Potifa te wè Jozèf te bèl anpil. Madanm nan toujou eseye pale e jwe ak Jozèf, men Jozèf toujou refize. Li te konnen ke Bondye pa tap vle sa. Madanm Potifa vin fè manti sou Jozèf e li di se Jozèf ki vin sou li pou l vyole li. Potifa kwè madanm li e li fè yo mete Jozèf nan prizon. Men Bondye pa t janm bliye jennonm ki te swiv li a. Plizyè bagay vin pase e Jozèf te vin nan prezans farawon, wa tout peyi Lejip lan. Bondye te ede Jozèf e Jozèf te vin esplike farawon rèv ke li te fè, epi tout bagay te vin pase jan Jozèf te esplike tout bon vre. Farawon an te sitèlman kontan ke Jozèf te esplike rèv li ke li mete Jozèf an chaj tout peyi a, anba farawon. Jozèf te swiv Bondye e li te kontwole tèt pa li. E Bondye te onore li.

Yon bèl istwa, wi! Kounyeya m gen yon lòt istwa ankò pou ou.

Istwa m pral ba ou kounyeya se yon ti istwa pou timoun, men li pa soti nan Bib la. Se istwa yon madanm ki pa t kontwole tèt li menm, e li te gen yon dezi fò. Aprè m rakonte istwa a, nou pral pale sou sa. Sonje, istwa sa pa soti nan Bib la. Sa se yon fab, yon istwa ki ekri pou montre timoun yon leson enpòtan. Pafwa granmoun ka aprann nan istwa sa yo tou.

Wa a Ki te Ponn Ze Lò an (Wa se yon kalite zwazo, tankou yon kana)

Yon lè te gen yon ti granmoun ki te abite nan yon ti kay pay ak pitit a pitit li. Chak maten, tifi a, pitit a pitit granmoun nan, te konn ale ramase tout ze ke kana, poul ak wa yo te ponn nan nwit lan yo.

Yon jou, tifi a ramase yon ze ki te fèt an lò. Li te lou anpil. Li kouri al montre grann li. Granmoun nan konprann ke ze a te fèt tout an lò! Madanm nan fèmen yon ti pati lakou a pou wa sa spesyalman.

Chak maten, wa a ponn yon ze lò. E chak maten madanm nan vann ze a. Aprè yon ti tan, li te rich anpil. Men madanm nan pa t kontan ak yon sèl ze lò. Li te vle plizyè ze lò chak jou. Li di tifi a, «M pral touye wa sa pou m ka pran tout ze lò yo ki nan vant li.» E ti granmoun nan touye wa a, men pa t gen okenn ze nan vant li.

E madanm nan te vin malere ankò.

- **Ki leson ou panse moun ki ekri fab sa te vle anseye ni granmoun ni timoun?**
- **Eske ou tap kontan genyen yon wa ki te ponn ze lò? Kisa w tap fè ak premye ze a?**

- **Madanm nan te mete dezi pa li avan sa li ak tifi a te bezwen. Kisa ki pral rive li? Kisa ki pral rive tifi a kounyeya? Eske istwa sa se yon move egzanp de jan yon moun pa metrize tèt li?**
- **Ki jan madanm nan vin gate lavi li lè li pa kontwole dezi li?**
- **Ki jan ou ka sèvi ak fab sa pou w anseye timoun piti verite Bib la ke moun sipoze metrize tèt yo?**

Li istwa a ankò e revize li. Mande timoun yo koute pou lè yo tande mo ze a. Lè yo tande mo ze a, di yo pou yo bat men yo.

2. Yon Ilistrasyon Metrize Tèt Ou

Objektif: Timoun yo ap fè yon ti liv de objektif nou te etidye yo ki pou yo metrize tèt yo ki ap ede yo jere dezi pa yo.

Aktivite: Pou yo fè yon ti liv pòch, men kisa timoun yo dwe fè :

Pliye yon fèy papye an 2. Pliye l an de ankò.
Sou devan ti «liv» la, fè yo ekri «Kè m pou Jezi ».
Ouvri liv lan epi di yo pou yo ekri objektif nou te etidye yo ki ede yo metrize tèt yo. (Ou gendwa ekri yo nan yon gwo fèy papye oubyen sou tablo a.)

OBJEKTIF MWEN POU M METRIZE TÈT MWEN

1. **M pral gen respè e m ap aji byen ak lòt moun.**
2. **M pral fini tout travay mwen a lè.**
3. **M pral panse ak sa lòt moun bezwen.**
4. **M pral fè miyò travay mwen nan travay ki di menm si li pran m anpil tan.**
5. **M pral metrize tèt mwen lè m santi m fache oubyen dekouraje.**

Ekri non timoun yo sou liv yo.

Dekore liv yo ak ti oto-kolan kè yo, oubyen kolore ti kè ladan l.

Fèmen aktivite sa e fè timoun yo repete fraz sa yo aprè ou.

Lè m metrize tèt mwen, m ka viv byen ak Bondye. (Repete)

Lè m metrize tèt mwen, m ka wè pwisans Bondye k ap travay. (Repete)

Lè m metrize tèt mwen, sa ede m vin moun ke Bondye ka depann de mwen. (Repete)

Lè m metrize tèt mwen, sa vle di m kontwole dezi ak abitid pa mwen yo. (Repete)

Lè m metrize tèt mwen, m obeyi moun ki nan otorite. (Repete)

3. Mennen Vi w e *Metrize Tèt Ou* Semènn sa

Objektif: Timoun ap jwe yon jwèt ansanm, e ap demontre jan yo ka metrize tèt yo lè yon lòt elèv twonpe li epi fè l pèdi.

Esplike ke jwèt sa yo pral jwe a ap demontre jan li difisil pou moun metrize tèt yo. Nan jwèt sa, ou pa sipoze bouje bra ou jouskaske lòt moun nan gentan voye boul la. Men ki jan jwèt la ye.

Fè timoun yo kanpe nan yon won. Jwè 1 ap voye boul la bay nenpòt lòt timoun ki nan won a. Tout lòt jwè yo sipoze prèt pou yo atrap boul la. Si Jwè 1 fè kòm si l ap voye boul la e yon lòt jwè leve men l pou l atrap li, jwè sa pa metrize li pou l pa bouje jouskaske boul la voye sou li. Jwè ki te bouje a dwe kite won an. Si jwè a kenbe boul la, kounyeya se li ki pral voye bay yon lòt moun. Kontinye jwe jouskaske yon sèl timoun rete.

Aprè jwèt la di:

Bondye vle pou w gen disiplin nan lavi w tout bon vre—pa sèlman nan jwèt jan nou sot jwe a. Lè nou gen disiplin, nou devlope fòs ansanm ak karaktè nou.

- **Nan ki pati lavi nou Bondye vle nou metrize nou?**

Fèmen ak lapriyè.

Senyè Jezi, ede nou gen disiplin, menm jan ak Jozèf. Ede nou pou nou gen disiplin lè n ap etidye. Ede nou metrize nou nan kòlè nou. Ede nou kontwole nou pou nou priye, Senyè. Nou konnen ou tande pawòl nou. Ou konprann tout sa n ap panse. Nou priye w konsa nan non Jezi, Amèn.

Metrize Tèt Ou 4
Chapit 8

Wityèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: M ap metrize tèt mwen.

Jodia timoun yo aprann sa ki rele *metrize tèt ou.*

Jodia timoun deside metrize tèt yo nan tout lavi yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Gwo fèy papye oubyen tablo kote ou ka ekri kèk tach ke yon timoun ki gen disiplin ka fè. Kite plas pou timoun yo ekri kèk ide pa yo tou.
- Kreyon
- Kreyon desen
- 2 gode plastik ak yon fil ki mare yo ansanm (Yonn pou chak 2 timoun)
- Yon ti bagay pou timoun yo manje

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Leson sa soti nan yon kou ki rele Character Solutions International. Droit d'auteur © Character Solutions International. Tout dwa rezève. Revize pa David C Cook pou nou itilize avèk pèmisyon.

N ap travay sou gen bon objektif e anpeche enkyetid kanpe travay ou.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Metrize Tèt ou

Objektif: Timoun yo bat pou yo mete tèt yo nan plas Wilma Rudolph (yon atlèt olimpik), e mande tèt yo kisa yo ka simonte si yo gen disiplin e metrize yo.

Pandan w ap pale, pase nan klas la e montre timoun yo foto Wilma Rudolph.

M gen yon bèl istwa pou m rakonte nou. Istwa sa pa soti nan Bib la, men se

yon istwa yon atlèt ki te nan olimpik, ki te soti Ozetazini. Se vrèman yon istwa enteresan. Jan l te devni yon atlèt pi etonan ke lefèt ke li te jwenn meday lò a 3 fwa!

Wilma Rudolph te yon fi nwa, ki te soti nan yon gwo fanmi. Manman l te fè 22 pitit, e Wilma te 20ème pitit la. Li te fèt avan lè, e li te piti anpil lè manman l te akouche li. Lè Wilma te toujou piti, li te tonbe malad ak polyo, yon maladi ki pa gen remèd. Doktè te di Wilma ke li pa tap janm mache ankò. Manman Wilma iyore doktè yo, e li al chache fason pou l ede Wilma mache ankò. Lopital ki te pi pre a te yon distans de 80 kilomèt, men manman an ak Wilma te ale nan lopital sa plis ke 200 fwa – 2 fwa pa semenn pandan 2 an.

Menm jan ak manman li, Wilma te iyore sa doktè te di li de polyo a e te konsantre l sou aprann mache ankò. Chak jou li pratike. Li demontre disiplin. Anfen, li aprann mache ak 2 aparèy fè nan pye li. Li te kontinye terapi li lakay, ak moun nan fanmi li ki mase pye li menm 4 fwa pa jou.

Aprè yon bon ti tan, Wilma vin aprann mache pou kont li. Wilma di, «Manman m montre m pou m kwè ke m ka acheve nenpòt sa m te vle. Premye bagay m te vle fè se mache san aparèy sa yo.»

Aprè sa, Wilma te vle devni yon atlèt. Li refize dekouraje poutèt polyo li te genyen an, li te vin fò anpil nan baskètbòl, e te sitèlman jwe byen, li mennen ekip li nan chanpyona. Yon lè pandan li tap jwe baskèt, yon antrenè inivèsite pou elèv ki fè kous yo tap veye Wilma ki tap jwe, e li envite Wilma vin antrene ak ekip li an. Wilma di, «m te kouri, m kouri chak jou, e m te vin santi m detèmine, m vin gen yon espri ki di m piga m lage, kèlkeswa sa ki rive.»

Lè l te gen 16 an, disiplin li te rekonpanse. Li te fè kous nan Olimpik ann Ostrali e li te fini nan twazyèm plas, e te jwenn meday bwonz lan. Aprè 4 an ankò nan antrènnman, li te fè pati nan Olimpik Wòm yo, e te pran premye plas nan twa kous. Li te genyen 3 meday lò.

Lè l vin granmoun, li kòmanse fè lekòl pou timoun, e li antrène elèv nan kous tou, e li te nan radyo ak televizyon souvan pou l kòmante sou kous ak evènman atletik. Pou li, pi gwo bagay ke li te akonpli se te Fondasyon Wilma Rudolph, yon pwogram spòtif ki ede jenn atlèt. Wilma di, «M di jenn atlèt sa yo ke sa ki pi enpòtan se ke yo viv byen, e se pou yo gen konfyans nan tèt pa yo tou. M fè yo sonje ke yon moun pa ka triyonfe san l pa travay di.» Wilma Rudolph te montre tout moun ke si yon moun metrize tèt li, travay di ka tounen triyonf.

- **Ki objektif Wilma Rudolph te bay tèt li? Ki pwoblèm ki te vin prezante ki pou ta anpeche li reyalize objektif li? Gade byen, wi—o te anpil.**
- **Ki jan Wilma te demontre ke li te metrize tèt li? Gen plis ke yon sèl bon repons.**
- **Si l tap pale avèk ou jodia sou lavni ou, kisa ou panse li tap di ou menm?**
- **Si ou panse ke pwoblèm ou genyen pi mal pase sa Wilma te sipòte yo, bat men ou. Poukisa ou panse ou gen plis pwoblèm ke Wilma?**

- **Gen nan nou ki gen anpil bagay difisil pase nan lavi nou vre. Kisa ou panse Wilma tap di de sa? Eske li tap kite soufrans sa yo anpeche li bay tèt li objektif pou sa l vle akonpli?**
- **Di m yon bagay ke w ta renmen akonpli nan lavi ou.**
- **Kisa ou ka aprann nan lavi Wilma Rudolph ki ka ede w akonpli objektif pa ou?**

2. Yon Ilistrasyon Metrize Tèt Ou

Objektif: Montre timoun yo Grafik Disiplin ki ankouraje timoun yo rete ak yon travay ase lontan pou yo ka akonpli travay la byen.

Aktivite

Sou yon gwo fèy papye, fè yon lis ide de tach ke timoun gendwa akonpli aprè yon bon ti tan. (Oswa ou ka mete l nan tablo a tou.) Si yo devlope disiplin sa, li ka ede yo vin pi responsab pou yo ka vin gen pi bon travay oubyen edikasyon. (Fè lis la aproprye pou elèv ou yo, men fè ide yo gwo ase pou yo pran imajinasyon timoun yo.) Kòmanse ak ide konsa: Etidye di chak jou pou chak matyè, pratike patisipe nan konvèsasyon long chak jou, devlope konpetans nan òdinatè, pratike yon spò, fè nouvèl chak jou, veye timoun piti chak jou e bay yo leson, esplike timoun piti mo ki difisil. Mande timoun yo ide pou w ka mete sou tablo a tou. Note ke ide sa yo se pa bagay ki fasil. Se tach ki ka ede timoun yo gen pi bon edikasyon e pi bon travay. Si gen anpil timoun, ou gendwa ap bezwen plizyè fèy papye, men mete menm bagay nan chak papye.)

Mete gwo fèy papye a atè a. Fè timoun yo vin kanpe bò kote li.

Fè timoun yo mete kèk ti lin kwochi e lin tòde ak kreyon yo nan papye a.

Ak kreyon desen, fè timoun yo kolore espas yo kote ki pa gen lin. Sa ap kreye yon mozayik nan papye a.

Esplike elèv yo ke chak fwa yo demontre disiplin nan Semènn k ap vini yo, yo sipoze ekri non yo nan fèy la epi mande w mete yon etwal bò kote non yo. Fè yo sonje ke tach sa yo se pa bagay ki ka fini nan yon mwa oubyen yon ane. Men papye a ap fè nou sonje pou nou fè efò kounyeya. (Si gen kote pou w mete papye sa yo nan sal la, kite yo pandan kèk Semènn. Si pa gen kote, w ap bezwen vini nan klas la avèk yo chak Semènn pou 2 mwa.) Veye kisa ki pase papye a. Si yon timoun mete non li bò kote chak tach, poze l kesyon sou sa. Prefere yon elèv chwazi yon tach e travay nan sa. Si yon timoun pa patisipe menm, tann lè ou ansanm avè l, epi pale avèk li pou w konn poukisa.

Di timoun yo ke w ap priye pou yo.

3. Mennen Vi w e *Metrize Tèt Ou* Semènn sa

Objektif: Timoun ap revize e dakò ak sa yo aprann de metrize tèt yo.

Kounyeya se lè pou nou selebre! Nou travay di nan Semènn ki sot pase yo ap aprann jan pou nou metrize nou. Kounyeya anpil nan nou se timoun ki ka kontwole tèt nou. Aksyon pozitif ou ap ede bay lòt moun espwa.

Fè yon telefòn pou chak 2 timoun. Pran 2 gode plastik e konekte yo ak yon fil.

1. Pèse yon tou anba chak gode plastik ak yon kreyon file.
2. Mete yon ne nan pwent yon fil.
3. Mete lòt pwent fil la nan lòt gode a epi mare yon ne ladan l tou.
4. Fè 2 timoun chak pran yon gode, epi separe yo. (Separe yo pou fil la sere, men pa rale l soti nan gode yo.)
5. Fè yon timoun pale nan yon gode, pandan lòt la ap koute nan lòt gode a.
6. Fè timoun yo pale epi koute yonn lòt de kisa yo aprann de jan yo dwe metrize tèt yo. Fè yo di poukisa li enpòtan nan lavi yo jodia e pou tout lavi yo. Kontinye pandan timoun yo enterese.

Nou se timoun ki spesyal anpil! Espwa m se pou nou viv lavi nou pou Jezi. Avèk sipò a amou Papa nou ki nan syèl la, nou ka fè anpil bon bagay pou Bondye. M priye pou nou chak jou. M priye ke nou ka genyen tout sa nou bezwen, pou nou menne vi ki plen santi, espwa e kontantman.

Ou gendwa bay timoun yo yon manje spesyal – bonbon oubyen gato – pou yo selebre fen seksyon sa.

Kominike Byen
Chapit 9

Nevyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M ka ede lòt moun si m kominike byen ak pawòl e aksyon mwen.

Jodia timoun yo aprann diferans ki genyen ant kominikasyon ki pozitif ak ki negatif.

Jodia timoun deside kominike byen e itilize bon pawòl ak aksyon.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Fèy papye blan
- Kreyon desen
- Ti kat oubyen ti moso papye (yonn pou chak elèv)

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2014 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Ou gendwa remake nan kominike ak timoun ke pafwa yo pa konprann byen, oubyen yo di bagay pafwa ki fè moun mal. Si yon timoun di w yon bagay ki fè w mal deja, li gendwa se paske yo sitèlman nan bezwen fizikman, emosyonèlman, e spirityèlman ke yo pa konn ki jan pou yo eksprime yo ak amou. Nou pa sezi ke elèv nan gwoup ou an p fin konnen ki jan pou yo eksprime tèt yo byen. Pa egzanp, timoun ki te abandone ap toujou pè lè yon moun kite yo pou nenpòt ki rezon. Pou kèk timoun tou, rete an sekirite e chache manje se bagay ki toujou nan premye plas nan sa y ap panse. Pandan yo vin grandi e yo angaje plis ak lòt moun ka fè l pi difisil pou timoun antann yo byen ak lòt moun e jwe byen ak lòt timoun. Timoun bezwen fòmasyon pou yo konnen jan pou yo kominike byen ak moun.

Bondye bon anpil nan kominike. Li te kreye lemonn non sèlman ki bèl pou nou gade, men yon monn ke nou renmen ak tout sans nou. Lè nou santi yon ti van fre yon jou cho, manje manje ki gou, lè yon moun anbrase nou – tout sa yo se fason ke Bondye demontre amou li pou nou. Nou ka sèvi ak sans nou tou pou nou ede fè lòt moun konnen ki moun Bondye ye. Itilize bon pawòl ak bon aksyon, sa se yon bagay tout moun ka fè. Timoun konprann byen ke aksyon moun pale pi fò ke pawòl moun. Anpil nan elèv ou yo te rejete, te repouse, e moun ki te sipoze renmen yo te vire do bay yo. Menm si yon moun di yo jodia ke yo

renmen yo, yo pa ka fin konprann e kwè poutèt sa ki gentan pase yo nan lavi yo. Lè nou ede timoun kominike pi byen ak moun, nou ede yo agrandi lavi yo e matire byen. Lè timoun konprann ke Bondye te sitèlman renmen yo ke li te voye pwòp pitit gason li vin mouri pou yo, y ap pi ouvè pou yo asèpte sa Bib la di pou yo. Li bon anpil pou nou mennen timoun nan jan yo dwe aji e pale nan fason ki fè Bondye ak lòt moun plezi.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap fè eksperyans lè moun kominike mal, y ap reflechi sou poukisa sa rive, e aprann ke Bondye ka ede yo lè yo gen pwoblèm kominike ak moun.

Lè timoun yo ap antre pou leson an, fè yo chita nan yon won. Esplike yo sa:

Jodia m gen yon mesaj spesyal pou ou! M pral di mesaj mwen byen ba nan zòrèy moun ki chita bò kote m nan. Moun sa menm pral pale nan zòrèy moun ki bò kote li, e repete mesaj mwen. Chak moun ap kontinye pase mesaj la, men se yon sèl règ ki genyen: ou pa sipoze repete mesaj la 2 fwa nan zòrèy yon moun. Lè ou fin di li yon fwa, ou fini, pa di l ankò—menm si moun nan di li pa tande byen. Fò li bat pou l tande premye fwa, epi l ap repete l nan zòrèy moun ki bò kote li tou. Kontinye pase mesaj la jouskaske tout moun nan gwoup la tande li.

Sa pral demontre ki jan moun mal-konprann mesaj pafwa, e ki jan nou pa kominike byen kèk lè. Yon moun pa fin tande yon mo, oubyen li pa konprann li, e lè l ap repete mesaj la, li ajoute mo pa li. Si sa rive plizyè fwa, mesaj la pral chanje nèt kon l fin pase nan tout timoun yo.

Men kèk ide pou mesaj sekre ke w ka chichote nan zòrèy timoun yo.

Mesaj sekrè jodia se ke nou pral pase mesaj sa nan tout timoun yo pou nou wè si nou ka fè sa san mele mo yo.

Konbyen timoun l ap pran pou nou pase mesaj sa nan tout klas la?

Weeyyyy tololo! M gen yon mesaj sekrè. L ap fè w sezi si m chichote li. (Di sa nan zòrèy timoun.)

Aprè mesaj la fin pase nan zòrèy tout moun, mande timoun yo:

- **Kisa ki te pase mesaj sekrè a?**
- **Ki jan mesaj la te chanje lè l te fin pase nan tout timoun yo ke sa m te di premye moun nan?**

- **Poukisa ou panse mesaj chanje lè moun ap pale tout bon?**

Aprann jan pou nou kominike byen e aji byen ak lòt moun enpòtan si nou vle viv byen ak lòt moun.

- **Bay kèk fason ke moun kominike jodia.**

Moun itilize mo, lèt, teks, apèl nan telefòn, yo gade yonn lòt, yo manyen yonn lòt, yo pale nan mikwo pou yo kominike ak yonn lòt. Sa moun vle di yon lòt ka vin mele paske moun k ap tande a ka panse nan tèt yo bagay ke moun nan k ap pale a pa t di vre. Sa k ap tande a pa fin konprann, oubyen li konprann mal, epi mesaj la vin mele. Lè sa rive, nou di ke 2 moun sa yo pa kominike byen.

Kominike byen ak moun se yon leson ki enpòtan anpil nan lavi sa. Anpil pwoblèm ke moun genyen se paske yo manke kominike klè pou moun konprann sa y ap di, sa yo vle, sa yo bezwen. Anpil fwa, yon moun santi li ensilte, li regrèt oubyen li fache pou sa yon lòt moun di, epi sa k te pale a tris tou paske li wè li pa t sipoze di sa.

Nan Semènn ka p vini yo, n ap aprann jan nou ka kominike byen e eksprime nou nan bon fason. Nan Bib la, Bondye kominike souvan ak pèp li an a travè mirak.

Moyiz, yon nonm ebre ki tap viv nan Lejip, te yon moun ke Bondye te chwazi pou l kominike ak lòt moun a travè yon mirak. Moyiz te nan mawon. Li te touye yon sòlda ejipsyen ki tap bat yon esklav ebre. Moyiz te konnen ke si yon kenbe li, yo tap touye li. Se sa k fè li te nan mawon. Anpil tan vin pase. Li marye, e li tap veye mouton pou bòpè li nan yon peyi ki rele Madyan. Sa fè 40 an depi li touye sòlda, e Moyiz pa t janm panse li tap retounen Lejip. Men yon jou bò Mòn Sinayi an, Bondye te kominike ak Moyiz nan yon fason byen etranj.

Moyiz te rete sèl sof pou mouton yo li tap veye sou yon bò mònn lè lamenm li wè yon pyebwa ki gen dife, men li pa brile. Dife nan yon pyebwa pa etranj, men se lefèt ke li pa boule fèy ak twonk pyebwa ki etranj vre. Moyiz avanse pi pre pyebwa a pou l wè bagay sa lè li tande yon vwa k ap rele «Moyiz! Pa vin pi pre. Tè kote w kanpe a se tè sakre. Mwen se Bondye papa ou, ak Bondye zansèt ou yo.»

Moyiz retire sandal nan pye li epi li lage kò l atè. Bondye kontinye pale avèk li, «Mwen wè jan pèp mwen an ap soufri nan peyi Lejip la, e m vin desann pou m ka sove yo. M vle ou al mennen pèp la soti nan peyi sa. Aprè sa, w ap mennen yo nan yon lòt peyi, yon peyi ki gen lèt ak myèl k ap koule. Kounyeya, ale! M ap voye ou al kote farawon.»

Men se Lejip menm ke Moyiz pa t vle ale. E farawon te gendwa toujou vle touye li paske Moyiz te touye yon ejipsyen.

Moyiz deside pou l diskite ak Bondye. «Ki moun mwen ta ye pou m ta al pale ak wa Lejip lan? Ki moun mwen ta ye pou m mennen pèp sa soti nan anba esklavaj? M pa yon chèf, non!»

Bondye te ka pran lavi Moyiz lamenm pou jan l kesyone li, men Bondye pa fè sa. Se reponn li reponn Moyiz. Bondye te konnen ke Moyiz te pè. «Se mwen ki chèf ou, e m prale avèk ou,» Bondye di. Ou mèt kwè m lè m di ke ou menm ak Izrayèlit yo pral vin louwe mwen isi sou mònn sa ansanm.

Men Moyiz kontinye kesyone: «M pa ni pwofèt ni prèt. E si moun mande m non ou?»

Bondye reponn: «Sa m ye a se sa m ye. M ap fè anpil mirak kont ejipsyen yo paske yo fè pèp mwen an tounen esklav.»

Kesyon pou w poze:

- **Ki jan Bondye te chwazi kominike ak Moyiz nan istwa sa?**
- **Di yon fason ke Bondye kominike avèk ou menm.**
- **Ki kote Bondye te vle Moyiz ale? Poukisa ou panse Moyiz pa t vle ale kote Bondye te di l ale a?**

Moyiz pa t ka pale byen, e li te renmen fè eskiz pou l pa oblije fè sa l te bezwen fè a.

- **Eske ou janm fè eskiz pou w ka evite fè travay oswa yon devwa, oubyen evite yon moun ou gendwa pa renmen? Poukisa ou panse ou fè sa?**

Bondye pa t kite Moyiz kontinye fè eskiz. Bondye te gen yon travay enpòtan pou Moyiz fè. Moyiz te vle evite travay ke Bondye tap ba li fè a. Sa pa t nan plan Bondye, men Bondye deside voye Arawon, frè Moyiz, ale ansanm avè l nan peyi Lejip pou l ede l pale. Ansanm yo tap ka kominike byen e fè travay Bondye.

Kominikasyon enpòtan anpil pou Moyiz. Li enpòtan pou nou menm tou.

Bondye kominike avèk nou, e nou dwe sèten ke nou tande sa li di. Nan tan nou gen ansanm, nou aprann ke Bondye kominike avèk nou lè nou li Bib la. Bib la li di nou ke Bondye te voye Jezi vin renmen nou e retire peche nou. Nou kominike ak Bondye lè nou panse nan kè nou sou sa nou te li nan Bib la e lè nou priye. Kominikasyon enpòtan anpil pou Bondye.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap aprann ke yo ka kominike byen ak moun lè yo itilize jès pozitif e lè yo demontre jantiyès.

Tout moun retounen nan plas yo epi bay chak timoun kreyon desen ak yon fèy papye. Mande timoun yo panse ak yon lè ke yon moun te kominike avèk yo nan yon fason yo te ka konprann konplètman. Di yo desinen lè sa nan papye a.

Kounyeya fè yo vire papye a, e kounyeya yo pral panse ak yon lè yon moun kominike mal avèk yo, nan yon fason ke yo pa t konprann, ki te fè yo fache, oubyen yon fason ke yo pa

t vle tande. Fè yo desinen sitiyasyon sa sou do menm papye a. Kon yon fini, mande yo sanble nan gwoup de 3 elèv pou yo esplike e pale sou sa yo desinen.

Lè timoun yo fini ak papye yo, mande yo leve men yo si yo pale plis ke 2 lang. Rele timoun yo ki leve men yo epi mande yo ki lang yo pale. Mande timoun yo si gen nan yo ki konnen lang de siy (lang pou moun ki soud), oubyen bray (yon fason de ekri pou moun ki avèg). Di yo ke sa yo se lang tou. Langaj se fason ke nou kominike ak yonn lòt.

Menm si ou pa konprann mo yon moun ap pale, ou ka eseye kominike avèk moun nan ak jès. Souri se yon bagay tout moun konprann, lè ou manyen yon moun, se kominike w ap kominike avèk moun nan tou. Sa vle di ke nenpòt lang yon moun pale, y ap toujou konprann ou si w souri. Lè yon moun janti, se yon fason l ap kominike tou. Ou ka demontre jantiyès menm si ou pa ka kominike ak mo ak yon moun. Kèk fason pou w kominike ak jantiyès se envite yon timoun ou pa konn jwe avè l vin chita avèk ou oubyen priye ak yon timoun k ap kriye. Ou gendwa manyen epòl yon elèv pi piti k ap pale avèk ou. Tout sa yo se fason fasil pou w demontre jantiyès e kominike nan yon bon fason.

Yon ti aktivite, si w gen tan:

Jwèt Jès

Jwe yon ti jwèt jès ak timoun yo. Chwazi yon emosyon tankou tristès, epi fè timoun yo montre ou ke yo tris nan vizaj yo. Aprè, fè yo montre ou ki jan yon moun ye ki kontan e gade chanjman ki genyen nan elèv yo. Di ke li pa difisil pou w wè ki jan yon moun santi li lè w gade nan figi li e ou wè jès li. Si w gen tan, kite kèk timoun pase devan klas la pou yo fè jès e chanje figi yo pou yo kominike yon bagay ak rès klas la. Di yo piga yo pale, se sèl figi yo ak jès yo ki pou kominike ak moun. Pa egzanp, si yon moun fè figi l tris epi l ap mache byen dekouraje, nou ka wè ke moun sa tris oubyen malad.

Fen aktivite an

Yon fason pou w kominike ak lòt moun se pou w gade ki jan moun nan santi li avan ou abòde li. Si ou ka wè ke yon zanmi w tris, ou pa pral kouri ba li yon blag. Si li kontan, ou ka di li yon bagay enpòtan epi li pa p nève avèk ou. Remake jan moun santi yo e ou dwe sansib a jan yo santi yo avan ou kòmanse kominike avèk yo. Si ou fache oubyen ou pa anvi pale, ou ka di yon moun sa. Moun gendwa fè yon ti kite w an repo pou w ka kalme ou. Sa se yon bon fason pou w kanpe yon diskisyon oubyen batay avan menm li kòmanse. Si w wè zanmi w fache oubyen tris, bay li yon ti tan pou kò li avan ou al kominike avè l.

Sa se kèk fason ou ka kominike byen ke n ap devlope plis nan Semènn k ap vini yo.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap kominike nan fason ki pozitif ak moun ki nan gwoup la e y ap aprann ke Bondye fè nou tout pati nan yon sèl kò.

Li fasil pafwa pou nou boulvèse lè nou oblije kominike ak lòt moun. Kisa pou m di? Kisa l ap panse? Eske m kominike byen oubyen èske m kreye yon pwoblèm paske m kominike mal?

Tout sa yo se bon kesyon pou nou mande.

Nou tout dwe fè efò pou nou kominike byen. Se pa yon bagay ki fasil pou pèsonn. Li fasil pou nou santi nou ensilte lè yon moun kominike mal avèk nou, e li fasil tou pou nou fè yon lòt moun mal si nou pa kominike byen ak yon moun. Si ou aprann plis fason ou ka pale e kominike ak moun, w ap wè amitye ou agrandi ak lòt moun.

Esplike ke klas la pral gen okazyon pou yo pratike kominikasyon yo. Bay chak timoun yon ti kat papye. Fè yo travay ak yon lòt elèv, an 2. Kite elèv yo leve al chita lòt kote nan sal la pou yo ka pale yo de a. Fè yo kominike pou yo ka konnen yonn lòt pi byen. Yo gendwa mande lòt la ki aktivite yo renmen fè, nan kisa yo fò, ki jan lavi yo te ye avan yo te vin abite la, kisa yo ta renmen fè lè yo granmoun. Fè yo fè ti pale ansanm.

Aprè timoun yo gen kèk minit pou yo pale, ankouraje yo sèvi ak ti kat ou ba yo a pou yo ekri kèk ti detay de zanmi yo sou li. Lèfini, fè yo twoke ti papye yo pou yo ka wè sa lòt la ekri. Di yo pou yo sere ti kat yo.

Lè nou kominike byen ak moun, n ap montre yo ke nou renmen yo. Lè nou janti e nou souri, sa ede nou anpil kominike byen ak moun. Si ou ka pran yon ti tan pou w ekri yon kat pou yon moun pou w ankouraje li, sa ka ede moun nan anpil. Ou ka menm di pwofesè ou jan ou santi w. Nou la pou nou pale avèk ou. Si ou gen pwoblèm pou w kominike ak yon lòt elèv, nou ka ba ou kèk ide pou w ka antann ou pi byen avèk li. Plis ke sa, nou ka priye avèk ou e mande Jezi pou l ede nou kominike byen ak moun ki bò kote nou.

Fèmen ak lapriyè.

Se Pou ou Onèt
Chapit 9

Dizyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M dwe onèt lè m ap kominike ak lòt moun.

Jodia timoun yo aprann idantifye kisa ki anpeche yo onèt.

Jodia timoun deside kominike onètman ak lòt moun e ak Bondye, pou yo di ki jan yo santi yo, e ankouraje lòt moun fè menm jan.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Fèy papye blan
- Kreyon

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2014 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

«Onèt? Timoun sa yo toujou bay manti! Ki jan pou m fè yo sispann bay manti e bay verite?» Pou anpil timoun, sitou timoun ki pa soti nan fanmi stab, li gendwa sanble enposib pou w fè yo sispann bay manti. «Ak Bondye tout bagay posib.» Se sa Mari te di lè l te tande li tap pral fè yo pitit ke li te konnen tap pitit Bondye a. Se priyè nou ke w ap di menm bagay ak Mari pou leson sa Semènn sa. Ou gendwa gentan wè chanjman e mirak nan elèv ou yo. Men Bondye vle fè plis travay nan yo toujou; li vle ede pitit ou onèt ak yonn lòt, e sa k pi enpòtan ankò, li vle yo priye e kominike avèk li.

Anpil timoun gendwa vle rete fèmen, e yo pè ouvri kè yo pou yo kite moun wè kisa ki anndan. Yo aprann bay manti pou yo ka souviv. Pou lòt timoun, bay manti se yon fason pou yo kache tout sa ki pase yo nan lavi yo, e sa ede yo antoure tristès ki nan kè yo. Poukisa pou yo ta ouvri kè yo e ekspoze tout sa ki rive yo a yon moun ki pa konnen yo byen e ki gendwa jije yo? Ede timoun yo wè jodia ke bay manti pou nou rezoud oubyen kache pwoblèm nou se pa fason Bondye a sa. Bondye voye Jezi sou latè pou l pran tout tristès ak fado nou sou li. Jezi pran fado nou sou li menm e li di

Pran jouk mwen, mete l sou zepòl nou. Pran leson nan men mwen. Paske mwen dou, mwen toujou soumèt mwen devan Bondye. Konsa, n'a viv ak kè poze. Paske, jouk m'ap ban nou an fasil pou pote, chay m'ap ban nou an pa lou.

Matye 11:29–30

Ou menm ak elèv ou yo ka kite fado lou ou nan men Jezi. Li te vini pou l pote yo! Si w onèt ak Bondye e lòt moun, se yon benediksyon l ap ye pou ou e pou lòt Kretyen. Pran pasyans. Timoun yo pa p aprann onèt nan yonn oubyen de leson, men lè yo aprann li, priye ke yo pa janm lage li.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap tande yon istwa nan Bib la ki demontre jan Bondye serye lè li di moun pa sipoze bay manti.

Lè elèv yo ap antre jodia, esplike yo ke ou pral di yo twa bagay de ou menm. De nan bagay yo ap verite, yonn ap yon manti. (Si gen lòt granmoun k ap ede w tou, fè l vini ak twa nan pa l yo tou—2 ki vre, yonn ki pa vre.) Eseye fè toule 3 bagay sanble se bagay ki te ka vre. Sa se yon bon okazyon pou w rakonte timoun yo bagay de ou menm ke yo gendwa pa panse ki vre men ki te pase vre. Bat pou w fè manti a sanble li te ka vre tou.

Pa egzanp, ou te ka di:

Lè m te timoun, m te vwayaje nan yon avyon al Kiba.

Lè m te gen 16, yon koulèv te mòde m, men li pa t yon koulèv ki gen pwazon.

Pi bon moman lavi m se te lè m te al wè bèt yo nan zoo a.

Note byen: Tout bagay sa yo te ka verite. Men gen yonn ki pa vre. Di twa pa ou yo ankò, epi fè timoun yo ki panse (1) se manti leve men yo, aprè, sa ki panse (2) se manti leve men yo, epi sa ki panse (3) se manti, leve men. Kounyeya di yo kilès nan pa ou yo ki se manti.

Mande timoun yo:

- **Eske ou te ka idantifye nan jès oubyen nan jan m te pale a kilès nan yo ki pa t vre?**
- **Ki jan ou ka fè konnen lè yon moun ap bay manti?**

Li pa fasil pou w konnen si yon moun ap bay manti ou non. Moun toujou panse ke lòt moun ap onèt. Men lè moun fè manti, li pèdi konfyans lòt moun. Pou l gen konfyans moun akò, fò bay prèv plizyè fwa ke li se yon moun ki ka bay verite. Li pa fasil pou nou pèdi konfyans moun ke pou nou janm retwouve li ankò.

Envite timoun yo ki santi yo kapab pou yo pale de yon lè ke yon moun te bay yo manti (di yo pa site non okenn moun). Aprè timoun yo fin pale, mande yo ki jan yo te santi yo lè moun te ba yo manti. Asepte sa yo di san poze kesyon. (Si gen yon bagay yo di ki endike danje pou timoun nan jodia, pale ak timoun nan e ak lòt moun ki responsab li touswit aprè klas la.)

- **Ou ka di m sa k rele «baryè» a?**

Yon baryè se yon bagay ki bloke moun. Pa egzanp, yon gwo planch devan yon pòt se yon baryè ki pou anpeceh moun ni antre ni soti nan pòt la. Yon baryè nan lavi pa nou gendwa yon bagay ki anpeche nou fè sa ki dwat. Yon baryè ki ka anpeche nou onèt se kèk bagay ki fè nou pè bay verite a.

Mande timoun yo:

- **Ki baryè ki ka genyen ki ka fè yon timoun deside bay manti?**
- **Bay manti gendwa sove nou pou yon ti tan, men ki konsekans k ap genyen pita?**

Timoun gendwa fè manti paske yo pa vle zanmi yo panse mal de yo, oubyen yo panse yon manti ka vante yo devan lòt moun. Yon nan baryè komen pou timoun se yo panse si yo bay verite a, moun ap kale oubyen bat yo, e yo rezone ke si yo bay manti, moun pa p janm konnen ki dezòd yo fè. Menm si li sanble w ap echape pinisyon kounyeya, ap gen konsekans pita kanmenm.

Fè elèv yo konnen:

Ou ka toujou vire jwenn Bondye lè ou santi ou antrave nan yon manti. L ap ede ou soti nan pyèj lan. Yon granmoun ke ou fè konfyans ap toujou ede ou nan yon sitiyasyon kote ou vle bay manti. Anpil granmoun ki renmen ou gen sajès e yo ka ede ou ranje tout bagay, san w pa oblije bay manti.

Gen yon vèsè nan Bib la ki di ke nou dwe veye paske peche nou ap soti deyò kanmenm. Selon vèsè sa, se tan sèlman ki pou pase avan tout moun konnen ki mal ou fè. Anpil fwa, lè nou bay yon manti, se plis manti ki oblije bay pou w kouvri premye a. Lèfini, se yon pakèt manti ki vin mare ansanm, ki fè ou mizerab e ou oblije vin konfese tout.

De granmoun ki pa t ka fè pitit vin adopte yon ti gason yon fwa. Men ti gason an pa t janm santi ke li te bon ase pou moun yo. Li rezone ke si yo te konnen ki moun li te ye vre, kisa li te panse, e tout sa l te fè yo, yo tap mennen l tounen nan ofelina. Omwen, yo tap sispann renmen li. Pandan l vin pi gran, li bay manti sou tout bagay nèt. Li fè manti sou manman ki te akouche li a, e sou fanmi li. Li bay yo manti sou konbyen lajan li touche e bagay enpòtan ke l te fè yo. Li pa bay manti nan fason ki pou fè moun mal, men chak jou se tèt pa li li tap fè mal la. Anfen, li vin di yon zanmi l: 'M te bay manti sou ki moun mwen te ye tout ane sa yo, e franchman, kounyeya, m pa konnen ki moun mwen ye ankò.»

Bondye konnen tout lè ke n ap bay manti, menm si nou twonpe moun. LaBib gen anpil bagay pou l di sou jan moun dwe toujou bay verite.

Gen yon istwa nan Bib la sou de moun ki te fè manti e Bondye te bay yo pinisyon sevè. Li gendwa se paske moun sa yo te fè pati nan premye legliz la, e Bondye te vle moun konnen, depi nan kòmansman, ke moun pa janm sipoze bay manti.

De moun yo se Ananyas ak Safira. Yo te vann yon teren ke yo te genyen. Lajan an te pou yo e yo te ka fè nenpòt sa yo te vle ak tè a. Yo te deside bay apòt yo moso nan kòb la pou yo ka ede malere legliz la yo. Sa te yon bon bagay, men yo te bay manti e yo te di Pyè ke se tout lajan teren an y ap bay. Ananyas te bay Pyè manti sa. Pye menm di konsa: «Ananyas, lajan an se te pou ou li te ye. Ou te ka fè nenpòt sa w vle ak lajan an, men pa fè manti di ke w ap bay legliz la tout lè se manti. Se pa mwen ou bay manti non, se Bondye!»

Lamenm Ananyas tonbe atè a, mouri.

Pita, madanm Ananyas vin kote Pyè. Li pa t konnen ke mari li te mouri. E madanm nan te vin bay menm manti a. Pyè di li, «Safira, kòman w ap fè pou w twonpe Bondye la? Koute, men moun ki te antere mari w yo. Kounyeya se ou yo pral antere tou.» E li tonbe atè mouri tou.

Anpil fwa, Bondye pran pasyans avèk nou lè nou bay manti, men li toujou enpòtan pou nou konprann ke Bondye pa renmen manti menm e ke bay manti gen konsekans. De moun sa yo nan istwa a te vle moun panse bon de yo, e te vle fè kòm si yo te pi jenere ke yo te ye vre. Pyè te avèti Ananyas piga li bay manti e di ke li tap bay Bondye tout lajan an lè se moso li tap bay. Li te mansyone ke se pa li menm Ananyas tap bay manti, men se te Bondye. Lè madanm Ananyas fè menm bagay li, li te vin fas a move konsekans tou. Li pa janm saj pou nou bay Bondye manti paske, jan istwa sa ilistre, li deja konnen tout bagay.

Li difisil pafwa pou nou bay verite. Nou oblije retire baryè ki anpeche nou bay verite a. Li toujou pi bon pou nou bay verite depi nan kòmansman an. Si nou fè sa, nou ka evite anpil soufrans ak pwoblèm, e se sa Bondye vle pou nou.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap demontre ke bay verite ak gen konfyans nan moun mache men-nan-men.

Nan istwa nou sou Ananyas ak Safira, konsekans ki te genyen akoz de manti yo se te lanmò. Panse pou yon moman kisa ki te ka rive si Bondye te pèmèt yo viv. Yo tap toujou vante jan yo te bay legliz la tout lajan yo, men poutan se moso yo te bay vre. Se pa bay moso lajan an ki te yon move bagay. Yo te ka bay 20% oubyen 50%, sa pa tap di anyen, paske se pou yo lajan an te ye. Yo te ka bay kantite yo te vle. Sa yo te fè mal la se bay manti devan legliz la e devan Bondye lè yo te di ke sou tout kòb teren an yo te bay, e se pa t vre.

Mande elèv yo:

- **Ki konsekans aksyon Ananyas ak Safira te gendwa genyen si Bondye te pèmèt yo rete vivan?**
- **Eske ou panse moun tap janm vin konnen ke Ananyas ak Safira te bay manti? Esplike poukisa ou panse sa.**
- **Aprè sa k te rive avèk 2 moun sa yo, èske dirijan legliz la tap ka fè Ananyas oubyen Safira konfyans pou yo ede dirije premye legliz la?**

Ni Ananyas ni Safira pa t gen okazyon pou yo korije manti a... men menm si yo te gen chans fè sa, yo tap toujou pèdi konfyans dirijan legliz la yo. Kisa sa di de karaktè yon moun si l pretann ke li bay legliz la yon lajan, e poutan li kenbe l pou tèt pa li? Pa gen anyen bon nan karaktè moun sa. Si pou moun fè nou konfyans, li enpòtan anpil pou nou PA fè manti menm. Chak fwa nou fè manti sou tèt pa nou oubyen nou fè manti pou nou ka jwenn yon bagay nou pa merite, nou pèdi konfyans granmoun ki nan lavi nou, ni konfyans zanmi ak kondisip nou. E nou konnen ke sa fè Bondye tris tou.

Yon aktivite pou si w gen tan:

Di timoun yo ke gen yon fab ke anpil moun konnen ke yon nonm ki rele Esòp te ekri, li rele 'Ti Gason Ki te Rele «Lou! Lou!» a.' Raple timoun yo ke yo tande istwa sa deja. Revize l avèk yo oubyen si yonn nan timoun yo sonje li, kite timoun nan rakonte istwa a pito.

Yon jenn ti gason tap veye mouton lè li santi li annwiye. Li deside l pou l rele «Men yon lou! Men yon lou!» byen fò pou l wè sa k ap pase. Le moun vilaj la yo tande rèl ti gason an, yo pete kouri pou yo sove ti gason an ak mouton yo, epi pou yo chase lou an. Men lè yo rive, yo jwenn se manti ti gason an tap bay, e pa t gen lou vre, yo di ti gason an «Pa rele nou si pa gen lou tout bon vre.» Aprè yon ti tan, ti gason an fè menm bagay la ankò. Li te renmen wè jan tout moun yo pete kouri byen vit vin ede li. Fwa sa, tout moun vilaj la yo te vini ankò. Men lè yo wè pa t gen lou vre, yo retounen kay yo ankò. Pita, yon lou vin vini tout bon vre e vin atake mouton ti gason an. Ti gason an te pè anpil, e li te rele pou moun vin ede li, men pèsonn pa

vini. Gen nan mouton yo ki mouri, gen nan yo ki gaye. Ti gason an santi li tris ke pèsonn pa t vin ede li. E tout moun vilaj la yo te fache paske yo te pèdi mouton ki te vo anpil lajan pou yo. Leson ki soti nan istwa sa a se:

«Pa gen moun ki kwè nan moun ki konn bay manti….menm si l ap bay verite a.»

Fè timoun yo di w kisa yo panse de istwa a. Di timoun yo lè yo bay manti plizyè fwa, sa fè granmoun ak zanmi yo konnen ke yo pa ka fè yo konfyans, yo pa ka kwè nan anyen yo di. Yonn nan konsekans bay manti se ou pèdi konfyans moun. E li difisil anpil e li pran anpil tan pou moun kwè nan sa w di ankò. Pafwa tou, moun p ap janm kwè nan sa w di ankò; y ap toujou panse se manti w ap bay—menm si se verite w ap bay.

Fen aktivite a.

Kounyeya nou pral jwe yon jwèt ak elèv yo pou nou anseye yo de konfyans. Chwazi yonn nan elèv yo e di li ke pou l kwè nan ou trè enpòtan. Fè l ba ou do, di l pou l fè kò li rèd epi kwaze bra li. Kanpe dèyè elèv la, epi di li pou l kòmanse tonbe dèyè sou ou. Rasire timoun nan ke w ap kenbe li, ou p ap kite l tonbe. Kenbe li, epi mete l kanpe ankò. Di l fè menm bagay la ankò. Mande l si l te pi fasil dezyèm fwa a. Di l ke kounyeya li fè ou konfyans e li konnen ke w ap kenbe li pou l pa pè tonbe. Envite lòt timoun vin fè tou, si w gen tan. Pa kite timoun yo jwe jwèt sa ant yo menm, san se pa ou k ap kenbe timoun yo.

- **Si m te mache ale kite w tonbe, èske ou tap fè m konfyans ankò?**
  Non, paske ou te bay manti.

Esplike ke lè ou toujou bay moun verite se menm jan ak aktivite sa. Lè w onèt, moun ap fè w konfyans. Si w te ba yo manti, l ap fò difisil pou yo kwè nan ou ankò, men pafwa moun ap fè w konfyans ankò. Raple timoun yo ke ak Bondye, tout bagay posib. (Lik 1.37)

Bondye ap rekonpanse ou lè ou onèt, e l ap fè moun fè w konfyans. Lè moun fè w konfyans, yo kwè nan ou, e y ap kwè nan sa w di.

Pi bon sous verite se Bib la. Tout bagay nan Bib la se verite. Pa gen yon manti menm ladan l. Ou ka li Bib la ak konfyans e aprann nan verite sa. Plizyè moun nan anpil ane te ekri Bib la, men se Bondye ki te enspire tout. Sa vle di ke Bib la se verite e li soti nan Bondye. Nou ka fè l konfyans.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap desinen ki jan yo santi yo lè yo bay manti e lè yo bay verite.

Mande timoun yo:

Eske gen yon moun nan lavi ou ke ou bezwen bay verite a? Si ou te bay yon moun manti, li enpòtan anpil pou w al kote yo e ba yo verite a. Si ou bezwen yon lòt moun ale avèk ou, mwen menm oubyen yon lòt granmoun Kretyen ka ale ansanm avèk

ou. Si moun ou te bay manti a pa prezan, ou dwe priye e mande Bondye padonnen ou pou manti ou te bay la. Pita ou ka mande moun nan padon tou, men ou dwe gen yon konsyans klè e repanti devan Bondye tou.

Bay chak timoun yon fèy papye. Se pou yo pliye l an de. Sou yon bò yo dwe desinen ki jan yo santi yo nan kè yo lè yo bay manti. Sou lòt bò a, yo dwe desinen ki jan yo santi yo lè yo bay verite a. Ankouraje yo montre e esplike zanmi yo kisa yo desinen a.

Di yo konsa:

Lapòt Pòl te ekri legliz Efèz la pou l ankouraje yo mete tèt yo ansanm paske yo te souvan nan kont, li di yo pou yo sispann redi pou kò yo e sispann kominike mal ak yonn lòt. Li di yo konsa:

Okontrè, ann pale verite a avèk renmen nan kè nou,
konsa n'a ka grandi nan tout sans nan Kris la ki chèf kò a.
Efezyen 4.15

Nan yon monn pafè, moun pa tap bay manti, men se pa konsa latè ye paske moun fè peche.

Si ou kenbe yon moun nan manti, ou pa bezwen pè mande l repete kisa l te di a. Bay li okazyon pou l bay verite a. Konfwonte yonn lòt ak amou e fè efò pou w pa bay manti ankò. Satan, lèdmi nou, se Papa Manti (Jan 8.44). Lè nou bay manti, se Satan n ap obeyi. Non! Nou vle bay verite a tout tan.

Fèmen ak lapriyè e mande Bondye ede timoun yo bay verite a. Di yo ke ou vle fè yo chak ki nan klas la konfyans e ou ta renmen pou yo fè w konfyans tou.

Jan Pou w Koute Byen Chapit 9

Onzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M ka koute moun byen.

Jodia timoun yo aprann 5 fason pou yo koute moun pi byen.

Jodia timoun deside pratike koute moun pi byen.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Fèy papye blan

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2014 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Fè timoun ki soufri anpil kwè nan ou se yon bagay ki difisil, e li pran tan. Pafwa ou wè w ap pale, pale, e ou santi ke yo p ap tande ou menm. Bondye gen yon bon plan pou lavi chak timoun nan gwoup ou an. Se sèl li menm ki ka konprann tout sa yo pral fè jodia a nan rès lavi yo.

Moun desi timoun anpil, e pafwa yo fèmen zòrèy yo pou yo pa tande ansèyman ni ankourajman ankò paske yo wè se pawòl moun toujou ap ba yo. Lè ou koute timoun e yo wè yo ka fè w konfyans, yo vin wè ke bagay w ap di yo se pou yo menm tou.

Kontinye renmen timoun yo e koute yo. Montre yo jan pou yo kominike byen. W ap chanje lavi yo si w fè sa.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap pratike kominike e koute e ap konplete ti dezin geyometrik.

Chwazi yon opsyon ki bon pou ou. Avan timoun yo vini (1) fotokopye fèy «Fòm» nan pou chak 2 timoun, oubyen (2) desinen fòm yo nan moso papye – yon fòm pou chak 2 timoun, oubyen (3) ou ka montre timoun yo fèy ou an e mande yo chak desinen yon fòm. Timoun yo pa sipoze montre okenn lòt moun fòm yo genyen an.

Pandan timoun yo antre jodia, mete yo an 2, epi di yo ke yo pral patisipe nan yon aktivite ki pou montre si yo ka koute byen. Di chak 2 timoun ki ansanm pou yo chita do-a-do. Yonn nan timoun yo nan chak gwoup gen yon papye blan ak yon kreyon, lòt la gen fòm ou te ba li a. Esplike ke timoun ki gen fòm yo a pral ede lòt timoun yo desinen yo fòm san sa k ap desinen an pa konnen ni pa gade fòm li pral desinen an. Sa k ap pale yo ap esplike sa k ap desinen an ki jan pou l desinen fòm ki nan men li an, men piga li montre li fòm nan! Sa k ap desinen an ap koute byen pou l konnen ki jan pou l desinen li. Sa k ap desinen yo pa gendwa poze kesyon pandan y ap desinen an. Bay chak 2 timoun yo tan pou yo konplete aktivite a. Lè yo fini, kite yo konpare fòm ou te bay la, ak sa lòt timoun nan te desinen an. Pase nan gwoup la e montre klas la sa ki te desinen byen yo.

Mande timoun yo:

- **Poukisa ou panse kèk nan timoun yo te ka desinen fòm yo byen?**
- **Poukisa ou panse kèk nan timoun yo te nan difikilte pou yo desinen fòm nan?**

Pou sa ki tap desinen an te ka fè l byen, sa ki tap esplike a te sipoze pale klè, e sa ki tap desinen an te oblije koute trè byen. Menm lè moun ap kominike byen, pafwa mesaj la vin mele e moun pa konprann yonn lòt. Se sa k fè kèk nan fòm timoun desinen pa sanble ak sa yo te sipoze fè a. Aktivite sa demontre ke anpil fwa koute byen pa fasil!

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap aprann 5 fason pou yo koute pi byen.

Lè yon moun koute w tout bon vre, moun sa montre ou ke li renmen ou. Yon moun k ap baye oubyen k ap gade lòt kote lè w ap pale ap fè kòm si l ap koute ou, e poutan l ap panse ak lòt bagay pandan w ap pale. Yon moun ki koute byen ap gade w nan je e l ap montre ke li enterese nan sa w di a, e l ap fè pati konvèsasyon an avèk ou.

Men 5 fason ou ka koute moun pi byen.

Pou w koute moun pi byen, ou dwe:

1. Bay moun w ap koute a tout atansyon ou.
2. Poze kesyon sou sa moun nan ap di.
3. Verifye ke ou konprann sa l ap di a.
4. Eseye santi sa lòt moun nan ap santi tou. Si li tris, ou pa ka rete ap ri pandan l ap pale. Si li kontan, ou vle montre l ke ou kontan pou li tou.
5. Veye moun nan ak jès li po w koute pi byen. Si moun nan bese tèt li, li gendwa

tris oubyen deprime. Si w konnen sa moun nan ap santi, ou ka pi byen tande tout mesaj li vle ba ou a.

Repete chak fason ankò pou gwoup la. Mande timoun yo esplike nan mo pa yo kisa chak vle di, e fè timoun yo bay egzanp de ki jan yon moun ka ilistre fason sa.

Kounyeya mete timoun yo an gwoup de 2. Ou pral bay chak pè timoun yon sijè pou yo pale. Yonn ap pale, lòt la menm ap koute. Lè tan an fini, sa k pa t pale a pral rakonte tout sa li te tane. Sa k tap pale a sipoze korije nenpòt erè ki fèt, oubyen ajoute nenpòt sa sa k tap koute a bliye. Fè timoun yo sonje pou yo bay tout atansyon yo a timoun k ap pale a. Yo dwe bat pou yon konprann kisa lòt la ap di. Di timoun yo ke yo pral gen 2 chans koute, epi yo pral gen 2 chans pale. Chak pati pral pran 2 minit.

Men sitiyasyon yo ke timoun yo pral pale a:

Premye konvèsasyon: Pale de yon lè ou te pase yon bèl moman, yon moman, yon eksperyans, yon evènman ke ou tap byen renmen fè ankò.

Dezyèm konvèsasyon: Esplike zanmi ou ki jan pou l jwe yon jwèt—nenpòt jwèt. Esplike l règ jwèt la, ki jan yon moun ka genyen jwèt la, e tout sa li ta bezwen konnen pou l ka jwe byen. Esplike l tankou se yon jwèt li pa konnen menm.

Twazyèm konvèsasyon: Fè kòm si ou te ka rankontre nenpòt moun ki janm viv – yon moun vivan oubyen yon moun ki mouri deja, e ou te gen okazyon pale ak moun sa sou lavi li. Ki moun ou ta renmen rankontre, e kisa ou ta renmen pale avèk li? Ki jan ou panse moun sa ap resevwa ou?

Katryèm konvèsasyon: Fè kòm si ou fenk jwenn tikè pou w ale 3 kote nan lemon—nenpòt kote ou ta vle. Di lòt elèv la ki kote ou tap prale, poukisa ou chwazi kote sa, e kisa ou tapfè lè w rive.

Lè w fini, mande tout elèv yo reponn a kesyon sa yo:

- **Eske ou te koute pi byen, oubyen ou te pale plis?**
- **Yon moun te di yon lè ke «Bondye te konnen kisa li tap fè lè li te ban nou 2 zorèy, men yon sèl bouch.» Kisa moun sa te vle di?**
- **Lè yon moun ka pale e koute byen, ki jan Bondye ka sèvi ak moun sa jodia? Ki jan Bondye ka sèvi ak moun sa lè l granmoun?**
- **Poukisa li difisil pou moun aprann pale e koute byen?**

Ann revize fason ke nou ka koute moun pi byen. Pou w koute moun pi byen, ou dwe:

1. **Bay moun w ap koute a tout atansyon ou.**
2. **Poze kesyon sou sa moun nan ap di.**
3. **Verifye ke ou konprann sa l ap di a.**
4. **Eseye santi sa lòt moun nan ap santi tou. Si li tris, ou pa ka rete ap ri pandan l ap pale. Si li kontan, ou vle montre l ke ou kontan pou li tou.**

5. Veye moun nan ak jès li po w koute pi byen. Si moun nan bese tèt li, li gendwa tris oubyen deprime. Si w konnen sa moun nan ap santi, ou ka pi byen tande tout mesaj li vle ba ou a.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap patisipe nan yon egzèsis ki pou ede yo pratike koute pi byen.

Menm jan ak tout sa nou aprann de kominikasyon, pou nou devni yon moun ki koute byen, nou oblije pratike pou nou ka fè l byen. Anpil moun pa janm ka koute lòt byen paske yo pale twòp e yo pa gen tan pou yo koute lòt moun. Yon bagay ke nou tout ki la jodia ka aprann fè se koute pi byen. Yon fwa ke nou deside fè sa, n ap aprann ke nou tande plis sa moun ap di. Si nou koute byen, amitye nou ap grandi e relasyon ke nou gen ak moun ki nan otorite sou nou ap pi bon tou. Lè nou aprann koute zanmi nou pi byen, n ap aprann koute Bondye pi byen tou, Bondye, ki vle bon zanmi nou.

Fè timoun yo chita nan yon won. Chita nan mitan bay timoun yo fas. Di yo ke koute non sèlman li enpòtan, men se yon bagay amizan. Esplike ke ou pral endike yonn nan yo, e moun ou endike a pral di tout moun yon bagay ki pozitif, ki enterese de li menm – yon bagay ke lòt timoun yo gendwa pa konnen. Yo mèt di yon bagay ke yo renmen fè, jwèt yo renmen, ki liv oubyen koulè yo renmen, ki fèt yo pi renmen fete, etc. Bay yo yon minit pou yo reflechi avan ou kòmanse. Soulinye ke ou vle tout timoun fè silans e koute byen moun k ap pale a. Yo sipoze sonje sa yo tande. Ou menm, pwofesè a, kòmanse avan, e di timoun yo yon bagay ke ou renmen. Si gen yon lòt granmoun k ap ede nan klas la, fè li bay yonn tou. Lèfini, di non yon timoun e fè timoun sa di yon bagay ke l renmen. Si gen yon timoun ki vrèman pa vle patisipe, li ka di «M pase,» men li dwe toujou koute byen, paske aktivite sa gen yon lòt pati ladan l tou.

Aprè chak timoun fin pale, kanpe nan mitan won an, e ak men dwat, endike yon timoun, epi ak men goch, endike yon lòt. Yo sipoze di kisa *lòt* la di ke l renmen. Kontinye jiska tout timoun yo patisipe.

Mande Bondye pou l ede chak timoun koute byen. Bay Bondye lwanj paske li toujou koute nou e pa gen anyen ki twò gwo ni twò piti ke nou pa ka bay li nan lapriyè. Aprè klas la, koute timoun ki vin pale avèk ou yo. Ou gendwa fatige. Ou gendwa gen lòt bagay ou bezwen al fè. Men ou bezwen koute! Montre timoun yo jan ou renmen yo lè ou koute yo e sa yo vle di ou a.





Lè Moun Pa Kominike Byen Chapit 9

Douzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M dwe ranje relasyon m ki kase.

Jodia timoun yo aprann jan pou yo reyaji lè gen relasyon ki kase.

Jodia timoun deside mande padon e chanje lè yo mal-kominike ak zanmi yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Pat pou yo fè modèl (nou bay resèt la)
- Yon lis mo
- Si w vle: blòk an bwa ak bwat katon vid
- Si w te sere gwo papye kote timoun yo te ekri fason yo ka metrize tèt yo, gade ki timoun ki te metrize yo, epi rekonpanse yo ak yon oto-kolan.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2014 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Nan fen leson kominikasyon sa yo, se espwa nou ke ou wè ke timoun yo kominike e aji pi byen ak yonn lòt. Aprann kominike se pa yon bagay k ap fèt nan yon jou. Konpetans nan jan yo kominike se yon bagay y ap bezwen pou tout lavi yo. Se sa k ap detèmine si yo reyisi oubyen echwe nan lavi sa. Chak timoun bezwen aprann kominike byen, san kòlè. Kounyeya ke timoun yo resevwa kèk fason pou yo sèvi pou yo kominike byen, yo gendwa wè ke relasyon yo ak lòt moun vin chanje.

Imajine yon gwoup timoun k ap jwe. Tout moun renmen jwèt la jiska yonn nan timoun yo voye boul la frape yon lòt timoun. Avan leson sa yo, yon lòt timoun te gendwa remèt kout boul la. Kounyeya, timoun yo aprann ke li ka pale ak ofansè a pou l di li, 'non, se pa konsa nou jwe jwèt la.' Batay ka evite paske timoun yo aprann kominike byen olye de fè diskisyon. Yo gendwa wè rezilta sa yo nan fanmi yo, lè y ap manje, nan devosyon yo ak lè y ap jwe. Se priyè nou ke Sentespri a travay nan timoun sa yo mwa sa e ke timoun yo kòmanse asèpte amou Jezi. Nou priye ke lavi ap chanje fizikman e spirityèlman tou. Bay Bondye glwa!

Sa se dènye leson nan jan pou timoun yo kominike byen. Se yon sijè ki sitèlman enpòtan ke n ap kontinye pale sou sa menm nan leson k ap vini yo tou.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap pale sou sa ki fè li difisil pafwa pou nou kominike byen.

Bay timoun yo pat pou yo fè modèl la.

Ou ka bay timoun yo pat ki achte, oubyen si w pa jwenn, ou ka fè ak yon resèt byen fasil.

W ap pran ¾ gode sèl, yon gode dlo cho, ak 3 gode farin. Mete sèl la nan dlo cho a jiska li fònn, epi brase l. Mete farin nan nan yon bòl epi vide dlo sèl la sou li jiska li vin tounen yon pat. Travay e petrise pat la jouk li tounen yon pat ke timoun yo ak jwe avèk li (si w bezwen mete yon ti farin ankò, ou mèt mete). Avan ou sèvi avè l, mete l nan yon sachè plastik byen fèmen pou yon bon ti tan. Si w mete ti epis – kanèl oubyen miskad – ladan l, l ap santi bon tou. (Mete l nan frijidè l è ou pap sèvi avè l.) Ou ka sèvi ak labou tou, men labou a dwe sèch ase pou l ka kenbe yon fòm.

Avan timoun yo sanble pou klas la, fè yon lis de kèk bagay yo ka fè ka pat la. Pa egzanp, pyebwa, machin, kay, koulèv, zandolik, etc.

Lè timoun yo vini, separe yo nan plizyè gwoup de 3 ou 4 elèv chak. Bay chak ekip yon gwo moso pat la. Fè yon timoun nan chak ekip pase devan ansanm, e y ap li yon mo ke w montre yo an silans. Yo pa sipoze di lòt timoun mo a. Lèfini, y ap retounen nan gwoup yo a, epi y ap fòme sa ki te ekri a ak pat la. Timoun k ap travay ka pat la pa sipoze pale menm. Se rès ekip li an ki sipoze gade kisa li fè ak pat la pou l detèmine ki mo li sot gade. Premye ekip ki devine mo a genyen. Repete jwèt la plizyè fwa pou tout timoun yo ka patisipe.

Mande timoun yo:

- **Ki jan ou te santi w pou w kominike ak rès timoun nan ekip ou an ak pat la sèlman?**
- **Ki jan ou te santi w lè se ou ki tap eseye wè kisa yon lòt timoun tap fòme ak pat la?**
- **Ki pwoblèm gwoup la te genyen lè nou pa t ka wè kisa yon moun tap fè?**
- **Eske jwèt sa tap pi fasil si tout moun te ka pale? Poukisa?**
- **Mo enpòtan anpil – sof si n ap jwe yon jwèt konsa. Men pafwa mo fè nou mal, e pafwa yo ka ede lòt moun. Eske ou ka bay yon egzanp de sa?**
- **Ki mo ki pi fasil pou nou di – mo ki ede moun, oubyen mo ki fè moun mal?**

- **REVIZYON: Kisa nou dwe sonje si nou vle kominike byen ak lòt moun? Reflechi sou sa nou pale tout mwa sa.**

Kite timoun yo panse ak tout sa yo ka sonje. Mete w pre pou w ede yo sonje. Pa egzanp, raple timoun yo ke yo te aprann ke kominike byen se itilize bon mo ak bon aksyon, bay verite a, e koute byen. Jodia n ap pratike fè relasyon ke nou gen ak moun ki difisil pi bon, e geri relasyon ki kase.

Bay timoun yo ti istwa sa:

Mari te byen ak Estè tout lavi li. Lè paran Mari mouri nan aksidan machin, li te oblije antre nan yon ofelina, e tout lavi li vin chanje. Estè pa t ka jwe ak Mari ankò, paske Mari te al rete byen lwen. Men Estè te vle rete zanmi avè l. Estè te ekri Mari plizyè fwa, men Mari te sitèlman tris pou jan bagay yo vin tonbe mal pou li ke li pa konn ki jan pou l reponn Estè. Se konsa li vin pa reponn lèt Estè yo menm. Menm lè Mari te kontan resevwa lèt yo, li pa janm ekri Estè.

Aprè 3 an, Estè di li p ap kontinye ekri ankò. Lèt yo pa vini ankò, e toulède tifi yo te tris. Prèske 5 an pase e Mari te gen chans retounen nan vil kote l te soti a pou l vizite fanmi li. Premye moun ki vin wè li se te Estè. Yo yonn pa pale ak lòt lè yo wè yonn lòt. Toulède te sitèlman tris, figi yo pa demontre ti kras nan amitye ki te konn genyen ant yo de a.

- **Ki jan ou panse 2 tifi sa yo ka rezoud pwoblèm yo pou yo ka zanmi ankò?**

Envite timoun yo bay kèk ide. Raple yo ke 2 tifi yo renmen yonn lòt, men yo manke kominike nan ane ki pase yo, e sa vin fè amitye a chanje e yo mal-alèz.

Mari vin yon ti jan jalou lè li wè Estè ak manman li. L ap mande poukisa li pa gen manman li menm tou. Mari santi li pa jis pou Estè gen sitèlman anpil, e li menm Mari, li pèdi tout.

Amitye sa kraze si 2 tifi sa yo pa ka admèt jan sa fè yo mal e di yonn lòt ke yo prèt pou yo chanje. Mari dwe dakò pou l reponn lè Estè ekri li ankò, e Estè dwe fè efò pou l zanmi ak Mari ankò, menm si Mari te fè l mal. Sa pa p fasil pou yo fè, men si yo vle zanmi ankò, se sa ki bezwen fèt.

Pou nou geri e repare amitye ki kraze pa fasil. Li tap fasil si santiman nou pa t antre nan koze a, men yo toujou la. Lè yon moun fè nou mal, nou vle fè moun nan mal tou. Men panse byen! Kisa sa vle di? Sa vle di ke si yon moun fè nou mal, se paske nou renmen moun nan anpil. Si nou pa t renmen yon moun, sa p ap di nou anyen si moun nan pa aji byen avèk nou.

Lè nou ouvri kè nou pou nou zanmi ak moun, li vin pi fasil pou moun fè nou mal. Ka gen nan nou ke moun sitèlman fè mal ke ou santi ou pa janm vle renmen moun ankò. L ap fè mal twòp. E nou ka konprann sa. Men, si nou pa pran risk la, si nou pa janm renmen moun ankò, nou pa p janm ka gen kè kontan ankò. Se tèt pa nou nou fè mal si nou pa renmen lòt moun.

Eske ou janm panse ak konbyen amitye Bondye avè nou koute li? Koute vèsè sa:

Paske Bondye sitèlman renmen lezòm li bay sèl Pitit li a pou yo.
Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo.
Jan 3.16

Si nou pran Jezi kòm Sovè nou, n ap mouri isi sou latè, men n ap viv pou tout tan nan syèl la. Sa te fè Bondye mal anpil pou l pèmèt pitit gason li mouri pou nou. Men li fè sa paske li renmen nou. Sa fè Jezi mal chak fwa nou fè sa ki mal, men li sitèlman renmen nou, li p ap janm sispann renmen nou! Nou ka swiz egzanp li de renmen e padon lè zanmi nou fè nou mal tou.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap demontre ke pwoblèm nou genyen nan relasyon ak moun dwe kraze pou amitye a ka rebati.

Mande timoun yo:

- **Poukisa jwèt ak lòt afè nou konn kraze kèk lè?**

Jwèt ak lòt afè nou ka kraze si nou lage yo atè a oubyen si nou pa pran swen yo. Si yon jwèt oubyen yon zouti rete deyò, move tan ka detwi li. Lè nou lage bagay atè a, yon moun ka pile yo, yo ka kraze oubyen pèdi.

Amitye nou menm jan ak jwèt sa yo. Si nou pa pran swen amitye nou, y ap kraze. Li pa pran anpil tan lè w pa okipe yon moun pou moun nan ale chache lòt zanmi. Si ou aji mal ak yon moun epi ou pa mande l padon, moun nan gendwa rete fache avèk ou. Amitye a gendwa pa janm ranje. Fò nou padonnen si nou vle ranje amitye nou ki kraze.

Yon aktivite pou si ou gen tan:

Bay timoun yo blòk an bwa oubyen bwat katon yo. Ankouraje timoun yo mete yonn sou lòt pou yo fè li byen wo. Chak fwa yo mete yon blòk oubyen bwat sou pil la, yo dwe bay yon egzanp de move bagay ki ka kraze amitye nou. Yo ka di jalouzi, kòlè, joure, di betiz, etc. Aprè timoun yo di plizyè bagay, epi bwat oubyen blòk yo byen wo, ankouraje elèv ki pi piti a kraze pil la. Aprè tout tonbe, mande elèv yo kisa ki ka ede yo kraze pwoblèm ki vin genyen nan amitye pa yo. Repons lan se padon. Yo dwe padonnen moun ki fè yo mal.

Fen aktivite a

- **Si yon timoun ki pi piti ke ou mande kisa ki rele padon an, kisa w tap reponn li?**

Ou dwe prèt pou w bay yon egzanp nan lavi pa ou kote ou te gen yon amitye ki kraze men ki vin ranje paske ou ak lòt moun nan padonnen yonn lòt.

Gade kisa Jezi di de padonnen moun.

Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou. Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal,
Papa nou p'ap padonnen peche nou yo nonplis.
Matye 6.14–15

Li pa fasil pou nou padonnen moun, men se sa Kris fè pou nou, e se sa li vle nou fè pou lòt moun tou.

Amitye nou p ap janm pa gen pwoblèm, men se padon ki ka ede rebati amitye ki kraze.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap pratike konvèsasyon kote yo padonnen moun pou yo prepare pou okazyon lè yo pa padonnen oubyen mande moun padon.

Mete tout klas la nan gwoup de 2 timoun. Esplike ke ou pral bay yo plizyè ti istwa kout de moun ki fache ak yonn lòt. Timoun yo dwe fè kòm si yo se zanmi e mande yonn lòt padon. Yo dwe panse ak tout sa yo ka fè pou yo pa gen kont ankò. (Revize istwa Mari ak Estè a.)

Istwa 1: De zanmi tap charye dlo al lakay yo. Yo pat sipoze al pran dlo plizyè fwa, e dlo sa te sipoze dire tout jounen. Yo tap pale e ri lè yonn nan tifi yo tonbe e bokit li an kase. Tout dlo a pèdi. «Eske ou ka banm nan dlo pa w lan? Yo pa p kite m al pran dlo ankò nan sous la,» tifi a mande zanmi li. Zanmi an te vle ba li, men li te konnen ke papa li tap bat li si l te bay nan dlo a. Li di non, epi li ale, li kite zanmi l la, pou l al esplike paran li poukisa li pa gen dlo.

Fè timoun yo imajine jan pou yo ta mande padon e ki jan yo ka anpeche bagay konsa rive yo ankò.

Istwa 2: Lè 2 timoun sa yo te piti, yo te toujou jwe ansanm. Yo te bon zanmi. Yonn pa janm remake ke zanmi li gen anpil sikatris nan figi li kote tonton li te lage yon dlo bouyi sou li. Pandan 2 zanmi yo vin pi gran, lòt timoun kòmanse fawouche sa ki gen sikatris yo e rele l anpil non. Zanmi a vin wè ke si li pa kite zanmi sa, lòt timoun yo pral fawouche l tou. Li pa t vle fè sa, men li vin di zanmi ki gen sikatris yo, «M pa vle zanmi avè w ankò, ou twò lèd.» Anpil ane pase, e ti nèg la vin konvèti. Li deside

ke Jezi vle pou l al jwenn ansyen ti zanmi li te genyen lè l te timoun nan pou l eseye rebati amitye a ke l te kraze a.

Fè timoun yo imajine jan pou yo ta mande padon e ki jan yo ka anpeche bagay konsa rive yo ankò.

Istwa 3: Ti gason an se li ki pi gran pitit manman li, e li konnen se li ki responsab pou l pran swen manman li. Men menm kon li te renmen manman li, li wè manman l te plenyen anpil e te mande l fè anpil ti travay ke li te rayi fè. Li te vle al Pòtoprens pou l fè anpil lajan. Li wè li tap pi renmen sa ke pran swen manman li. Li ale kite manman l san anyen. Li konnen byen pwòp ke manman l pap jwenn anyen pou l manje, oubyen li gendwa tonbe li pa ka leve. Men li ale kanmenm. Nan vil la, yo pwomèt li yon bon djòb. Lè l rive pou l travay, yon grannèg vin sou li, bat li, pran tout papye li, e di li oblije fè anpil bagay ilegal si l vle touche. Li pa t gen chwa, men chak swa, li sonje manman li, e li swete li pa t janm kite li. Yon jou swa, li jwenn okazyon pou l echape, e li pran chans li, li retounen nan ti bouk kote kay manman l te ye a. Li vin jwenn manman l sanble ak yon bwa sèch, sitèlman li pa manje. Men li konnen ke manman l toujou renmen li.

Fè timoun yo imajine jan pou yo ta mande padon e ki jan yo ka anpeche bagay konsa rive yo ankò.

Lavi a pa janm pafè. Nou bliye zanmi nou. Nou fè zanmi nou mal. Nou fè yo anpil bagay nou pa sipoze fè moun nou pi renmen yo. E Bondye vle pou nou rebati e ranje amitye sa yo pou nou pa nan kont avèk yo ankò.

Nou dwe mande padon.

Nou dwe travay ansanm pou nou asire ke nou pa fè yonn lòt mal ankò.

Fèmen ak lapriyè. Esplike timoun yo ke ou pral ba yo ide de bagay yo ka pale ak Jezi. Lèfini, yo pral rete an silans pou yo pale ak Jezi nan kè yo. Fè yo konnen si yo vle pale avè w tou, w ap tann yo aprè klas la lage.

Priyè:

Si w gen yon zanmi oubyen yon moun ou renmen ke ou fache avèk yo, di Jezi sa.

Silans

Mande Jezi ede ou jwenn fason pou w mande moun sa padon e chache fason pou w ranje amitye a pou l pa kraze ankò.

Silans

Di Jezi mèsi ke li toujou la pou ou e menm si ou fè l tris, li pa p janm sispann zanmi avèk ou.

Silans

Nou priye w konsa nan non Jezi, amèn.

Selebre nan Pwomennen e Priye Chapit 9

Trèzyèm Semènn

Tèm: Priye Gran Dye nou an

Jodia timoun yo aprann ke Bondye renmen lè Kretyen selebre amou yo genyen pou li a.

Jodia timoun deside mache ak Bondye menm jan li mache avèk yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- (Gen plis esplikasyon pou bagay sa yo nan leson an)
- Wòch, yonn pou chak timoun
- Yon bòl oubyen vè dlo
- Fèy papye pou chak elèv
- Kreyon ak kreyon desen
- Poubèl
- Yon kat priyè pou chak elèv (Wè Pati 3 pou plis esplikasyon)
- Powèm ekri sou yon gwo fèy papye pou timoun kopye (Pati 3)
- Yon fig mi pou chak timoun (oubyen yon lòt manje tou)
- Yon ti veso ak yon lwil santi bon oubyen pafen
- Yon ti glas tou piti

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2014 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Chak 2 ou 3 mwa, w ap bay timoun yo yon leson ki yon ti jan etranj. L ap diferan de sa yo abitye fè, e jodia timoun yo pral pwomennen pou yo priye.

Nan gid sa, nou bay tout enstriksyon pou w konnen kisa pou w fè. Wa p note ke leson sa pa gen 3 seksyon ke ou abitye genyen yo. Selebre ak timoun yo e pase yon bon moman ansanm!

LÈ POU LESON AN

(Note ke leson sa se yon selebrasyon. Li pa gen twa pwen ke lòt leson yo genyen.)

Objektif: Timoun ap pwomennen e priye, pou yo ka montre ke yo gen konfyans nan Bondye.

Preparasyon pou ou menm, pwofesè a:

Sa se yon aktivite ki anseye timoun kwè nan Bondye—menm lè lavi yo pa fasil. Bondye pwomèt ke l ap renmen yo pou tout tan, e l ap kontinye renmen yo menm lè yo santi tout bagay nan lavi yo kraze.

Se nan aktivite timoun aprann pi byen, e pandan y ap fè aktivite sa, yo pral fè pati ladan l tou.

Fè pati nan aktivite sa ki mande preparasyon davans. Li tout bagay byen e fè sèten ke w asire ase tan pou w prepare tout materyèl ke w ap bezwen yo.

Aprè nou dekri preparasyon ke w gen pou fè yo, nou pral esplike tout aktivite a. Esplikasyon sa pral di w tout sa ou gen pou fè. Li tout bagay davans pou w ka gentan konprann li. Premye bagay ou gen pou fè se priye. Pran tan pou w priye e mande fòs ak gidans Bondye pandan w ap dirije timoun yo nan aktivite sa. Priye pou chak timoun. Mande Bondye pale mesaj li nan kè chak timoun.

Ranje Tout Stasyon pou Pwomenad la

Chwazi 6 kote nan zòn kote w anseye klas la. Nan chak 6 kote yo, ou pral ranje yon ti stasyon pou aktivite a. Timoun pral pase de yon stasyon a lòt. Li tap bon si stasyon yo te yon ti jan lwen pou timoun yo oblije fè yon ti mache.

Si w gen anpil timoun, separe yo nan 6 gwoup. Mande kèk lòt granmoun ede w ak chak gwoup. Yon gwoup ap kòmanse nan Stasyon 1, yon lòt nan Stasyon 2, yon lòt nan Stasyon 3, etc. Tout timoun yo ap pase nan toule 6 stasyon yo, men pa nan menm tan. Tout granmoun k ap ede w yo ap rete nan yon stasyon pou yo ede timoun yo lè yo vini nan stasyon an. Timoun yo ap pase de stasyon an stasyon, men granmoun yo ap rete nan yon sèl kote.

Gen materyèl ke w ap bezwen prepare pou chak stasyon. Men kisa yo ye.

Stasyon 1
W ap bezwen wòch, yonn pou chak timoun, ak yon bòl plen dlo.

Stasyon 2
W ap bezwen fèy papye, yonn pou chak timoun, ak kreyon ak kreyon desen. Timoun yo pral desinen nan stasyon sa. Mete yon poubèl bò tab sa tou, pou si timoun yo bezwen jete papye yo gate a.

Stasyon 3
W ap bezwen kopi kat priyè a pou chak elèv. Ekri priyè sa sou yon gwo fèy papye. Timoun yo pral kopye priyè a nan kat la.

Jezi toujou la avèk mwen
Jezi renmen m
Jezi mache ansanm avè m
Lè m kontan, tris, oubyen m pè

Jezi p ap janm kite m
Li renmen m e li vle m kwè nan Li
Jezi se zanmi m
Li toujou la lè m kontan, tris, oubyen m pè

Stasyon 4
W ap bezwen fig mi, yonn pou chak timoun. (Ou te ka sèvi a, men yon kalite fwi ap pi bon.)

Stasyon 5
W ap bezwen yon ti veso lwil ki santi bon, oubyen yon pafen. Asire ke sa w ap sèvi a se yon bagay ki pa danjere pou timoun.

Stasyon 6
W ap bezwen yon ti miwa.

LÈ POU LESON AN

Pwomennen e Priye

Jodia se yon jou spesyal. Jodia nou pral pwomennen e mache, e nou pral pale ak Bondye nan plizyè fason diferan. Se yon bagay ke n ap renmen, men se yon bagay ki serye tou. Se yon moman kote w ka di Bondye ki jan ou santi w nan jou sa yo.

Ou p ap oblije fè anpil mache pou w rive nan stasyon sa yo, men m vle ou imajine w k ap mache yon gwo distans nan mitan yo. Fèmen je w kounyeya avèk mwen. Imajine ou menm k ap mache. Kisa ou wè bò kote ou? Gwo lari ak anpil machin? Oubyen èske w ap monte monn? Eske ou wè lanmè a? Oubyen èske w ap gade jaden moun bò yon ti bouk? Kote w ale, Bondye toujou la ansanm avèk ou. E l ap rankontre ou la.

Si w gen granmoun k ap ede w nan chak stasyon, retire enstriksyon ki nan liv sa pou yo e bay yo. (Gen 2 kopi.) Di yo pou yo li sa davans e mete yo prè pou yo fè sa l di yo fè a. Chak stasyon pral pran menm kantite tan, apepre. Petèt ou ka bat men ou oubyen sifle yon souflèt lè li lè pou timoun yo chanje stasyon yo. Li posib ke yon gwoup ap fini avan yon lòt. Si sa rive, di granmoun yo pou yo fè timoun yo chita epi rete an silans pou yo pa nwi lòt gwoup ki poko fini yo, epi tann lòt gwoup yo pou yo ka avanse nan lòt stasyon.

Stasyon 1
W ap bezwen yon ti wòch, yonn pou chak timoun, ak yon bòl plen dlo. Ou dwe prèt pou w li Som 46.1–7 nan Bib la.

Retire soulye nan pye ou. Pran yon gwo souf, epi lage souf la dousman. Imajine w ap jwen nan dlo lanmè a. Pran yonn nan ti wòch yo. Kenbe li nan men ou. Wòch sa se «Wòch Enkyetid» ou. Poukisa ou enkyete ou jou sa yo? Ebyen se konsa pou w rele wòch la. Kounyeya ofri Bondye ti wòch enkyetid ou an. Di Bondye ke w ap kite l okipe sa ki enkyete ou an. Lage wòch la nan bòl dlo a. Dlo a se tankou amou Bondye. Li kouvri enkyetid nou pou nou ka lage yo. Bondye pa vle nou enkyèt pou bagay nou pa ka kontwole.

Lè ou sispann enkyèt pou bagay, se tankou ou pile yon wòch ki file. Li fè ou mal a chak pa. Kounyeya li lè pou w sispann enkyèt e lage enkyetid ou nan lanmè amou Bondye a.

Tande sa Som 46 di nou.

Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou.
Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray. Se poutèt sa, nou te mèt
wè tè a ap tranble, nou te mèt wè mòn yo ap chavire tonbe nan mitan lanmè,
nou pa bezwen pè anyen. Senyè ki gen tout pouvwa a la avèk nou. Se bò kote
Bondye Jakòb la nou jwenn kote pou n kache!

Timoun ap avanse nan pwochen Stasyon an.

Stasyon 2
W ap bezwen fèy papye, yonn pou chak timoun, kreyon ak kreyon desen. Ak yon poubèl tou. Pasaj Bib la se Som 103.8–12, li l pou timoun yo lè yo vin nan stasyon sa.

Panse ak kote ou ale nan lavi w ki difisil anpil pou w mache. Mache sa ka raple nou ke pafwa nou fè kèk bagay, nou pase kèk kote, ki fè nou panse ke Bondye pa renmen nou ankò. Petèt nou fè yon moun mal, oubyen nou fè yon bagay ke Bondye pa renmen. Nou tris poutèt sa e nou espere ke Bondye ap padonnen nou.

La, nan stasyon sa, pran yon fèy papye ak yon kreyon oubyen kreyon desen. Desinen nan fèy la kisa ou vle Bondye padonnen a. Eske ou te pran yon bagay ki pa t pou ou? Eske ou te bay manti? Desinen li sou papye a. Ou pa bezwen pran tan pou w desinen l byen bèl. Se sèlman yon fason pou w admèt devan Bondye kisa w

te fè. Pa gen lòt moun k ap wè papye ou an.

Eske ou konn kisa sa vle di pou w konfese peche ou? Sa vle di nou mande Bondye padon. Sa vle di nou mande li padonnen nou. Fè sa kounyeya. Mande Bondye padon pou sa ou te desinen nan papye a—si ou regrèt li vre.

Bay timoun yo yon ti tan pou sa.

Sa ki bèl se ke Bondye di l ap toujou padonnen peche nou yo. Li bliye yo lè nou mande li padon sensèman. Pran papye ou an epi chire l ti moso. Kounyeya jete l nan fatra.

Tande sa Bib la di nan Som 103.8–12

Senyè a gen kè sansib, li gen bon kè. Li pa fè kòlè fasil, li p'ap janm sispann renmen nou. Li p'ap pase tout tan l ap pini nou, l i pa ankòlè pou lontan. Li pa aji ak nou jan nou ta merite l la, li pa pini nou jan l ta dwe pini nou. Menm jan syèl la byen lwen anwo tè a, se konsa Senyè a renmen moun ki gen krentif pou li. Menm jan kote solèy leve a byen lwen
ak kote solèy kouche a, se konsa li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou.

Ann avanse nan pwochen Stasyon an.

Stasyon 3
Nan pati sa, nou mèt mache kote nou vle. Se moun k ap mache ansanm avèk nou ki enpòtan. Imajine w ap mache ansanm ak yon bon zanmi, ak yon moun ki renmen w anpil, yon moun ki fè ou kontan, yon moun ki limen chemen lavi ou e fè wout la pi fasil. Moun sa rele Jezi.

Se li ki limyè lemonn. Fèmen je ou e raple ou jan li te kalme tanpèt la, jan li te geri moun malad yo, jan li te kenbe timoun piti nan men li. Jezi konnen non ou. Li sitèlman renmen ou li bay lavi li pou ou. Jezi te la lè latè te kreye. Bib la di ke Jezi se yon jan de kòl ki kenbe tout latè ansanm. Li se Pitit Gason Bondye a, Sovè nou an.

Li se Bondye tou-pwisan an, e li se zanmi nou. Sa ban nou espwa pou tout pati lavi nou—jodia e lè w ale lakay ou tou. Nou pa bezwen enkyèt paske Jezi ap mache ansanm avèk nou.

Kounyeya pran yonn nan ti kat yo epi ekri priyè sa ladan l.

Jezi toujou la avèk mwen
Jezi renmen m
Jezi mache ansanm avè m
Lè m kontan, tris, oubyen m pè

Jezi p ap janm kite m
Li renmen m e li vle m kwè nan Li
Jezi se zanmi m
Li toujou la lè m kontan, tris, oubyen m pè.

Kenbe ti kat sa avèk ou, e li ti kat la lè ou santi ou sèl oubyen ou santi ou pa gen zanmi. L ap raple ou ke Jezi toujou avèk ou.

Ann avanse nan pwochen Stasyon an.

Stasyon 4
W ap bezwen anpil fig mi, yonn pou chak timoun. Si w pa gen fig mi, ou ka sèvi ak yon lòt kalite fwi.

Kounyeya ki kote nou pral mache? Imajine ke ou deyò nan plenn yo. Gen anpil jaden bò kote nou. Gen pyebwa ak plant k ap bay fwi yo. Jezi te pale souvan ak disip li yo sou manje, jaden, e jan bagay sa yo grandi. Li di yo ke li te tankou pyebwa a, e disip yo se branch bwa yo. Bib la di ke nou donnen fwi tou, tankou yon pyebwa. Pwisans Bondye avèk nou, anndan nou, e li ede nou fè e di sa ki bon. Pran fwi sa nan bouch ou, men poko manje li. Tande vwa Jezi ki di, «M bay lavi m pou ou, pou w ka mennen yon vi ki gou anpil.»

Kounyeya manje fwi a, e tande vwa Jezi k ap di, «M ap toujou avèk ou. Nenpòt lè ou gen yon bagay pou w fè, e ou pa konnen si w ap ka fè li, mande m ede w. Si m ede w, w ap ka donnen bon fwi tou.»

Remèsye Jezi paske li ede ou, epi ann kontinye nan pwochen stasyon an.

Stasyon 5
W ap bezwen yon ti veso lwil santi bon, oubyen yon pafen. Asire ke se yon pwodwi ki pa danjere pou timoun.

Imajine w ap monte eskalye pou w antre nan yon gwo palè. Li pi bèl pase tout kay ou janm wè. Ou pral nan yon fèt ke Wa Linivè ap bay yon moun spesyal. Ou antre nan palè a, e men wa a la pou l akeyi ou. Se ou menm ki moun spesyal la.

Li di w chita la nan plas onè a. Nan epòk Bib la, moun te konn onore vizitè yo lè yo konn mete lwil nan tèt yo. Prèt te konn sèvi ak yon lwil spesyal pou yo make yon bagay ke yo mete apa pou Bondye. Ann fè sa la. Pran nan lwil sa nan dwat ou epi pase l nan do men ou. Pran sant lwil la ki nan men ou. Prezans Bondye nan lavi ou dou konsa, e li santi bon. Bondye mete ou apa kòm pitit spesyal li an. Bondye renmen ou e li pran swen ou.

Gen anpil move bagay ki pase nan lemonn. Gen bagay k ap fè nou kriye. Gen bagay k ap fè nou pè. Men sonje ke ou se vizitè spesyal Bondye a. Kelkeswa sa ki rive, li toujou renmen ou. Kounyeya pran yon ti lwil ankò sou dwat ou epi mete yon kè nan pla men ou ak lwil la. Pran sant lwil la ankò. Di Bondye mèsi paske li antoure ou ak amou li.

Ann kontinye nan pwochen stasyon an.

Stasyon 6
W ap bezwen yon ti miwa. Ou pral li Miche 6.8 nan Bib la.

Imajine ou menm k ap mache yon kote ou renmen mache anpil. Jezi ap mache ansanm avèk ou. Petèt li fè yon ti pote w sou epòl li tou. Sa tap byen bon! Kounyeya imajine ke gen lòt moun la avèk ou tou, ki antoure ou. Ki jan Jezi vle pou w aji ak moun sa yo? Ak menm renmen ke li montre ou menm.

Pran miwa a epi gade figi w nan glas la. Kisa ou wè? Se imaj ou. Bib la di ke plis nou pale ak Bondye, plis nou sanble avèk li. Se tankou se li menm n ap gade nan glas lè nou gade nou menm. Lè Kris demontre nou amou li, nou demontre lòt moun li. Lè li ede nou, nou ede lòt moun. Lè li kalme nou, nou kalme zanmi nou ki pè oubyen ki enkyèt.

Tande sa pwofèt Bondye a di nan Miche 6.8:

Senyè a te moutre ou sa ki byen. Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat,
se pou ou gen kè sansib nan tout sa w'ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li.
Lè yon moun gen konprann, li gen krentif pou Senyè a.

Pran yon ti tan kounyeya pou w di Bondye mèsi pou moun ou konnen ki gendwa pè, ki gen doulè, oubyen ki sèl. Mande li ede sa ki nan bezwen yo. Mande Bondye pou l montre ou si l vle ou ede yon moun.

Pwofesè, fèmen aktivite a konsa:

Nou fin mache e priye pou jodia. Men, lè nou kite la jodia, nou pa kite Jezi dèyè. Li abite la tou, e li mache ansanm avèk nou chak jou. L ap kontinye mache avèk nou kote nou pase.

Stasyon 1
W ap bezwen yon ti wòch, yonn pou chak timoun, ak yon bòl plen dlo. Ou dwe prèt pou w li Som 46.1–7 nan Bib la.

Retire soulye nan pye ou. Pran yon gwo souf, epi lage souf la dousman. Imajine w ap jwen nan dlo lanmè a. Pran yonn nan ti wòch yo. Kenbe li nan men ou. Wòch sa se «Wòch Enkyetid» ou. Poukisa ou enkyete ou jou sa yo? Ebyen se konsa pou w rele wòch la. Kounyeya ofri Bondye ti wòch enkyetid ou an. Di Bondye ke w ap kite l okipe sa ki enkyete ou an. Lage wòch la nan bòl dlo a. Dlo a se tankou amou Bondye. Li kouvri enkyetid nou pou nou ka lage yo. Bondye pa vle nou enkyèt pou bagay nou pa ka kontwole.

Lè ou sispann enkyèt pou bagay, se tankou ou pile yon wòch ki file. Li fè ou mal a chak pa. Kounyeya li lè pou w sispann enkyèt e lage enkyetid ou nan lanmè amou Bondye a.

Tande sa Som 46 di nou.

Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou.
Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray. Se poutèt sa, nou te mèt
wè tè a ap tranble, nou te mèt wè mòn yo ap chavire tonbe nan mitan lanmè,
nou pa bezwen pè anyen. Senyè ki gen tout pouvwa a la avèk nou. Se bò kote
Bondye Jakòb la nou jwenn kote pou n kache!

Timoun ap avanse nan pwochen Stasyon an.

Stasyon 2
W ap bezwen fèy papye, yonn pou chak timoun, kreyon ak kreyon desen. Ak yon poubèl tou. Pasaj Bib la se Som 103.8–12, li l pou timoun yo lè yo vin nan stasyon sa.

Panse ak kote ou ale nan lavi w ki difisil anpil pou w mache. Mache sa ka raple nou ke pafwa nou fè kèk bagay, nou pase kèk kote, ki fè nou panse ke Bondye pa renmen nou ankò. Petèt nou fè yon moun mal, oubyen nou fè yon bagay ke Bondye pa renmen. Nou tris poutèt sa e nou espere ke Bondye ap padonnen nou.

La, nan stasyon sa, pran yon fèy papye ak yon kreyon oubyen kreyon desen. Desinen nan fèy la kisa ou vle Bondye padonnen a. Eske ou te pran yon bagay ki pa t pou ou? Eske ou te bay manti? Desinen li sou papye a. Ou pa bezwen pran tan pou w desinen l byen bèl. Se sèlman yon fason pou w admèt devan Bondye kisa w te fè. Pa gen lòt moun k ap wè papye ou an.

Eske ou konn kisa sa vle di pou w konfese peche ou? Sa vle di nou mande Bondye padon. Sa vle di nou mande li padonnen nou. Fè sa kounyeya. Mande Bondye padon pou sa ou te desinen nan papye a—si ou regrèt li vre.

Bay timoun yo yon ti tan pou sa.

Sa ki bèl se ke Bondye di l ap toujou padonnen peche nou yo. Li bliye yo lè nou mande li padon sensèman. Pran papye ou an epi chire l ti moso. Kounyeya jete l nan fatra.

Tande sa Bib la di nan Som 103.8–12

Senyè a gen kè sansib, li gen bon kè. Li pa fè kòlè fasil, li p'ap janm sispann renmen nou. Li p'ap pase tout tan l ap pini nou, l i pa ankòlè pou lontan. Li pa aji ak nou jan nou ta merite l la, li pa pini nou jan l ta dwe pini nou. Menm jan syèl la byen lwen anwo tè a, se konsa Senyè a renmen moun ki gen krentif pou li. Menm jan kote solèy leve a byen lwen
ak kote solèy kouche a, se konsa li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou.

Ann avanse nan pwochen Stasyon an.

Stasyon 3
Nan pati sa, nou mèt mache kote nou vle. Se moun k ap mache ansanm avèk nou ki enpòtan. Imajine w ap mache ansanm ak yon bon zanmi, ak yon moun ki renmen w anpil, yon moun ki fè ou kontan, yon moun ki limen chemen lavi ou e fè wout la pi fasil. Moun sa rele Jezi.

Se li ki limyè lemonn. Fèmen je ou e raple ou jan li te kalme tanpèt la, jan li te geri moun malad yo, jan li te kenbe timoun piti nan men li. Jezi konnen non ou. Li sitèlman renmen ou li bay lavi li pou ou. Jezi te la lè latè te kreye. Bib la di ke Jezi se yon jan de kòl ki kenbe tout latè ansanm. Li se Pitit Gason Bondye a, Sovè nou an.

Li se Bondye tou-pwisan an, e li se zanmi nou. Sa ban nou espwa pou tout pati lavi nou—jodia e lè w ale lakay ou tou. Nou pa bezwen enkyèt paske Jezi ap mache ansanm avèk nou.

Kounyeya pran yonn nan ti kat yo epi ekri priyè sa ladan l.

Jezi toujou la avèk mwen
Jezi renmen m
Jezi mache ansanm avè m
Lè m kontan, tris, oubyen m pè

Jezi p ap janm kite m
Li renmen m e li vle m kwè nan Li
Jezi se zanmi m
Li toujou la lè m kontan, tris, oubyen m pè.

Kenbe ti kat sa avèk ou, e li ti kat la lè ou santi ou sèl oubyen ou santi ou pa gen zanmi. L ap raple ou ke Jezi toujou avèk ou.

Ann avanse nan pwochen Stasyon an.

Stasyon 4
W ap bezwen anpil fig mi, yonn pou chak timoun. Si w pa gen fig mi, ou ka sèvi ak yon lòt kalite fwi.

Kounyeya ki kote nou pral mache? Imajine ke ou deyò nan plenn yo. Gen anpil jaden bò kote nou. Gen pyebwa ak plant k ap bay fwi yo. Jezi te pale souvan ak disip li yo sou manje, jaden, e jan bagay sa yo grandi. Li di yo ke li te tankou pyebwa a, e disip yo se branch bwa yo. Bib la di ke nou donnen fwi tou, tankou yon pyebwa. Pwisans Bondye avèk nou, anndan nou, e li ede nou fè e di sa ki bon. Pran fwi sa nan bouch ou, men poko manje li. Tande vwa Jezi ki di, «M bay lavi m pou ou, pou w ka mennen yon vi ki gou anpil.»

Kounyeya manje fwi a, e tande vwa Jezi k ap di, «M ap toujou avèk ou. Nenpòt lè ou gen yon bagay pou w fè, e ou pa konnen si w ap ka fè li, mande m ede w. Si m ede w, w ap ka donnen bon fwi tou.»

Remèsye Jezi paske li ede ou, epi ann kontinye nan pwochen stasyon an.

Stasyon 5
W ap bezwen yon ti veso lwil santi bon, oubyen yon pafen. Asire ke se yon pwodwi ki pa danjere pou timoun.

Imajine w ap monte eskalye pou w antre nan yon gwo palè. Li pi bèl pase tout kay ou janm wè. Ou pral nan yon fèt ke Wa Linivè ap bay yon moun spesyal. Ou antre nan palè a, e men wa a la pou l akeyi ou. Se ou menm ki moun spesyal la.

Li di w chita la nan plas onè a. Nan epòk Bib la, moun te konn onore vizitè yo lè yo konn mete lwil nan tèt yo. Prèt te konn sèvi ak yon lwil spesyal pou yo make yon bagay ke yo mete apa pou Bondye. Ann fè sa la. Pran nan lwil sa nan dwat ou epi pase l nan do men ou. Pran sant lwil la ki nan men ou. Prezans Bondye nan lavi ou dou konsa, e li santi bon. Bondye mete ou apa kòm pitit spesyal li an. Bondye renmen ou e li pran swen ou.

Gen anpil move bagay ki pase nan lemonn. Gen bagay k ap fè nou kriye. Gen bagay k ap fè nou pè. Men sonje ke ou se vizitè spesyal Bondye a. Kelkeswa sa ki rive, li toujou renmen ou. Kounyeya pran yon ti lwil ankò sou dwat ou epi mete yon kè nan pla men ou ak lwil la. Pran sant lwil la ankò. Di Bondye mèsi paske li antoure ou ak amou li.

Ann kontinye nan pwochen stasyon an.

Stasyon 6
W ap bezwen yon ti miwa. Ou pral li Miche 6.8 nan Bib la.

Imajine ou menm k ap mache yon kote ou renmen mache anpil. Jezi ap mache ansanm avèk ou. Petèt li fè yon ti pote w sou epòl li tou. Sa tap byen bon! Kounyeya imajine ke gen lòt moun la avèk ou tou, ki antoure ou. Ki jan Jezi vle pou w aji ak moun sa yo? Ak menm renmen ke li montre ou menm.

Pran miwa a epi gade figi w nan glas la. Kisa ou wè? Se imaj ou. Bib la di ke plis nou pale ak Bondye, plis nou sanble avèk li. Se tankou se li menm n ap gade nan glas lè nou gade nou menm. Lè Kris demontre nou amou li, nou demontre lòt moun li. Lè li ede nou, nou ede lòt moun. Lè li kalme nou, nou kalme zanmi nou ki pè oubyen ki enkyèt.

Tande sa pwofèt Bondye a di nan Miche 6.8:

Senyè a te moutre ou sa ki byen. Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat,
se pou ou gen kè sansib nan tout sa w'ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li.
Lè yon moun gen konprann, li gen krentif pou Senyè a.

Pran yon ti tan kounyeya pou w di Bondye mèsi pou moun ou konnen ki gendwa pè, ki gen doulè, oubyen ki sèl. Mande li ede sa ki nan bezwen yo. Mande Bondye pou l montre ou si l vle ou ede yon moun.

Pwofesè, fèmen aktivite a konsa:

Nou fin mache e priye pou jodia. Men, lè nou kite la jodia, nou pa kite Jezi dèyè. Li abite la tou, e li mache ansanm avèk nou chak jou. L ap kontinye mache avèk nou kote nou pase.

Katryèm Ka

ESPWA POU AYITI

MISYON HANDS AND FEET PROJECT

Katryèm Ka ane a

Yon pwogram leson en
Kreyòl pou timoun a risk

Kisa w ap anseye katryèm ka ane a

Konsantre sou pawòl Bondye a Chapit 10	Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen Chapit 11	Konsantre sou relasyon ak lòt moun Chapit 12
Bondye Pran Swen Mwen *Premye Semènn*	Emosyon ak Santiman 1 *Senkyèm Semènn*	Di «Non» a Tabak, Alkowòl ak Dwòg *Nevyèm Semènn*
Bondye Pran Swen Nou *Dezyèm Semènn*	Emosyon ak Santiman 2 *Sizyèm Semènn*	Aksyon Ki Detwi Nou *Dizyèm Semènn*
Se Bondye ki Banm Direksyon nan Lavi m *Twazyèm Semènn*	Emosyon ak Santiman 3 *Setyèm Semènn*	Mennen Vi w San Regrèt *Onzyèm Semènn*
Bondye Kenbe Pwomès Li *Katryèm Semènn*	Emosyon ak Santiman 4 *Wityèm Semènn*	Di «Non» a Abize Dwòg *Douzyèm Semènn*
		Selebrasyon ! *Trèzyèm Semènn*

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Bondye Pran Swen Mwen Chapit 10

Premye Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye gen sousi pou moun espesyal li.

Jodia timoun yo aprann ke Bondye ap pran swen yo nan sitiyasyon difisil.

Jodia timoun deside di Bondye mèsi pou jan li ede yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kreyon desen
- Papye blan pou chak elèv
- Filipyen 4.19 ekri sou tablo a oubyen yo gwo fèy papye

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 21.8–20

Objektif: Timoun ap aprann ke Bondye pran swen tout moun ki mande li.

Fè sèten ke chak timoun gen papye ak kreyon oubyen kreyon desen. Mande plizyè timoun reponn a kesyon sa yo:

- **Ki jan ou santi w lè pa gen dlo oubyen manje epi ou swaf e ou grangou?**
- **Kisa ou fè lè ou pa jwenn sa ou bezwen nan moman ou bezwen li an? Pa egzanp, si w bezwen yon kaye pou lekòl, men ou pa genyen?**
- **Ki jan ou santi w lè bagay konsa rive ou?**

Istwa nou jodia a pale de yon manman, Aga, ak pitit gason li, Izmayèl. Yo tap viv ak Abraram ak Sara. Aga se te sèvant Sara. Men te gen anpil traka lakay moun sa yo.

Sara te fache ak Aga ansanm ak Izmayèl. Sara di pou mari li, Abraram, voye Aga ak Izmayèl ale. Men kote pou yo ta ale?

Aga te pè e fache. Li kòmanse mache nan dezè a ak Izmayèl. Yon dezè se yon kote sèch e cho. Se pa yon kote pou yon moun al pwomennen ni mache pou bon tan. Izmayèl te yon ti gason ki te gen apepre 15 an. Li ak manman l pa t gen kote pou yo ale, pa t gen kote pou yo travay, pa t gen kote pou yo dòmi. Yo pa t gen anpil manje ni dlo nan vwayaj yo an. Yo mache san yo pa konn ki kote pou yo ale. Lè yon moun ap mache nan yon dezè, ou pa ka pa pèdi. Imajine w ki jan yo te santi yo.

Bib la pa di nou si Aga te bay pitit gason li tout dlo ak manje yo oubyen si l te manje nan yo tou. Yo kontinye mache. Anfen, dlo ak manje vin fini. Pa t gen ni dlo ni manje ankò pou Aga ak Izmayèl.

Panse ak dezè a. Pa gen manje, pa gen dlo, pa gen kay, pa gen mache pou w achte, pa gen lonbraj.

Mande timoun yo desinen vizaj moun pou yo desinen ki jan Izmayèl ak Aga te santi yo nan sitiyasyon sa. Montre yo vizaj sa yo. Lè yo fini, mande kèk nan timoun yo montre klas la kisa yo desinen e poukisa.



Kounyeya kontinye istwa a.

Lè dlo a te fini, Aga te voye pitit gason li an al kouche anba yon ti plant ki te genyen.

Aga menm fè yon ti mache tou piti, e li di nan kè li, «M pa ka gade pandan pitit mwen ap mouri.» Epi pandan l chita la, li tonbe ap kriye.

- **Kisa ou panse ki pral rive li?**

Bondye te wè tout sa ki tap pase. Anj Bondye a te rele Aga jous nan syèl la e te mande li, «Kisa w genyen Aga? Ou pa bezwen pè. Bondye tande ti gason w lan k ap kriye kote l kouche a. Leve l epi kenbe men pitit ou an. Lè l gran, m ap fè li papa yon gwo nasyon.» Lamenm Bondye ouvri je Aga e li wè yon pwi dlo. Aga menm ale li

plen veso li genyen an ak dlo epi li bay ti gason an bwè. Dlo sa sove lavi yo. Bondye te avèk ti gason an pandan l ap grandi. Li te abite nan dezè a e te tounen yon moun ki pa janm rete yon sèl kote.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun ap sonje ak remèsiman moman ke Bondye te ede yo lè yo te nan bezwen.

- **Eske ou janm gen yon lè ke ou te nan bezwen epi Bondye pran swen ou? Eske ou ka rakonte nou sa ki te pase? Lè ou fini, nou tap ap bat bravo, epi n ap di, «Bondye ede nou lè nou nan bezwen.»**

Ou gendwa vle bay yon ilistrasyon nan lavi pa ou, pou w ka mete timoun yo alèz pou yo pale. Si elèv yo pi alèz pou yo pale nan ti gwoup olye de devan tout klas la, separe timoun yo nan gwoup pou aktivite sa.

Lè tout moun fini, li vèsè sa pou timoun yo. Li ilistre jan Bondye toujou pran swen nou.

Bondye ki rich anpil la va ban nou tou sa nou bezwen nan JeziKri.
Filipyen 4.19

Ede timoun yo aprann vèsè a ak Jwèt Fil la. W ap bezwen gwo fil. Premye timoun nan ap kenbe fil la, l ap di kote vèsè a soti nan Bib la («Filipyen 4.19»). Timoun sa ap pase fil la bay yon lòt timoun ki bay premye mo vèsè a, epi li ouvri fil la. Li kenbe pwent fil la, epi li bay yon lòt timoun boul fil la. Twazyèm timoun sa ap di dezyèm mo vèsè a, epi l ap kenbe yon kote nan fil la, l ap pase boul fil la bay yon katryèm timoun, k ap di twazyèm mo nan vèsè a, kenbe fil la, epi pase rès boul la, etc. Kontinye jiska tout timoun yo ap kenbe yon pati nan fil la. Lèfini, fè tout lanvè, e woule boul fil la ankò.

Fèmen klas la ak timoun yo k ap repete vèsè a tout ansanm. Fè yo di l: Byen fò. Chichote vèsè a. Bat men pandan y ap repete li.



Bondye Pran Swen Nou Chapit 10

Dezyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye pale avèk nou lè nou nan pwoblèm.

Jodia timoun yo aprann ke Bondye pale avèk nou e sèvi avèk nou menm si nou pa pafè.

Jodia timoun deside koute, e bay Bondye tan pou l pale avèk yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Ti wòch pou chak timoun
- Si w vle: Papye blan ak kreyon desen pou chak timoun

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Jenèz 28.10–22

Objektif: Timoun ap aprann ke Bondye pa sèvi ak bon moun selman – li renmen menm nou menm ki gen defo.

Rakonte timoun yo istwa sa:

Jakòb te yon jennonm ki te twonpe frè li ansanm ak papa li. Sa Jakòb te fè a pa t bon menm. Tout moun te fache avèk li. Frè li menm te sitèlman fache li te di l ap touye Jakòb. Jakòb te oblije ale nan mawon byen vit! Li deside l kouri al lakay tonton li ki rete byen lwen. Se te yon vwayaj long. Li te kòmanse fè nwa. Li tap vwayaje nan zòn li pa t konnen, li pa t konnen pèsonn, e li pa t gen kote pou l repoze.

Nou pral poze timoun yo yon kesyon pou yo reponn ak ide pa yo, paske nou vle yo imajine kisa moun nan te santi. Bay plizyè timoun okazyon pou yo reponn.

- **Kisa w panse Jakòb te santi l nan moman sa?**

Ann kontinye pou nou ka wè kisa ki te pase li jou swa sa ke li te rete tou sèl andeyò.

Lè l rive yon kote, li deside kanpe la pou l dòmi paske solèy te gentan kouche. Li pran enpe gwo wòch li mete anba tèt li kòm zorye, epi li kouche pou l dòmi.

Pandan l ap dòmi, li reve ke li wè yon nechèl oubyen yon eskalye, ki te kòmanse sou latè, epi te monte rive nan syèl la. Zanj Bondye yo tap monte e desann nechèl lan. Anlè nechèl la, Senyè a te kanpe, e te di: «Mwen se Senyè a, Bondye papa ou Abraram ak papa ou Izarak. M ap ba ou ak desandan ou tè sa kote w ap dòmi an. Desandan ou ap anpil tankou pousyè ki sou latè a, sitèlman y ap anpil. Y ap gaye sou tout latè, vè lèst, vè lwèst, vè le nò e le sid. Tout moun sou latè ap beni a travè ou menm ak pitit ou yo. M ap avèk ou, m ap veye ou kote w ale, e m ap mennen ou retounen nan peyi sa. M pap kite ou tout tan m pa akonpli sa m pwomèt ou an.» Gade mèvèy, mezanmi! Bondye tap pwomèt Jakòb pou l pran swen li epi pou l mennen l tounen nan peyi li ankò.

Lè Jakòb leve nan dòmi, li di nan li menm, «Mezanmi, Bondye la nan plas sa, e m pa t menm konnen sa!» Li te pè, e te di, «Gade jan yon kote beni. Pa gen lòt ke kay Bondye, e sa sanble se pòtay syèl la.»

- **Ki jan Jakòb te diferan lè l te leve konpare a lè l te kouche pou l dòmi an?**
- **Ki jan ou panse ou tap santi w si se ou ki te fè rèv Jakòb lan?**
- **Jakòb te fè kèk move bagay, men Bondye te toujou vle pou l zanmi avè l. Kisa sa di ou de Bondye?**
- **Si Bondye te ka zanmi ak yon moun ki te twonpe ni papa li ni frè li, èske ou panse Bondye te ka zanmi avèk ou tou—menm si ou gen defo ak peche?**

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun ap di kisa yo panse Bondye vle pou yo menm pèsonèlman aprann nan istwa sa.

- **Poukisa ou panse Bondye te mete istwa sa nan Bib la?**
- **Kisa ou aprann de Bondye nan istwa sa?**
- **Kisa ou panse Bondye vle ou aprann nan istwa sa?**

Bay chak timoun yon wòch pou l kenbe nan men li. Di timoun yo pou yo pase al jwenn 5 lòt timoun nan klas la, yonn a la fwa. L ap twoke wòch ak chak timoun. Lè yo twoke wòch, se pou yo mande yonn lòt, «Kisa ou panse vle ou aprann nan istwa sa?»

Lè yo fini, di yo pou yo kenbe wòch la pou yo ka sonje ki jan Bondye te renmen e te pran swen Jakòb menm lè li te peche e te gen defo. Bondye ap fè menm jan pou yo tou.

Ekri vèsè sa sou tablo a, epi fè timoun yo repete vèsè a plizyè fwa.

Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou.
Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray.
Som 46.1

Mande timoun yo kisa sa vle di ke Bondye se pwoteksyon nou. Ki jan Bondye ede yo lè yo anba tray? Mande timoun yo poukisa vèsè sa bon pou moun aprann pa kè.

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap di kèk fason ke Bondye pale avèk yo.

Bondye te pale ak Jakòb nan yon rèv. Bondye pale avèk nou nan anpil fason diferan. Men kèk fason ke Bondye pale avèk mwen menm.

Ou dwe pare pou w bay yon egzanp nan lavi pa ou de jan Bondye kominike avèk ou.

- **Di kèk fason ke Bondye pale avèk ou menm.**

Yon aktivite pou si w gen tan:

Bay timoun yo papye ak kreyon desen, e fè yo desinnen yon lè yo konnen ke Bondye tap pale avèk yo, oubyen yon moman yo te santi yo pre Bondye. Bay kèk timoun yon minit pou yo esplike klas la desen yo a.

Fen opsyon

Fè timoun yo chita an silans pandan 3 minit. Yo ka pale ak Bondye, men di yo pou yo koute Bondye tou, pou yo wè si Bondye gen mesaj pou yo. Anpil fwa nou renmen di Bondye tout sa nou vle, nou bliye koute pou nou wè si li gen bagay pou l di nou tou. Ni granmoun ni timoun fè sa!

Pou w fèmen, chante kèk ti chanson ke tout timoun yo konnen. Chwazi chanson ki pale de ki jan Bondye gran.

Se Bondye Ki Banm Direksyon nan Lavi Mwen Chapit 10

Twazyèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye vle dirije nou nan lavi nou.

Jodia timoun yo aprann ke Abraram te fè anpil gran bagay nan lavi li, men se Bondye ki se ewo istwa a.

Jodia timoun deside kite Bondye yon ewo nan lavi pa yo tou.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

• Ou pa p bezwen anyen pou leson sa.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la

Objektif: Timoun ap wè ki jan Bondye te gide tout sa Abraram te fè nan lavi li. Abraram te yon bon moun, men se Bondye ki te vrè ewo lavi li.

Sonje istwa ke nou gentan tande de Abram ak bèl madanm li, Sarayi. Bondye te gen yon plan enpòtan e spesyal pou lavi yo. Bondye te di Abram pou l kite kote l te rete a e al abite kote zansèt li yo soti. Li te sipoze vini ak tout bèt li yo ak tout domestik li tou. Yo te sipoze viv nan tant e bay bèt yo manje nan plenn yon peyi ki rele Kanaran. Bondye pwomèt Abram ke yon jou tout peyi a tap pou li. Bondye menm di ke plizyè nasyon tap pral leve soti nan desandan Abram yo. Bondye te pwomèt pou l beni tout latè nan desandan Abram yo!

Abram te kite peyi li pou Kanaran nan gran vwayaj lafwa li. Li te kwè ke Bondye te ka fè tout sa li te pwomèt. Abram te mennen neve li, Lòt, ansanm avè l. Ni Abram ni Lòt te vin rich anpil. Yo te sitèlman gen anpil bèt ke tè a pa t ase pou tout bèt yo maje. Pa t gen ase zèb ak dlo pou yo tout. Bèje yo te vin nan diskisyon pou pwi kote yo konn pran dlo pou bèt yo. Li te vin nesesè pou 2 moun yo separe.

Se Abram ki te pi gran an. Se li ki te gendwa chazi avan ki tè li vle, men li te jenere, e li bay neve li chwazi avan. Lòt gade tout tè, mònn ak vale Kanaran. Sou yon bò, te gen yon bèl plenn ak yon rivyè ki rele Rivyè Jouden an. Dlo rivyè a fè tout bagay vèt. Te gen gwo pyebwa ak plant tout kote. Lòt panse ke se teren sa ki te pi bon, e li pran l pou li.

Men te gen yon gwo pwoblèm. Se pa Lòt sèlman ki te vle abite pre rivyè a. Te gen plizyè vil ki te bati sou plenn sa. Yo chak te fè pati nan yon klan diferan, e chak te gen wa pa yo. Chak te konsidere tèt pa li yon nasyon. Yonn nan vil yo te rele Sodòm, lòt la te rete Gomò, e tout moun te konnen ke vil sa yo te plen peche. Lè Lòt chwazi pou l viv nan plenn nan bò vil sa yo, li chwazi pou l mete tèt pa li ak fanmi li toupre koripsyon ak tout kalite peche. Sa se te yon move ide.

Men Abram te pran yon desizyon diferan. Li te chwazi mennen fanmi li pi lwen, lwen vil Sodòm ak Gomò. Li te vin rete bò pyebwa Manmre yo. Se te yon bèl kote, men li pa t vèt tankou vale kote Lòt te ale abite a. Kote Abram te ale abite a, pa t gen rivyè pou ba li dlo. Chak ane Abram te oblije kwè ke Bondye tap bay yo ase lapli pou tout moun ak bèt yo te ka viv. Abram tap grandi nan lafwa li! Se te yon risk pou l separe li de rivyè Jouden an. Men si pou l viv pre rivyè a, li tap oblije viv pre moun ki peche anpil, e Abram te vle lwen moun sa yo. Se te yon bagay saj anpil ke li te fè.

Aprè kèk ane pase, te vin gen anpil pwoblèm nan peyi Kanaran an. Kat wa nan lòt peyi a lèst te vin mete tèt ansanm pou yo batay ak senk wa Kanaran yo. Yon wa byen move ki te rele Kedòlaòme te mennen lame yo ale Kanaran. Yo te batay kont lame Kanaran e yo te bat yo, lèfini, yo te pran peyi Kanaran an pou yo.

Yonn nan wayòm ke yo te pran se te Sodòm, e se la Lòt te abite a. Kounyeya li ak fanmi li te vin anba gouvènman move wa sa. E Abram menm te rete byen lwen, an sekirite ak lapè, bò pye Manmre yo.

Senk nasyon Kanaran yo deside batay kont Wa Kedòlaòme pou yo libere tèt yo. Yo te sanble lame yo e batay la kòmanse.

Avan twò lontan, li te fasil pou tout moun wè ke lame Kedòlaòme te pi fò. Sòlda Kanaran yo veye lame yo a tonbe e yo tout pèdi kouraj. Olye de pwoteje peyi yo, yo vire do kite batay la. Yo te lach. Yo te panse li te pi bon pou yo kouri ale lakay yo ke rete e riske lanmò. Men plan yo a pa t mache. Vale kote yo tap kouri a te plen anpil twou ki te gen asfat nan yo. Pandan sòlda yo tap pete kouri pou y ale lakay yo, anpil nan yo tonbe nan twou asfat yo epi yo kole. Se konsa li te fasil anpil pou lèdmi yo vin touye yo.

Lame Kedòlaòme te touye anpil sòlda e te chase rès yo jouk lakay yo. Lame Kedòlaòme yo kase pòt kay moun Kanaran yo e yo pran tout sa moun yo te genyen. Yo pran madanm, pitit, byen, ak domestik ke yo jwenn nan kay yo. Yo fè moun yo mache byen lwen ak tout bèt yo pou yo ale nan peyi a lèst yo. Wa Kedòlaòme tap pral fè yo tout vin tounen esklav nan peyi kote yo te soti a.

Yo pat fin pran tout moun nèt. Te gen yon nonm ki te echape, e li kouri pou l al jwenn Abram. Tout moun te konnen ke Abram te fanmi Lòt. Li te rich e li te gen anpil pouvwa, ak anpil domestik. Petèt Abram tap ka fè yon jan pou l sove moun yo nan dezas sa ki frape yo.

Lè yo di Abram sa k te pase, Abram kouri prepare. Nasyon Kanaran yo te gen 14 an depi yo te wèpwoblèm konsa, e Abram te gentan separe li de vil mechan yo, menm lè li te konnen ke pwoblèm vil sa yo te gendwa vin rive nan papòt li a yon jou.

Nan tout ane ki te gen lapè lakay li, Abram te fè yon ti lame pèsonèl. Se te domestik ki te fèt lakay li. Te gen 318 moun, e Abram te montre yo batay byen. Kounyeya lè a te rive pou yo batay tout bon vre. Bondye tap pral pran mechanste ke lezòm kreye nan lemonn e li tap sèvi ak Abram pou l pote bon ladan l. Lèfini, se Bondye ki tap resevwa glwa. Se li menm ki se vrè ewo istwa a.

Abram sanble moun yo pou batay la. Yo tap vwayaje byen lwen a lèst pou yo jwenn gwo lame ak prizonye ke Wa Kedòlaòme te pran yo. Wa a tap mache bèt, fanm ak timoun tout a pye. Sòlda pa li yo te fatige poutèt batay yo sot batay lan. Tout moun sa yo tap mache pi dousman ke lame Abram nan.

Lame Abram nan vwayaje lwen. Anfen, yo vin wè anpil moun nan distans lan. Yo tann fènwa, lè lèdmi yo pa tap ka wè yo. Yo tap pral atake yo pa sipriz.

Eske ou ka imajine silans nan kan Kedòlaòme vè minwi? Lèfini, imajine yon moun ki rele byen fò lè tout moun ap dòmi, li rele ke batay la kòmanse. Lame Abram nan antre nan kan an. Sòlda Kedòlaòme ki tap dòmi yo leve nan sezisman e y ap mande, «Sa k ap pase la? Ki moun k ap atake nou la?» Sòlda Kedòlaòme pran zam yo e yo kòmanse batay, men lame Abram nan te gentan genyen batay la. Abram pran viktwa a nèt.

Nan epòk sa yo, viktwa Abram nan vle di ke tout piyay ke yo pran nan batay la se pou Abram. Sa vle di ke pèp Kanaran an, tout bèt yo, ak tout sa yo te genyen an se pou Abram. Abram te sove pèp la anba men Kedòlaòme, men moun yo te toujou anba kontwòl yon moun, yo pa t ankò lib. Ki jan Abram tap pral sèvi ak nouvo pouvwa sa li vin genyen? Kisa li tap fè ak tout richès sa?

Yon lòt nonm vin antre istwa a nan moman sa. Li te rele Mèlkisedèk. Mèlkisedèk te vin onore Abram ki te antre nan batay la ak lafwa ke yo toulède te gen nan Bondye. Mèlkisedèk te onore Abram ak benediksyon sa:

Se pou Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl la ak latè a, beni Abram. Lwanj pou Bondye ki anwo nan syèl la. Se li menm ki te lage lènmi ou yo nan men ou.
Jenèz 14.19–20

Abram te onore Mèlkisedèk tou e te ba li yon ladim, 10%, nan piyay li te pran nan batay la. Imajine tout lò, lajan, epis, twal, bèt ak zam! Men se pa tout moun ki te gen chans konsa.

Wa mechan vil Sodòm nan te vin kote Abram tou. Sonje, tout moun nasyon Sodòm nan ak tout sa ki te pou yo te vin pou Abram kounyeya, paske se Abram ki te sove yo. Se sòlda Abram ki te batay e gen viktwa e sa te bay Abram pouvwa sou tout sa ki te vin pou li. Men wa Sodòm nan te saf, e te gen yon ti kè piti e shish. Li pa t vin sou Abram pou l remèsye li paske li te sove pèp Sodòm nan. Li vin sou Abram, li pase l lòd pou Abram remèt li tout moun yo. Li di Abram mèt kenbe tout lòt bèt ak byen yo, e li pran pòz se yon bon bagay l ap fè. Poutan, li pa t gen dwa vin mande Abram anyen menm.

Men sa pa t fè anyen. Abram te konnen ki jan de moun wa Sodòm nan te ye. Abram pa t vle ni moun ni byen yo pou li tèt pa li. Li gade vye wa mechan ki te devan li a e li di:

Mwen fè sèman devan Senyè a, Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl
la ak latè a, mwen p'ap pran anyen nan sa ki pou ou, li te mèt yon ti moso fil, yon kòd
sapat. Konsa, ou p'ap janm ka di se ou menm ki fè Abram rich.
Jenèz 14.22–23

Abram te vle fè sèten ke se sèl Bondye ki ka di li beni Abram. Abram pa t vle nan zafè pèp Sodòm nan menm. Abram te konnen ki moun ki te vrè ewo istwa a. Se te Bondye.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun ap konprann ke se Bondye ki se vrè ewo istwa a. Bondye vle se li ki se ewo lavi timoun yo tou.

Lè Bib la di nou ke Abram te yon nonm ki te mache ak Bondye, sa vle di ke li te gen konfyans nan Bondye. Li te kwè nan kè li ke Bondye tap fè sa li te di li tap fè a, e

Abram te mete lavi li nan men Bondye.

- **Nou konnen ke lè nou rive nan pati istwa a sa, Abram te gen anpil ane li tap viv nan peyi Kanaran. Bondye te pwomèt ke li tap bay Abram peyi a, men jouskisi, li pa t ankò pou Abram. Lè Abram te genyen batay sa ak Kedòlaòme, li te ka tou pran peyi a pou li. Poukisa Abram pa t fè sa?**
  Ede timoun yo konprann ke se Bondye ki tap bay Abram peyi nan lè e nan fason pa li. Bondye te gen yon lòt plan pou Abram. Abram te rabese li devan Bondye, e li te gen sajès pou l konprann ke lè a pa t ankò rive. Li te fè Bondye konfyans ke yon jou Bondye tap kenbe pwomès li.

- **Poukisa ou panse Bondye te mete istwa sa a nan Bib la?**
- **Se pa Abram ki se vrè ewo istwa sa. Ki moun ki se ewo a?**
  Se Bondye ki se ewo istwa a. Se li menm ki ranje tout bagay e fè tout bagay yo mache byen.

- **Ki jan ou fè konnen ke Bondye vle se li ki ewo lavi pa ou an tou?**
- **Nan ki fason ou konn wè Bondye ap kontwole evènman lavi ou pou l ede ou?**
- **Si se Bondye ki se ewo lavi ou, èske ou panse ke fason lavi ou ap fini ap chanje?**

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap gade diferans nan lavi moun ki te gen Bondye kòm ewo lavi yo ak moun ki pa t gen Bondye kòm ewo pou dirije lavi yo.

Separe timoun yo nan plizyè gwoup. Esplike ke ou pral bay yo kèk istwa ki te ka vrè. Aprè chak istwa, gwoup yo sipoze pale ansanm sou ki jan istwa a tap diferan si Bondye te dirije lavi moun, oubyen si Bondye pa t dirije lavi moun nan.

Istwa Lavi
Anadèt prèske fini ak lekòl medsen. Li fè bon nòt. Tout moun kwè ke li si li kontinye travay di, l ap vin rich anpil.

- **Ki jan lavi Anadèt ap ye si li kite Bondye dirije lavi li?**
- **Ki jan lavi Anadèt ka ye si li pa kite Bondye dirije lavi li?**

Reponn menm kesyon sa yo pou tout istwa yo.

Istwa Lavi
Mat marye e li ansent pou premye fwa. Li kontan anpil.

Istwa Lavi
Jan-Klod toujou jwe boul byen. Li jwenn kontra pou li jwe pou ekip nasyonal. Si li kontinye jwe byen, l ap yon ewo nasyonal. Timoun nan tout ti kwen peyi a ap vle tankou l.

Pou w fèmen leson an, di chak timoun pou y al kore 5 lòt timoun, epi se pou yo di, «Kite Bondye dirije lavi ou !»

Bondye Kenbe Pwomès Li
Chapit 10

Katryèm Semènn

Konsantre sou pawòl Bondye

Tèm: Bondye toujou kenbe pwomès li.

Jodia timoun yo aprann jan pwomès Bondye te fè Abram yo enpòtan pou nou menm jodia.

Jodia timoun deside si yo vle asèpte pwomès sali Bondye a.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Kreyon desen
- Papye pou timoun desinen

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Istwa nan Bib la: Pwomès lan (Jenèz 15)

Objektif: Timoun ap konprann ke Bondye kenbe pwomès li te fè Abram, e sa ap ede yo konprann ke Bondye ap kenbe pwomès li fè yo menm tou.

Rakonte timoun yo istwa sa. Yo gentan tande anpil istwa sou Abram, ki te chanje non pita e te vin rele Abraram. Yo gendwa santi ke nonm sa se zanmi yo kounyeya! Esplike ke istwa sa yon ti jan long. Yo dwe koute byen. Istwa sa demontre plizyè fwa ke Bondye toujou kenbe pwomès li.

Abram te yon nonm ki te gen anpil lafwa. Men, pou tout grandè ak pwisans li, li te

toujou gen yon gwo lapenn nan kè li. Ou wè, li te kòmanse granmoun, e li p at ankò gen pitit. Li pa t gen okenn timoun. Pou ki moun l ap bati tout richès sa? Ki moun li tap pral ba li? Kòman desandan li yo tap vin yon gran nasyon si li pa t gen timoun? Bondye te koute kri kè Abram. Epi Bondye te vin kote li e te di:

Abram, ou pa bezwen pè anyen. Se mwen menm k'ap pwoteje ou.
M sere yon gwo gwo rekonpans pou ou.
Jenèz 15.1

Bondye di ke l ap pran swen Abram e l ap pwoteje li menm jan yon plak pwotèj pwoteje moun ki nan batay.

Men lè Abram tande sa, li te vin mande plis sou bagay ki tap twouble li yo. Kòman pou l fè gen desandan si l pa gen pitit?

Bondye te reponn Abram ak anpil jantiyès. Abram te fè Bondye konfyans nan anpil moman difisil. Abram te viv fidèlman pandan anpil ane, pandan li tap tann Bondye akonpli pwomès li. Li tap aprann mete konfyans li nan Bondye e fè Bondye vin pi enpòtan nan lavi li. Lè li dekouraje, li priye, e nan lapriyè, li vin fè Bondye plis konfyans. Sa te fè Bondye kontan anpil. Bondye te di:

Se pwòp pitit zantray ou ki pral eritye ou. Senyè a fè Abram soti deyò, li di l
konsa: - Leve je ou, gade syèl la byen. Konte zetwal yo si ou kapab.
Aprè sa li: - Pitit pitit ou yo va anpil tankou zetwal nan syèl la.
Jenèz 15.4– 5

Abram te kwè nan Bondye. Menm lè li ak madanm li te kòmanse granmoun e li pa t sanble li tap posib pou yo fè timoun, li te kontinye kwè nan Bondye.

Lèfini, Bondye vin di Abram ke li tap ba li tout tè Kanaran an. Avèk anpil respè, Abram poze Bondye yon kesyon: «Ki jan pou m fè sèten k e map resevwa peyi sa pou mwen?» Bondye vle pou nou kwè nan li, men sa pa vle di ke nou pa gen dwa poze l kesyon.

Repons ke Bondye te bay Abram ap sanble li etranj pou nou. Men li te fè sans pou Abram. Bondye te di Abram vini ak yon bèf, yon mouton, yon kabrit, yon pijon ak yon kolon.

Nan epòk Abram, te gen yon tradisyon lè 2 moun te vle pran angajman ansanm. Pa egzanp, si 2 wa te vle deklare ke yo pa t lèdmi ankò, yo tap pran angajman oubyen y ap fè yon akò, ant yo 2 a.

De gran pouvwa yo ap fè akò sa pou tout moun ka wè. Si yo pa kenbe akò a, tout moun ap konnen, e y ap pran wont.

Fason ke moun sa yo konn sele akò yo gendwa etranj pou nou, men se te yon bagay ki te pwisan e ki te dire. Yo te konn pran bèt e sakrifye yo. Bèt yo se te yon bagay ki te gen anpil valè pou yo.

Bondye te di Abram vini ak 5 bèt, paske li tap pral pran angajman ak Abram. Moun pa t janm ka kase pwomès sa yo.

Bondye te gentan fè sèvitè Abram li anpil pwomès. Yon jou, Bondye tap pral bay Abram yon pitit gason. Nan gason sa, Senyè a tap bay Abram anpil desandan, plis ke etwal ki genyen nan syèl la, e yo tap viv nan peyi Kanaran. E nan nasyon spesyal sa ke Bondye te kreye e mete apa pou li, Senyè a tap beni tout latè.

Bondye te di Abram vini ak yon kabrit, yon bèf, yon kolon, yon pijon ak yon mouton. Pou l swiv koutim nan, Abram koupe bèt yo an de epi li separe yo a goch e a dwat. Nan mitan moso yo, te gen yon ti koulwa. Pandan Abram tap fè travay sa, gwo zwazo te vin desann pou yo pran vyann nan, e Abram repouse yo. Tan an pase, e Abram te kontinye prepare bèt yo. Jou a te vin fini, e solèy la kouche. Dòmi menm pran Abram.

Se te nan fon nwit lan lè Abram reveye. Abram leve pou l wè yon po dife k ap brile. Po a te desann ti koulwa ki te genyen nan mitan moso vyann yo. Senyè a te di Abram, «M ap bay desandan ou yo peyi sa.» E se konsa Bondye te sele pwomès li. Bondye tap rasire Abram ke li tap fè sa vre.

2. Poukisa Istwa Sa Enpòtan pou Mwen

Objektif: Timoun ap dekouvri ke Bondye vle fè yo pwomès tou, menm jan li te fè Abram.

Bondye pran angajman ak nou menm tou, pa sèlman ak Abram. Li pwomèt ke l ap renmen nou pou tout tan si nou dakò renmen e sèvi li. Ou tande sa deja, men koute byen. Tout moun fè peche. Nou fè sa nou pa dwe fè. Bondye pa gen defo, se sa k fè li pa ka zanmi ak moun ki fè peche. Li sipoze pini yo, pa renmen yo. Men Bondye te gen yon pitit gason ki san defo. Li rele Jezi. Bondye te sitèlman renmen nou ke li te voye pitit gason li Jezi soti nan syèl la pou l mennen yon vi san peche. Li te mouri, epi lè li mouri li pran pinisyon pou tout sa nou janm fè mal nan lavi nou tout. Se te yon gran kado pou nou. Pwomès Bondye a, angajman li avèk nou, se si nou asèpte sa Jezi fè pou nou, e nou di nou renmen li e vle mennen lavi nou pou li, gen yon bagay etonan ki fèt! Bondye gade nou, men li pa wè peche nou ankò. Okontrè, li wè zanmi li ki san defo! L ap zanmi nou pou tout tan. Se angajman sa li pran avèk nou.

Lè nou mouri, n ap pral viv ansanm avèk li, Papa nou ki nan syèl la. Li pwomèt nou sa, e li pran angajman avèk nou.

Kounyeya m pral di nou yon bagay etonan. Lè Jezi te vin sou latè, Papa li se te Bondye. Manman li se te Mari. Ki moun ou konnen zansèt Mari te ye? Abram, wi! Abram! Desandan pi enpòtan ke Abram te ka genyen se te Jezi! Se Jezi ki te sove lemonn! Se Jezi ki sove nou menm! Bondye te kenbe pwomès li te fè, angajman li te pran an, ak Abram!

Bay chak timoun papye ak kreyon desen. Di yo pou yo fè yon ti kat pou yo di Bondye mèsi. Yo ka ekri pawòl, oubyen yo ka desinen sèlman. Kat yo dwe kat ki remèsye Bondye ke li kenbe pwomès li e ke li vle zanmi avèk yo pou tout tan. Pandan y ap travay, esplike yo plan sali Bondye a. W ap jwenn li nan Seksyon 3 de liv sa.

Si w gen yon kote pou w mete kat yo pou moun ka wè yo pou tout semenn sa, fè sa.

3. Kisa Bondye Vle m Fè

Objektif: Timoun ap gen okazyon di ou ke yo asèpte Kris kòm Sovè yo.

Esplike timoun yo pandan y ap fè kat yo ke ou pral di yo ki jan yo ka zanmi ak Bondye si yo asèpte kado sali ke Jezi ofri yo. Di yo ke ou konnen anpil nan yo se Kretyen deja. Sa bon anpil.

Gen nan yo ki gendwa ap panse sou sa. Di yo pou yo reflechi e priye sou sa Semènn sa. Si yo prèt pou yo pran desizyon sa, yo ka ekri yon ti kat pou ou Semènn nan e ba ou li. Yo dwe ekri, *«M vle vin yon Kretyen, m vle zanmi ak Bondye pou tout tan.»* Epi yo sipoze ekri non yo sou kat la. Si ou jwenn kat konsa, fè sèten ke ou chache chak timoun pandan Semènn k ap vini an pou w priye e pale avèk yo sou sa. Mande timoun nan si l pa gen okenn kesyon. Nan mwa k ap vini yo, tcheke ak timoun yo de tanzantan pou w wè ki jan relasyon yo ak Kris ap grandi.

Nan pati sa, nou pral ba ou plizyè vèsè nan Bib la pou ede ou. Ou gendwa li yo nan Bib la, epi esplike yo pou timoun yo ka konprann yo pi byen. Ou ka ajoute vèsè ke ou menm ou renmen anpil tou. Epitou revize enfòmasyon ki nan devan liv sa.

Bondye se yon Papa nan syèl la ki renmen nou anpil. Se li ki chèf tout latè.

Bondye vle pou nou regrèt mal ke nou fè yo. Mal sa yo ke nou fè rele peche. Bondye vle pou nou di li ke nou regrèt peche ke nou fè yo.

Bondye pa ka zanmi ak moun ki fè peche ni ki fè sa ki mal. Men li te sitèlman renmen nou ke li te deside retire peche nou. Men kisa li te fè. Li te voye Pitit Gason li ki san defo e san peche vin viv sou latè san l pa janm fè okenn peche. Pitit Gason li an rele Jezi. Jezi pa t janm fè peche.

Jezi te pran pinisyon ke nou te merite a. Li te mouri pou peche nou. Li te sitèlman renmen nou ke li fè sa pou nou. Paske Jezi pran peche nou, si nou vrèman renmen li, kounyeya lè Bondye gade nou, li wè nou san defo. Vèsè sa yo ki nan Bib la di nou kisa ki pase lè nou mete konfyans nou nan Bondye e nou mande li zanmi nou pou tout tan.

Nou konnen pèsonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye.
Moun ki vle pwoche bò kote Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li.
Ebre 11.6

Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn aprè lòt resevwa batèm nan non Jezikri,
pou Bondye padonnen tout peche nou yo.
Travay 2.38

Jezi te resisite aprè li te mouri. Li te leve nan lanmò! Li kapab fè nenpòt sa li pwomèt. Jezi pwomèt ke si nou kwè nan li e swiv li, l ap zanmi nou pou tout tan. N ap swiv Kris pou tout lavi nou, epi lè nou mouri, l ap mennen nou nan syèl la pou nou fè pati nan fanmi li. Men yon vèsè nan Bib la ki pwomèt ke n ap vin pitit fi ak gason Bondye.

Gade ki jan Papa a renmen nou non! Li sitèlman renmen nou li rele nou pitit li.
Epi se sa nou ye vre. Se poutèt sa lemonn pa konnen nou, paske li pa konnen Bondye.
Tout moun ki gen espwa sa a nan kè yo ap kenbe kò yo pou yo pa fè sa ki mal,
tankou Jezikri te kenbe kò l pou l pa t fè sa ki mal.
1 Jan 3.1, 3

Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou

pa fè anyen pou sa. Konsa, pèsonn pa ka vante tèt yo. Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, daprè sa li te pare davans pou nou te fè.
Efezyen 2.8–10

Esplike ke ou pral fèmen klas la ak yon tan de priyè k ap dire 2 minit. Di timoun yo pou yo pran tan sa pou yo pale ak Bondye, epi pou yo koute Bondye tou pou yo wè si l ap di yo yon bagay nan kè yo. Aprè 2 minit, fèmen klas la e di, «Nou priye w konsa nan non Jezi, Amèn.»

Emosyon ak Santiman 1 Chapit 11

Senkyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Bondye te kreye m 'ak santiman yo.

Jodia timoun yo aprann ke se Bondye ki te kreye emosyon yo e li ka ede yo sèvi byen avèk yo.

Jodia timoun deside ke tout emosyon ak santiman ka bon.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon sak ki genyen bagay pou timoun yo manyen san yo pa gade, tankou yon plim zwazo, sab, fwi (Wè Pati 1)
- Fèy Emosyon ki pandye yon kote pou tout timoun yo wè li
- Si w vle: yon tèmomèt

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Nan Semènn ka p vini yo, nou pral pale sou emosyon ke timoun genyen souvan ke yo pral oblije metrize pou kont yo. Paran yo pa p ka ede yo Men ou la pou w ede yo. Sa se yon sijè ki sitèlman enpòtan ke nou pral pale sou sa souvan. Li nòmal pou nou gen anpil emosyon ak santiman nan yon jounen. Pifò timoun gen kè kontan e lejè ki balanse ak kè tris oubyen lou. Men gen timoun ki pa gen ekilib nan santiman yo, e leson sa yo ap ede timoun sa yo plis. Santiman yon moun genyen pa bon, yo pa mal. Yo la konsa, se santiman nou, men se jan nou chwazi eksprime yo ki ka ede nou itilize yo pou byen oubyen pou mal. Si nou pa jere emosyon nou byen, yon timoun ki poko fin matire gendwa tonbe nan krim, touyè tèt pa li, oubyen nan bagay tankou dwòg oubyen alkowòl.

Santiman nou se tankou yon sinyal ki pou di nou nou dwe fè atansyon. Malerezman, anpil fwa timoun iyore oubyen antere santiman yo nan fon kè yo paske yo pa gen libète pou yo

eksprime yo byen. Sa ka mennen timoun nan fristre oubyen li ka gen anpil pwoblèm nan kominike. Timoun konn reponn a sa nan 2 fason. Swa yo reponn pa antere tout santiman yo, yo kache tout sa yo santi e panse, yo vin deprime, e yo pa ouvè pou yo pale ak moun menm. Lòt timoun se dezòd ki se repons yo. Yo rele, woule atè, bay moun kout pye. Gen timoun tou ki reponn nan toulède fason, men sa depann de sitiyasyon an.

Lè ou konpare timoun ki gen bon sante emosyonèl ak timoun ki pa gen bon sante emosyonèl, w ap wè ke timoun ki gen fanmi ki difisil gendwa pa matire tankou lòt timoun laj yo. Nan kè yo, yo pa devlope nan menm fason ak lòt timoun ki gen menm laj avèk yo. Otè yon liv, *The Connected Child*, ekri pa Purvis ak Cross, di ke «Timoun sa yo pran kou nan lespri yo ki poko geri, e ki envizib pou nou menm. Non sèlman timoun sa yo pèdi mwa oubyen ane nan devlopman yo, men kounyeya yo vin gen anpil abitid ki ka detwi yo ke yo pral oblije kite.»

Pou yon timoun ka eksprime li byen nan lavi li, e devlope ki moun li ye, li pral oblije vin alèz ak emosyon li e chache bon fason pou l eksprime yo. Si yo pa aprann fè sa, yo pap matire byen ni gen bon relasyon ak moun lè yo granmoun. Se yon konpetans ke tout timoun pral bezwen pandan tout rès lavi yo.

Mwa sa, ou pral ede elèv yo idantifye emosyon yo, e vin abitye ak plizyè fason yo ka eksprime yo. Yo pral aprann ke Bondye te kreye nou ak anpil santiman e yo pa ni bon ni mal. Nou pral gade ki jan moun kache emosyon yo, e ki jan sa danjere. Se konsa timoun yo pral wè ke emosyon yo se zouti enpòtan ki ka ede yo nan lavi.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun pral wè ke emosyon yo se yon tèmomèt ki ka ede yo idantifye kisa yo bezwen fè oubyen chanje pou yo ka rete an sante.

Mwa sa, n ap pale de emosyon ke moun genyen. Se Bondye ki ban nou emosyon ak santiman nou yo. Eske ou te konn sa? Pou nou aprann jere yo nan yon bon fason se yon bagay ki enpòtan anpil anpil. Nou kòmanse aprann santiman nou lè nou timoun pitit e nou kontinye aprann sa pandan tout lavi nou. Timoun ki pa aprann ki jan pou yo jere emosyon yo ak gen pwoblèm nan tout lavi yo. Sa se vre pou yon Kretyen, ni pou moun ki pa swiv Bondye. Chak moun dwe aprann metrize emosyon li. Sa nou aprann sou emosyon mwa sa ka chanje lavi ou – li ka fè lavi ou pi bon, oubyen pi mal.

Ann kòmanse ak yon ti jwèt ki ka demontre emosyon nou. M mete plizyè bagay nan sachè sa yo—bagay ke ou pa ka wè. Ou pa sipoze gade anndan sachè a. Annik foure men ou e manyen sa k anndan, lèfini m pral mande ou ki jan ou wè li. Pa egzanp, m ap mande w si li di oubyen si l swa. Ou pa bezwen di kisa ki nan sachè a. Sèlman ou

pral di tout moun ki jan ou wè bagay la ye lè ou manyen li. M ap di ou kounyeya ke pa gen anyen nan sachè yo ki danjere pou ou. Se yon jwèt n ap fè sèlman.

Avan klas, mete kèk nan bagay sa yo nan plizyè sachè—chak nan sachè pa li: yon plim zwazo, yon fwi, yon moso coton, sab, yon moso twal. Bay plizyè timoun yon sachè. Di l foure men anndan sachè pou l manyen sa k anndan, san l pa gade anndan. Mande timoun ki jan bagay la ki nan sachè a santi li. Aprè sa, bay yon lòt timoun menm sachè a. Timoun gendwa di bagay konsa: «Li swa,» oubyen «Li di,» oubyen «Li kole nan men m.»

Tout sa ou sot di yo se santiman, e se sa nou pral pale nan kat leson k ap vini yo. Sa nou santi—tankou cho, frèt, di, swa—se santiman senp. Men jodia nou pral pale sou yon bagay ki pi difisil, sa nou santi anndan kè nou, sa ki rele emosyon. Sa nou santi anndan kè nou—santiman lajwa, krent, panik, kontantman—yo anpil anpil.

Ann kòmanse idantifye tout santiman nou ka genyen nan yon jounen. Chak jou nou gendwa santi plizyè diferan emosyon. Pafwa yo chanje souvan tou—yon moman nou santi nou yon jan, yon lòt moman, nou santi nou yon lòt jan.

Al gade nan paj nan fen leson.

Mete Fèy Emosyon an yon kote pou tout timoun yo ka wè li. Ankouraje timoun yo vin kanpe bò kote li. Esplike ke nou sèvi ak fèy sa souvan pou nou ede granmoun ki nan difikilte pou yo konprann emosyon yo. Sa ede yo idantifye kisa yo santi, epi emosyon ki difisil yo pa sitèlman fè yo pè ankò.

Itilize kesyon sa yo pou w ede timoun yo patisipe ak aktivite fèy sa. Fè plizyè timoun reponn a chak kesyon.

- **Gade visaj moun yo epi di kisa ou panse chak moun santi nan kè li. Gen nan yo ki gendwa demontre plizyè emosyon ansanm. Sa se yon bagay ki fèt souvan.**
- **Ki emosyon ki sou fèy sa se emosyon ki fè moun kontan oubyen alèz?**
- **Ki emosyon sou fèy la se yonn ou pi renmen?**
- **Ki emosyon sou fèy la fè moun tris?**
- **Ki emosyon sou fèy la demontre moun ki pè?**
- **Ki emosyon sou fèy la ou santi nan Semènn ki sot pase a?**
- **Eske gen emosyon nan fèy sa ki pa bon pou nou santi?**
  Gen timoun ki gendwa panse ke tristès oubyen fache pa bon pou moun santi. Men di timoun yo ke emosyon pa ni bon, ni mal. Se Bondye ki kreye nou, e se li menm ki kreye emosyon ke nou santi. Li renmen nou, e se li te kreye chak ti pati nou menm – santiman nou tou. Pou w santi yon bagay pa bon, ni l pa peche.

Montre timoun yo yon tèmomèt, si w gen yonn. Si w pa genyen, desinen yonn.

Sa se sa k rele yon tèmomèt. Lè w ale kay doktè, l ap sèvi ak sa pou l konn tanperati kò ou. Si w gen fyèv, sa ka endike doktè kisa k ap pase nan kò ou. Lè w gen fyèv,

tanperati kò ou twò wo e l ap sinyale ke gen yon bagay ki pa dwat nan kò ou. Se konsa tou, santiman ou ap sinyale ke gen yon bagay k ap pase ak emosyon ou ki mande atansyon.

Lè w gen fyèv, doktè a ap di nou kisa nou dwe fè pou nou pran swen tèt pa nou. Li gendwa di nou fè 2-3 jou ap kouche, oubyen li gendwa preskri yon medikaman. Nan menm fason an, lè nou gen santiman, nou dwe chache konnen kisa ki genyen—chache konnen kisa y ap endike nou e ki jan nou dwe reyaji. Si nou iyore yon fyèv, nou gendwa vin pi malad. Nou ka menm mouri. Si yon moun iyore santiman li, li pa bon pou li tou. Si nou iyore santiman nou, sa ka mennen nou fè sa ki pa dwat oubyen sa ki mal. Emosyon nou ka menm fè nou santi nou pa byen nan kò nou tou, si nou iyore yo.

Li enpòtan anpil pou nou idantifye ki emosyon ak santiman nou genyen epi chache jan nou ka eksprime yo nan yon fason ki ka ede nou menm ak lòt moun.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap reyalize ke David te fè Bondye konfyans ak emosyon li te genyen ki te difisil, e yo menm yo kapab tou.

Nan Bib la, Bondye ban nou yon egzanp yon nonm ki te ekri de bon emosyon ke l te genyen, e li te ekri ni sou sa k pa t bon yo. Pawòl li ka diferan de sa nou menm nou tap di, men ou pa p gen pwoblèm pou w konprann emosyon li. Koute pandan m ap li kisa Wa David te ekri.

Gen pitye pou mwen, Senyè, paske mwen anba tray.
Figi m fin rale, mwen kagou. Kò m ap fin deperi.
Som 31.9

- **Ki santiman ak emosyon ou panse David ap eksprime la?**

Koute sa David di ankò.

Tout moun gentan bliye m, tankou si m te mouri deja.
Mwen tankou yon vye bagay yo voye jete. Mwen tande jan anpil moun ap pale m mal. Kote m pase mwen pè. Yo mete tèt yo ansanm sou do m, y'ap fè konplo pou yo touye m.
Som 31.12–13

- **Ki jan David ak dekri sitiyasyon li an la? Ki jan ou panse li santi li?**

Menm si sa pa sanble ak yon priyè, se sa menm ke li ye. Koute sa David di ankò pandan l ap priye la.

Men, Senyè, se nan ou mwen mete tout konfyans mwen.
Se ou ki Bondye mwen.
Lavi m nan men ou. Delivre m anba lènmi m yo,
anba moun k'ap pèsekite m yo.
Som 31.14–15

Nan mitan tout emosyon lou e difisil sa yo, David te konnen ke l te ka fè Bondye konfyans. Li te santi sa. Li te di Bondye egzakteman jan li te santi li, e li te eksprime lapè e konfyans nan Bondye anmenmtan. Li te kwè ke li te ka kwè nan Bondye menm ak emosyon li. Li te nan men Bondye.

Sonje ke jan ou santi ou pa fè anyen, Bondye toujou renmen ou, li konprann e li asèpte tout santiman ke w genyen—ni kontan, ni tris, ni fache! Chak santiman.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap swiv emosyon ke yo genyen pou yo ka pale sou sante emosyonèl yo.

Bay chak timoun yon fèy papye. Di timoun yo pou yo swiv pandan Semènn nan pou yo ekri chak emosyon ke yo genyen. Bay yon 2-3 minit pou yo ekri sa yo gentan santi jodia. Fè yo sonje ke emosyon se pa yon bagay ki pa bon. Se jan nou reyaji lè nou gen yon emosyon ki bon oubyen pa bon. Men emosyon ke nou santi se yon tèmomèt sèlman. Emosyon di nou ki jan nou santi nou. Se Bondye ki ban nou emosyon nou. Esplike ke lòt Semènn nou pral pale sou emosyon ankò e yo sipoze vini ak papye sa yo. Nou pral pale plis sou emosyon ki ede nou ak sante nou.

Fèmen klas la ak yon moman de priyè, di Bondye mèsi pou santiman ak emosyon nou e ke li ede nou konprann kisa yo vle di. Mande timoun yo fini fraz sa:

«Mèsi, Bondye, paske ou konprann lè m santi m….» (di yon emosyon).

Emosyon ak Santiman 2
Chapit 11

Sizyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Bondye vle pou m gen bon sante emosyonèl.

Jodia timoun yo aprann ki jan li bon pou nou defann tèt pa nou, men lè nou sèvi mal ak defans nou, li pa bon pou nou.

Jodia timoun deside pratike defans yo pou yo ka konn jan pou yo sèvi byen ak emosyon yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon sachè papye gwo ase pou kouvri tèt ou
- Fèy timoun yo kote yo te ekri emosyon yo Semènn pase (nan leson: Emosyon ak Santiman 1)
- Papye blan pou timoun ekri emosyon yo ankò Semènn sa

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Devlope Emosyon ki ka Ede nou.

Objektif: Timoun ap di bon e move fason yo te jere emosyon yo Semènn ki pase a.

Nan leson «Emosyon ak Santiman 1» ou te di timoun yo pou yo swiv e ekri chak jou emosyon ke yo genyen pandan Semènn nan. Ou te di yo pou yo vini ak fèy yo jodia. Pran kèk minit nan klas la ap pale sou emosyon ke yo te santi. Fè yo sonje ankò ke emosyon se pa yon bagay ki pa bon. Se jan nou reyaji ki gendwa bon oubyen pa bon. Men emosyon nou se tankou yon tèmomèt pou di nou ki jan nou santi nou. Se Bondye ki te ban nou emosyon nou.

Separe timoun yo nan plizyè ti gwoup, epi fè yo pale sou kesyon sa yo:

- **Ki emosyon ou te pi santi nan Semènn ki sot pase a?**
- **Poukisa ou panse Bondye te ban nou emosyon?**
- **Pafwa moun reyaji mal lè yo gen yon emosyon, yo reyaji nan fason ki fè Jezi tris. Eske nan Semènn ki sot pase ou, ou reyaji nan yon fason ke w ta espere ou pa t fè?**
  Ou menm, pwofesè a, ou ka bay timoun yo yon egzanp pèsonèl tou.

- **Eske ou te reyaji nan yon fason ke ou konnen Bondye te renmen?**
  Ankò, ou menm, pwofesè a, ou ka bay timoun yo yon egzanp pèsonèl tou.

- **Gen moun ki pa janm demontre vrè emosyon ak santiman yo. Poukisa sa pa bon?**

Di timoun yo ke yo sipoze swiv emosyon yo pou yon Semènn ankò. Bay yo yon lòt fèy papye, si premye a plen. Mande yo vini ak fèy yo ankò lòt Semènn pou yon lòt leson sou emosyon ak santiman.

Di yo ke jodia yo pral aprann ki konsekans ki genyen si nou kouvri oubyen kache emosyon nou.

1. Kalite karaktè yon moun: Emosyon ki ka Ede nou.

Objektif: Samira ak disip Jezi, Pyè, ap ede timoun konprann ki jan defans nou ka ede nou – ni pou bon ni pou mal.

Mete yon sachè papye sou tèt ou. Si ou vle ou ka mete je sou sachè a, epi koupe yon ti tou pou nen si w vle. Pale ak tèt ou nan sachè a.

Eske ou konnen jan m santi m? Eske ou ka wè si m kontan oubyen tris oubyen vekse? Non! Gen moun ki kouvri sa yo vrèman santi ak yon lòt santiman ki pi fasil pou yo eksprime. Se kòm si yo gen yon sachè sou tèt yo k ap kache kisa yo santi vre. Pa egzanp, si yo fache, yo gendwa parèt tris. Si yo tris, yo gendwa fè kòm si yo gen kè kontan. Lè moun kouvri sa yo santi vre, nou rele sa DEFANS—lè y ap defann tèt yo. Poukisa ou panse nou rele yo konsa? Nou pral aprann plis sou defans e poukisa moun tankou mwen avè w sèvi avèk yo.

Ann aprann jan pou nou eksprime sa nou santi nan yon fason ki ka ede nou an pi bon sante.

Retire sachè a nan tèt ou.

Esplike ke ou pral fè kòm si ou se yon ti fi ki rele Samira ki toujou kache emosyon li. Ou pral pale tankou ou se Samira. (Si w gen yon timoun nan gwoup ou ki rele Samira, chanje non

sa.) Li oubyen rakonte istwa sa.

Mwen rele Samira. M toujou mete DEFANS pou m kache kisa m santi. Ou pa bezwen sezi. M konnen nou tout, nou sèvi ak DEFANS konsa pou nou pwoteje tèt pa nou. Men mwen menm, m sèvi avèk yo tout tan. Ou wè, gen anpil bagay k ap pase nan lavi mwen kounyeya. M tris. M santi ke kò m ak emosyon m lou anpil anpil. M pa renmen jan m santi m. M pè ke si yon moun banm yon move rega sèlman, m ap tonbe kriye. M tap wont, epi m pa tap ka esplike poukisa m ap kriye.

M pa konnen kisa pou m fè ak emosyon mwen. Se sa k fè m pran pòz m santi yon jan, poutan m pa santi m konsa vre. M mete DEFANS mwen. M fè figi m parèt kontan. M bat pou m fè vwa m sanble vwa yon moun ki kontan. M antere emosyon lou m yo lwen anndan fon kè m. Anpil fwa lè gen anpil moun bò kote m, m menm bliye jan m santi m lou anndan. M devlope anpil fason pou m aji pou m kouvri jan m santi m tout bon. Menm moun ki pi pre m yo pa konnen kisa k ap pase anndan mwen.

Kite m ba ou yon egzanp. Lotre jou a, m tap manje e pa t gen yon grenn moun ki vin pale avè m. M te panse ke moun ki bò kote m yo te zanmi m, men yo tout tap pale ansanm e yo pa t pale avè m menm. M te santi m tris anpil e lou tou. Men m pa t vle yo konnen ki jan m santi m, se sa k fè m souri epi m fè kòm si m pa t sou pale. Pou mwen, li te sanble pi bon pou m fè sa ke montre yo ke sa te fè m mal.

M panse se kote manman m ke m pran kache emosyon m sa. Lè m te lakay ak manman m ak frè m yo, manman m te toujou fè kòm si li pa t enkyèt pou lajan. Li te konn souri e chante. M pa t janm konnen si te gen pwoblèm lajan lakay la, se jous le li vin mennen m kay tonton m pou m rete ke m vin konnen sa. M pa t janm gen okazyon prepare pou gwo chanjman sa nan lavi m paske m pa t janm konnen kisa manman m tap santi. Pi gran frè m te menm jan. Li souvan santi li tris e li pa kontan. Men, olye li di moun sa, li vin fache anpil epi li kraze bagay nan kay la. Yon lè li bat mwen paske li te tris anpil, men li vin fè kòm si se fache li fache. Li pito moun panse li fache ke tris.

DEFANS se yon bagay ki etranj anpil. Ou ka sèvi avèk yo nenpòt lè e nenpòt kote ou ye. Yo toujou la pou ou. M pa konnen poukisa m kontinye sèvi avèk yo, men m toujou fè sa. Pa egzanp, chak fwa m chita pou m manje, m toujou pè ke moun ki bò kote m yo pa p vle pale avè m, men m toujou pran poz m gen kè kontan. M pa konnen kisa pou m fè ak emosyon ke m genyen yo. Li fasil pou m pretann ke m pa tris, menm si m tris. M rayi santi m tris ou wont. Petèt se poutèt sa m fè kòm si m pa janm santi bagay sa yo. Kounyeya m souvan gen vant fè mal lè m fin manje, sitèlman m te mal-alèz pandan m tap manje a.

Mande timoun yo pale kesyon sa yo ant yo menm:

- **Ki pwoblèm Samira genyen?**
- **Kisa l ap fè pou l ede tèt li lè li santi l mal?**
- **Esplike yon lòt moun kisa DEFANS ye.**

- **Samira pran poz li kontan, menm si li tris oubyen enkyèt anndan kè li. Fè kòm si li kontan se defans li. Nan ki lòt fason moun kache vrè emosyon yo?**

Ede timoun yo wè ke:

Gen moun ki blame lòt moun pou jan yo santi yo. Se blame moun ki se defans yo.

Gen lòt moun ki kache e pa janm vle soti.

Gen moun ki pa vle pale.

Gen moun ki toujou ap bay blag pou moun pa wè ke anndan kè yo yo tris.

Gen moun ki rete okipe anpil pou yo pa panse ak pwoblèm yo genyen yo.

Gen moun ki fè manti e di ke yo pa gen anyen.

Gen moun ki nye emosyon yo.

Gen moun ki sispann manje, oubyen moun ki manje twòp.

Gen moun ki kòmanse pale anpil.

Li sa oubyen rakonte li pou timoun yo.

Gen anpil fason pou nou mete DEFANS pou nou kache vrè emosyon nou. DEFANS sa yo sanble yon fason nòmal pou nou pwoteje tèt pa nou, e menm si nou konnen anpil sou bagay sa yo, nou toujou mete DEFANS nou tanzantan. Men sèvi ak DEFANS gen konsekans ni pou nou, ni pou lòt moun.

Mete DEFANS nou ban nou yon ti tan. Anpil fwa nou etone pou nou wè ki jan nou santi nou. Pafwa, nan yon bagay tankou lanmò papa nou, nou sitèlman sezi e santiman nou sitèlman fò ke nou pran chòk. Anpil fwa nou pa konnen ki santiman ki bon, e nou pa konnen ki jan pou nou eksprime li. DEFANS nou ap ede nou anpeche emosyon an vale nou, e ban nou yon ti tan pou nou jere li byen.

Le nou mete DEFANS, li difisil pou nou rezoud pwoblèm nou. Ou sonje Samira? Li pa t janm di moun nan tab la avèk li yo ki jan li te santi li. Li te toujou enkyèt. Men li pa t janm konfwonte pwoblèm nan.

Mete DEFANS pa fè pwoblèm nan disparèt. DEFANS ap kouvri emosyon nou sèlman. Men yo toujou la. E yo rete la jouk nou jere yo.

Si nou mete DEFANS nou souvan e pou anpil tan, li danjere pou nou. Paske DEFANS pa fè tristès, krentif, ak lòt santiman lou yo ale, se kache li kache yo, e yo vin pi plis anndan kè nou. Si nou pa fè yon jan pou nou eksprime emosyon nou e jere sitiyasyon ki te kreye santiman yo, emosyon sa yo ap rete anndan nou. Gen moun ki vin gen vant fè mal, tèt fè mal, ak lòt pwoblèm maladi paske emosyon yo rete anndan kè yo san yo pa janm eksprime yo.

Se yon sèl bon bagay ki genyen ak DEFANS, se yo ban nou yon ti tan pou nou chache fason pou nou jere sitiyasyon nou, reflechi, epi retounen rezoud pwoblèm nou.

Mande timoun yo repete fraz sa yo twa fwa:

DEFANS se yon bagay tanporè ki ka ede nou.

DEFANS pa p ede nou pou anpil tan.

DEFANS ban nou tan pou nou reflechi sou solisyon pwoblèm nou.

Rakonte timoun yo istwa sa:

Pyè se te yonn nan disip Jezi yo. Li te renmen Jezi. Li te menm pwomèt ke li tap swiv Jezi pou tout tan. Li di ke li pa tap janm kite Jezi. Sa te fasil pou l di lè tout bagay tap mache byen.

Men Jezi te konnen kè Pyè. Li te menm di Pyè ke li tap nye Jezi twa fwa, avan kòk la te chante. E se vre! Tout yon sèl kou, tout bagay kraze. Yo te vin pran Jezi nan mitan nwit lan, e sòlda vin arete li. Tout disip Jezi yo kouri pou sòlda pa arete yo tou. Menm Pyè! Men Pyè te toujou renmen Jezi. Li te vle wè kisa sòlda yo tap fè Jezi. Petèt li te espere ke yo tap libere Jezi. E pandan Jezi te devan tribinal, Pyè te rete toupre—men pa twò pre. E la menm, yon moun vin rekonèt li.

Yon tifi ki tap sèvi anndan lakou palè kote Jezi te ye a gade Pyè. «Nonm sa te ansanm ak Jezi,» tifi a di.

«M pa konn sa w ap di la,» Pyè reponn.

Aprè yon ti tan, yon lòt jenn fi wè li e li di, «Nonm sa te ansanm ak Jezi de Nazarèt, wi.» Pyè, ki te pè yo tap touye li, di konsa, «M pa menm konnen moun sa w ap pale a.» Aprè yon ti moman, yon twazyèm moun vin rekonèt Pyè. «Ou te ansanm ak Jezi,» nonm nan di. «Ou se moun Galile, menm jan ak Jezi ; ou pale menm jan ak moun Galile.»

Pyè reponn, «M di nou m pa konnen moun nan. Galile se yon kote ki byen laj.» Sa se te twazyèm fwa ke Pyè nye Jezi e di ke l pa konnen Jezi. Lamenm, sòlda yo mennen Jezi pase nan lakou a. Jezi vire e li gade Pyè nan grenn je. E nan menm moman sa, Pyè tande kòk la chante. Li sonje ke Jezi di li sa tap pase. Li santi li malad li sitèlman wont, li pete kouri deyò e li tonbe kriye. Li kriye, li di, «Twa fwa m nye Jezi, menm jan li te di m tap fè a. Bondye, padonnen m. Silvouplè padonnen m.»

- **Kisa ou panse ki tap pase nan tèt Pyè lè l te nan lakou palè a?**
- **Poukisa li te bay manti?**
- **Ki DEFANS ou panse Pyè tap itilize pou l pa montre sa l te vrèman santi?**
- **Ann sipoze ke Pyè te onèt ak santiman li. Ki konsekans ki te ka genyen?**

3. Viv san DEFANS Semènn sa

Objektif: Timoun ap aprann bon fason pou yo itilize DEFANS yo, e jan yo ka rezoud e jere santiman yo.

Separe timoun yo nan plizyè gwoup. Rakonte ti istwa sa yo. Nan chak gwoup, fè timoun yo pale e di poukisa tifi a sipoze mete DEFANS li (nòmalman se pou li ka gen yon ti tan pou l reflechi avan li reyaji, pou l ka konn ki jan pou l reyaji.) Chak ti gwoup elèv ka pale sou ki jan yo tap aji nan sitiyasyon an nan yon bon fason. Si w gen tan, ou ka mande diferan gwoup timoun di rès klas la kisa yo deside.

Si pa gen anpil tan, ou ka bay elèv yo yonn oubyen de istwa sèlman.

TI ISTWA

Tonton Mari te vin vizite li. Mari te kontan wè tonton li paske tonton a te toujou byen janti. Lè tonton an pral ale, li rale yon ti moun fèt an bwa nan pòch li, epi li di Mari, «Ti idòl sa ap pwoteje w, tande?»

- **Ki DEFANS pou Mari itilize la?**
- **E aprè Mari gen tan pou l reflechi, ki jan pou l rezoud sitiyasyon sa?**

TI ISTWA

Estè toujou rayi al dòmi. Li toujou fè move rèv e li toujou pè dòmi. Pafwa li zongle tèt pa li nan pye pou l pa dòmi. Nan demen maten, li toujou fatige. Yè, dòmi pran li nan lekòl la. Pwofesè a te fache anpil avèk li.

- **Ki DEFANS pou Estè itilize la?**
- **E aprè Estè gen tan pou l reflechi, ki jan pou l rezoud sitiyasyon sa?**

TI ISTWA

Samira pè frè li. Lè manman yo pa lakay, frè a toujou bat Samira. Manman yo toujou di gen lè Samira merite kale a, men Samira konnen li pa t fè okenn dezòd, men se frè a ki bat li pou anyen. Yon lè li pran lajan nan men Samira, epi li di Samira si Samira di manman yo sa, frè a ap bay fè maji sou Samira. Yon jou Samira sove al kay kouzen papa li. Li panse anyen pa p rive li la, men kounyeya li tande ke frè li pral vin vizite li. L ap mande poukisa frè a ap vin wè li lè Samira konnen frè l rayi l. Li pè anpil. L ap vini nan twa jou. Lè l premye tande ke frè an ap vini, li pran pòz li kontan, men kounyeya li konnen li dwe di yon moun ke li fè konfyans poukisa li pè frè li konsa.

- **Ki DEFANS èske Samira te itilize?**
- **Ki jan pou l rezoud sitiyasyon sa ki devan li an avan frè li vini?**

Sitiyasyon sa difisil anpil. Li tap bon pou Samira pale ak yon granmoun ke li fè konfyans

pou l di li tout sa frè li gentan fè li. Granmoun nan ta sipoze ofri rete toupre Samira pandan vizit frè a.

Si w gen tan, mande kèk timoun rakonte kèk lè ke yo menm yo te itilize defans nan yon bon oubyen move fason. Si w vle, ou ka bay yon egzanp ou menm.

Fèmen klas la ak lapriyè. Mande Bondye ede chak timoun itilize DEFANS yo byen, epi pou yo jwenn bon fason pou yo rezoud pwoblèm yo.

Emosyon ak Santiman 3
Chapit 11

Setyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Bondye vle pou m pou m pran responsabilite pou aksyon mwen ki soti nan emosyon mwen.

Jodia timoun yo aprann twa repons ke yo pa janm dwe pran nan sitiyasyon ki chaje emosyon.

Jodia timoun deside swiv egzanp David e rele Bondye, sitou lè yo gen emosyon ki fè yo mal.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Fè twa gwo postè avan klas la kòmanse :
- Pa fè tèt pa ou mal.
- Pa fè lòt moun mal.
- Pa detwi afè moun.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Devlope Emosyon ki ka Ede nou

Objektif: Timoun ap aprann twa bagay yo pa sipoze fè lè yo santi anpil emosyon: Pa fè tèt pa ou mal. Pa fè lòt moun mal. Pa detwi afè moun.

Gen timoun ki gendwa ekri tout emosyon ke yo te genyen nan Semènn ki sot pase a. Pran yon ti tan pale sou sa. Fè yo sonje ankò ke emosyon pa ni bon, ni mal. Se jan nou reyaji ki gendwa mal. Men emosyon nou se yon tèmomèt yo ye. Emosyon di nou ki jan nou santi

nou. Se Bondye ki ban nou emosyon nou.

Separe timoun yo nan plizyè gwoup pou yo pale sou kesyon sa yo. Pi fò nan yo se menm kesyon ki te genyen nan leson avan an. Sa se yon revizyon.

- **Ki emosyon ou te pi santi nan Semènn ki sot pase a?**
- **Poukisa ou panse Bondye te ban nou emosyon?**
- **Pafwa moun reyaji mal lè yo gen yon emosyon, yo reyaji nan fason ki fè Jezi tris. Eske nan Semènn ki sot pase a, ou reyaji nan yon fason ke w ta espere ou pa t fè?**
  Ou menm, pwofesè a, ou ka bay timoun yo yon egzanp pèsonèl tou.

- **Eske ou te reyaji nan yon fason ke ou konnen Bondye te renmen?**
  Ankò, ou menm, pwofesè a, ou ka bay timoun yo yon egzanp pèsonèl tou.

- **Semènn pase nou te pale sou DEFANS ke moun itilize pou yo kache, pou yon ti moman, emosyon ke yo genyen. Ki DEFANS ki bon? Kilè DEFANS vin pa bon, e kilè yo ka fè nou mal?**

Fè sèten ke timoun yo konprann ke DEFANS, moman lè yo kache emosyon yo, ka bon pou yon ti tan. DEFANS ka ban nou yon ti tan pou nou reflechi sou ki repons ki tap bon nan sitiyasyon ki devan nou an. Men si nou toujou kache emosyon nou, sa ka fè nou mal, li ka menm fè nou malad. Nou dwe deside kisa pou nou fè, e pale ak moun nan oubyen konfwonte sitiyasyon an ki ban nou move emosyon sa yo, pou sa pa rive nou ankò.

Di timoun yo pou yo ekri emosyon yo pou yon lòt Semènn ankò. Di yo pou yo vini ak papye yo ankò nan leson k ap vini an.

Semènn pase nou te pale sou fason ke moun kouvri oubyen kache emosyon yo. Nou rele sa yon DEFANS. Sa ban nou tan pou nou reflechi sou fason nou dwe reyaji nan yon sitiyasyon, men li ka fè nou mal tou si nou pa janm konfwonte sitiyasyon ki te koz emosyon yo.

Semènn sa nou pral pale sou fason pou nou eksprime emosyon nou ki fè nou mal. Emosyon nou pa bon, yo pa mal, men se sa nou fè avèk yo ki ka ede nou oubyen ki ka fè nou mal.

Gen twa prensip nou dwe sonje lè n ap eksprime emosyon nou. Yon ekspresyon oubyen aksyon bon tout tan yon moun…

Fè timoun yo kenbe postè yo anlè. Chak fwa ou mansyone twa prensip yo, di 3 timoun sa yo kanpe e leve postè yo anlè.

Pa fè tèt pa ou mal.

Pa fè lòt moun mal.

Pa detwi afè moun.

Sa vle di, li pa bon pou w eksprime emosyon ou nan yon fason ki fè yon moun mal, oubyen ki kraze afè moun.

Erezman, gen plizyè bon fason nou ka reyaji. Pou w kòmanse, di tèt pa ou kisa ou santi. Ou gendwa pa konnen. Men ki jan pou w detèmine ki jan ou santi w:

«M santi m … (di ki jan ou santi ou)**»**

«M santi m … (di ki jan ou santi ou) **paske** (entèl) **te fè m…** (di ki moun e kisa li te fè ou.)**»**

Egzanp: «M santi m wont paske Matye te ri lè m pa t pwononse fraz la byen ann anglè.»

Lè ou fin detèmine ki jan ou santi w e poukisa, ou bezwen panse ak yon bon fason pou w reyaji. Sa ka difisil anpil.

Repons ki Pa Bon: M ap kite kou anglè a, e m pa p etidye lang sa ankò. (Repons sa ap fè ou mal.)

Repons ki Pa Bon: M ap bay Matye kout pwen. (Repons sa ap fè Matye mal.)

Repons ki Pa Bon: M ap chire devwa Matye. (Repons sa ap detwi afè yon moun.)

2. Kalite karaktè yon moun: Ilistrasyon *Emosyon ki Ede Nou*

Objektif: Bondye te sove David lè l te fache, pè, oubyen frape. David te reponn e te ekri yon chanson pou Bondye—yon bon ide pou nou lè yon moun fè nou mal, fè nou pè, oubyen lè nou fache.

Nan Bib la, yon gran nonm David, te swiv Bondye. David te vin wa, men li pa t toujou wa. Pou anpil ane, li te yon bèje ki tap veye mouton. David te aprann jwe ap lan, petèt aprè anpil jou andeyò ap gade mouton. Wa Sayil te envite David vin nan palè a vin jwe pou li. Men lè David vin pi gran, relasyon li ak Wa Sayil vin pi lèd. Wa a te rete konsa li fache ak David pou anyen. Lè David vin gen plis pouvwa nan peyi a, epi pèp la te renmen li anpil, wa a te vin pi jalou chak jou. Wa a sitèlman vin rayi David ke David ak moun ki te swiv li yo te oblije sove ale andeyò pou wa a pa touye yo.

Sa m pral li la se pa yon bagay ki nan Bib la. N ap fè kòm si se yon paj nan jounal entim yonn nan moun ki te avèk David yo. L ap swiv sa ki nan Bib la.

Men nou nan senkyèm jou rete nan kav santi sa. Nou nan mawon pou Wa Sayil. Se nou k ap swiv David. N ap kache nan kav sa pou nou sove lavi pa nou, men plis ke sa, se pou nou ka sove lavi pa nou. Sayil vle touye David. David se yon bon lidè, e li gen anpil

kouraj nan batay. Lè l te jenn, li te touye yon jeyan filisten ki tap fawouche pèp Bondye a e ki tap pral touye yo. David renmen Bondye, e sanble ke Bondye gen yon plan pou lavi David tou. Tout moun renmen David, sof Sayil. Sanble se jalouzi ki fè Sayil rayi David. David gen anpil siksè. Menm nan kache, Sayil pa ka kenbe David. Gen de fwa kote Sayil te sipoze ka touye David, men Bondye te pwoteje li.

Menm pitit gason Sayil, Jonatan, te ede David echape Sayil yon fwa. Lèfini, Sayil te kwè ke li tap ka rive jwenn David pou l touye li si l te bay li marye ak yonn nan pitit fi li yo. David tap viv nan palè wa a kote wa a tap ka mete pyèj pou li. Men sa pa t mache. Pitit fi Sayil la, madanm David la, te ede David sove pou Sayil pa touye li.

Kounyeya men nou nan kav la, n ap kache pou Sayil pa kenbe li. Gen 3.000 moun nan lame Sayil la. Se sèl 600 nan nou k ap ede David. Sayil pa vle kite nou an repo. Pafwa m panse m ka tande lame Sayil la – son chamo ak sòlda yo k ap mache. Kav sa frèt, e li fè nwa. Pafwa nou oblije chita kole ansanm pou nou ka chofe nou. Men pou kounyeya Sayil poko kenbe nou. Konbyen tan l ap pran avan Sayil jwenn nou e li rive touye David? M pa konnen kòman David fè rete kalm. Si te mwen, m tap fou.

Kounyeya m pral li yon bagay ke David te ekri, ki nan Bib la. Li te ekri sa lè l te nan mawon pou Sayil, nan wout pou yon kav kote li tap priye Bondye tap pwoteje li. Sa se Som 57. David te ekri li kòm yon chanson. Koute byen. Petèt gen moman kote ou te santi w menm jan ak David.

Li sa yon fason eksite.

Gen pitye pou mwen, Bondye!
Gen pitye pou mwen!
Paske, se bò kote ou m'ap chache pwoteksyon.
Se anba zèl ou m'ap kache jouk lè danje a fin pase.
M'ap kriye nan pye Bondye ki anwo nan syèl la,
nan pye Bondye ki fè anpil byen pou mwen an.

L'ap rete nan syèl la, l'ap delivre m
anba men moun k'ap pèsekite m yo.
Bondye va fè m wè jan li renmen mwen,
jan li toujou kenbe pawòl li.

Mwen kouche nan mitan yon bann lyon
ki prèt pou devore mwen.
Dan yo pwenti tankou flèch, tankou frenn,
lang yo tankou yon ponya byen file.

Bondye, fè wè nan syèl la jan ou gen pouvwa non!
Fè wè pouvwa ou sou tout latè!
Lènmi m yo tann yon pèlen sou wout kote pou m pase a.
Kè m sere anpil.
Yo fouye yon twou sou wout mwen.
Men, se yo menm ki tonbe ladan li.

Bondye, mwen pare, wi, mwen pare.
Mwen pral chante, Mwen pral fè lwanj ou
M'ap souke kò mwen, m'ap leve.
M'ap pran gita mwen,
m'ap pran bandjo mwen.
Mwen pral fè solèy leve!

Senyè, ma fè lwanj ou nan mitan pèp yo!
M'a chante pou ou nan mitan tout nasyon yo!
Ou renmen nou anpil anpil, ou toujou kenbe pawòl ou.
Bondye, fè wè nan syèl la Jan ou gen pouvwa non!
Fè wè pouvwa ou sou tout latè!
Som 57

- **Si w tap fè som sa yon chan, ki enstriman ou tap sèvi pou w fè mizik?**
- **Si ou tap fè yon videyo e mete chan sa, ki imaj ou tap mete pou ale ak chanson an?**
- **Ki jan ou tap rele chanson sa?**
- **Ki jan ou panse David santi l nan sitiyasyon sa?**
- **David sanble te pè e petèt li te fache tou. Poukisa ou panse li ekri yon chanson pou Bondye olye de kite kav la pou l ale touye Sayil?**
- **David te nan mitan yon dezas. Nou konnen ke Bondye tap sove David, men a lepòk, David pat konnen sa. Selon sa nou konnen kounyeya, ki move bagay David pat fè?**
  Ede timoun yo wè ke David pa t fè anyen pou fè tèt li mal. Li pa t fè anyen pou fè lòt moun mal. Li pa t detwi afè okenn moun, tankou boule palè wa a.

Eske ou panse si w te janm nan yon sitiyasyon tankou David ou tap ekri yon priyè pou Bondye, oubyen aji an kòlè kont lòt moun?

3. Fason pou nou Reponn Byen a Emosyon nou

Objektif: Timoun ap pratike jere emosyon yo nan yon bon fason.

Separe timoun yo nan plizyè ti gwoup epi esplike ke ou pral ba yo yon ti istwa byen kout. Yo sipoze di ki emosyon moun nan istwa a gendwa santi li e deside ki jan moun sa a dwe reyaji nan sitiyasyon an nan yon bon fason. Fè gwoup yo pale ant yo menm, lèfini mande kèk gwoup bay tout klas la repons yo.

Istwa Kout
Manman m te vin vizite m yon sèl fwa depi li te vin mennen m abite lakay tonton mwen, men nan 3 an ki sot pase yo, manman m pa janm retounen vin wè m ankò.

Istwa Kout
Lè papa m te plenyen pou jan moun nan ti bouk nou an trete nou, yo bat li jouk li manke mouri.

Istwa Kout
Yonn nan pi gran tifi nan lekòl la rayi m e li fè tout sa li kapab pou l fè m tris lè m la.

Si w vle e si w gen tan :

Ankouraje ti gwoup yo vini ak sitiyasyon (istwa kout) pa yo a e di kisa moun nan istwa a tap fè, e ki jan li tap reyaji nan yoon bon fason. Gwoup yo ka di tout klas la kisa yo deside.

Fen opsyon

M pral li moso nan chan David la ankò. Fèmen je ou e n ap fè l yon priyè pou nou.

Senyè, ma fè lwanj ou nan mitan pèp yo!

M'a chante pou ou nan mitan tout nasyon yo!

Ou renmen nou anpil anpil, ou toujou kenbe pawòl ou.

Bondye, fè wè nan syèl la Jan ou gen pouvwa non!

Fè wè pouvwa ou sou tout latè! Amèn.

Emosyon ak Santiman 4
Chapit 11

Wityèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Bondye vle ede ou lè ou gen anpil pwoblèm emosyonèl nan lavi ou.

Jodia timoun yo aprann ke lè yo gen pwoblèm emosyonèl, Bondye la pou li ede yo.

Jodia timoun deside si yo dakò pou yo rekonfòte yon moun jan ki gen pwoblèm emosyonèl, menm jan Bondye rekonfòte moun.

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Kalite karaktè yon moun: Devlope *Emosyon ki ka Ede nou.*

Objektif: Timoun aprann plizyè fason ke Bondye rekonfòte yo nan sitiyasyon ki difisil.

Gen timoun ki gendwa te ekri tout emosyon ke yo te genyen nan Semènn ki sot pase a. Pran yon ti tan pou w pale sou emosyon ke yo te genyen. Fè yo sonje ankò ke emosyon pa ni bon, ni mal. Se jan nou reyaji ki pa bon kèk lè. Men emosyon nou se yon tèmomèt ki endike nou ki jan nou santi nou. Se Bondye ki te ban nou emosyon nou.

Separe timoun yo nan plizyè ti gwoup pou nou ka pale sou kesyon sa yo. Anpil nan yo se menm kesyon yo te pale nan leson pase yo. Sa se yon revisyon.

- **Ki emosyon ou te pi santi nan Semènn ki sot pase a?**
- **Poukisa ou panse Bondye te ban nou emosyon?**
- **Pafwa moun reyaji mal lè yo gen yon emosyon, yo reyaji nan fason ki fè Jezi tris. Eske nan Semènn ki sot pase ou, ou reyaji nan yon fason ke w ta espere ou pa t fè?**

  Ou menm, pwofesè a, ou ka bay timoun yo yon egzanp pèsonèl tou.

- **Eske ou te reyaji nan yon fason ke ou konnen Bondye te renmen?**
- **Semènn pase nou te pale ki jan David te jere emosyon li lè l te fache oubyen pè. Li te ekri yon chanson pou Bondye. Ki fraz ou tap itilize si ou tap ekri yon chanson pou Bondye jodia?**

Jodia nou pral pale sou strès ki genyen lè nou gen anpil emosyon, e ki jan nou santi nou nan sitiyasyon difisil. M ap ba ou yon sitiyasyon difisil. Si sitiyasyon ou tande a tap ba ou anpil strès, e tap enkyete ou, kanpe. Rete chita si sitiyasyon an pa tap di w anyen. Si sitiyasyon m bay la tap enkyete ou tou piti sèlman, mete w ajenou.

Ou vin pran nouvèl ke yon moun nan fanmi ou ke ou renmen anpil pral abite byen lwen.

Papa w di ou ke li pèdi djòb li.

Pi bon zanmi ou fache avèk ou.

Grann ou lopital.

Ou pa vrèman genyen yon bon zanmi.

Ou gen yon egzamen k ap vini nan lekòl, e ou poko prepare anyen pou li.

Ou te gen yon foto frè ou ki te mouri depi 3 an, e lotre jou a, yon moun vòlè sèl foto sa ou genyen an.

Ou malad, e ou oblije ale lopital.

Yon machin frape manman ou pandan l ap travèse lari a.

Ou vin pran nouvèl ke pi gran frè ou pral marye.

Tout mwa sa nou aprann idantifye kisa n ap santi e ki jan pou nou eksprime sa. Men pafwa nou bezwen yon moun bò kote nou pandan n ap eksprime kòlè oubyen enkyetid nou. Pafwa nou bezwen yon lòt moun rekonfòte nou ak mo saj oubyen aksyon ki ka ede nou. Ann retounen nan lis la ankò. M ap ba ou sitiyasyon an ankò, epi w ap di m bagay sa yo:

- **Di ki santiman oubyen emosyon ou panse moun nan ka genyen.**
- **Di ki jan yon lòt moun ka ede moun ki nan pwoblèm nan.**
- **Di kiyès moun nan ki gen pwoblèm nan ka mande ede li.**

Li toule 10 sitiyasyon ankò si w gen tan, oubyen chwazi sa ou panse ki pi aplikab pou elèv ou yo.

Anpil fwa lè nou gen pwoblèm emosyonèl, moun ki pre nou ap ede nou, oubyen yo gendwa mande nou si nou vle yo ede nou. Men lòt lè, moun gendwa pa menm wè

ke nou nan pwoblèm. Yo ta vle ede nou si yo te konnen, men yo pa wè sa. Se nan moman sa yo ke nou dwe mande Bondye ede nou. Bondye ban nou chak kèk moun nan lavi nou ki ka ede nou lè nou bezwen èd oubyen lè nou bezwen yon moun rekonfòte nou. Nan klas sa, m se yonn nan moun sa yo.

Lè m pa la, Bondye ap rekonfòte ou tou. Men kèk fason ke Bondye rekonfòte e ede nou.

Bondye ap rekonfòte nou lè nou li Som oubyen lòt pasaj nan Bib la. Petèt se yonn nan som ke David ki ekri yo ki gendwa ede ou. Lè n ap li vèsè yo, li gendwa ede nou e fè nou sonje ke Bondye toujou la pou nou.

Pafwa se nan yon chan oubyen mizik ke nou rekonfòte. Nou gendwa chante chanson an plizyè fwa nan tèt ou. Nou konnen se Bondye ki voye pawòl sa yo pou l rekonfòte nou.

Pafwa nou tande pawòl yon pastè oubyen yon bagay ke nou tande nan klas sa. Sa moun sa yo di ka ede ou. M gendwa pa menm konnen si sa m ap di ap ede ou. Pastè a gendwa pa konnen, men se Bondye ki voye yon mesaj spesyal pou ou.

2. Kalite karaktè yon moun: Ilistrasyon *Emosyon ki Ede Nou*

Objektif: Timoun ap aprann ke Bondye te rekonfòte Pòl lè li te nan sitiyasyon difisil anpil.

Anpil nan liv Nouvo Testaman an se lèt yo ye, e pi fò nan yo, se Pòl ki ekri yo. M pral li yon vèsyon modènn nan yonn nan liv li yo. Koute nan sa m ap li a pou w aprann kisa k ap pase nan lavi Pòl.

Chè Zanmi nan legliz Jakmèl,

Bonjou! M kontan anpil ke m ka ekri ou ankò. Gen anpil bagay ki rive ! M ap di Bondye mèsi paske li ede m nan anpil sitiyasyon ki te difisil anpil. Pa gen moun ki ka rekonfòte nou tankou li menm! Li konprann tout pwoblèm nou genyen yo. Ou wè, lè m tris oubyen lè m nan pwoblèm, li konnen kisa m bezwen. Li la pou l ede m. Epi aprè li rekonfòte mwen, li pran m e li banm okazyon pou m ede yon lòt moun ki gen yon pwoblèm parèy. Bondye nou an saj anpil.

Jezi te soufri e li te konnen jan pou l ede moun ki nan pwoblèm. Nou aprann anpil nan lavi li. Si m deprime, oubyen m pè e Bodnye ap ede m, m konnen ke li la avè m. M pase anpil moman difisil e Bondye la pou l ede m. Se konsa m ka ede w lè ou nan difikilte tou. M gen espwa pou ou, paske m konnen ke ou pral soufri menm jan avè m, men ou pral pran soulajman ke m pran tou.

Ou bezwen konnen tout moman difisil ke mwen ak zanmi m pase lè nou te ann Azi. Nou te pran anpil presyon. M te panse nou pa tap ka sipòte. M te panse nou tap pral mouri.

Men yon bagay nou te aprann nan sa – nou ka depann de Bondye. Bondye konnen nou pa t ka fè anyen pou nou ede tèt pa nou ! Bondye te delivre nou anba lanmò, e nou deside kwè ke l ap kontinye sove nou. Nou di w mèsi pou priyè ou. Sa te ede nou anpil tou. Lè moman difisil sa fin pase, anpil moun ap di Bondye mèsi paske li tande priyè yo. Kontinye priye pou nou.

Pòl

Gen 2 bagay ki te rive Pòl. Li te nan yon batiman ki te chavire e Bondye te sove li pou l pa bwè dlo. Epi pandan li te ann Azi, te gen yon manifestasyon. Te gen yon mesye ki te konn fè idòl ann ajan pou l vann. Pòl tap preche la ke se yon sèl Bondye ki genyen e se pa lòm ki fè li. Nonm nan ki fè idòl yo te fache e li rele lòt moun ki fè idòl vin manifeste avèk li, e yo ale fè bank nan lari a jouskaske tout vil la vin antre nan koze a. Yo te ka touye Pòl, men Bondye te pwoteje li.

- **Ki emosyon ou panse Pòl te santi pandan li tap sibi pwoblèm sa yo nan lavi li?**

Bondye te rekonfòte Pòl. Moun nan yonn nan vil kote li te konn preche yo tap priye pou li. Pòl te konnen ke moun yo te sansib pou li. Yon fwa lòt Kretyen yo menm voye yon moun ale jwenn Pòl pou l pa oblije rete sèl. Pòl te fè eksperyans prezans ak pwoteksyon Bondye deja. Li te kwè ke Bondye tap kontinye pran swen li.

E Pòl te rekonfòte lòt moun tou. Lè yo te wè kisa Pòl tap pase e ki jan Bondye te ba li lafwa ak kouraj, yo te konn mande Bondye fè sa pou yo tou lè yo tap soufri. Yo te swiv egzanp Pòl.

3. Fason pou nou Reponn Byen a *Emosyon nou*

Objektif: Timoun pral idantifye bagay nan lavi pa yo ke Bondye ka itilize pou l ankouraje e rekonfòte lòt moun.

Eske ou janm sibi yon bagay ki difisil, e yon zanmi di ou ke li konnen jan ou santi ou? Anpil fwa moun konnen jan nou santi nou vre paske yo gentan pase menm sa n ap pase a. Yo te aprann paske yo te fè menm eksperyans lan. Yo konnen kisa ki te ede yo nan moman an, e kisa ki gendwa rekonfòte ou menm tou.

Separe timoun yo nan plizyè gwoup. Di yo pou yo panse ak kèk bagay difisil ke yo gentan pase nan lavi yo. Di yo ke yo ka pale de sa ak lòt timoun nan gwoup lan, e esplike ki sitiyasyon yo pase nan lavi yo kote Bondye ka sèvi avèk yo pou ede, ankouraje e rekonfòte lòt moun. Pa egzanp, yo gendwa gen manman oswa papa yo ki mouri. Bondye ka sèvi avèk yo pou rekonfòte yon moun ki pèdi paran li nan aksidan machin. Di timoun yo yon egzanp nan lavi pa ou – yon sitiyasyon ou pase nan lavi ou kote Bondye te ede ou, e kounyeya lè ou rankontre moun k ap pase menm bagay la, ou konnen ki jan pou w ede yo tou.

Fèmen leson an e mande Bondye rekonfòte klas la, e bay prezans li nan lavi nou chak, sitou lè n ap sibi yon bagay ki difisil anpil. Mande Bondye fè nou wè lè lòt moun nan pwoblèm e yo bezwen nou rekonfòte yo.

Di «Non» a Tabak, Alkowòl ak Dwòg Chapit 12

Nevyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Di «Non» a Tabak, Alkowòl ak Dwòg.

Jodia timoun yo aprann ke sigarèt, alkowòl ak dwòg pa bon pou yo.

Jodia timoun deside trete kò yo tankou tanp Bondye a.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Medikaman ak siwo pou grip
- Mouchwa pou w mare sou je timoun pou yo pa ka wè
- Yon sib
- Flèch ki fèt ak papye
- Tep oubyen kòl

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Li pa janm twò bonè pou nou pale ak timoun sou danje ki genyen si yo sèvi mal ak alkowòl oubyen dwòg (sigarèt tou).

Elèv ou yo gendwa pa janm sèvi ak bagay sa yo nan vi yo. Menm si yo poko eseye yo, yo gendwa gen moun nan fanmi yo – paran, frè oubyen sè, oubyen lòt manm fanmi yo ki sèvi ak bagay sa yo. Timoun yo gendwa santi yo wont oubyen enkyèt lè w pale de sigarèt, dwòg oubyen alkowòl. Asire yo ke si yo gentan sèvi ak bagay sa yo deja, Bondye ka padonnen yo.

Paske sigarèt, dwòg ak alkowòl pa p janm disparèt, se objektif nou menm pou nou edike timoun yo e ede yo evite bagay sa yo. Menm si granmoun pa pèmèt bagay sa yo ni lakay timoun nan oubyen nan lekòl li an, yon jou timoun nan ap grandi e l ap konfwonte yo nan sosyete a kanmenm. Nou dwe ede timoun aprann di «Non!» a tantasyon sa yo a, e sa ka

ede yo pwoteje pou rès lavi yo. Nou dwe aprann ansanm. Ede chak timoun wè ke kò li se yon tanp pou Bondye. Chwa nou fè jodia gendwa touche nou pou rès lavi nou.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun pral aprann diferans ki genyen ant medikaman preskri ki bon, ak dwòg ki ka touye nou.

Anpil timoun pa gen kote pou yo jwenn alkowòl ni sigarèt. Men gen timoun ki gendwa gen moun nan fanmi yo ki sèvi ak bagay sa yo. Li ilegal pou moun genyen anpil kalite dwòg, men gen yon gwo pwoblèm ak moun ki abize medikaman ki preskri.

Li enpòtan anpil pou nou esplike timoun ke lè n ap pale de dwòg, se dwòg ki ilegal, e pa medikaman pi preskri. Li enpòtan pou timoun konprann ke gen medikaman ki preskri ke yo sipoze pran, e konnen diferans ki genyen ant bagay tankou kokayin ak preskripsyon doktè bay moun pou maladi, enfeksyon, etc. Premye aktivite nou se pou ede timoun konprann kisa sigarèt, dwòg ak alkowòl ye. Ou vle pou yo wè diferans ki genyen ant medikaman ki nesesè pou lavi e dwòg ki ilegal ke moun ap abize.

Pote plizyè kalite medikaman nan klas la, medikaman ke moun ka achte nan famasi. Mande timoun yo:

- **Eske ou konnen poukisa moun ka pran medikaman sa yo?**

Aprè kèk timoun reponn, mande yo:

- **Si yon doktè oubyen enfimyè te ba ou medikaman paske ou malad oubyen paske ou te gen lòt pwoblèm, ki kantite medikaman ou tap pran?**
- **Si yon timoun nan lekòl ou te gen yon grenn oubyen yon siwo oubyen lòt medikaman, e li ofri ou ladan l, èske ou tap pran li?**

Kite timoun yo esplike poukisa yo gendwa pran medikaman nan men yon granmoun ki gen otorite, men li pa bon pou yo pran medikaman nan men yon lòt timoun. Medikaman te kreye pou li ede nou lè nou malad, oubyen nou frape, oubyen nou bezwen pi bon sante. Se yon doktè, yon enfimyè oubyen paran ou ki gendwa deside sa. Timoun pa janm sipoze pran remèd ke yon lòt timoun ofri yo, sof si se yon granmoun ki di yo mèt fè sa.

Lè moun jwe ak sigarèt, bwè alkowòl oubyen kleren, e lè moun jwe ak dwòg, tout sa yo gen anpil move konsekans. Sa fè Bondye tris tou paske li kreye nou, e li vle kò nou onore li.

Mande timoun yo kisa ki rele sigarèt, alkowòl, e kisa ki rele dwòg lan. Pou timoun ka evite

bagay sa yo, yo bezwen konnen kisa yo ye. Si yo tande non yon bwason ki gen alkowòl ladan l, sa ka ouvri je yo pou yo rekonèt yon moun ki bwè sa. Fimen sigarèt se pa menm bagay ak fimen lòt kalite dwòg. Si w montre timoun yo grenn medikaman ki preskri, sa ka ede yo tou. Yo gendwa panse ke tout medikaman ak dwòg se menm bagay. Timoun yo gendwa pa konnen tou ke medikaman ke yon doktè preskri yo se pou yo menm sèlman e yo pa sipoze bay lòt moun ladan l. Pran yon ti tan pou w klarifye bagay sa yo pou timoun yo, e fè sèten ke yo konnen egzakteman de kisa n ap pale la jodia.

Nan 4 Semènn k ap vini yo, nou pral gade jan moun abize sigarèt, bwè alkowòl, e abize dwòg ak lòt medikaman. Etan Kretyen, nou pa janm vle fè pati nan bagay ki pa bon pou nou. N ap gade kisa Bib la di de kò nou ki se tanp Bondye, e poukisa nou sipoze pran swen yo.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap pale ansanm pou yo detèmine poukisa sigarèt, alkowòl ak dwòg pa bon pou nou.



Avan klas la kòmanse, fè yon sib ak papye, e kèk flèch ak papye tou. Ekri «10» nan mitan sib la, epi mete «8», «5», ak «3» nan chak nan won ki antoure mitan sib lan. Kole sib la nan yon miray, mete l nan nivo timoun yo. Mete tep oubyen kòl toupre pou timoun yo ka mete nan flèch yo. (Timoun yo pap pral tire flèch yo, men y ap kole yo nan sib lan.)

Mande kèk timoun pase devan pou yon jwèt. Montre timoun yo sib lan epi di yo ke ou vle yo kole flèch yo a nan mitan sib la, sou 10 lan. Chwazi 2 oubyen 3 timoun, epi mare yon mouchwa nan je premye timoun nan. Vire timoun nan 2 ou 3 fwa pou l dezoryante. Lèfini, di l al mete flèch li sou sib lan. Verifye ke pa gen anyen nan chemen li ki pou fè l tonbe. Gade si li rive mete l pre sib lan. Demare je li. Timoun ki rive pi pre mitan sib la genyen.

Mande klas la:

- **Ki jan yo te fè nan mete flèch yo nan mitan sib lan?**

Fè lòt timoun eseye mete pa yo nan mitan sib lan.

- **Ki timoun ki te vin pi pre mitan flèch la? Ki jan li fè fè sa?**

Mande timoun ki te gen je yo kouvri ki jan yo te santi yo lè yo tap mache. Di yo ke lè yo toudi, se konsa moun santi yo lè yo pran dwòg oubyen lè yo bwè twòp.

Kò nou reyaji lè nou pran dwòg oubyen nou bwè alkowòl. Nou pa santi nou nòmal nan tèt nou. Nou gendwa mache kwochi. Nou pa wè byen. Nou pa ka pale byen. Gen moun ki endispoze. Nan kèk enstans, gen moun ki sispann respire e ki mouri. Li pa janm yon bon ide pou nou mete bagay sa yo nan kò nou. Yo ka fè nou anpil mal. Menm ti vire nou te vire ou avan ou te pwoche sib lan te fè nou pèdi, nou pa t ka jwenn sib la.

Lè nou sèvi ak pwodwi ilegal sa yo, kò nou ak sèvo nou boulvèse e nou tonbe nan chemen fè sa ki dwat. Etan moun ki kwè nan Bondye, li enpòtan anpil pou nou kontwole tout sa n ap fè e tout sa n ap di. Nou pa janm vle aksyon pa nou koz yon lòt moun vire do bay Bondye. Si nou abize bagay sa yo, sa ap sèlman mennen nou nan move chemen. Fò nou di «Non!» a bagay sa yo, e chache lòt bon aktivite pou nou fè. Nou ka jwe, fè spò, ede lòt moun – tout sa yo se bon bagay pou nou fè, e yo pa fè Bondye mal. Li pa vle pou nou maltrete bèl kò sa yo ke li ban nou.

Mande timoun yo:

- **Poukisa ou panse gen jenn moun ak granmoun ki fimen?**
- **Poukisa ou panse moun bwè alkowòl?**
- **Poukisa ou panse moun pran dwòg ilegal?**
- **Kisa moun sa yo gendwa ap chache ki ka mennen yo eseye bagay sa yo?**

Pafwa moun sèvi ak bagay sa yo pou yo echape yon lavi ki fè yo pa kontan. Pafwa yo santi yo sèl oubyen yo vle fè sa yo wè zanmi yo ap fè. Pafwa yo deprime e alkowòl, dwòg oubyen sigarèt ede yo pou yon ti moman. Gen kèk moun ki vle fè chèlbè, yo pa bezwen konnen ki konsekans ki genyen. Pafwa moun ki jenn santi yo ta eseye yon bagay ki ilegal. Men lè moun mete vye bagay sa yo nan kò yo, yo pral mennen yon vi ki plen regrèt. Yo pral fè ni tèt yo ni lòt moun mal. Se pou nou di «Non!» depi kòmansman epi chache fason pozitif ki pou ede nou kontan.

Se mwen ki konnen sa m gen nan tèt mwen pou nou. Se mwen menm Senyè a k ap pale. Se byen nou mwen ta vle wè, pa malè nou. Mwen ta vle denmen nou jwenn sa n'ap tann lan.
Jeremi 29.11

Fè elèv yo repete vèsè sa plizyè fwa. Mande sa ki pi gran kisa yo tap di si yon timoun piti te mande yo esplike vèsè; ki jan yo tap esplike li.

Si se byen nou Bondye vle, sa vle di ke nou pa gen rezon pou nou detwi kò ak tèt nou ak bagay ki ka touye nou oubyen fè nou mal.

3. Fason pou nou Reponn Byen a Emosyon nou

Objektif: Timoun ap deside rejete sigarèt, dwòg, alkowòl e y ap wè kò yo kòm tanp Bondye.

Nou se kay Bondye vivan an, pa vre? Se Bondye menm ki di sa:
«M'a vin rete, m'a viv nan mitan yo.
M'a tounen Bondye yo, y'a tounen pèp mwen.»
2 Korentyen 6.16b

Elèv ou yo gendwa konnen sa ki rele idòl e tanp ki dedye a relijyon ki pa swiv Bondye vivan an. Di yo ke vèsè sa diferan. Lè li di nou se tanp Bondye, sa vle di ke se Bondye vivan an ki kreye nou. Kò nou se tanp li. Nou se pi bèl bagay li janm kreye. Li di nou jan pou nou viv, e nou bat pou nou swiv li. Lè li gade nou, li wè jan nou bèl, e jan li renmen nou. Nou se tanp li, e bèl kreyasyon li. Li vle pou nou mennen vi nou yon fason pou nou sèvi yon egzanp pou lòt moun de jan yo dwe viv.

Rakonte timoun yo istwa sa:

Bib la pale nou de kat jenn mesye ki te pran desizyon pou yo pa abize kò yo. Yo te konnen ke kò yo se te tanp Bondye. Danyèl ak zanmi li te esklav nan yon peyi byen lwen ki rele Babilòn. Yo te mache byen lwen kay yo nan vil Jerizalèm e la yo te antre nan sèvi nan palè wa a. Moun ki te responsab yo te ba yo 3 an pou yo prepare yo avan pou yo prezante devan wa a.

Danyèl ak zanmi li te konprann ke yo te diferan de moun Babilòn yo. Yo te kwè nan Bondye vivan an e pèp Babilòn nan te sèvi idòl. Pèsonn pa t ofri Danyèl ni zanmi li dwòg ni sigarèt. Men yo te ofri yo vyann ke yo te sakrifye pou idòl.

Manje a te byen gou. Men yo te refize manje li. Yo pa t vle dezonore Bondye nan manje sa ki te ofri pou idòl.

Chèf ki te responsab yo te enkyèt. Li di si yo pa manje manje a, yo pral grangou epi yo pran chèch lè pou yo prezante devan wa a. Danyèl di chèf la, «Nou remèsye ou paske ou onore nou, men lwa pèp nou an anpeche nou manje vyann sa yo ni bwè diven sa. Silvouplè ban nou legim ak dlo sèlman. »

Chèf la pa t kontan menm. «Legim ak dlo? Manje a pap sifi. M bezwen pou nou vin gwo nèg e djanm oubyen wa a ap fè touye m!»

Danyèl di l ap fè yon konpwomèt ak chèf la. Danyèl di, «Ann fè sa pito. Ban nou kèk jou. Kite nou manje legim e bwè dlo sèlman, e aprè w ap konpare nou ak lòt sa k ap manje vyann yo pou w wè si nou pa nan pi bon sante ke yo.» Chèf la dakò.

Pandan 10 jou, lòt jennonm yo te manje gwo vyann e bwè diven ki te soti nan tanp idòl yo. Danyèl ak zanmi li yo pa t manje anyen ke legim bouyi ak dlo. Aprè 10 jou, tout moun te dakò. Non sèlman Danyèl ak zanmi li te parèt an pi bon sante, men yo te pi fò e pi rapid ke lòt jennonm yo. Chèf la te kontan anpil! «Pa gen pwoblèm,» li di yo. «A pati de jodia pou jouk lè ou prezante devan wa a, ou mèt chwazi sa w ap manje. »

A pati de jou sa yo, jennonm yo te manje legim kwit ki pa t janm prezante devan idòl. Yo te fidèl a Bondye, e yo te priye Bondye twa fwa pa jou. Yo te vin fò e saj. Anfen, 3 an vin fini, e lè a rive pou yo prezante devan wa a, yo menm ansanm ak tout lòt jennonm yo. Wa a wè ki jan Danyèl ak zanmi li te pi fò e pi saj ke lòt esklav yo. Wa a di, «Danyèl, m ap chwazi ou menm ak zanmi ou yo pou w sèvi nan gouvènman mwen an. Ou 10 fwa pi bon ke tout majisyen, konseyè ak chèf k ap travay pou mwen.»

Mande elèv yo:

- **Eske ou panse li te fasil oubyen difisil pou Danyèl ak zanmi li fè yon bagay ke lòt moun yo pa tap fè? Sonje, yo tout te esklav nan yon peyi etranje.**
- **Eske ou panse li te pi fasil pou yo refize manje ki te ofri devan idòl ke pou ou menm ou refize sigarèt?**
- **Ki jan Bondye te beni Danyèl ak zanmi li yo pask eyo te obeyi li?**

Pafwa ou gendwa santi ke Bondye gen anpil règleman ki anpeche ou eseye bagay ou panse ou tap renmen tankou sigarèt, dwòg oubyen alkowòl. Men an verite, se pwoteje Bondye ap pwoteje ou. Chemen Bondye ki nan Bib la yo se pi bon chemen ki genyen. Se byen nou Bondye vle wè, jan l te di nan Jeremi 29.11. Bondye te gen yon gran plan pou jennonm ki te esklav nan Babilòn. Pita, Bondye te sèvi ak Danyèl ansanm ak zanmi li yo pou yo fè yon wa payen vin kwè nan Bondye. Lè nou kanpe pou sa ki dwat e nou di «Non!» a move bagay, w ap pèmèt Bondye sèvi avèk ou menm jan li te sèvi ak Danyèl.

Ou ka fè yon diferans lè ou diferan de lòt jenn moun nan sa ou mete nan tanp ke Bondye ba ou a—kò ou! Wa p wè ke ou tante anpil pou w abize kò ou. Men sonje ke Bondye te kreye ou pou akonpli yon bagay, e lavi ou gen yon objektif. Di «Non!» a fimen, dwòg ak alkowòl e d «Wi!» a kenbe tanp Bondye a pwòp. W ap sezi pou w wè kisa Bondye planifye pou lavi ou!

Fèmen nan lapriyè e mande Bondye ede nou kenbe kò nou pwòp e sen. Nou vle fè anpil bon bagay pou Bondye.

Aprè klas la fini, rete dèyè pou si gen timoun ki ta renmen pale avèk ou sou sijè sa e kisa li vle di pou yon moun sèvi kòm tanp Bondye.

Aksyon Ki Detwi Nou Chapit 12

Dizyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: M ka apresye tèt pa mwen poutèt sa Jezi fè pou mwen.

Jodia timoun yo aprann ke lè yon moun pa renmen tèt pa li, sa koz li fè anpil bagay ki ka detwi li. Yo dwe wè tèt pa yo jan Bondye wè yo.

Jodia timoun deside kenbe kò yo an sante pou nenpòt sa Bondye planifye pou avni yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Yon ti manje piti ki pa pran anpil tan pou moun manje (We Pati 1)
- Tablo ak lakrè

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun ap pale de poukisa bagay tankou sigarèt, alkowòl ak dwòg ka fè moun ki tris santi yo pi mal toujou.

Pandan timoun ap reyini jodia, bay chak timoun yon ti bagay pou yo manje ki pa pran anpil tan pou yo manje. Ankouraje timoun yo manje l lamenm, menm avan klas la kòmanse.

Lè ou pral kòmanse leson an, mande yo:

- **Konbyen tan ti manje sa te dire?**
- **Eske manje sa ap kenbe ou pou jous demen? Poukisa wi ou non.**

Esplike timoun yo:

Ti manje sa m sot ba ou a te gendwa gou, men li pa fèt pou l kenbe ou pou lontan. Ti manje sa pa t fèt pou l rasazye ou paske li te twò piti, e li pa t sitèlman bon pou ou. Se te yon ti snak sèlman, e li te fini vit.

Ou sonje lè nou te pale de danje ak efè dwòg, alkowòl ak sigarèt? Gen moun ki gendwa panse bagay sa yo bon, men verite a se ke bagay sa yo tankou ti snak sa m sot ba ou a. Yo gou pou yon ti moman, men yo pa satisfè yon moun pou lontan.

Anpil fwa, moun abize bagay sa yo pou yo fè tèt yo kontan, men menm jan ak ti manje m te ba ou a, moun sa yo pa satisfè pou lontan, e talè, yo wè menm grangou a tounen. Lè moun bwè alkowòl oubyen abize dwòg pou fè tèt yo santi yo pi bon, yo ka vin twouve ke de tanzantan, yo bezwen plis toujou. Yo vin santi ke se bezwen yo bezwen li, e sa danjere anpil pou kò yo. Olye de ede moun nan santi li mye, bagay tankou dwòg, alkowòl ak sigarèt fè moun santi yo pi mal toujou. Poukisa? Paske bagay sa yo se bagay ki satisfè pou yon ti moman sèlman, e aprè yon ti moman, moun nan santi li bezwen menm bagay la ankò. E chak kon, moun nan oblije al pran plis e plis toujou pou l ka satisfè.

Pa mete nan tèt ou ke sigarèt bon pou ou. Moun ki fimen fimen pou yon ti moman e lamenm yo santi yo pa ka viv san sigarèt. Anpil moun ki fimen pase rès lavi yo ap bat pou yo kite fimen, yo pa kapab. Anpil fwa, moun nan vin gen move sante, li vin malad, e li ka

- **Eske ou konn wè moun ki bwè twòp e ki sou? Ki jan ou wè moun nan tap aji?**
- **Eske moun nan te ri anpil? Eske li te vin mechan oubyen fache? Eske li te fè ou pè? Eske sa te afekte fanmi ou lè moun nan te konsa?**

Esplike ke alkowòl pa afekte tout moun menm jan. Chak moun reyaji nan fason pa yo a pwodwi sa yo. Sèl bagay ki vre pou tout moun se ke l ap chanje jan ou aji, pale, e reflechi.

Alkowòl se yon bagay ki deprime moun. Sa vle di li fè moun vin tris oubyen deprime. Li gendwa pa gen efè sa rapid sou yon moun, men se konsa li ye pou tout moun ki bwè twòp. Aprè li bay moun kè kontan, moun nan ap santi li deprime e fatige. Moun nan gendwa vomi tou. Si yon moun bwè twòp alkowòl, se tankou se pwazon l ap bwè.

Dwòg pafwa ka stimile yon moun. Sa vle di ke li ka fè moun nan santi li kontan, men aprè dwòg la pase nan kò li, efè a pa rete e se tris e deprime moun nan vin santi li.

Gen moun ki pran dwòg e ki bwè paske yo pa renmen tèt pa yo. Yo pa konprann jan Bondye renmen yo. Yo pa bay tèt yo valè, e lè moun konsa pran dwòg oubyen yo bwè, yo vin santi yo pi mal toujou.

Moun k ap fè reklam pou alkowòl oubyen sigarèt ap toujou di jan yo bon, ke y ap fè ou pi kontan e fè moun renmen ou, men tout bagay sa yo se manti.

Nou se moun ki swiv Kris. Li vle pou ou diferan de lòt moun ki nan lemonn. Ou pa ka fè sa si w ap gate bèl kò li ba ou a ak pwazon.

Eske ou sonje vèsè sa, 1 Korentyen 6.19?

Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè nou,
Sentespri Bondye te ban nou an?
1 Korentyen 6.19

Kounyeya annou gade vèsè ki swiv lan:

Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye.
1 Korentyen 6.20

Kisa sa vle di ke Bondye te achte nou? Bib la vle di ke Bondye sitèlman renmen ou e li sitèlman ba ou valè ke li vle zanmi ou pou tout tan. Men Bondye pa ka nan relasyon, li pa ka zanmi, yon moun ki fè menm yon sèl move bagay. Se sa k fè Bondye voye sèl pitit gason li, Jezi, pou pran pinisyon pou tout peche mwen avè w janm fè. Lè ou renmen Jezi e ou swiv li, Bondye pa wè tout move bagay ke ou fè yo ankò. Okontrè, li wè pitit gason li Jezi ki te pran pinisyon ou. Nan je Bondye, ou san defo! Kounyeya, ou ka zanmi avèk li.

Sa dwe fè ou santi ou gen valè! Bondye renmen ou! Bondye renmen ou anpil anpil. Sa se yon bèl rezon pou w refize pran bagay sa yo ki pa bon pou ou—sigarèt, dwòg ak alkowòl. Sa se yon bèl rezon pou w kenbe kò li ba ou a an sante.

Ak yon kò e lespri ki an sante, ou ka konnen tout bon bagay Bondye ap pèmèt ou fè pou li pandan lavi ou.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap idantifye bon fason pou fè kè yo kontan, olye de sèvi ak dwòg oubyen alkowòl.

Avan klas la kòmanse, ekri kesyon sa yo sou tablo a.

- **Si yon moun pa vle pran dwòg, sigarèt oubyen alkowòl, kisa yon moun ka fè lè li santi li tris, deprime oubyen li pa enpòtan?**

- **Si yon moun pa vle pran dwòg, sigarèt oubyen alkowòl, kisa li ka fè pou zanmi li ka asèpte li?**
- **Si yon moun pa vle pran dwòg, sigarèt oubyen alkowòl, kisa nou ka fè pou nou pase yon bon moman ansanm ak zanmi nou?**

Pou aktivite sa, envite timoun yo vin ekri repons yo yo menm sou tablo a anba kesyon an.

Aprè nou li repons yo ansanm, pale sou yo:

- **Ki emosyon oubyen santiman ou pa renmen genyen?**
  Yo gendwa di bagay tankou: tristès, kòlè, lè yo santi yo sèl, lè yo santi moun rejete yo oubyen kite yo, lè yo santi yo echwe nan yon bagay, etc.

- **Nan ki fason ou kouvri move santiman ke ou genyen?**
  Yo gendwa bay repons tankou: rete sèl, kriye, kache, kenbe yon jwèt ki spesyal pou yo, pale ak yon moun sou sa, bay kou, rele byen fò, etc. Si timoun yo pa mansyone bwè, pran dwòg, di yo se sa yo se fason moun eseye kouvri move santiman yo genyen tou.

- **Kisa nou pale la sou jan pou w jere move santiman ou yo ou panse ki bon pou ou? Poukisa?**
- **Kisa moun konn fè pou fè lòt moun renmen yo? Pafwa moun pran dwòg oubyen yo bwè pou yo ka fè sa zanmi yo ap fè, men kisa nou ka fè ke Bondye asèpte, pou fè zanmi nou renmen nou?**
  Yo gendwa di bagay ki negatif oubyen pozitif. Pa egzanp, di lòt timoun poukisa nou renmen klas sa. Kite zanmi nou jwe ak afè nou. Bat pou nou fè lòt moun ri. Volè oubyen bay manti si zanmi nou ap fè sa tou. Fawouche lòt timoun ki pa gen anpil zanmi. Rakonte istwa sou tèt pa nou ki pa vre.

Nou dwe fè atansyon ke nou kanpe pou sa ki dwat, e nou pa toujou tonbe nan fè tout vye bagay ke lòt moun ap fè.

- **Ki lòt bon bagay nou ka fè pou fè kè nou kontan, si nou pa pran dwòg ni bwè alkowòl?**

Nou pa dwe kite move aksyon tankou bwè ak fimen fè nou panse ke y ap toujou fè kè nou kontan. Fimen, bwè e pran dwòg gendwa sanble se bagay pou ede nou kontan, men yo pa p fè sa vre. Travay mwen menm ki pwofesè ou se pou m avèti ou ke bagay sa yo pa bon pou ou, e bagay ki ka touye ou.

Ou ka fè lòt bagay tankou jwe ak lòt timoun, li liv, gade bon fim. (Ajoute lòt ide nan sa timoun yo te ekri sou tablo a.) **Tout bagay sa yo ka ede ou grandi nan lafwa ou nan JeziKris.**

Dwòg, sigarèt ak alkowòl ap mennen ou nan move chemen sèlman. Pa panse ke bagay sa yo pap fè w anyen. Moun toujou mete nan tèt yo ke yo ka kite bagay sa yo nenpòt lè yo vle, men se tèt pa yo y ap bay manti. Kò moun nan vin santi li bezwen dwòg oubyen alkowòl la, epi li fò difisil pou moun nan kite sa.

Jodia n ap mande ou pran yon lòt chemen pito. Di «Non!» a bagay sa yo, e di «Wi!» a mete bon aksyon e abitid nan lavi ou ki pou fè kè ou kontan.

Kite m di yon mo pou nou menm ki gendwa santi nou tris tout tan. Ou gendwa panse ke dwòg oubyen alkowòl ka ede ou. Yo pap ede w. Pa pran dwòg. Ou gendwa deprime. Men moun ka ede ou ak sa nan anpil fason ki pa danjere pou ou. Si ou santi ou tris tout tan, oubyen ou pa gen valè, pale ak yon granmoun ki ka ede ou. Gen moun ki ka ede w, men se ou ki dwe fè moun konnen sa.

Si ou deja ap pran dwòg oubyen alkowòl, fè nou konnen sa pou nou ka ede ou kite yo. Pi vit ou kite bagay sa yo, pi vit sante ou ap retounen. Si ou sispèk w ap gen anpil difikilte pou w kite bagay sa yo, nou ka ede ou. Ou pa bezwen pè mande moun ede w. Kite bagay sa yo se pa yon bagay ke w ap ka fè pou kont ou.

3. Fason pou nou Reponn Byen a Emosyon nou

Objektif: Timoun ap chwazi Danyèl kòm egzanp yo, yon moun ki pa t maltrete kò li. Bondye te sèvi ak Danyèl nan anpil bon fason.

Mande yonn nan timoun yo rakonte istwa Danyèl ke ou te ba yo kèk Semènn pase—istwa de Danyèl ak zanmi li ki pa t manje manje wa a. Esplike timoun yo ke jennonm sa yo te detèmine pou yo kenbe kò yo pwòp e an sante. Yo pa t vle fè anyen pou detwi kò yo ni dezonore Bondye.

Esplike ke ou pral ba yo yon lòt istwa de Danyèl. Timoun yo sipoze koute byen e chache kote nan istwa Danyèl ak zanmi li te aji byen, menm lè yo te an danje.

Jennonm Danyèl ak zanmi li te vin byen popilè nan palè Nebikadneza. Men, yon jou, wa a te gen yon pwoblèm etranj. Li te rele ansyen konseyè li yo. «M te fè yon rèv,» wa a di, «e rèv la twouble m. M vle ou di m kisa rèv la vle di.»

«Men wi,» yonn nan konseyè yo di. «Di nou rèv la epi n ap di ou kisa li vle di.»

«Non,» wa a di. «Men sa m deside fè. Si yonn nan nou ka di m rèv la e kisa li vle di, m ap bay ou yon gwo rekonpans. Men si nou pa ka di m ni rèv la ni sa l vle di, m ap koupe nou tout ti moso e brile kay nou.»

Granmoun yo te sezi. Yo bat pou yo fè wa a chanje lide pou l di yo rèv la. «Nou ka di ou kisa rèv la vle di,» yo di wa a, «men pa gen moun ki ka di ki rèv ou te fè, non. Se sèl dye yo ki tap ka di yon bagay konsa.»

Wa a te bon jan fache. «Se sa m te panse!» li rele byen fò. «Nou tout se manti nou vin banm mwen, nou tout! Nou pa konn anyen.» Li vire gade sòlda ki te la yo e li di, «Touye nonm sa yo. Tout nonm saj ki genyen nan peyi a, touye tout.» Chèf sòlda yo vire pou l kòmanse fè sa wa a di l fè.

Lè chèf la vin jwenn Danyèl ak zanmi li, li di Danyèl, «M regrèt sa, men ou menm ak zanmi ou yo pral arete. Wa a di pou nou touye tout moun saj ki nan peyi a.»

«Touye nou!» Danyèl sezi, e li pa konprann. «Poukisa? Kisa nou fè pou merite sa?» Chèf la esplike, e Danyèl konnen kisa li dwe fè. «Banm pèmisyon pou m pale ak wa a,» Danyèl di chèf la.

Danyèl kanpe devan gran wa a. «Silvouplè,» Danyèl di. «Banm plis tan, e m ap di ou ki rèv ou te fè.»

«M ap ba ou jouk demen nan menm lè sa,» wa a di. «Pa menm yon minit anplis.»

Danyèl retounen, li di zanmi l yo kisa ki te pase. Yo te sèten ke sa wa a te mande te enposib. Danyèl te dakò. «Sa enposib pou nou vre, men sa ki enposib pou nou posib pou Bondye. Fò nou priye, tout lannwit lan san dòmi si nesesè. N ap mande Bondye ban nou repons lan pou nou pa mouri anba men wa sa.» E se sa yo te fè. Yo te priye!

Nan demen, Danyèl te ale kote wa ankò. «Eske ou vin mande m ba ou plis tan,» wa a di, «oubyen èske w ap di m rèv la?»

Danyèl te wa a kisa Bondye te di li. «Pa gen lòm ki ka fè sa ou mande nou fè a. Men gen yon Bondye nan syèl la ki montre m rèv ou an. Nan rèv ou an, ou te wè yon gwo estati. Tèt la te fèt an lò. Epòl yo te fèt ann ajan. Kwis ak jarèt yo te fèt an kwiv ak fè. Men pye yo te fèt ak ajil. Ou te wè yon gwo wòch vin frape nan pye estati a epi li kraze anpil ti moso.»

Wa a etone. «Mezanmi, se vre! Se rèv lan sa! Men eske ou ka esplike m li?»

Danyèl te esplike, menm jan Bondye te revele li repons lan. «Tèt lò sinifi ou menm ak gran wayòm ou. Lòt wayòm pi piti ap swiv, men aprè yo tonbe, Bondye ap mete yon wayòm ki pap janm detwi.»

Wa Nebikadneza etone poutèt Bondye Danyèl lan. Li di, «Danyèl, Bondye ou an se yon Dye anwo tout dye. Se ou menm ki pral jere tout Babilòn pou mwen. Ou pral jere lavi tout moun saj ou te sove jodia yo.»

Kounyeya mande timoun yo ki pati nan istwa a demontre kote Danyèl ak zanmi li te byen aji, menm an fas gran danje.

Fè sèten ke timoun yo di tout sa yo:

Danyèl te reyaji byen e ak sajès lè li te aprann ke wa Nebikadneza te fache.

Danyèl te mande wa a yon ti tan pou l entèprete rèv wa a e te rete kalm menm lè wa a te fache ak li menm e ak tout lòt nonm sa j yo.

Danyèl te mete konfyans li nan Bondye lè li te di, «Sa ki enposib pou nou posib pou Bondye.»

Danyèl ak zanmi li te prèt pou yo fè nwit lan ap priye pou repons Bondye si se sa ki te bezwen fèt.

Danyèl pa t pè esplike rèv la jan Bondye te di li rèv la.

Wa a te di Danyèl ke Bondye anwo tout dye e ke Danyèl pral vin yon chèf nan peyi a.

Danyèl te sove lavi anpil moun lè l te esplike rèv sa.

- **Ou sonje kisa nou te aprann sou Danyèl jodia e avan tou? Poukisa li se yon bon modèl pou timoun jodia?**

Li pa fasil pou nou aji byen—sitou lè n ap chache fè kè nou kontan, oubyen lè nou an danje. Danyèl ak zanmi li yo te gentan refize manje wa a. Kounyeya yo te bezwen prezante wa a yon repons—yon bagay ki te danjere anpil. Danyèl ak zanmi li yo pa t fèt ak tout kouraj sa. San dout yo te pè anpil lè moun te kidnape yo vin mennen yo kòm esklav nan peyi Babilòn nan. Yo te gendwa pè ke yo tap pral mouri. Men yo te chwazi fè sa ki dwat. Yo pat swiv sa lòt moun tap fè, e yo pat pè lè Bondye te mete yo anba eprèv. Bondye te rekonpanse yo. W ap aprann plis sou fason Bondye te pwoteje Danyèl ak zanmi li yo nan Semènn k ap vini yo.

Yon aktivite, si w gen tan

Fè timoun yo aprann yon vèsè ki ka ede yo lè yo tante fimen, bwè oubyen pran dwòg.

Mwen sere pawòl ou nan kè mwen, pou m pa fè peche kont ou.
Som 119.11

Mande yonn nan timoun yo esplike kisa li panse vèsè sa vle di. Esplike yo ke vèsè a di pou nou li Bib la tout tan, konprann li e aprann li pa kè, pou Bondye ka ede nou viv nan fason ki dwat.

Bay timoun yo jès pou yo fè pou yo ka aprann vèsè a pi byen.

Mwen sere (montre tèt pa yo)

pawòl ou (kenbe 2 men ouvè tankou yon liv oubyen Bib)

nan kè mwen (mete toulède men sou kè ou)

pou m pa (montre tèt pa ou)

fè peche (souke tèt)

kont ou (leve men anlè, montre Bondye)

Pratike vèsè a ansanm. Fè jès yo ansanm.

Fen aktivite a

Raple timoun yo ke Bondye toujou avèk yo nan sitiyasyon difisil. Li vle yo vire vin jwenn li e Bib la pou repons. Yo pa sèl nan tantasyon yo genyen pou yo pran dwòg, alkowòl oubyen fimen.

Priye e mande Bondye pwoteje timoun yo Semènn sa. Mande timoun ki gen kesyon pou yo pran tan pale avèk ou menm oubyen lòt granmoun ke yo ka fè konfyans.

Mennen Vi w San Regrèt Chapit 12

Onzyèm Semènn

Konsantre sou fòmasyon karaktè Kretyen

Tèm: Bondye banm yon kò mèvèye. M ap pran swen li.

Jodia timoun yo aprann ke san dout, Bondye pran swen kò yo.

Jodia timoun deside di «non» a nenpòt bagay ki detwi kado Bondye ba yo a— ò yo.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Enpe bagay ki sanble se bagay moun pa p bezwen (Wè Pati 1)
- Kòl, tep, papye, kreyon desen
- Bib. Ou pral li tout Som 139 pou timoun yo
- Papye blan pou chak timoun
- Kreyon desen

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Gen nan elèv nan klas ou an ki gen anpil move bagay ki rive yo nan lavi yo deja. Yo gendwa gen yon paran ki mouri oubyen ki abandone yo. Gen timoun ki gendwa ap panse: «Poukisa pou m pa pran dwòg oubyen fimen? M bezwen yon bagay kap ede m echape pwoblèm sa yo.» Jodia yo pral wè ke si yo fè move chwa, yo pral detwi yonn nan kado pi enpòtan ke Bondye ba yo—kò yo.

Moun ki konnen Jezi gen yon espwa e Bondye vle byen yo (Jeremi 29.11). Men li fasil pou nou bliye sa lè nou anfas anpil difikilte. Travay ou gen pou fè jodia se ankouraje timoun yo. Ede yo wè ke Bondye gen yon espwa pou yo, li vle byen yo. Eske gen yon timoun ki vle vin yon doktè, pastè, paran, pwofesè, chèf leta? Timoun ki devan ou la jodia gen kapasite fè anpil bon bagay. Yo konnen kisa sa vle di pou yo sibi difikilte e kenbe fèm. Se sèl Bondye ki konnen sa lavi chak timoun kenbe e ki chwa yo pral fè. Gen nan yo ki ap fè bon chwa e pase yon bon vi. Gen nan yo tou ki gendwa detwi lavi yo ak move chwa ke yo fè. Jodia ou pral ede timoun yo imajine tèt pa yo k ap pran bon desizyon pou yo pran swen kò ke Bondye te ba yo a.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun pral fè objè atistik ak anpil bagay ki sanble yo pa bon pou anyen.

Avan klas, pran plizyè bagay ke ou pa bezwen ankò. Ou ka pran bagay lakay ou oubyen nan biwo w, oubyen nenpòt bagay ki bon, men ki sanble li pa itil. (Pa egzanp, klips papye, lastik, bwat plastik vid, chicklèt, plim, ti kat, moso papye, bwat katon, moso katon, etc.) W ap bezwen yon bon kantite nan bagay sa yo.

Gaye tout bagay yo devan timoun yo lè yo premye antre sal la. Di yo ke pa gen okenn nan bagay sa yo ki mache ansanm. Pa egzanp, materyèl atistik yo melanje ak bagay ki sanble yo te ka jete.

Fè timoun yo travay an 2, oubyen gwoup de 3, e di yo mete kèk nan bagay yo ansanm pou yo fòme yon objè atistik. Si yo bezwen plis espas, pèmèt yo travay atè a oubyen yon lòt kote nan sal la. Bay yo kòl, tep, kreyon ak papye pou ede yo ak sa y ap fè a. Ba yo ase tan pou yo travay ansanm nan pwojè a. Lè ou rete 5 minit, fè timoun yo konnen ke se 5 minit ki rete pou yo konplete sa y ap fè a.

Mande chak gwoup pase devan e prezante sa yo fè a, epi esplike li. Felisite chak gwoup ou jan yo travay byen ansanm, e jan sa yo fè a bon.

Note byen: Si w gen anpil elèv e li pa tap posib pou w vini ak ase bagay pou yo tout fè pwojè sa, chwazi 2 gwoup elèv pou fè pwojè a, epi fè lòt timoun yo chofe yo.

Di elèv yo:

Bagay sa yo ki te devan ou la pa t vrèman mache ansanm. Yo chak te itil yon lè pou yon rezon, men lè tout bagay sa yo te gaye la nan klas la, nou pa t ka konnen kisa nou tap pral fè avèk yo. Nou fè yon bon travay nan fòme yon bagay spesyal ak materyèl ki te sanble se fatra yo ye. M byen kontan ak jan nou te travay ansanm e jan nou te gen bon ide. Nou te fè bagay bèl e itil ak materyèl ke anpil moun tap jete oubyen di pa enpòtan.

Tout bagay sa yo ki pa sanble gen valè gendwa fè ou panse ak tèt pa ou. Ou gendwa ap di, «M pa itil pèsonn anyen. M pa bon pou anyen. M pa gen valè tou.» Men sa se pa vre. Bondye pran nou chak e sa ki rive nou nan lavi nou, e li fè yon bèl pwojè ak lavi nou pou li menm.

Nou chak ki la gen potansyèl pou nou fè anpil bon bagay. Nou gendwa santi ke lavi nou se anpil ti moso bagay ki pa mache ansanm. Men pou Bondye, ki wè tout lavi nou nèt, li wè ke nou gen potansyèl pou nou fè byen. Bondye anvi anbrase ou e fè ou tounen moun li te kreye ou pou w devni.

Jodia, n ap selebre bèl moun ke nou ye a.

Di timoun yo ke nou pral di «Bondye fè bèl bagay» twa fwa. Chak fwa nou di fraz la, nou pral bat men e rele fò.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap vin konprann Som 139 e wè ki jan yo enpòtan pou Bondye.

Wi, Bondye fè bèl bagay lè l te kreye nou menm. Bondye konnen chak ti pati nan nou menm. Eske ou te konn sa? Bib la di ke Bondye te konnen nou avan menm nou te fèt. Li te konnen jan nou grandi e sa n ap devni lè nou granmoun. Tande vèsè sa:

Wi, se ou ki fòme tout pati nan kò m,
Se ou ki ranje yo byen ranje nan vant manman m.
Som 139.13

Nou konnen ke chak jou nan lavi nou Bondye gentan planifye.

Li tout Som 139 pou timoun yo. Sa se yon pasaj ki long. Di timoun yo ke pa gen lòt pasaj nan Bib la ki esplike jan Bondye pran swen nou pi byen ke pasaj sa. Pandan w ap li, si w wè gen pati oubyen vèsè yo gendwa pa konprann, kanpe e esplike yo. Lè ou fin li, poze yo kesyon sa yo.

- **Ki pati nan som sa ki fè ou pi kontan?**
- **Ki pati nan som sa ki etone ou?**
- **Kisa som sa fè ou santi de ou menm?**
- **Ki jan li fè ou santi de Bondye?**
- **Si w te ka di Bondye yon mo de som sa, kisa w tap di li?**

Nou menm nou pa fatra ki merite jete. Nou fèt nan imaj Bondye. Nou ka fè Bondye konfyans ak nenpòt bagay ki rive nou nan lavi sa. Kèlkeswa sa ki rive nou, Bondye renmen nou. Nou ka fè l konfyans pou rès lavi nou.

3. Fason pou nou Reponn Byen a Emosyon nou

Objektif: Timoun ap imajine tèt pa yo k ap fè sa ki dwat ak kò ke Bodnye ba yo a.

Kontinye bay timoun yo istwa Danyèl la. Kòmanse e mande yo kisa yo aprann de Danyèl deja. Raple timoun yo istwa a kote Danyèl ak zanmi li te refize manje manje wa a paske se

manje ki te ofri bay idòl.

Danyèl te di non a bagay ki pa t bon pou kò li. Li te konnen ke kò li te pou Bondye e li pa t sipoze abize li. Menm jan ak Danyèl, nou sipoze di «non» a bagay ki pa bon pou nou, tankou sigarèt, dwòg ak alkowòl.

Nan istwa jodia a, nou tande de zanmi Danyèl. Yo pa t vle gen anyen pou yo wè ak idòl. An premye, yo te refize manje manje ki te ofri bay idòl, e kounyeya nan istwa nou, yo refize adore yon idòl.

Istwa a kòmanse ke kèk nan lòt chèf nan gouvènman Wa Nebikadneza ap plenyen pou Danyèl ak zanmi li yo. «Poukisa etranje sa yo gen plis pouvwa pase nou?» yonn nan chèf yo di. «Fò nou disparèt moun ebre sa yo la.» Move chèf yo vin gen yon ide. Yo te konnen ke Wa Nebikadneza te panse li te sitèlman yon gran wa ke li te bay fè yon estati de tèt pa li. Li te vin anonse ke tout moun dwe mete yo ajenou devan estati an. «Ebre yo, Shadrak, Mishak, ak Abèdnego refize mete yo ajenou,» yonn nan chèf yo di. «Yo di se sèlman devan Bondye pa yo y ap mete yo ajenou. Ann ale di wa a sa pou wa a ka pini yo e disparèt ebre sa yo nan peyi a pou nou.»

Se sa menm move chèf yo te fè. Yo te gen rezon ke wa a tap fache lè l te tande ke jennonm yo refize ajenouye yo devan estati a. Li te rele twa mesye yo e te rele nan tèt yo: «Mete w ajenou devan estati a oubyen m ap mete w nan fou ki gen dife a. Di m, non! Ki bondye ki ka sove ou anba dife konsa?»

Yonn nan jennonm yo reponn, «Bondye nou sèvi a ka sove nou anba nenpòt bagay, menm dife! Men menm si li pa sove nou, nou p ap janm sèvi yon idòl.»

Byen fache, wa a fè moun yo chofe dife a 7 fwa pi cho ke yo konn fè li. Yo mare 3 jennonm yo e lage yo nan dife a. Men lè wa a gade, li wè 4 nonm k ap mache nan dife a. Li konte yo. Wa a di, «Gade! Nou te mete twa moun nan dife a, men gen yon katryèm ki sanble soti nan syèl la nan dife a avèk yo!» Li rele nan dife a, «Shadrak! Mishak! Abèdnego! Soti nan dife a.» Jennonm yo soti. Yo p at brile menm. Wa a anonse, «Nou beni non Bondye Shadrak, Mishak, ak Abèdnego, ki te voye anj li vin sove yo. A pati de kounyeya, nenpòt moun ki pale Bondye yo a mal ap lage nan dife a.»

- **Yonn nan jennonm yo te di: «Bondye nou sèvi a ka sove nou anba nenpòt bagay, menm dife ! Men menm si li pa sove nou, nou p ap janm sèvi yon idòl.» Kisa sa di ou de jennonm sa?**
- **Ki jan Bondye sove Shadrak, Mishak ak Abèdnego nan dife a?**
- **Ki katryèm moun ou panse ki te nan dife a avèk yo?**
- **Aprè tout sa, kisa Wa Nebikadneza di?**
- **Ki jan jennonm sa yo te onore Bondye nan lafwa ak aksyon yo?**

Refize fè sa ki mal pa fasil. Pafwa nou pè, men Bondye toujou nan kontwòl lemonn. Nou ka fè l konfyans nan tout sitiyasyon. Li pa toujou fasil pou nou di «non!» a bagay ki ka fè nou mal. Men se sa Bondye vle nou fè.

Bay chak timoun yon fèy papye ak kreyon desen. Mande timoun yo panse ak yon sitiyasyon yo gendwa genyen nan jou oubyen ane k ap vini yo. Yo sipoze desinen yon sitiyasyon kote yo oblije fè yon chwa ant fè yon bagay ki pa bon pou kò yo ak fè yon bagay k ap onore kò Bondye ba yo a. Nan desen an, yo sipoze desinen yo menm k ap fè sa ki dwat.

Lè timoun yo fini, fè yon montre twa lòt timoun desen yo a epi esplike li.

Fèmen klas la e chante kèk ti chanson yo tout konnen. Ankouraje timoun fè ti danse tou pandan n ap chante.

Di «Non» a Abize Dwòg
Chapit 12

Douzyèm Semènn

Konsantre sou relasyon ak lòt moun

Tèm: M ka di «non» a bagay ki pa bon pou bèl kò Bondye ban mwen an.

Jodia timoun yo aprann ki jan pou yo konnen si yo gen zanmi ki nan dwòg oubyen k ap bwè.

Jodia timoun deside devni yon egzanp de yon moun ki onore kò yo, menm jan ak Danyèl.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Objè pou jwèt Memwa a
- Yon mont ki gen twa men, pou w konte segonn
- Papye blan ak kreyon desen

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

LÈ POU LESON AN

1. Konsantre sou Relasyon nou ak Lòt moun

Objektif: Timoun pral demontre jan yo ka reflechi byen, men ki jan moun pa ka fè sa lè y ap abize dwòg ak alkowòl.

Jwèt Memwa

Vin nan klas la ak 15 ti bagay enteresan pou yon Jwèt Memwa. (Egzanp: yon ti revèy, yon foto ankadre, yon poupe, yon mouchwa, yon bèl bwat dekorasyon, etc.) Pa vini ak anyen ki presye pou ou, ni anyen ki ka kase. Mete bagay yo pou timoun yo wè yo tout. Lè timoun yo antre, di yo fè yon bon ti gade pou yo wè tou le 15 bagay yo. Di yo pa manyen yo, ni pa retire yo. Annik gade yo byen. Kounyeya li lè pou nou jwe Jwèt Memwa.

Separe klas la nan 2 ekip. Fè Ekip 1 vire do yo oubyen kouvri je yo pandan Ekip 2 retire 4 nan bagay yo. Kounyeya konte 20 segonn nan mont ou, e kite Ekip 1 gade pou yo wè kisa lòt ekip la retire. Si yo pa ka di tout bagay ki retire yo, se tou lòt ekip la. Men si yo ka di tout, yo jwenn pwen nan segonn ki rete yo. Pa egzanp, si yo pran 15 segonn pou yo site toule 4 bagay ki manke yo, epi yo rete 5 segonn, yo jwenn 5 pwen. Kite Ekip 2 fèmen je oubyen vire do e se Ekip 1 k ap retire 4 bagay kounyeya. Fè sa plizyè fwa ant toulède ekip yo pou w wè sa ki genyen.

Mande elèv yo:

- **Kisa ou te bezwen pou w jwe jwèt sa byen?**
- **Si yon moun ap bwè oubyen pran dwòg, ou panse l ap ka jwe jwèt sa?**
- **Si ou pa t konnen si yon moun tap bwè alkowòl oubyen pran dwòg, epi li vin jwe jwèt la, èske ou panse ou tap ka wè si l tap bwè oubyen si l te nan dwòg?**
- **Poukisa ou panse yon moun tap chwazi bwè oubyen pran dwòg lè yo reflechi pi byen lè yo pa pran yo?**
- **Eske ou sipoze ede yon zanmi ou ki nan dwòg oubyen ki bwè? Poukisa? Eske lefèt ke w se yon Kretyen enpòtan nan desizyon ou?**
- **Poukisa yon moun nan laj ou tap kòmanse fimen oubyen bwè e pran dwòg?**

Esplike timoun yo ke gen anpil rezon yon timoun nan laj yo tap kòmanse bwè oubyen pran dwòg.

Yo gendwa santi yo sèl e sa fè yo pi kontan…pou yon ti moman.

Yo vle eseye bagay sa yo…men li difisil pou yo kite yo.

Yo gendwa tris oubyen pè, e pran dwòg se yon fason pou yo echape…men yo vin pa ka rete.

Yo gendwa vle fè sa tout zanmi yo ap fè.

Menm lè timoun konnen yo pa sipoze pran bagay sa yo, anpil nan yo toujou pran move desizyon e pran yo kanmenm.

An premye, ou dwe deside di «Non !» lè yon zanmi ap bat pou l fè ou eseye sigarèt, dwòg oubyen alkowòl. An dezyèm, gen moman tou lè ou dwe ede zanmi ou yo evite bagay sa yo. Sa se yon gwo responsabilite, men yon zanmi Kretyen ap asèpte responsabilite sa pou zanmi li.

2. Pataje Verite Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun yo ap aprann jan pou yo idantifye si yon moun ap pran dwòg oubyen ap bwè.

Men 10 bagay ki ka ede ou konnen si yon moun ap pran dwòg oubyen ap bwè. Sa yo pa toujou vle di ke yo moun ap abize bagay sa yo, men se yon bon endikasyon.

1. **L ap poze kesyon souvan sou dwòg oubyen alkowòl.**
2. **Li di souvan ke li vle eseye dwòg, alkowòl oubyen sigarèt.**
3. **Li di ke li eseye dwòg, alkowòl oubyen sigarèt deja. (Yon bon siy ke li fè l vre.)**
4. **Li chanje zanmi, e pa rete ak moun li te byen avèk yo.**
5. **Li chanje aparans li oubyen jan l ap aji souvan.**
6. **Li sèvi ak dwòg, alkowòl oubyen li fimen souvan e li pa kache sa.**
7. **Li fè gwo chanjman nan tanperaman oubyen aparans li.**
8. **Li pèdi enterè nan zanmi li te genyen avan li tap bwè e fimen.**
9. **Li pote sigarèt, dwòg oubyen alkowòl avèk li.**
10. **Li kòmanse bay manti, vòlè e pa ka fè anyen san l pa fimen, bwè oubyen pran dwòg.**

Mande timoun yo si yo gen kesyon sou endikasyon sa yo. Pran ase tan pou w reponn a kesyon yo.

- **Si w gen yon zanmi ki kòmanse bwè, fimen oubyen pran dwòg, kisa ou sipoze fè?**

Ankouraje timoun yo reflechi byen avan yo reponn. Si se yon bon zanmi, yo gendwa ka pale avèk zanmi an sou sa. Si moun nan sou oubyen defonse, yo sipoze di yon granmoun sa. Si zanmi an dakò, yo ka mande l chak jou, «Ki jan ou ye? Ou vle pale avè m?» Ti bagay sa yo ka fè yon diferans e ka ede moun nan kite move abitid li yo.

Postè «Non!»

Mete papye, kreyon, kreyon desen, fet, ak lòt bagay la pou timoun yo fè postè. Yo ka travay pou kont yo oubyen ak yon lòt timoun pou yo dekore yo. Postè sa yo se yon fason pou yo kenbe kò yo pwòp e san dwòg, alkowòl oubyen sigarèt. Si yo eseye bagay sa yo, se tankou y ap jwe ak dife. Y ap brile kanmenm.

Timoun yo ka desinen bagay ke yo dwe refize—tankou sigarèt, oubyen yo ka fè yo postè ki pou ankouraje tèt yo fè sa ki dwat. Pandan timoun yo ap travay, pase nan sal la a ankouraje timoun yo nan sa y ap fè a. Si li aproprye, mete postè sa yo sou miray kote timoun yo ap ka wè yo.

3. Gen Bon Relasyon ak Lòt Moun

Objektif: Timoun ap gen kouraj pou yo viv tankou Danyèl—pou yo pa mele nan bagay tankou fimen, pran dwòg ni bwè alkowòl.

Lè lè a rive pou nou di «Non!» Danyèl se yon bon egzanp pou nou swiv. Danyèl ak zanmi li te di «Non!» a nenpòt bagay ki pa t onore Bondye. Yo pa t pè kanpe fèm nan sa yo te kwè. Yo te swiv Bondye menm lè sa te mete yo an danje.

Nan istwa nou jodia, nou pral wè Danyèl fin grandi e li fin granmoun nèt. Men l ap toujou swiv Bondye. Koute pou w wè kisa ou ka aprann nan istwa sa.

Danyèl se te yon jennonm lè yo te kidnape li nan peyi li Jida e te mennen li ale abite nan peyi etranje, Babilòn. Danyèl te fin granmoun nan peyi Babilòn nan. Nan istwa nou jodia, nou jwenn l ap sèvi Wa Dariyis, gran wa Babilòn e peyi Pès lan. E Danyèl te sèvi li byen.

«Ou se yon bon lidè,» Dariyis te di Danyèl. «M ap ba ou pouvwa pou w gouvène tout peyi a pou kont ou.»

Jenn konseyè wa a yo te fache. «Nou pap ka fè lajan nou te konn fè anba tab si Danyèl ap siveye nou,» yonn nan yo di. «Se pou nou gade si nou ka kenbe Danyèl ap nan fè magouy. Ah, non, sa pap janm rive. Li pa janm fè bagay konsa.»

Yon lòt konseyè te dakò. «Nou pap janm ka kenbe Danyèl ap fè sa ki mal, men annou gade si nou pa ka mete pyèj pou li nan sèvi Bondye li an…Tan Danyèl renmen Bondye li.» E se konsa yon move plan vin kòmanse.

Jenn konseyè jalou yo te ale kote wa a te di konsa, «O wa, wayòm ou sitèlman gran. Ou merite onè ak lwanj. Tout nòb ou yo, tout moun ki onore ou, dakò ke ou dwe siye yon lwa pou tout moun onore ou tou. Piga moun priye ni ajenouye yo devan yon idòl ni lòt lòm pou 30 jou. Si yon moun priye a lòt dye oubyen moun ke ou menm, fò yo jete yo nan twou lyon.»

Wa a te renmen ide sa pou tout moun onore li, e li siye lwa a pou tout moun adore li menm sèlman pandan 30 jou. Li te konnen, menm jan ak konseyè li yo, ke aprè lwa a te siye, pèsonn pa tap ka chanje lwa a.

Lè yo anonse nouvo lwa Dariyis lan, Danyèl te wè la menm pyèj yo te mete pou li a. Men li te fè sa l te toujou fè li te nan pwoblèm. Li priye. «O Senyè, gade ki jan mechan yo vle detwi sèvitè ou yo. M priye ou menm sèlman, e m pa janm priye lòt dye ni lòt moun, pou tout lavi mwen. M pap sispann priye w kounyeya.»

Danyèl te monte nan chanm li kote fenèt la te nan direksyon Jerizalèm. Li priye menm jan li te fè chak jou pandan 70 an. E jenn konseyè jalou yo te ka wè kote Danyèl tap priye nan fenèt la. Yo byen kontan e yo kouri al kote wa a pou yo di, «Wa, Danyèl gentan kase lwa a. Twa fwa pa jou li priye Bondye li an nan yon fenèt kote tout moun ka wè.»

Wa vin wè ke yo te mete pyèj pou li menm tou. Men li te konnen ke pèsonn pa t ka chanje lwa a. Li pa t ka fè anyen. Se konsa, wa a fè yo lage Danyèl nan twou lyon an pou lyon yo devore Danyèl, jan lwa li te siye a te di. Li te panse, «Se vye lwa sa ak lògèy mwen ki vin mete m nan sitiyasyon sa.» Li rele byen fò pou li di Danyèl, «Danyèl, sèl espwa mwen se ke Bondye ou an fò ase pou l

pwoteje ou!» Jou swa sa wa a pa t ka ni manje, ni dòmi. Lè solèy leve, li kouri ale bò twou lyon an ankò.

Imajine jan l te sezi lè l tande vwa Danyèl ap rele li! «O wa, Bondye mwen an te voye yon anj vin fèmen bouch lyon yo! Bondye te wè ke m te mete konfyans mwen nan li. Menm jan m toujou rete fidèl a ou menm, monwa.»

Wa a te kontan anpil! Li te di pou yo lage yon kòd bay Danyèl pou yo retire li. «Voye m konseyè ak nòb yo ki te planifye lanmò Danyèl,» li di. «Lage yo menm nan twou lyon an!» Lyon yo ki te sanble saj ak Danyèl te vin mechan, bouch ouvri, e te manje konseyè yo.

Wa Dayiris te fè yon lòt lwa. «Mwen menm, Dariyis, kòmande ke tout moun nan wayòm sa onore Bondye ke Danyèl sèvi e adore a.» Pou rès lavi li, Danyèl te ede moun Pès yo jere Babilòn, peyi ki te kenbe li kaptif lan. Tout lavi li, li te kanpe fèm pou Bondye, e Bondye te rekonpanse li.

- **Panse a tout istwa ke nou tande de Danyèl ak zanmi li yo. Di a kisa Danyèl ak zanmi li yo te di «Non!»**
- **Kisa ki te pase nan lavi Danyèl ak zanmi li yo ki fè ou konnen ke Bondye te kontan ak desizyon ke yo te pran?**
- **Si Danyèl ak zanmi li yo te abite la jodia, kisa ou panse yo tap refize fè?**

Esplike ke ou pral bay timoun yo kèk sitiyasyon ke Danyèl gendwa rankontre si l tap viv nan peyi nou la jodia. Chwazi 2 timoun pou chak sitiyasyon. Aprè chak, tout klas la dwe rele fò, «Gen kouraj menm jan ak Danyèl!»

Sitiyasyon Danyèl 1
Yon zanmi vin kote Danyèl e li ofri Danyèl yon sigarèt. Danyèl di non, e li esplike poukisa li pa asèpte.

Sitiyasyon Danyèl 2
Yon zanmi vin kote Danyèl e li esplike ke papa l renmen bwè anpil. Li di ke papa l byen janti lè li pa bwè, men li toujou sou. Manman l voye l kay yon lòt fanmi yo pou l abite paske papa l mechan lè li sou. Zanmi Danyèl la tris anpil. Kisa Danyèl ap di zanmi an? Fè kòm si ou se Danyèl ak zanmi li.

Sitiyasyon Danyèl 3
Yon zanmi di Danyèl ke li pa renmen tris tout tan. Li panse ke si li pran kèk dwòg li gendwa vin pi kontan. Zanmi an ak Danyèl pale sou poukisa sa pa yon bon ide. Danyèl di ke Bondye di nou dwe pran bon swen kò ke li ban nou yo.

Pandan timoun yo ap prale jodia, di yo chak, «Gen kouraj menm jan ak Danyèl!»

Selebrasyon Chapit 12

Trèzyèm Semènn

Tèm: Jodia nou pral fete!

Jodia timoun yo ap selebre lefèt ke Bondye renmen yo.

Jodia timoun deside ke fè pati nan klas la se yon bèl bagay!

Materyèl sa yo pou fòmasyon timoun te kreye ak kowoperasyon Hands & Feet ak David C Cook. Yo lisansye e nou pèmèt moun sèvi avèk yo a nenpòt legliz ou ministè Kretyen. Tout izaj deyò sa nou mansyone la, ann Ayiti oubyen lòt peyi, sipoze mande David C Cook pèmisyon. Yo mèt email Global@DavidCCook.org. ©2015 David C Cook. Tout dwa mondyal rezève.

Yon nòt pou ou menm, pwofesè oubyen paran

Jodia se yon jou spesyal. Pwogram sa ba ou yon jou selebrasyon chak twa mwa. Fwa sa, se ou ki pral deside kisa ou pral fè pou w fete fen klas la. Gen 2 chwa. Men, si ou gen yon lòt ide, ou mèt fè sa tou!

Premye Opsyon

Yon sòti

W ap planifye yon sòti pou timoun yo, yon jounen deyò. Pati yon kote spesyal avèk yo. Pa egzanp, èske li posib pou yo ale bwè krèm yon kote? Oubyen ale nan yon mize? Oubyen yon bèl ti kote deyò pou yo jwe? Petèt ou ka mete yo nan machin ale yon lòt kote yo pa konn ale deja. Se ou ki konnen pi byen kisa timoun yo tap renmen fè. Planifye yon bèl moman pou yo.

Asire ke ou gen pèmisyon paran ak dirijan legliz yo avan ou pati.

Dezyèm Opsyon

Bòn Fèt a nou Tout!

W ap planifye yon fèt anivèsè pou tout moun! Timoun yo ap fè ti kado senbolik pou yonn lòt. Fèt la ap genyen yon bon ti manje spesyal ladan l.

MATERYÈL KE W AP BEZWEN

- Moso papye, 2 pou chak timoun
- Kreyon
- Yon ti kado
- Non chak timoun ekri sou yon moso papye
- Gato, oubyen yon bagay spesyal pou timoun yo manje

Li ide sa yo ki genyen e chwazi kilès nan yo ou vle fè. Se fèt tout moun jodia – yon gwo selebrasyon pou tout ane a.

Jwèt «Konbyen Ane»

Mande chak moun ekri laj yo sou yon ti moso papye e lage l nan yon bwat. Mete laj nenpòt granmoun k ap travay nan klas la tou. Aprè, mande chak moun pran yon dezyèm moso papye epi ekri konbyen ane ki genyen an tout, si nou mete tou laj yo ansanm, konbyen ane l ap ye. Se pou chak moun ekri sa yo panse sou dezyèm moso papye a, epi ba ou li. Di yo pou yo ekri non yo sou papye a tou pou w ka konnen ki moun ki genyen jwèt la. Bay sa ki pi pre a yon ti kado ou te pote.

Fè Ti Kado Benediksyon Senbolik

Bay elèv yo papye, sizo, tep, kreyon, kreyon desen, moso twal, oto-kolan, epeng, bouton, e nenpòt lòt bagay yo ta ka sèvi nan pwojè sa. Mete moso papye nan yon bòl. Chak moso gen non yon elèv ladan l. Timoun ap pase vin pran yon papye nan bòl la, e ap retire non yon lòt elèv. Se pou moun sa yo pral fè kado pa yo a.

Sonje, kado sa yo se yon senbòl. Bay timoun yo 2 egzanp de kisa sa vle di. Di yo ke aktivite sa gen 2 pati—desen an, epi benediksyon ke y ap bay timoun ki jwenn kado a. Se di y ap di benediksyon an:

Pa egzanp, m gendwa desinen yon chat, e m mete bouton pou je li, e mete kèk moso twal pou pwal li. Lè m bay timoun ki nan fèy papye m nan kado a, m gendwa di li, «Chat renmen wonwonnen pou yo fè nou konnen ke yo kontan. Lè ou souri, ou fè m konnen ke ou kontan tou, e ou toujou fè nou konnen sa. M ta swete ke wap toujou souri pou tout moun ki bò kote ou.»

Pa egzanp, m gendwa desinen yon kamyon ki gen yon eklè nan pòt lan. M bay timoun ki nan fèy papye m nan kado a, epi m ap di li, «Avèk yon bon kamyon, ou ka ale nenpòt kote. M ap priye pou ou ke Bondye ap fè ou gen fòs tankou kamyon sa, e l ap sèvi avèk ou pou w pote mesaj amou li pou moun ki byen lwen.»

Moman Lapriyè

Timoun yo dwe remèsye Bondye pou lòt timoun ki nan klas yo a. Di yo ke yo dwe spesifik lè y ap pale. Pa egzanp, yo ka di yon bagay tankou, «Senyè Dyè, m di w mèsi pou David paske li toujou prèt pou l ede m lè m pa konprann yon bagay.»

Jwèt Imajinasyon

Esplike ke ou pral chwazi kèk timoun vin ede ou jwe kèk wòl. Esplike chak sitiyasyon, lèfini bay gwoup yo kèk minit pou yo planifye. Kite yo jwe wòl yo. Ankouraje klas la bat bravo pou yo.

Rele 5 timoun.

Nou 5, nou ale abite ansanm nan yon pyebwa. Esplike nou kèk bagay ki bon e kèk bagay ki difisil pou moun k ap viv nan yon pyebwa. Fè klas la ri!

Rele 5 timoun.

Nou tout se bèt. W ap veye moun k ap gade ou yo. Pale sou moun k ap gade ou yo. Fè nou ri!

Rele 3 timoun.

Ou nan yon komite k ap retire tout sirèt ak chokola nan tout peyi sa. Nou al pale ak palman pou nou esplike yo poukisa yo pa sipoze kite moun manje ni sirèt ni chokola ankò. Fè nou ri!

Manje

Bay timoun yo manje gato, oubyen yon lòt bagay spesyal.

Fèmen e chante yon pou fèt anivèsè moun, oubyen rele «Bòn Fèt!» byen fò!